Soematra, Riouw, Bangka, Billiton djeung Borneo-Koelon.

*III. Golongan Wetan:*

Tanah Hindia anoe teu kaasoep kana golongan I djeung II tea.

Ongkos soerat kawat di sadjĕro oenggal golongan *f* 0.15 sakĕtjap, diwoewoeh f 0.25.

Ongkos soerat kawat ka golongan sedjen f 0.25 sakĕtjap, diwoewoeh f 0.25.

Ka noe reudjeung sakota djeung oerang oge beunang ngirim soerat-kawat; bajaranana 2 sen oenggal-oenggal saomongan, ditambah 25 sen pakeun oenggal-oenggal tĕlĕgram.

## 8. POSTSPAARBANK DI HINDIA NEDERLAND.

Dina Volksalmanak 1927 geus ditjaritakeun roepa-roepa atoeran pĕrkara Postspaarbank. Ĕnja oge hĕnteu sakoemaha pĕrloena ditjaritakeun deui di dieu, tapi katimbang aja gawena mere njaho sakali deui, jen saha bae anoe hajang tĕrang hal atoeran Postspaarbank, hade njoeratan ka toean Directeur Postspaarbank, teu koedoe diparangkoan djeung teu koedoe make ongkos naon-naon deui, kieu adresna:

**Aan den Directeur der Postspaarbank te Weltevreden;**

ĕngke oerang baris meunang walonan gantjang pisan sarta teu kalawan make ongkos naon-naon.

Sakoer anoe geus njengtjelengankeun di bank, lamoen ngarasa boga kabĕratan atawa boga pioendjoek naon bae, beunang torodjogan njoeratan ka toean Directeur Postspaarbank, sarta koe toean Directeur tangtoe diwalonan djeung dioeroeskeun kasoesah oerang teh.

Dina taoen 1926 aja 18.198 tambahna oerang Priboemi anoe kakara pisan njengtjelengankeun, tapi sabalikna aja 6.941 anoe geus njarengtjelengankeun, marenta deui doeitna, djadi dina taoen 1926 teh djoemlah anoe njarengtjelengankeun, beunang disĕboetkeun nambahan 11.257. Roepa doeit nambahanana dina taoen 1926 ti noe 11.257 tea, *f* 497.574,30 djadi meh satĕngah joeta roepia.

Dina toetoep taoen 1926, reana boekoe tjengtjelengan anoe oerang Priboemi aja 185,143, gĕdena doeit tjengtjelengan *f* 5.753, 488,74.

Koe sabab ajeuna sakitoe lobana oerang Priboemi anoe njarentjelengankeun di Postspaarbank, tangtoe bae pĕrloe neangan atoeran anjar, sangkan bisa njoemponan kana sagala pamenta anoe njarengtjelengankeun tea, babakoena soepaja bisa gantjang majar ka anoe marenta doeitna noe disarimpĕn tea (anoe leuwih ti *f* 100). Beuki loba oerang Priboemi anoe njarengtjelengankeun di Postspaarbank, beuki rea oerang Priboemi anoe baroga kapĕrloean ka Postspaabank, beuki babari ngaloearkeun ongkos pikeun ngajakeun roepa-roepa atoeran noe djadi kapĕrloean ka maranehanana.

Ajeuna tetela pisan jen geus aja pirang-pirang oerang Priboemi anoe teu bisa lesot tina Postspaarbank, moega-moega bae

ka hareup sakabeh oerang Priboemi pada baroga simpěnan di Postspaarbank.

Eta kahajang tangtoe tereh laksana, oepama sakoer anoe geus baroga simpěnan di Postspaarbank, nja eta anoe geus pada ngarasa mangpaatna, daraekeun njaritakeun ka barajana djeung ka sobat-sobatna sagala kanjahona tina pěrkara Postspaarbank.

Oepama harajang njaho kamadjoeanana oerang Priboemi kana njarimpěn doeit di Postspaarbank, ti mimiti ngaděg něpi ka ajeuna, ieu ditjaritakeun, reana oerang Priboemi anoe njarengtjelengankeun doeit dina panoetoepna taoen 1898 (Postspaarbank mimiti prak ngadjalankeun pagawean, tanggal 1 Juli 1898), nja eta aja 2593, djoemlah doeit tjengtjelenganana aja f 59.048, 24; ajeuna geus aja 185.143 anoe njarentjelengankeun, djadi leuwih ti 70 kalieun bareto, gědena tjengtjelenganana f 5.753,488,74, meh 6 joeta roepia, djadi lobana doeit tjengtjelengan meh 100 kalieun bareto.

Oepama dibandingkeun djeung lobana oerang Priboemi di sakoeliah Hindia, nja eta ± 50 joeta djiwa, eta kamadjoean anoe sakitoe teh kaitoeng gantjang, tapi nilik kana kamadjoean anoe bieu, pangharěpan kana baris leuwih madjoe katjida gědena; beuki tambah anoe njaraho kana maksoedna djeung pěrloena aja Postspaarbank, nja kitoe deui kaoentoenganana ka noe njarimpěn doeit, tangtoe beuki tambah loba anoe njengtjelengankeun, teu sak deui sawatara taoen deui oge, tangtoe leuwih ti sajoeta lobana anoe njarimpěn di Postspaarbank.

Sarerea oge tangtoe geus pada ngaranapan pribadi koemaha rasana boetoeh koe doeit, da sipating djělěma hiroep mah geus moal bisa soemingkir, koedoe ngarasa kitoe teh sakali mah.

Lěbah aja kapěrloean anoe kitoe, anoe teu baroga simpěnan teh tangtoe kapaksa oendjam-indjeum ka noe lian; oendjam-indjeum kitoe teh salian ti teu hade, rentěnna djeung ongkosna deui katjida gědena.

Oepama aja noe teu boga simpěnan pěrloe make doeit f 10.— ěnja oge manehna bisa ngindjeum ti noe lian f 10.—, tapi pěrdjangdjianana biasana ngindjeum f 10,— teh koedoe moelangkeun f 15.— di djěro 10 boelan. Djadi saboelanna f 1.50.

Di djěro 10 boelan manehna koedoe misahkeun pangasilanana f 1.50 tapi lain djangeun manehanana, keur noe lian, djadi di djěro 10 boelan teh teu atjan boga naon-naon keneh bae. Djadi

eta djělěma teh sasat dipaksa dititah njengtjelengankeun keur noe lian.

Ajeuna oepama djalma eta keneh, geus boga tjengtjelengan f 10.¶ tangtoe dina boetoehna, manehna teu koedoe ngindjeum ngan kari njokot bae f 10.— ti Postspaarbank; djadi moal koedoe majar hoetang ka noe lian, moal koedoe ngarentěnan djeung teu koedoe majar ongkos naon-naon deui. Malah sabalikna oepama heug manehna njengtjelengankeun, tina pangasilanana saban boelan f 1.50 dibawa ka Postspaarbank, sanggeus 10 boelan tangtoe boga simpěnan f 15.— pěpěrěnian pikeun ngadjaga bisi aja lara palangan, katambah koe Postspaarbank baris dibere kaoentoengan deui, rentěnna tina f 15.— tea.

Djadi anoe teu boga simpěnan mah, sanggeus 10 boelan teh teu boga naon-naon, tapi noe boga simpěnan sanggeus 10 boelan teh, boga f 15.— leuwih.

Geus teu koedoe dipěrtelakeun deui, jen anoe daraek njengtjelengankeun di Postspaarbank teh, leuwih oentoeng manan anoe teu daek njengtjelengan.

Koe sabab eta, estoe matak djadi kaboengahan anoe teu aja hinggana, oepama nendjo kamadjoeanana oerang Priboemi dina pasal njengtjelengan. Geura timbang bae, kaajaan dina toetoep taoen 1898, waktoe harita kakara aja 2593 oerang Priboemi anoe njarimpěn doeit di Postspaarbank, ari ajeuna geus aja 185.143; eta teh tetela jen kararasaeun, kapalikir koe maranehanana kaaloesanana njengtjelengankeun doeit toet-saeutik teh.

Bangsa Walanda katimbang geus leuwih njarahoëun manan oerang Priboemi kana kaoentoenganana tina pěrkara njengtjelengankeun; oepama reana bangsa Eropa anoe baroga tjengtjelengan di Postspaarbank dibandingkeun djeung djoemblahna bangsa Eropa di sakoelian Hindia, tina tiloean teh ninggang saoerang, těgěsna: oenggal-oenggal tiloe bangsa Eropa aja saoerang anoe njengtjelengankeun di Postspaarbank. Koe sabab Postspaarbank mah woengkoel sadiaan pikeun anoe rek njengtjelengankeun leuleutikan bae, djadi ti watěs simpěnan f 2400.— njarengtjelengankeun doeit koe djalan sedjen, lain di Postspaarbank. Djadi bangsa Eropa mah sakoer anoe pantěs njengtjelengan di Postspaarbank mah geus njarengtjelengankeun.

Ari oerang Priboemi mah tatjan beunang disěboetkeun kitoe. Masih loba keneh pisan oerang Priboemi anoe pantěsna nja-

rentjelengankeun di Postspaarbank, tapi tatjan njengtjelengan keneh bae.

Anoe pangpangna pisan: sapěrkara, loba oerang Priboemi anoe matoelna djaoeh ti kantorpos atawa ti hulppostkantoor, djadi meureun harese, loba teuing mitjeun tempo baris njimpěn doeit atawa njokot doeit simpěnanana ti Postspaarbank. Kadoea pěrkara, loba keneh oerang Priboemi anoe tatjan njaho kaoentoengananana pěrkara njengtjelengankeun doeit teh, masih keneh koedoe diadjar, soepaja ngarti djeung njaho kana oentoengna njengtjelengankeun doeit.

Koe sabab kitoe, di sababaraha sakola aja goeroe-goeroe anoe daek něrangkeun ka moerid-moerid hal kapěrloeanana djeung kaoentoenganana njengtjelengankeun, něpi ka ajeuna boekti loba baroedak njarengtjelengankeun di Postspaarbank.

Ajeuna saban taoen Postspaarbank ngaděgkeun kantor-kantor anjar keur kapěrloean Postspaarbank; sarta saban taoen tambah loba bae anoe ngadenge bedja ti sakola-sakola, ti barajana atawa ti sobat-sobatna, hal kapěrloean djeung kaoentoenganana boga simpěnan saoetak-saeutik di Postspaarbank teh; malah mandar hěnteu lila deui sakabeh oerang Priboemi pada ngarti kana mangpaatna njimpěn doeit di Postspaarbank sarta pada daek njengtjelengankeun.

Koe lantaran baroga tjengtjelengan tea, tangtoe oerang Priboemi bisa lesot tina gěnggěman toekang rentěn, anoe sok ngahoetangkeun doeit make rentěn anoe katjida gědena ditambah koe ongkos-ongkos lianna, anoe istoening ngaroeksak ka oerang Priboemi anoe keur boetoeh koe doeit, lantaran teu bogaeun tjengtjelengan tea.

Beuki gantjang kahartina kapěrloean njimpěn doeit teh, beuki oentoeng ka oerang Priboemi; koe sabab kitoe Volksalmanak oge ngarasa pěrloe ngadadarkeun kaaloesanana Postspaarbank, noe dipalar soepaja noe maratja pada měrloekeun njarengtjelengankeun di Postspaarbank sarta di ahir pada gěde tarimana ka Volksalmanak, doemeh geus ditoengtoen kana djalan kahadean.

Sagala pagawean oge, ari mimitian mah sok hese, tapi lamoen geus njimpěn, leutikna f 0.25 di Postspaarbank, sarta geus njěkěl boekoena tanda geus boga simpěnan, ka ditoena geus moal hese deui tangtoe noengtoetan neundeun deui saeutik-saeutik.

lengan, sanadjan lĕbah noe geus djadi patih oge, tangtoe beurat ngaloearkeun f 60,— saboelan teh.

**Njengtjelengan keur moesakaan anak awewe noe tatjan akil baleg.**

Njengtjelengan kieu koedoe make pĕrdjangdjian; jeñ oepama doeit tjengtjelengan.ana tea geus f 2400.— lobana, dimana anakna tea kawin, eta doeit dibikeun ka noe dipoesakaan tea.

Loba deui pĕrdjangdjian-pĕrdjangdjian sedjen lian ti noe geus ditataan di loehoer.

Saĕnjana njengtjelengankeun teh katjida hesena, lantaranana nja eta koedoe bisa mĕngkĕk hawa napsoe. Tapi lamoen mĕngkĕkna saeutik-saeutik mah mokaha, tangtoe koe oerang moal karasa beurat. Oepamana bae patoekangan² atawa koeli-koeli añoe narampa bajaran saban poë Saptoe, kapan tangtoe maranehanana teh barisaeun, maksa maneh njangkolong doeitna saminggoe f 0.25 mah, pikeun tjengtjelengankeuneun ka Postspaarbank. Djadi saboelan-saboelanna barisaeun njengtjelengan 4 × f 0.25 = f 1.—. Geura itoeng, lamoen majĕng saminggoe satalen oge dina sataoen geus aja 12 × f 1.— = f 12.— malah lamoen diitoeng djeung rentĕnna mah djadi f 12.13. Dina sapoeloeh taoen geus djadi f 135.19; sanggeus 20 taoen, tangtoe djadi f 306. 50. Geura pikir naha hĕnteu tjoekoep boga doeit sakitoe pikeun pimodaleun?

Dĕmi pikeun para ambtenaar atawa ponggawa Goepĕrnĕmen Provincie, Gewest, Gemeente djeung Kaboepaten, aja deui atoeran njengtjelengankeun anoe sedjen toer leuwih gampang ngalakonanana, nja eta koe djalan mere njaho ka sepna sangkan gadjihna tea dipotong sabaraha bae kakoeatanana; eta tjengtjelengan diasoepkeunana ka Postspaarbank make ngaran noe dipotong gadjihna tea.

Anoe pangsioen, onderstand djeung wachtgeld oge meunang njengtjelengankeun sapĕrti kitoe.

Nja kitoe deui pagawe-pagawe maskape anoe galĕde, meunang njengtjelengan sapĕrti noe geus kasĕboet di loehoer, ngan koedoe babarĕngan pada ngaririmkeun panoehoen ka directeur Postspaarbank di Weltevreden. Hadena motongna gadjihna teh oelah gĕde teuing, panggĕdena oge 5% bae, nja eta sangkan oelah nĕpi ka matak djadi waloerat kana hiroepna. Djalan kieu teh sabisa-bisa koedoe dilampahan, sangkan ĕngke noe njengtjelengankeun teh

njaho-njaho doeitna geus loba bae. Oenggal noe njengtjelengan dibere njaho sabaraha dipotongna gadjihna, koe djalan kitoe noe njengtjelengan teh bisa njaho sabaraha lobana doeit tjengtjelenganana.

Doeit anoe diteundeun di Postspaarbank teh ngadatangkeun kaoentoengan, sanadjan rentěnna tea ngan saeutik oge, tapi geus beunang ditangtoekeun, jen eta doeit moal leungit atawa ngoerangan, sabab ditanggoeng koe Goepěrěmen. Děmi anakna tea 2.4%, těgěsna oenggal f 100,— f 2.40 sataoenna.

Djadi dina saboelan tina f 100.— teh rentěnna 20 sen, atawa dina oenggal f 10.— 2 sen. Doeit tjengtjelengan saleuwihna tina f 2400.— eta leuwihna tea hěnteu direntěnan deui. Tapi lamoen eta doeit teh anoe bank-bank credietinstelling anoe gawena pikeun noeloeng anoe baroetoeh, djeung bank amal (liefdadige instelling), saperti: Bataviaasch credietbank, Darma Wara dj.s.t., oepama doeitna tea diteundeun di Postspaarbank, sanadjan leuwih ti f 2400,— oge direntěnan bae. Ari ngitoengna rentěnna tea, ti poëan mimiti ngasoepkeun doeit tjengtjelenganana ka Postspaarbank.

Rentěn doeitna sataoen sakali sok diitoeng sarta toeloej dihidjikeun kana doeit pokona. Koe sabab eta sataoen sakali boekoe spaarbank teh koedoe dibikeun ka kantorpos sangkan dikirimkeun ka Directeur Postspaarbank di Weltevreden. Tapi kade oelah poho, dimana oerang mikeun boekoe koedoe menta rěsi.

Teu sakoemaha lilana tangtoe eta boekoe spaarbank teh dipoelangkeun deui ka noe bogana; nja kitoe deui rěsi tea koedoe dipoelangkeun ka ambtenaar post, koe sabab eta koedoe ati-ati bisi eta rěsi tea leungit.

Doeit tjengtjelengan katoet rentěnna tea sanggeusna dihidjikeun bakal direntěnan deui, rentěnna tea tětěp bae 2.4% Těgěsna doeit anoe ditjengtjelengankeun di Postspaarbank teh dianakanana rentěn marentěn, ngan koerangna tina 1 roepia, eta teu direntěnan. Nja kitoe deui rentěn noe koerang tina 1 sen tara diitoeng.

Děmi atoeran ngitoengna rentěn di Postspaarbank teh kieu:

Oepama aja hidji djalma anoe mimiti njengtjelenganana boelan Januari taoen 1920, ari gědena anggěr saboelanna f 5.—; dina boelan Januari doeitna teh tatjan direntěnan, tapi mimiti direntěnanana teh dina boelan Februari; doeit anoe diasoepkeun dina boelan Februari direntěnanana dina boelan Maart taoen eta

dj. st. Ngitoengna rentĕn nĕpi ka tanggal 31 December 1920. Djadi doeit f 5.— noe ditjengtjelengankeun dina boelan:

| | | | |
|---|---|---|---|
| Januari, | lilana 11 boelan, rentĕnna | ........................ | f 0.11 |
| Februari, | lilana 10 boelan, rentĕnna | ........................ | f 0.10 |
| Maart, | lilana 9 boelan, rentĕnna | ........................ | f 0.09 |
| April, | lilana 8 boelan, rentĕnna | ........................ | f 0.08 |
| Mei, | lilana 7 boelan, rentĕnna | ........................ | f 0.07 |
| Juni, | lilana 6 boelan, rentĕnna | ........................ | f 0.06 |
| Juli, | lilana 5 boelan, rentĕnna | ........................ | f 0.05 |
| Augustus, | lilana 4 boelan, rentĕnna | ........................ | f 0.04 |
| September, | lilana 3 boelan, rentĕnna | ........................ | f 0.03 |
| October, | lilana 2 boelan, rentĕnna | ........................ | f 0.02 |
| November, | lilana 1 boelan, rentĕnna | ........................ | f 0.01 |
| December, | lilana — boelan, rentĕnna | ........................ | f — |

Djadi nĕpi ka tanggal 31 December teh rentĕnna aja ........................ f 0.66

hartina tina doeit tjengtjelengan anoe 12 × f 5,— = f 60,—. Doeit poko djeung rentĕnna tea toeloej dihidjikeun, mimiti tanggal 1 Januari 1921 ngawitan direntĕnan deui. Tapi lantaran djoemblah rentĕnna tea ngan f 0,66, tĕgĕsna koerang ti f 1,— koe sabab kitoe eta rentĕn teh hĕnteu kaitoeng. Ti boelan Januari 1921 nĕpi ka boelan December 1921 doeit noe f 60,— rentĕnna aja ........................................................ f 1,44.
Doeit noe ditjengtjelengankeun dina taoen 1921 aja 12 × f 5,— = f 60,—, rentĕnna saroea bae djeung rentĕn noe dina taoen '20 ........................................................ f 0,66

Djoemblah rentĕn dina taoen 1921 aja .................. f 2,10; ari djoemblah tjengtjelengan katoet djeung rentĕnna nĕpi ka tanggal 31 December aja f 60,66 + f 60.— + f 2,10 = f 122,76.

Eta doeit anoe f 122,— tea ti awal boelan Januari 1922 mimiti dianakan deui, sarta sanggeusna 12 boelan lilana rentĕnna aja ........................................................ f 2.92
Tjengtjelengan anoe diasoepkeun dina taoen 1922, 12 × f 5,— = f 60,—, rentĕnna ........................................ f 0.66

Dina taoen 1922 pinampaeun rentĕn teh ................ f 3.58
Djadi dina tanggal 31 December 1922 djoemblah doeit tjengtjelengan katoet djeung rentĕn-rentĕnna aja f 122,76 + f 60,— + f 3,38 = f 186,34.

| Bilangan taoen | Njengtjelengan boelanan, noe saboelanna: | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | f 1,— | f 1,50 | f 2,— | f 2,50 | f 3,— | f 3,50 | f 4,— | f 4,50 | f 5,— |
| | Diitoeng tĕroes noeroetkeun bilangan taoen, lobana djadi: | | | | | | | | |
| 1 | f 12,13 | f 18,19 | f 24,26 | f 30,32 | f 36,39 | f 42,45 | f 48,52 | f 54,58 | f 60,66 |
| 2 | „ 24,55 | „ 36,81 | „ 49,10 | „ 61,36 | „ 73,65 | „ 85,91 | „ 98,20 | „ 110,46 | „ 122,76 |
| 3 | „ 37,25 | „ 55,86 | „ 74,54 | „ 93,14 | „ 111,79 | „ 130,40 | „ 149,08 | „ 167,68 | „ 186,34 |
| 4 | „ 50,27 | „ 75,37 | „ 100,58 | „ 125,69 | „ 150,85 | „ 175,97 | „ 201,68 | „ 228,27 | „ 251,46 |
| 5 | „ 63,60 | „ 95,36 | „ 127,24 | „ 159,01 | „ 190,84 | „ 222,62 | „ 254,53 | „ 286,28 | „ 318,14 |
| 6 | „ 77,24 | „ 115,83 | „ 154,55 | „ 193,15 | „ 231,79 | „ 270,40 | „ 309,15 | „ 347,78 | „ 386,43 |
| 7 | „ 91,22 | „ 136,78 | „ 182,51 | „ 228,10 | „ 273,73 | „ 319,33 | „ 365,09 | „ 410,64 | „ 456,35 |
| 8 | „ 105,53 | „ 158,23 | „ 211,14 | „ 263,89 | „ 316,67 | „ 369,44 | „ 422,37 | „ 475,06 | „ 527,95 |
| 9 | „ 120,18 | „ 180,21 | „ 240,46 | „ 300,52 | „ 360,65 | „ 420,75 | „ 481,02 | „ 541,04 | „ 601,25 |
| 10 | „ 135,19 | „ 202,72 | „ 270,48 | „ 338,04 | „ 405,68 | „ 473,28 | „ 543,09 | „ 608,61 | „ 676,33 |
| 11 | „ 150,56 | „ 225,76 | „ 301,22 | „ 376,47 | „ 451,79 | „ 527,08 | „ 606,60 | „ 677,79 | „ 753,21 |
| 12 | „ 166,29 | „ 249,35 | „ 332,70 | „ 415,81 | „ 499,01 | „ 582,18 | „ 669,67 | „ 748,62 | „ 831,94 |
| 13 | „ 182,40 | „ 273,51 | „ 364,93 | „ 456,09 | „ 547,38 | „ 638,60 | „ 734,25 | „ 821,16 | „ 912,54 |
| 14 | „ 198,90 | „ 298,25 | „ 397,93 | „ 497,85 | „ 596,90 | „ 696,36 | „ 800,39 | „ 895,45 | „ 995,08 |
| 15 | „ 215,78 | „ 323,59 | „ 431,72 | „ 539,60 | „ 647,60 | „ 775,52 | „ 868,11 | „ 971,51 | „ 1079,62 |
| 16 | „ 233,07 | „ 349,53 | „ 466,32 | „ 582,86 | „ 699,52 | „ 816,09 | „ 937,46 | „ 1049,46 | „ 1166,17 |
| 17 | „ 250,79 | „ 376,09 | „ 501,76 | „ 627,15 | „ 752,69 | „ 878,13 | „ 1008,48 | „ 1129,10 | „ 1253,81 |
| 18 | „ 268,92 | „ 403,30 | „ 538,04 | „ 672,52 | „ 807,13 | „ 941,65 | „ 1081,20 | „ 1210,84 | „ 1345,56 |
| 19 | „ 287,48 | „ 431,16 | „ 575,21 | „ 718,97 | „ 862,89 | „ 1056,69 | „ 1155,67 | „ 1294,46 | „ 1438,50 |
| 20 | „ 306,50 | „ 459,69 | „ 613,27 | „ 766,52 | „ 919,97 | „ 1073,29 | „ 1231,91 | „ 1380,10 | „ 1533,67 |

Kitoe bae satĕroesna. Ilikan berendelanana doeit tjentjelengan di Postspaarbank, di djĕro sakitoe taoen teh djoemblahna aja sakitoe.

*Ingĕtkeun*, pikeun djalma anoe njarengtjelengan di Postspaarbank *lamoen nĕpi ka tiloe poeloeh taoen* lilana hĕnteu njengtjelengankeun deui, hĕnteu njokot deui doeitna, atawa hĕnteu mikeun boekoena ka kantor post sangkan toeloej dikirimkeun ka Directeur Postspaarbank, *doeit tjengtjelenganana katoet ka rentĕn-rentĕnna*, eta kabeh *djadi milik Postspaarbank*. Ari noe matak diajakeun atoeran kitoe, lain Goepĕrĕmen nakal atawa karooh koe kaoetoengan sakitoe, tapi ieu mah sangkan Postspaarbank hĕnteu ngoeroes doeit djalma anoe teu poegoeh katĕranganana. Kapan tangtoe bisa djadi aja djalma anoe njosoëh boekoe postspaarbankna, lantaran poesing pedah doeit tjengtjelenganana ngan kari saeutik. Lamoen euweuh atoeran kitoe, meureun oenggal taoen Postspaarbank teh koedoe hajoeh bae ngitoeng doeit sesa tjengtjelenganana tea, sanadjan oepamana noe njengtjelengankeun teh geus lila maot. Koe sabab kitoe sanadjan tjengtjelengan tea ngan kari saeutik deui pisan oge, hadena mah koedoe dipenta bae; djeung kabiasaanana noe barogaeun tjengtjelengan di Postspaarbank teh sok tara ngaringĕtkeun kana rentĕn noe masih koedoe katampa.

Di loehoer geus ditĕrangkeun, jen sadjabana ti credietbank dj. s. b. sakoer anoe nareundeun doeit di Postspaarbank doeit tjengtjelenganana anoe saleuwihna tina f 2400,— hĕnteu direntĕnan. Tapi sanadjan kitoe noe boga doeit teh bisa keneh bae boga kaoentoengan koe djalan menta ka Directeur Postspaarbank, sangkan doeitna tea dibeulikeun kana soerat hoetang Nagara, anoe tangtoe aja kaoentoenganana, malah leuwih ti batan kaoentoengan di Postspaarbank. Anoe djadi directeur tangtoe bakal kĕrsaeun noeloengan.

Ngirimkeunana soerat menta dipangmeulikeun soerat hoetang Nagara teh koedoe dibarĕngan koe ngirimkeun boekoe spaarbank ka Directeur Postspaarbank di Weltevreden.

Oepama geus meunang soerat hoetang Nagara teh, tangtoe doeit oerang anoe di spaarbank katjangkolong koe hargana eta soerat hoetang Nagara tea. Sanggeusna kitoe eta obligatie (soerat hoetang) tea katoet boekoe spaarbankna tangtoe dikirimkeun deui ka noe bogana.

Eta obligatie beunang dipihapekeun di Postspaarbank, noe bogana ngan ngampihan rĕsina bae.

Oenggal Postspaarbank pada narampa doeit rentĕn hoetang Nagara tea sarta toeloej marere njaho ka djalma-djalma anoe baroga obligatie koe nota. Eta nota koedoe dipoelangkeun deui ka kantor pos. Di dinja doeit rentĕn obligatie teh sangeusna dipotong koe ongkos-ongkos toeloej diasoepkeun kana boekoe spaarbankna.

Katĕrangan-katĕrangan sedjen meunang nanjakeun ka Directeur Postspaarbank di Weltevreden.

---

*Ana geus karandjingan hawa hewani, manoesa mah sok leuwih ti sato.*

*Paeh teh teu beda djeung lahir ka doenja, kaasoep keneh kana sarating hiroep.*

# 9. DAPTAR RENTĔN-DIRENTĔNAN.

Poko f 100.— rentĕn-direntĕnan:

| 3 % | | 4 % | | 5 % | | 6 % | | 7 % | | 8 % | | 9 % | | 10 % | | Djadi sanggeusna. |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| f 103 | — | f 104 | — | f 105 | — | f 106 | — | f 107 | — | f 108 | — | f 109 | — | f 110 | — | 1 th. |
| „ 106 | 09 | „ 108 | 16 | „ 110 | 25 | „ 112 | 36 | „ 114 | 49 | „ 116 | 64 | „ 118 | 81 | „ 121 | — | 2 „ |
| „ 109 | 27 | „ 112 | 49 | „ 115 | 76 | „ 119 | 10 | „ 122 | 50 | „ 125 | 97 | „ 129 | 51 | „ 133 | 11 | 3 „ |
| „ 112 | 55 | „ 116 | 99 | „ 121 | 55 | „ 126 | 25 | „ 131 | 04 | „ 136 | 04 | „ 153 | 87 | „ 146 | 41 | 4 „ |
| „ 115 | 93 | „ 121 | 67 | „ 127 | 63 | „ 133 | 83 | „ 140 | 25 | „ 146 | 93 | „ 140 | 16 | „ 161 | 04 | 5 „ |
| „ 119 | 41 | „ 126 | 53 | „ 134 | 01 | „ 141 | 84 | „ 150 | 07 | „ 158 | 68 | „ 167 | 72 | „ 177 | 15 | 6 „ |
| „ 122 | 99 | „ 131 | 59 | „ 140 | 71 | „ 150 | 37 | „ 160 | 56 | „ 171 | 67 | „ 182 | 81 | „ 194 | 86 | 7 „ |
| „ 126 | 68 | „ 136 | 86 | „ 147 | 75 | „ 159 | 39 | „ 171 | 81 | „ 185 | 04 | „ 199 | 26 | „ 214 | 35 | 8 „ |
| „ 130 | 48 | „ 142 | 33 | „ 155 | 13 | „ 168 | 96 | „ 183 | 83 | „ 199 | 89 | „ 217 | 20 | „ 235 | 78 | 9 „ |
| „ 134 | 39 | „ 148 | 02 | „ 162 | 89 | „ 179 | 10 | „ 196 | 60 | „ 215 | 87 | „ 236 | 75 | „ 259 | 36 | 10 „ |
| „ 155 | 80 | „ 180 | 09 | „ 207 | 89 | „ 239 | 69 | „ 275 | 87 | „ 317 | 18 | „ 364 | 28 | „ 417 | 69 | 15 „ |
| „ 180 | 61 | „ 219 | 11 | „ 265 | 33 | „ 320 | 78 | „ 386 | 90 | „ 466 | 01 | „ 560 | 53 | „ 672 | 66 | 20 „ |
| „ 209 | 38 | „ 266 | 58 | „ 338 | 64 | „ 429 | 29 | „ 542 | 62 | „ 684 | 70 | „ 862 | 44 | „ 1088 | 30 | 25 „ |
| „ 242 | 73 | „ 324 | 34 | „ 432 | 19 | „ 574 | 51 | „ 761 | 30 | „ 1006 | — | „ 1327 | 10 | „ 1744 | 60 | 30 „ |
| „ 281 | 39 | „ 394 | 61 | „ 551 | 60 | „ 768 | 87 | „ 1067 | 30 | „ 1478 | 10 | „ 2014 | 90 | „ 2809 | 60 | 35 „ |
| „ 326 | 20 | „ 480 | 10 | „ 704 | — | „ 1023 | 90 | „ 1496 | 90 | „ 2171 | 70 | „ 3141 | 90 | „ 4521 | 80 | 40 „ |
| „ 378 | 16 | „ 584 | 12 | „ 898 | 50 | „ 1377 | 10 | „ 2099 | 50 | „ 3190 | 80 | „ 4834 | 40 | „ 7287 | — | 45 „ |
| „ 438 | 39 | „ 710 | 67 | „ 1146 | 74 | „ 1842 | 90 | „ 2944 | 40 | „ 4688 | 10 | „ 7438 | 80 | „ 11735 | — | 50 „ |

*Tembongna poendjoel teh dina pakoemboehan, lain dina keur nènggang.*

## 10. TARIP PAGADEAN BAB 7.

| Gadean | Ongkosna | Diitoengna panglilana |
|---|---|---|
| 50 sen nĕpi ka f 25.— | 2 sen tina saroepia atawa sabagian tina saroepia dina oenggal 15 poë | 135 poë |
| leuwih ti f 25 nĕpi ka f 50 | 5% saboelan | 6 boelan } saboelanna diitoeng 30 poë |
| „ „ f 50 „ „ f 75 | 4% „ | 9 „ |
| „ „ f 75 „ „ f 100 | 3% „ | 12 „ |
| „ „ f 100 | 1% „ | 12 „ |

---

*Dina pĕrkara adil djeung teu adil koedoe koekoeh batan goenoeng, dina pĕrkara lianna koedoe landoeng nja aisan.*

## Daptar pikeun nĕrangkeun gĕdena taksiran djeung doeit noe diindjeumkeun.

| taksiran | doeit noe diindjeumkeun | taksiran | doeit noe diindjeumkeun | taksiran | doeit noe diindjeumkeun | taksiran | doeit noe diindjeumkeun |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| f 0.10 | f 0.01 | f 8.15 | f 6.75 | f 44.— | f 35.— | f 99.— | f 88.— |
| ,, 0.20 | ,, 0.10 | ,, 8.40 | ,, 7.— | ,, 45.— | ,, 36.— | ,, 100.— | ,, 89.— |
| ,, 0.30 | ,, 0.20 | ,, 8.75 | ,, 7.25 | ,, 46.— | ,, 37.— | ,, 101.— | ,, 90.— |
| ,, 0.40 | ,, 0.30 | ,, 9.— | ,, 7.50 | ,, 47.— | ,, 38.— | ,, 102.— | ,, 91.— |
| ,, 0.50 | ,, 0.40 | ,, 9.25 | ,, 7.75 | ,, 48.— | ,, 39.— | ,, 104.— | ,, 92.— |
| ,, 0.60 | ,, 0.50 | ,, 9.50 | ,, 8.— | ,, 50.— | ,, 40.— | ,, 105.— | ,, 93.— |
| ,, 0.80 | ,, 0.60 | ,, 9.75 | ,, 8.25 | ,, 52.— | ,, 41.— | ,, 106.— | ,, 94.— |
| ,, 0.90 | ,, 0.70 | ,, 10.— | ,, 8.50 | ,, 53.— | ,, 42.— | ,, 107.— | ,, 95.— |
| ,, 1.— | ,, 0.80 | ,, 10.25 | ,, 8.75 | ,, 54.— | ,, 43.— | ,, 108.— | ,, 96.— |
| ,, 1.10 | ,, 0.90 | ,, 10.50 | ,, 9.— | ,, 55.— | ,, 44.— | ,, 109.— | ,, 97.— |
| ,, 1.20 | ,, 1.— | ,, 10.75 | ,, 9.25 | ,, 56.— | ,, 45.— | ,, 110.— | ,, 98.— |
| ,, 1.50 | ,, 1.20 | ,, 11.— | ,, 9.50 | ,, 57.— | ,, 46.— | ,, 111.— | ,, 99.— |
| ,, 1.60 | ,, 1.30 | ,, 11.25 | ,, 9.75 | ,, 58.— | ,, 47.— | ,, 112.— | ,, 100.— |
| ,, 1.70 | ,, 1.40 | ,, 11.50 | ,, 10.— | ,, 59.— | ,, 48.— | ,, 118.— | ,, 105.— |
| ,, 1.80 | ,, 1.50 | ,, 12.50 | ,, 10.50 | ,, 60.— | ,, 49.— | ,, 124.— | ,, 110.— |
| ,, 2.— | ,, 1.60 | ,, 13.— | ,, 11.— | ,, 61.— | ,, 50.— | ,, 129.— | ,, 115.— |
| ,, 2.10 | ,, 1.70 | ,, 13.70 | ,, 11.50 | ,, 62.— | ,, 51.— | ,, 135.— | ,, 120.— |
| ,, 2.20 | ,, 1.80 | ,, 14.20 | ,, 12.— | ,, 63.— | ,, 52.— | ,, 140.— | ,, 125.— |
| ,, 2.30 | ,, 1.90 | ,, 14.90 | ,, 12.50 | ,, 64.— | ,, 53.— | ,, 146.— | ,, 130.— |
| ,, 2.40 | ,, 2.— | ,, 15.40 | ,, 13.— | ,, 65.— | ,, 54.— | ,, 153.— | ,, 135.— |
| ,, 2.80 | ,, 2.20 | ,, 16.— | ,, 13.50 | ,, 66.— | ,, 55.— | ,, 157.— | ,, 140.— |
| ,, 2.90 | ,, 2.30 | ,, 16.60 | ,, 14.— | ,, 67.— | ,, 56.— | ,, 163.— | ,, 145.— |
| ,, 3.— | ,, 2.40 | ,, 17.20 | ,, 14.50 | ,, 68.— | ,, 57.— | ,, 168.— | ,, 150.— |
| ,, 3.10 | ,, 2.50 | ,, 17.70 | ,, 15.— | ,, 69.— | ,, 58.— | ,, 174.— | ,, 155.— |
| ,, 3.20 | ,, 2.60 | ,, 18.40 | ,, 15.50 | ,, 70.— | ,, 59.— | ,, 180.— | ,, 160.— |
| ,, 3.30 | ,, 2.70 | ,, 18.90 | ,, 16.— | ,, 71.— | ,, 60.— | ,, 185.— | ,, 165.— |
| ,, 3.40 | ,, 2.80 | ,, 19.60 | ,, 16.50 | ,, 72.— | ,, 61.— | ,, 191.— | ,, 170.— |
| ,, 3.50 | ,, 2.90 | ,, 20.— | ,, 17.— | ,, 73.— | ,, 62.— | ,, 196.— | ,, 175.— |
| ,, 3.60 | ,, 3.— | ,, 20.75 | ,, 17.50 | ,, 74.— | ,, 63.— | ,, 202.— | ,, 180.— |
| ,, 4.— | ,, 3.20 | ,, 21.25 | ,, 18.— | ,, 75.— | ,, 64.— | ,, 208.— | ,, 185.— |
| ,, 4.10 | ,, 3.30 | ,, 22.— | ,, 18.50 | ,, 76.— | ,, 65.— | ,, 213.— | ,, 190.— |
| ,, 4.20 | ,, 3.40 | ,, 22.50 | ,, 19.— | ,, 77.— | ,, 66.— | ,, 219.— | ,, 195.— |

| tak-siran | doeit noe diindjeum-keun | tak-siran | doeit noe diindjeum-keun | tak-siran | doeit noe diindjeum-keun | tak-siran | doeit noe diindjeum-keun |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| f 4.30 | f 3.50 | f 23.— | f 19.50 | f 78.— | f 67.— | f 224.— | f 200.— |
| „ 4.40 | „ 3.60 | „ 23.50 | „ 20.— | „ 79.— | „ 68.— | „ 230.— | „ 205 — |
| „ 4.50 | „ 3.70 | „ 24.— | „ 20 50 | „ 80.— | „ 69.— | „ 236.— | „ 210.— |
| „ 4 60 | „ 3.80 | „ 24.50 | „ 21.— | „ 81.— | „ 70.— | „ 241.— | „ 215.— |
| „ 4.70 | „ 3.90 | „ 25.— | „ 21.50 | „ 82.— | „ 71.— | „ 247.— | „ 220.— |
| „ 4 80 | „ 4.— | „ 25.50 | „ 22.— | „ 83.— | „ 72.— | „ 252.— | „ 225.— |
| „ 5.20 | „ 4.20 | „ 26.— | „ 22.50 | „ 84.— | „ 73.— | „ 258.— | „ 230.— |
| „ 5.30 | „ 4.30 | „ 26.50 | „ 23.— | „ 85.— | „ 74.— | „ 264.— | „ 235.— |
| „ 5.40 | „ 4.40 | „ 27 — | „ 23.50 | „ 86. | „ 75.— | „ 269.— | „ 240.— |
| , 5.50 | „ 4.50 | „ 27 50 | „ 24.— | „ 87.— | „ 76.— | „ 275.— | „ 245.— |
| „ 5.60 | „ 4.60 | „ 28.— | „ 24.50 | „ 88.— | „ 77.— | „ 280.— | „ 250.— |
| „ 5.70 | „ 4 70 | „ 29.— | „ 25.— | „ 89.— | „ 78.— | „ 286.— | „ 255.— |
| „ 5.80 | „ 4.80 | „ 30.— | „ 26.— | „ 90.— | „ 79.— | „ 292.— | „ 260.— |
| „ 5.90 | „ 4.90 | „ 31.— | „ 27.— | „ 91.— | „ 80.— | „ 297.— | „ 265.— |
| „ 6.— | „ 5.— | „ 32.— | „ 28 — | „ 92.— | „ 81.— | „ 303.— | „ 270.— |
| „ 6.45 | „ 5.25 | „ 33.— | „ 29.— | „ 93 — | „ 82 — | „ 308.— | „ 275.— |
| „ 6.70 | „ 5.50 | „ 34.— | „ 30.— | „ 94.— | „ 83.— | „ 314.— | „ 280.— |
| „ 6.95 | „ 5.75 | „ 39.— | „ 31.— | „ 95.— | „ 84.— | „ 320.— | „ 285.— |
| „ 7.20 | „ 6.— | „ 40.— | „ 32.— | „ 96.— | „ 85.— | „ 325.— | „ 290.— |
| „ 7 65 | „ 6.25 | „ 41.— | „ 33.— | „ 97.— | „ 86.— | „ 331.— | „ 295.— |
| „ 7.90 | „ 6.50 | „ 43.— | „ 34.— | „ 98.— | „ 87.— | „ 336.— | „ 300.— |

Dĕmi barang-barang anoe harga taksiranana aja di antara angka anoe kasĕboet dina ieu daptar, doeit anoe diindjeumkeunana koedoe noeroetkeun harga-taksiran anoe pangleutikna.

Harga-harga taksiran anoe leuwih ti f 25.—, eta diboeleudkeun bae.

Ngitoengna rentĕn tina doeit noe diindjeumkeun, pikeun barang anoe harga taksiranana leuwih ti f 100.—, gĕdena doeit × lilana × $^1/_{30}$.

Tempo lelang tĕgĕsna barang-barang-gadean A anoe diasoepkeun dina taoen 1928, beunang dilelangkeun:

| | |
|---|---|
| Januari 1928 . . . . . . . | 31 Juli 1928<br>12 Sapar 1347 |
| Februari „ . . . . . . . | 31 Augustus 1928<br>14 Moeloed 1347 |
| Maart „ . . . . . . . | 30 September 1928<br>14 Silih Moeloed 1347 |
| April „ . . . . . . . | 31 October 1928<br>16 Djoemadiläwal 1347 |
| Mei „ . . . . . . . | 30 November 1928<br>16 Djoemadilähir 1347 |
| Juni „ . . . . . . . | 31 December 1928<br>18 Radjab 1347 |
| Juli „ . . . . . . . | 31 Januari 1929<br>19 Rĕwah 1347 |
| Augustus „ . . . . . . . | 28 Februari 1929<br>18 Poeasa 1347 |
| September„ . . . . . . . | 31 Maart 1929<br>19 Sawal 1347 |
| October „ . . . . . . . | 30 April 1929<br>20 Hapit 1347 |
| November „ . . . . . . . | 31 Mei 1929<br>21 Rajagoeng 1347 |
| December „ . . . . . . . | 30 Juni 1929<br>22 Moeharam 1348 |

# PIWOELANG KA PANGANTEN

karangan

djoeragan ĚMOD WIRA ATMADJA, Garoet.

## Sinom.

Sinom didamĕl piwoelang,
ka anak noe anjar kawin,
nandakeun beurat kamĕlang,
loemajan eukeur panggeuing,
soepaja djadi eling,
pikeun toetoengkoesan hiroep,
ibarat ngamodalan,
da doeit mah poegoeh sĕpi,
tapi modal digantian koe piwoelang.

Piwoelang nadjan teu pandjang,
tapi koedoe djadi eling,
tina iboe reudjeung ama,
ngarasa boengah teh teuing,
rehna awak ilaing,
geus dahoep karoedjoek sĕpoeh,
moega salalawasna,
pandjang doeriat sarimbit,
lambat-lamboet kĕbat toer gĕde daradjat.

Sakitoe panĕda ama,
ka Goesti Noe Maha Soetji,
anoe moerba toer wisesa,
noe ngajoega boemi-langit,
toer asih ka praabdi,
sarta sapa'atna Rasoel,
hibar Nabi pamoengkas,
djeung ti praloeloehoer deui,
noe ditĕda hibar sarta pando'ana.

Poma-poma pisan Oedjang,
ka woelang kolot sing eling,

nandakeun beurat kamĕlang,
djeung bodjo sing loeloes-loeis,
manis papada manis,
koedoe roentoet loeloes-moeloes,
oelah gĕtas hareuras,
sok rĕgas taja kainggis,
djadi waswas sok leungit ihtiar tiwas.

Ka bodjo Oedjang sing njaah,
sili balĕs pikaasih,
pasĕmon koedoe mĕrĕnah,
darehdeh hade parangi,
marahmaj oelat boedi,
oelah sok koesoet ngoeloewoet,
matak pondok doeriat,
moen oelat kĕtjoet djeung sĕngit,
noengtoen koesoet hate sok kasoeat-soeat.

Nadjan loba doenja-brana,
aloes imah boentjir leuit,
moen teu loeloes djeung rabi mah,
ngoelajaban bae pikir,
tĕmahna djadi roentik,
boentoe anoe dipimaksoed,
hiroep moal djamoega,
ngan diroengsing koe kapoesing,
da saratna koedoe lajeut saaleutan.

Djeung deui wadjibna Oedjang,
moeroek ka noe djadi rabi,
hal pĕrkara imah-imah,
elmoening istri oetami,
tata-titi sing soerti,
adab lakoe tindak-tandoek,
koedoe sing imeut pisan,
tetelakeun sing kaharti,
kawadjiban bab miara imah tangga.

Lamoen bodjo meunang salah,
anoe teu soeroep djeung pikir,

poma oelah soegal oetjap,
ngageuing koedoe djeung aris,
waktjakeun sing kaharti,
sangkan bodjo djadi maphoem,
sing leukeun mapatahan,
koe boedi-basa noe manis,
koedoe asak timbangan gĕde hampoera.

Ka Ĕnok ge kitoe pisan,
rehna geus boga salaki,
gaganti indoeng djeung bapa,
pigoestieun lahir-batin,
poma masing kaharti,
elmoening istri satoehoe,
saratna aja opat,
tjoba dengekeun sing sidik,
noe kahidji istri sing bisa ngawoela.

Hartina sing paham pisan,
kana kapalaj salaki,
koedoe toeroet parentahna,
oelah gana-gana moengkir,
tapi koedoe dipikir,
ĕnggoning oerang ngadangoe,
sakoer anoe kadada,
matak njalamĕtkeun diri,
noe dipalar loeloes-bangloes salawasna.

Kadoeana djadi radja,
radja di sadjĕro boemi,
koedoe wani nanggoeng djawab,
toer marentah eusi boemi,
djeung loba-loba deui,
sakoer pĕrkara pĕrĕloe,
hal kabĕrsihan tea,
di loear di djĕro boemi,
gĕtol nitah tapi koedoe djeung hemanna.

Ari tiloe pĕrkarana,
sipat iboe noe kaoeni,

lamoen parĕng boga anak,
Ĕnok katarik koe wadjib,
noeroet koemaha misti,
mistina noe djadi iboe,
mo' pandjang ditjarita,
ĕngke ge tangtoe kapanggih,
ngoeroes boedak noeroet elmoe kadoktoran.

Ari opat pĕrkarana,
sipat goeroe noe kaoeni,
samemeh boedak sakola,
oemoerna teu atjan mandjing,
koedoe pisan didjaring,
sing rĕmĕn moeroek mitoetoer,
adjar sabisa-bisa,
make boedi basa manis,
oelah kĕras tapi koedoe dileukeunan,

Ari sadjaba ti eta,
koe Ĕnok masing kaharti,
koedoe mapatahan boedjang,
awewe sarta lalaki,
sing nĕpi ka mangarti,
naon gawe noe pĕrĕloe,
atawa olah-olah,
sarta loba-loba deui,
gawe kitoe Ĕnok noe boga tanggoengan.

Sakitoe ama miwoelang,
poma-poma sing areling,
pondok dapon dipilampah,
ingĕtkeun beurang djeung peuting,
toengkoes 'na sanoebari,
insja Allah hasil maksoed,
karasa mangpa'atna,
saratna ngan oelah moengkir,
eling-eling oelah moengpang ka piwoelang.

# 11. OEKOERAN DJEUNG TIMBANGAN.

## *a.* OEKOERAN PANDJANGNA.

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| kilometer | = | km | = | 1000 | meter *) |
| hectometer | = | hm | = | 100 | meter |
| decameter | = | dam | = | 10 | meter |
| meter | = | m | = | | babon |
| decimeter | = | dm | = | 0,1 | meter |
| centimeter | = | cm | = | 0,01 | meter |
| milimeter | = | mm | = | 0,001 | meter |
| mikron. | = | $\mu$ | = | 0,000001 | meter |

1 m. = 3.1853 kaki (3.2 kaki).
1 kaki = 0.313947 m. (0.31 m) = 12 dim.
1 toembak = 12 kaki = 3,767364 m. (3.77 m).
1 elo (Amst.) = 0.68781 m. (= 0.688 m).
1 djar (yard) = ± 3 kaki = 0.9144 M. (= 0.915 m).
1 deupa = 1.7 m.
= 4 hasta (1 hasta 0.42 m).
= 8 kilan (1 kilan = 0.21 m).
1 pal Djawa = 400 toembak = 1506.94 m.
1 pal Soematra (mel laoet) = 1851.85 m.
1 mel Djĕrman (geor. mijl) = 7407.4 m.

## *b.* OEKOERAN LĔGANA.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| kilometer pasagi | = $km^2$ *) | = | 1000000 | meter pasagi |
| hectare | = ha | } = | 10000 | meter pasagi |
| atawa hectometer pasagi | = $hm^2$ | | | |
| are | = a | } = | 100 | meter pasagi |
| atawa decameter pasagi | = $dam^2$ | | | |
| centiare | = ca | } = | 1 | meter pasagi |
| atawa meter pasagi | = $m^2$ | | | |
| decimeter pasagi | = $dm^2$ | = | 0,01 | meter pasagi |
| centimeter pasagi | = $cm^2$ | = | 0,0001 | meter pasagi |
| milimeter pasagi | = $mm^2$ | = | 0,000001 | meter pasagi |

*) Pepeling—Mitoeroet atoeran Departement Landbauw, ajeuna ngaran-ngaran oekoeran, nja kitoe deui ngaran ringkĕsanana oge, ditoelis koe aksara leutik bae.

1 mel Djĕrman □ = 24.2475 pal □ = 7759. 2 bahoe.
1 km.$^2$ = 100 ha. = 140.9147 bahoe.
1 ha. = 1.409147 bahoe.
1 bahoe = 500 toembak □ (bata) = 7096.5 m$^2$ = 1.7537 acre.
1 acre (oekoeran Inggris) = 4046.71 m$^2$. = 0.57023 bahoe.
1 bata (toembak □) = 14, 19 m$^2$.
1 kaki □ = 0.0985627 m$^2$.
1 djoeng (di Pasoendan) = 2 bahoe.
1 pantjar (di Djawa-Wetan) = 4 bahoe
1 patok (Priangan) = 5×5 toemb. = $^1/_{20}$ bahoe.
1 pal □ = 320 bahoe.

## *c.* OEKOERAN EUSINA.

| | | | |
|---|---|---|---|
| decastere | = das | = | 10 meter kibik |
| stera | = s | = | 1 meter kibik |
| atawa meter kibik | = m$^3$ | = | |
| decistere | = ds | = | 0,1 meter kibik |
| atawa hectoliter | = hl | = | |
| dekaliter | = dal | = | 0,01 meter kibik |
| liter | = l | = | 0,001 meter kibik |
| decimeter kibik | = dm$^3$ | = | |
| deciliter | = dl | = | 0,0001 meter kibik |
| centiliter | = cl | = | 0,00001 meter kibik |
| centimeter kibik | = cm$^3$ | = | 0,000001 meter kibik |
| milimeter kibik | = mm$^3$ | = | 0,000000001 meter kibik |

1 kan = 1,51589 litĕr (= 1,52 l).
1 ton Batawi = 0,9283 hl.
1 ton rĕgistĕr = 2,83 m$^3$.
1 legĕr = 388 kan = 583,15 litĕr.
1 kojan = 32 pikoel = 1976, 36 kg.
1 „ Batawi = 27 pikoel (timbangan beas). *)
1 „ Samarang = 28 „ ( „ „ ).
1 „ Soerabaja = 30 „ ( „ „ ).
1 toembak soeloeh = 6,683 M$^3$.
1 pikoel = 8 gantang = 61,75 kg. = 100 kati.

*) 1 kojan oejah = 30 pikoel = 240 gantang = 18 karoeng = 2011,268 l.

1 gantang = 8 batok.
1 batok = 1,07 litĕr.
1 takĕr = 17 kan = 25,77 litĕr.
1 kati = 0.6 kg.
1 kati = 16 tail = 617,6 g.
1 gallon = 4,45 litĕr.
1 pon = 0,5 kg.
1 pon Inggris = 0,45 kg.
1 ons = $^1/_{10}$ kg. = 1 hg.
1 kodi bako = 20 pon.
1 rim kĕrtas = 20 boekoe.
1 boekoe = 24 lambar.
1 pĕti minjak tanah = 2 blek = 10 gallon = 37,8 litĕr.

## *d.* OEKOERAN BEURATNA.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ton | = | t | = | 1000 kilogram |
| kilogram | = | kg | = | babon |
| hectogram | = | hg | = | 0,1 kilogram |
| decagram | = | dag | = | 0,01 kilogram |
| gram | = | g | = | 0,001 kilogram |
| decigram | = | dg | = | 0,0001 kilogram |
| centigram | = | cg | = | 0,00001 kilogram |
| miligram | = | mg | = | 0.000001 kilogram |

1 pikoel = 61,761302 kg. (= 61,761 kg.) = 125 pon Amsterdam.
1 pikoel Djawa = 136 pon Inggris.
1 kati = $^1/_{100}$ pikoel = 1$^1/_4$ pon = 0,61761 kg.
1 gantang = 10 kati (Djawa-Wetan).

## *e.* OEKOERAN BILANGAN.

Di Pasoendan djeung di tanah-tanah partikoelir.

1 potjong = 5 kati.
1 gedeng = 2 potjong.
1 sangga = 5 gedeng = ± 50 kati atawa ± 60 pon.
1 madea = 100 gedeng.
1 tjaeng = 200 gedeng = ± 2500 pon.
1 amĕt = 10—40 sangga (beda-beda).

## *f.* TIMBANGAN TJANDOE.

1 kati $= \frac{1}{100}$ pikoel = 16 tail = 617,613 gram.
1 tail $= \frac{1}{16}$ kati = 10 tji = 38,601 gram.
1 tji $= \frac{1}{16}$ tail = 10 timbang = 3,860 gram.
1 karat = 0,205 gram.

## *g.* OEKOERAN GANTJANGNA.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 1 djam lalampahan | | . . . . . . . . . . . . . | 3 à 3½ | pal |
| 1 „ leumpang | koeda | . . . . . . . . . . | 2 | „ |
| 1 „ | kareta | . . . . . . . . . . . | 7 | „ |
| 1 „ | mobil | . . . . . . . . . | 20 à 25 | „ |
| 1 „ | kareta api | . . . . . . . . . . | 20 | „ |
| 1 „ | „ „ expres | . . . . . . . . | 40 | „ |
| 1 sěkon djalanna | sora | . . . . . . . . . . | 337 | m. |
| 1 „ „ | tjahja | . . . . . . . . . | 298000 | km. |
| 1 „ „ | pelor bědil | . . . . . . . . . . | 600 | m. |
| 1 „ hiběrna | kapinis | . . . . . . . . | 50 à 75 | „ |
| 1 „ „ | titiran | . . . . . . . . . . . | 17 | „ |

---

*Pangandika Mahasoetji: „Aing anoe ngoebaran maneh, noe matak maneh sok dibere gěring oge; aing njaah ka maneh, noe matak maneh sok dihoekoem oge koe aing.”*

# 12. LOBANA TANGKAL DINA SABAOE.

## TJARANGNA DJADJARAN MAKE OEKOERAN KAKI.

| Tjarangna tangkal make oekoeran kaki | 2 | 2½ | 3 | 3½ | 4 | 4½ | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | Djoemblahna tangkal oenggal baoe | | | | | | | | | | | | | |
| ½ | 72000 | 57600 | 48000 | 41143 | 36000 | 32000 | 28800 | 24000 | 20571 | 18000 | 16000 | 14400 | 13090 | 12000 |
| 1 | 36000 | 28800 | 24000 | 20571 | 18000 | 16000 | 14400 | 12000 | 10286 | 9000 | 8000 | 7200 | 6545 | 6000 |
| 1½ | 24000 | 19200 | 16000 | 13714 | 12000 | 10667 | 9600 | 8000 | 6857 | 6000 | 5333 | 4800 | 4563 | 4000 |
| 2 | 18000 | 14400 | 12000 | 10286 | 9000 | 8000 | 7200 | 6000 | 5143 | 4500 | 4000 | 3600 | 3272 | 3000 |
| 2½ | 14400 | 11520 | 9600 | 8229 | 7200 | 6400 | 5760 | 4800 | 4114 | 3600 | 3200 | 2880 | 2618 | 2400 |
| 3 | 12000 | 9600 | 8000 | 6857 | 6000 | 5333 | 4800 | 4000 | 3429 | 3000 | 2666 | 2400 | 2181 | 2000 |
| 3½ | 10286 | 8229 | 6857 | 5878 | 5143 | 4571 | 4114 | 3429 | 2939 | 2571 | 2285 | 2057 | 1870 | 1710 |
| 4 | 9000 | 7200 | 6000 | 5143 | 4500 | 4000 | 3600 | 3000 | 2571 | 2250 | 2000 | 1800 | 1636 | 1504 |
| 4½ | 8000 | 6400 | 5333 | 4571 | 4000 | 3556 | 3200 | 2667 | 2286 | 2000 | 1777 | 1600 | 1454 | 1330 |
| 5 | 7200 | 5760 | 4800 | 4114 | 3600 | 3200 | 2880 | 2400 | 2057 | 1800 | 1600 | 1440 | 1309 | 1203 |
| 5½ | 6545 | 5236 | 4364 | 3741 | 3273 | 2909 | 2618 | 2182 | 1870 | 1636 | 1454 | 1309 | 1190 | 1090 |
| 6 | 6000 | 4800 | 4000 | 3429 | 3000 | 2667 | 2400 | 2000 | 1714 | 1500 | 1333 | 1200 | 1090 | 1000 |
| 6½ | 5538 | 4431 | 3692 | 3165 | 2769 | 2462 | 2215 | 1846 | 1582 | 1385 | 1207 | 1107 | 1006 | 920 |
| 7 | 5143 | 4114 | 3429 | 2939 | 2571 | 2286 | 2057 | 1714 | 1469 | 1286 | 1142 | 1028 | 935 | 853 |
| 7½ | 4800 | 3840 | 3200 | 2743 | 2400 | 2133 | 1920 | 1600 | 1371 | 1200 | 1066 | 960 | 872 | 807 |
| 8 | 4500 | 3600 | 3000 | 2571 | 2250 | 2000 | 1800 | 1500 | 1286 | 1125 | 1000 | 900 | 818 | 750 |

| Tjarangna tangkal make oekoeran kaki | Tjarangna djadjaran make oekoeran kaki. | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 |
| | Djoemblah tangkal oenggal baoe. | | | | | | | | | | |
| 9 | 889 | 800 | 727 | 667 | 615 | 571 | 533 | 500 | 471 | 444 | 421 |
| 10 | 800 | 720 | 655 | 600 | 554 | 514 | 480 | 450 | 424 | 400 | 379 |
| 11 | 727 | 655 | 595 | 545 | 503 | 467 | 436 | 409 | 385 | 364 | 344 |
| 12 | 667 | 600 | 545 | 500 | 462 | 429 | 400 | 375 | 353 | 333 | 316 |
| 13 | 615 | 554 | 503 | 462 | 426 | 396 | 369 | 346 | 326 | 308 | 292 |
| 14 | 571 | 514 | 467 | 429 | 396 | 367 | 343 | 321 | 303 | 280 | 271 |
| 15 | 533 | 480 | 436 | 400 | 369 | 343 | 320 | 300 | 282 | 267 | 252 |
| 16 | 500 | 450 | 409 | 375 | 346 | 321 | 300 | 281 | 265 | 250 | 237 |
| 17 | 471 | 424 | 385 | 353 | 326 | 308 | 282 | 265 | 249 | 235 | 228 |
| 18 | 444 | 400 | 364 | 333 | 308 | 286 | 267 | 250 | 235 | 222 | 211 |
| 19 | 421 | 379 | 344 | 316 | 292 | 271 | 252 | 237 | 223 | 211 | 199 |

| Tjarangna tangkal dina oenggal djadjaran make oekoeran metĕr | Tjarangna djadjaran make oekoeran metĕr. | | | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | ½ | 1 | 1½ | 2 | 2½ | 3 | 3½ | 4 | 4½ | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 |
| | Lobana tangkal dina sabaoe. | | | | | | | | | | | | | |
| ½ | 28384 | 14192 | 9461 | 7096 | 5677 | 4731 | 4055 | 3548 | 3154 | 2838 | 2365 | 2026 | 1774 | 1577 |
| 1 | 14192 | 7096 | 4731 | 3548 | 2838 | 2365 | 2027 | 1774 | 1577 | 1419 | 1183 | 1014 | 887 | 788 |
| 1½ | 9461 | 4731 | 3154 | 2365 | 1892 | 1577 | 1352 | 1183 | 1051 | 946 | 788 | 676 | 591 | 526 |
| 2 | 7096 | 3548 | 2365 | 1774 | 1419 | 1183 | 1014 | 887 | 788 | 710 | 591 | 507 | 443 | 394 |
| 2½ | 5677 | 2838 | 1892 | 1419 | 1135 | 946 | 811 | 710 | 631 | 568 | 473 | 407 | 355 | 315 |
| 3 | 4731 | 2365 | 1577 | 1183 | 946 | 788 | 676 | 591 | 526 | 473 | 394 | 338 | 296 | 263 |
| 3½ | 4055 | 2027 | 1352 | 1014 | 811 | 676 | 579 | 507 | 451 | 407 | 338 | 290 | 253 | 225 |
| 4 | 3548 | 1774 | 1183 | 887 | 710 | 591 | 507 | 443 | 394 | 355 | 296 | 258 | 222 | 197 |
| 4½ | 3154 | 1577 | 1051 | 788 | 631 | 526 | 451 | 394 | 353 | 315 | 263 | 225 | 197 | 175 |
| 5 | 2838 | 1419 | 946 | 710 | 568 | 473 | 407 | 355 | 315 | 284 | 237 | 203 | 177 | 158 |
| 6 | 2365 | 1183 | 788 | 591 | 473 | 394 | 338 | 296 | 263 | 237 | 197 | 169 | 148 | 131 |
| 7 | 2027 | 1014 | 676 | 507 | 407 | 338 | 290 | 253 | 225 | 203 | 169 | 145 | 127 | 113 |
| 8 | 1774 | 887 | 591 | 443 | 355 | 296 | 258 | 222 | 197 | 177 | 148 | 127 | 111 | 99 |
| 9 | 1577 | 788 | 526 | 394 | 315 | 263 | 225 | 197 | 175 | 158 | 131 | 113 | 99 | 88 |

Ngitoeng lobana tangkal dina sabaoe teh make formule ieu: $\frac{7100}{b \times t} = B$. B = lobana tangkal; b = tjarangna djadjaran: t = tjarangna tangkal dina oenggal-oenggal djadjaran.

Ngitoeng lobana djadjaran dina sabaoe, make formule ieu; $\frac{6000}{b \times p} = A$. A = lobana djadjaran; b = tjarangna djadjaran; p = pandjangna oenggal-oenggal djadjaran.

# BIANTARA KASINOMAN.

karangan

djr. H. HASAN MOESTAFA, Hoofdpl. Bandoeng pangsioen,

dikĕmpĕlkeun koe WANGSAATMADJA.

## Sinom.

Biantara kasinoman,
titinggal Aki Maranggi,
ngarĕngga moestika rasa,
bibit boeit boemi soetji,
pasoetjianing djati,
tĕpoesan poeseuran agoeng,
akbar anoe kagoengan,
ngaratjik djadjaten diri,
lĕmah rata poesaka ti Padjadjaran.

W. A.

## Kinanti.

Hariring boelan Rajagoeng,
goeng goong menak noe soemping,
beunang angkat bari midang,
dangdanan singsarwa ginding,
dingklang menak anoe gandang,
rengkebeng barina ngibing.

## Dangdanggoela.

1. Sĕdĕp manis Sang Poetra Sang Poetri, tas hĕlaran noenggangan kareta, dipirig koe Ĕnden-Ĕnden, djoeng mangkat ti Djoengbĕroeng, diiringkeun koe para wargi, pada ngagĕlar manah, ngadjoeroeng rahajoe, salira beunang dihias, ngĕbraj siang hiasan sarwa rinoekmi, lir tĕdak Soeralaja.

2. Oedjang Njai ajeuna pinanggih, noe katjipta koe iboe koe rama, basa keur tjitjiptan keneh, tanda makboel djinoeroeng, titistoelis bawa ngadjadi, geura ajeuna abah, top saoedjoeng ramboet, poesaka bawaeun djaga, ari Oedjang geus oesoem hajang kaharti, ka asal bangbalikan.

3. Oedjang Njai geus joeswa sapeuting, gĕntjlang herang moestikaning rasa, toemiba iboen satetes, noe djadi kawit woedjoed, kawit boekti gĕlar di lahir, nandang kadjasmanian, nja ti rama-iboe, aja di sagaranakan, kang loemenggang deuk nĕpi joeswa sasasih, heab ka iboe-rama.

4. Leuleus lĕsoe apĕs toelang sandi, raga soekma taja pangawasa, samar daja lĕtek loengse, noeroegtoeg napsoe woengkoel, balik deui pikir keur leutik, singhoreng pangparatan, ti noe keur dikandoeng, titipan kĕrsa Pangeran, noe dipoesti tĕpi ka wajah kiwari, dirĕngga-rĕngga njawa.

5. Barang nindak ngadĕg doea sasih, ana parat kana pantjadria, sagala sarwa gareseh, rasa, tingal, pangroengoe, ambon, dĕlit lir moerangkalih, salamar nja kahajang, amarah didjoeroeng, rĕsĕp kana hahaseuman, biwir dĕlit awas paningal kanjĕri, teu paja dedengean.

6. Aja tina watĕk moerangkalih, horeng Oedjang Njai keur njeundeuhan, ka iboe-rama rek njaneh, koetan menta pangdjoeroeng, rek ditaoer djaga geus ngarti, tampa piwoelang rama, pamoelang kapoengkoer, basa keur dikandoeng tea, Oedjang Njai marenta ngadjakan dĕlit, rek silih kawoelaan.

7. Barang pantjĕg geus saratoes peuting, ragrag setra moestika sambara, harkat obahna pangajon, toemoeroen rochoelkoedoes, mimitina ngadjak ngadjadi, oerang pabĕdas-bĕdas, hajoe silih djoeroeng, koeat mana, koeat mana, nja boektina nĕpi ka wajah kiwari, nja silih kawoelaan.

8. Barang nĕpi ka salapan sasih, Oedjang mĕdal barang waktoe isa, poekoel toedjoeh malĕm Sĕnen, katoedjoeh Silih Moeloed, hidjrah taoenan Kangdjĕng Nabi, slapan poeloeh gĕnĕpna, sreboe doea ratoes, kawitan mĕdal titipan, noe koe abah wadjibna dipoesti-poesti, lahirna djeung batinna.

9. Tah ajeuna geus boebar nja djangdji, kabeungbeurat poerwa-doeksinana, titipan Goesti Jang Manon, ajeuna nĕda ma'loem, lahirna ka Oedjang pribadi, bok naradjang mokaha, nĕmahan loeloepoet, batinna mah ka Pangeran, tangtoe abah naradjang salah djeung taksir, ngraksa radja moestika.

10. Tah nja eta Sang Djatining Hoerip, Oedjang Njai anoe keur dirĕngga, dipadjang diagreng-agreng, boekti njataning kalboe, iboe-rama njata pangasih, boekti gambar tjisotja, noe asaling iboen, ragana geus dimakoeta, tingkarĕtip lir tjahjaning katoembiri, ninggang ka pasamoan.

## Sinom.

1. Sinom pamoeka piwoelang, teu koengsi dipoerwakanti, poesaka Njai djeung Oedjang, taja milik djaba toelis, lain ngabisani, abah ngan niroe karoehoen, mĕdalkeun noe katjipta, sapangeusi sanoebari, keur anggoëun goemĕlar salalawasna.
2. Soegan katinggang koe bagdja, toelisan njĕrĕp ka ati, raga noe nĕmahan inja, pisalamĕteun pribadi, bakoe lahir djeung batin, koe Oedjang Njai nja djoegdjoeg, anggap djadi djoengdjoenan, modal ngagolangkeun diri, roegi-oentoeng rasa boemela doeriat.
3. Kawitan noe pangheulana, sok saheulaan pribadi, oelah rek rasa mokaha, noe ngaroegikeun ka ati, waktoe keur djadi hidji, koe Oedjang Njai dipatoeng, ĕnja raga midoea, noe dipoesti oelah lali, moestikana rasa oerang papatoengan.
| 21 | Toerki | Fond | 100 piaster | „ 10.90 | „ — |
| 22 | Zweden | Krone | 100 oere | „ 0.66 2/3 | „ 0.66 7/8 |
| 23 | Zwitserland | Franc | 100 rappen | „ 0.50 | „ 0.48 3/8 |

N. B. Koers Nederland ditoelis 99 7/8, hartina: saroepia di Hindia, di Nederland ngan pajoe 99 7/8 sen. Djadi tjatětan koers pakeun Nederland mah beda deui djeung tjatětan pakeun nagara-nagara lian. Pakoun nagara-nagara lian mah anoe ditjatět teh sabaraha pangadjina doeit nagara Asing di Hindia; tapi pakeun Nederland mah sabaraha pangadjina doeit Hindia di Nederland.

# PANJOEPANGAN.

karangan

djoeragan MADHANI KARTAATMADJA

Mantri Goeroe

PAROENG, BOGOR

## BAGIAN KA I

Tjek noe nanja: „Na ĕnja kitoeh, Bapa Kĕrtawigoena teh beungharna beunang njoepang?"

Djawab noe ditanja: „Bĕnĕr tjek bedja mah. Kieu geura oerang wintjik tjaritakeun ti awalna: Baheula waktoe manehna leutik keneh, geus ditinggalkeun maot koe indoeng-bapana, teu sanak teu baraja, teu doeloer-doeloer atjan; aja oge sipat paman bibina teu daekeun mirosea kawantoe teu aja titinggal kolotna, atoeh estoe noenggoel pinang teh saĕnjana, lieuk euweuh ragap taja. Ari pagaweanana boeboeroeh dagang koeeh di tatanggana, tina saperak teh dibere opat sen, ngan meunang dahar. Sakapeung sok dibere pĕrsen koe doenoenganana, oepama manehna tas barang gawe sedjen.

Lila-lila doenoeganana njaaheun pisan, tina koe kabageuranana, atoeh toeloej matoeh bae ajeuna mah di dinja.

Dĕmi doeit beubeunanganana tea, koe manehna leukeun ditjengtjelengankeun, tara pisan dipake djadjan atawa dipake barang beuli naon-naon, soemawonna kana laladjo atawa oelin tamboeh lakoe mah, langka pisan; estoening gawena teh ngan ngĕtrek bae, sagala ditjabak, oepama balik dagang teh.

Ari ti peuting sok radjeun oge nganteur anak doenoenganana ka pasantren. Manehna sorangan tara miloe ngadji ngan noenggoean bae, tapi sakapeung sok miloe oge diadjar matja bismillah; malah beuki lila mah woewoeh rĕsĕpeun bae, nja loemajan nĕpi ka bisana ngadji.

Sĕlang-sĕlang ti pasantren manehna sok ngĕdĕpong bae diadjar noelis, oepama anak doenoenganana keur koetrat-kotret diadjar noelis teh. Tina leukeun djadi keuna, nja kalampahan koe

manehna, goreng-goreng oge bisa noelis saeutik-eutikeun, tina gëtolna nendjokeunana.

***

Geus aja taoenna manehna aja di dinja, nja teu woedoe oge doeit tjengtjelenganana tea make aja poeloehna; manehna aja niat hajang diadjar matjakal sorangan, babakoena hajang diadjar dagang bako, sabab pangirana ngan eta anoe enteng didjalankeunana, tjoekoep koe modal saeutik toer beunang bari dioek bae.
Barang geus gilig pikirna, jen maksoedna hajang matjakal sorangan, toeloej njarita ka doenoenganana; sapërkara nganoehoenkeun tina sakitoe lilana nja aja di dinja, estoe dirawatan dihadehade sarta didjeudjeuhkeun kana loba kadaek noe baris aja hasilna, nëpi ka ajeuna sakitoe gëdena, toer geus boga kahajang sorangan, kitoe deui pimodaleunana teh tina ladang kagoematian doenoenganana, noelatenan sina daek njengtjelengan doeitna. Djadi ngarasa kabënëran pisan anoe sakitoe noenggoel pinangna teh, matoeh di djëlëma përëtjit sarta teu olok tombok koe dahareun atawa koe pakeëun, dapon bageur bae. Tina soehoedna midoenoengan, teu moesingkeun teu ngësëlkeun, malah-malah mah matak njoekakeun salawasna, tina sarëgëpna bisa nalang-nalang gawe doenoenganana, teu ingët ka tjape, teu risi koe sieun beurat, teu soesah kahesean, nja katjida doenoenganana atoheunana barang dibedjaan jen manehna hajang diadjar matjakal sorangan teh; ngan aja pamenta doenoenganana soepaja oelah boga niat intjah balilahan bae, tina geus teu asa hënteu djiga, geus asa ka anakna sorangan bae.

***

Ari peuting manehanana sok njileuk bae, mikir-mikir pilampaheun hajang geura prak dagang, mani geus kaimpi-impikeun bae tina geus tjëngëng hatena. Ras ingët kana dongeng-dongeng batoer-batoerna, jen oepama hajang beunghar teh koedoe aja poepoentanganana pananjaan atawa pamoedjaanana, sapërti Goenoeng Koromong, përnahna di soekoe Goenoeng Tjirëmaj beulah kaler, eta tëmpat geus kamashoer paranti pamoedjaan.
Poelo Karas, tjek bedja mah bawahan Indramajoe; malah tjeuk noe njarita mah oepama moedja ka dinja teh elmoena *këtjik*, nja

eta ngabogaan bangkong atawa naon bae sato leutik, noe sok malingan doeit, dibawaan ka noe ngëtjik tea.

Djagananti, përnahna 13 pal djaoehna ti Tjirëbon ka kidoel, di dinja aja pasir ngoedjoer ngetan, dina lampingna sakalereun eta pasir aja balong, tjaina ngaboerial ti handap. Nja di dinja noe sok diparake moedja teh; bedjana mah saha-saha anoe moedja ka dinja elmoena elmoe babi.

Batoe lampit, ajana kira-kira opat pal ka kidoel ti Djagananti tea, di dinja, aja kakaian ngaroenggoenoek, di handapeunana eta kai aja batoe gëde ngampar, tah di dieu anoe sok dipake moedja teh; ari elmoena babi keneh bae.

Palalangon, eta oge ajana di soekoe Goenoeng Tjirëmaj beulah wetan, bawahan Tjirëbon, di dinja aja tëmpat noe loba pisan monjetna. Djadi tanda saha-saha anoe moedja ka dinja elmoena *ngëtek*, nja eta elmoe monjet tea. Djeung rea-rea deui djaba ti eta, dongeng-dongeng noe baheula, eta kabeh wallahoe 'alam.

Ana ras deui manehna ingët, jen di Tjilimoes, bawahan Tjirëbon — ajeuna mah kabawah ka Koeningan — aja hidji hadji anoe pakasabanana nja noe dipikahajang koe manehna tea, nja eta dagang bako nëpi ka sakitoe beungharna lantaran moedja.

Ari noe matak kamashoerkeun beunang moedja, tjënah mah, saoemoerna tatjan aja hidji djëlëma anoe geus asoep ka imahna, lian ti pamadjikanana, da anak mah teu boga.

Djadi oepama aja tatamoe salawasna ditëmonan di tëpas bae.

Aja deui di lëmboer Soesoekan, bawahan Koeningan djëlëma beunghar, noe kasëboet pisan jen beunang njoepang. Ari tjirina, salawasna langka make papakean, lian ti tjalana sontog, kitoe ge geus bëlëwoek.

Di wetaneun Tjiawigëbang aja makam anoe dihade-hade pisan, make saoeng hateup seng, tihangna beusi; tjenah makamna Si Beurit, anoe katjëloek beunghar beunang moedja. Djeung loba-loba deui lian ti eta, kitoe deui ieu oge wallahoe'alam.

* * *

Tina bangët lalamoenanana, toengtoengna manehna teh boeleud pipikiranana, samemehna prak dagang teh rek indit heula ka hidji tëmpat pamoedjaan, da tjarekna hajang boga poepoentoenganana heula, soepaja hasil ënggoning balangsiar njiar kahiroepanana.

Barang datang manehna ngadjoegdjoeg imah pakoentjenna (djoe-

roe koentji), sarta ditarima dihade-hade tjara biasa ka semah anoe geus bakoena.

Koentjen njarita kaajaanana anoe moedja ka dinja, enteng tapi beurat. Entengna ka noe ĕnja-ĕnja niatna kalawan didjalankeun sabĕnĕrna. Ari beuratna ngalampahan djangdji-djangdjina tea. Djadi lamoen bĕnĕr-bĕnĕr geus gilig kana dirina, nja kakara dipapagonan roekoen-roekoenna. Dĕmi eta roekoenna tea:

1. Koedoe soempah dina hate jen rek noeroet kana sagala papagon noe wadjib dilampahkeun; moepakat atawa teu moepakat dina hate, eta koedoe bae oerang teh taloek ka dinja, sarta soedjoed narima jen moal gingsir deui dina niatna.

2. Koedoe ngalampahkeun naon-naon noe geus diwadjibkeun koe agama, oge hĕnteu meunang moengpang kana sakoer noe kasĕboet dina hoekoem sjara, sabab djĕlĕma anoe tĕtĕp tĕmĕn ĕnggoning ngalakonan agama, tangtoe pisan bisa nohonan kana sakoer pĕrdjangdjian noe kasĕboet dina pasal kahidji. Kitoe deui dina sare'atna loembrah djeung kantja, akoer djeung batoer. Soemawonna tangtoe bisa njĕgah larangan agama anoe sabĕnĕrna, komo deui tangtoe bisa njĕgah oge kana sakoer larangan sarta djangdji-djangdji noe kasĕboet dina pasal hidji di loehoer.

3. Koedoe noeroet kana parentah nagara, sarta dilampahkeun kalawan goematina. Eta oge tangtoe ka nagara teu matak njoesahkeun, soemawonna moal njoesahkeun kana pĕrdjangdjian di loehoer.

4. Koedoe noeroet adat-adat tali paranti, tjiri saboemi tjara sadesa, naon-naon anoe loembrah anoe moepakat, oerang koedoe nohonan kalawan hate bĕrĕsih, soepaja koe sasama dipibaraja, dipiheman.

5. Mim pitoe, — M-7 — eta anoe dipikasobat koe hawa setan; koedoe djadi moesoeh noe panggĕde-gĕdena, koedoe bisa mĕrangananana, oelah nĕpi ka kabojong.

Lamoen oerang nĕpi ka kabojong koe mim pitoe, tangtoe pisan djangdji-djangdji noe tadi 'ge kabawa katoet kabojong.

6. Koedoe soedjoed soehoed kana piwoeroek goeroe djeung sĕpoeh, soepaja tiis tjeuli herang panon.

7. Koedoe ingĕt jen djĕlĕma tea koedoe hiroep roekoen djeung batoer oelah nĕnggang misah ti sasama.

8. Nohonan kana sagala anoe geus dimoepakatkeun.

9. Oelah pisan boga rasa ieu aing, loehoer tintjak adigoeng meakkeun batoer, ieu aing pangöenggoelna. Hate sirik iren pa-

# PABRIK DI HINDIA NOEMOETKEUN ATOERAN EROPA

## Kabĕrsekaan teh pokona kasehatan

Samemeh andjeun njĕsĕp sigaret, pilih sarĕng ilari heula sigaret noe parantos kapoedji kabĕrĕsihanana. Tina hal kabĕrsihanana dina ĕnggoning njieun sigaret, salawasna koe şim koering diatoer doegi ka saena, noe digarawe di pabrik, kadjabi ti papakeanana barĕrĕsih teh kasehatanana oge didjagi, margi sim koering gadoeh polikliniek sarĕng doktor sorangan.

Sadajana tatamoe noe saroemping ningali paoesahaan sim koering, koe sim koering ditampi kalawan kawĕningan hate dina waktos pabrik moeka, nja eta antawis taboeh 9 — 12 siang sarĕng 2 — 5 sontĕn (kadjabi dina dintĕn Ahad hĕnteu).

**Emoetkeun** djoeragan2 oelah lĕpat deui, moendoet sigaret **„Mac Gillavry"**, sanes Djatiroenggo, margi Djatiroenggo mah wastana onderneming Soklat.

Sim koering njajagikeun **tiloe** roepi sigaret diboengkoes dina does karton, eusina 20 sigaret; merĕkna **Boeleudan doea,** salamina katembong dina doesna, kitoe deui dina kĕrtas sigaretna eta merĕk aja.

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Noe | nganggo | ban | **koneng** | raosna | enteng |
| „ | „ | „ | **beureum** | „ | sĕdĕng |
| „ | „ | „ | **hideung** | „ | bangĕt |

Sigarettenfabriek **N.V.H.D. MAC GILLAVRY—AMBARAWA.**


OEPAMI KADJĔTIT,
MISALAH, NJĔRI DI DJĔRO
TOELANG
DJ. ST.
LANDONGAN
KOE
Sloan's
Liniment
SLOAN'S
LINIMENT
N. V. B. G. STIBBE'S Export Mij. Batawi



P. j. m. t. Dr. Ch. Bernard, Diréktoer Peroesahaan Tanah. Keradjinan dan Perniagaan.



P.j.m.t. Prof. Dr. J. Boeke, Goeroe besar pada Geneeskundige Hoogeschool (Sekolah Dokter Tinggi) di Weltevreden dan voorzitter faculteit 'ilmoe dokter

# SOKLAT NESTLÉ




Didamelna nganggo Soesoe Tjap Nona, teu kinten raosna, ngandoeng dat katoeangan noe perloe kanggo salira.

TIASA NGAGALEUH DI OENGGAL TOKO.

# NESTLÉ MILK Co.

BATAWI — SOERABAJA — SAMARANG

Didamĕlna nganggo Soesoe Tjap Nona, teu kintĕn raosna, sarĕng ngandoeng dat katoeangan

TIASA NGAGALEUH DI MANA-MANA




NESTLÉ MILK Co.

BATAWI — SOERABAJA — SAMARANG

nastren ka noe lian. Rēsēp mojok ngahina ka noe masakat; goreng gogog goreng tagog.

10. Oelah sok aral soebaha, nampik kana papasten Maha Soetji; koedoe narima ka kadar; toetoelisaning Jang Widi teu beunang soemingkir deui, ngan oebarna koedoe sabar djeung tawěkal; hartina koedoe daek ihtiar.

11. Kana sagala roepa pagawean oelah pisan njěboet ĚNGKE, oebarna koedoe AJEUNA, sabab lamoen diěngke-ěngke, tangtoe noengtoen kana tabe'at SOENGKANAN, anoe geus galib hese dioebarranana 12. Dj. s.t.

## BAGIAN KA II.

Barang eta pakoentjen tea geus mere elmoe sakoemaha noe geus disěboet bieu di loehoer, sarta djangdji jen beurang-peuting rek diadji kalawan soempahna sorangan, moal oenggoet kalindoean; gantjangna nanja deui:

„Naon pakasaban Oedjang anoe tangtoe, anoe djadi tatali hoerip?"

Djawabna: „Ari babakoena pisan hajang diadjar dagang bako, anoe tjoekoep koe modal sapoeloeh atawa doea poeloeh roepia."

Pakoentjen: „Koemaha ajeuna geus boga eta modal teh, sarta dibawa ajeuna ka dieu?"

Djawabna: „Kantěnan ieu dibantoen, margi ngoeping ti noe parantos biasa."

Pakoentjen: „Ieu doeit estoe beunang ladang kesang pribadi, atawa doeit panas, kajaning doeit beunang maling, beunang matjikeuh atawa beunang koemaha bae, anoe loembrah disěboet doeit haram."

Djawabna: „Estoe kenging itikoerih ti leuleutik, koekoempoel ti lělěmboet, beunang hese tjape pribadi, boeboeroeh dagang, saoetak-saeutik dikoempoelkeun."

Pakoentjen: „Nja soekoer, sabab ari moenggoehing bapa mah darma kawakilan, biwir samboeng lemek, soekoe samboeng lengkah, nja darma njaksian kana sapanědja Oedjang, moega-moega diidjabah koe Noe Agoeng, koe noe ngagělarkeun Oedjang; ngan sare'atna koedoe *běněr*, ngalakonan sakoemaha tekad Oedjang.

Kitoe deui pepeling Bapa, Oedjang teh bakal njorang tjotjobaning diri, anoe pohara pisan ngagodana něpi ka bisa njipatkeun barang anoe matak gaib ka oerang, anoe matak pikasieuneun,

pikagilaeun. Tapi sing iatna eta teh ngan tjarek babasan omong pamonjongan oae; anoe djadi panggoda kitoe teh hawa napsoe oerang, pangadjakna setan iblis noe aja di badan oerang, soepaja oerang bisa kagoda karantjana, ngagĕndam anoe gembangan, melet noe epes meer, ngoeseup djĕlĕma borangan; ka noe inggis koe bisi, sieun koe tjĕnah tea, noe ahirna matak noengtoen kana tjilaka koe polah sorangan.

Bĕnĕr ari aja matakna tea mah lamoen Oedjang hĕnteu koeat atawa hĕnteu taloek, kana sagala anoe geus ditekadkeun koe hate Oedjang tadi jen njangga soempah arek ngestokeun kalawan saĕnja-ĕnjana sarta sanggoep naloekkeun Radja Napsoe, eta geus tangtoe pisan Oedjang bakal kadatangan gara-gara, noe baris djadi hoekoem dosa oerang, noeroetkeun beurat-entengna dosa oerang, sarta lahir-batin eta hoekoeman teh moal daekeun ngadjaoehan ti diri oerang. Tjarek wiwilanganana nadjan asoep kana pandjara beusi oge, 'mo boeroeng ditoetoer-toetoerkeun bae. Sanadjan oerang mawa pakarang anoe sakoemaha seukeutna, atawa mariĕm sabaraha gĕdena oge, eta hoekoeman teh moal gimireun, moal kĕtireun, keukeuh maksa."

***

Pakoentjen: „Naha Oedjang bisa noelis'"

Djawabna: „Tiasa oge ari tjoerat-tjoret mah, ngan oekoer ngarti sasoranganeun, da ari dibatja koe batoer mah teu poegoeh alang oedjoerna; estoe tjatĕtan tatamba poho bae, loemajan pangeling-ngeling. Ari sababna boro-boro asoep sakola tea, kawantoe ti leuleutik noenggoel pinang, lieuk euweuh ragap taja tea, hiroep noeroetkeun indoeng soekoe ka mana lojogna, saha bae noe mikanjaah diandjrĕkan; ngan oentoengna bae boga doenoengan anoe sakitoe njaaheunana, ari beurang didjoeroeng dagang, ti peuting diadjar noelis saĕloek-ĕloekkeun koe anak doenoengan koering, kitoe oge estoening repot pisan, kawantoe lain tjabakna tea. Nja sakitoe deui geuning aja bae karasana teh, da oepama teu bisa noelis mah, oepama dititah balandja loba-loba teh, meureun kaliroe, oentoengna bae bisa noelis saeutik-eutikkeun, sok radjeun oge ditjatĕt-tjatĕtkeun bisi pahili."

Pakoentjen: „Anoe matak bapa nanjakeun kitoe, kadjeun teuing ari aksarana mah aksara naon bae, Walanda, Arab atawa Soenda eta teu dipambrih, karana ari njaho mah kana aksara, eta teh

modal anoe panggĕde-gĕdena, sabab tangtoe bisa njatĕtkeun naon-naon anoe pĕrloe, mambrih oelah gantjang teuing pohona.

Soemawonna pikeun Oedjang, anoe boga niat hajang dagang, pĕrloe pisan bisa njatĕtkeun kapĕrloean anoe dagang, geuning eta bae oerang mindĕng nendjo tangkoelak-tangkoelak toekang borong, moen milang moentjang djengkol, koemĕli, bonteng atawa naon bae sok make „peling", hartina: lamoen bilanganana geus aja lima poeloeh, toeloej misahkeun neundeun hidji,tjenah peling, nja eta keur pangeling-ngeling kana lima poeloeh; ari saratoes pelingna doea, lamoen saratoes limapoeloeh pelingna tiloe, kitoe bae satoeloejna, oenggal-oenggal lima poeloeh pelingna hidji, milangna balik deui tina hidji bilangan (5—5). Djadi pikeun ka noe ngarti tjoerat-tjoret mah, nadjan tjarek paribasa toelisan „tjakar hajam" oge, nja loemajan keneh bae, djeung tinimbang teu bisa pisan mah. Kitoe deui ana ditjoektjroek-tjoektjroek, eta bae leuleutikanana aja noe nanjakeun kapĕrloean, sabaraha taoen oemoerna anak andjeun teh? ari djawabna gampangeun nakĕr, eta bae saoemoer bitoena Goenoeng Kĕloet, aja meureun lima atawa gĕnĕp oesoem mah. Atoeh soemawonna bisa ngingĕt-ngingĕt anoe saoetak-saeutik, tjatjakan di oemoer anakna geus teu bisa ngira-ngira.

***

Djaba ti eta ajeuna Bapa rek pepeling, babakoena pisan kana kapĕrloean noe geus diwadjibkeun ka djĕlĕma hiroep, sarta teu beunang aihĕnteu-hĕnteu:

Sapĕrkara heula *papakean*.

Hadena-gorengna djĕlĕma, pintĕr djeung bodona djĕlĕma, noe babari njirikeun teh, dina papakeanana heula; oepama djĕlĕma goreng roepa, leungit kagorengan roepana teh, koe lantaran kasieup koe papakean; djadi sanadjan goreng roepana, ari papakeanana hade djeung beres makena mah, eta tangtoe djadi kahadeanana. Anoe beunghar make papakean roedin, leumpang ngarendeng djeung noe miskin tapi papakeanana bĕrĕsih djeung bareres, eta tangtoe noe beunghar teh tjek panendjo oerang mah patoekeur djeung noe miskin. Kitoe deui anoe pintĕr sok beda pisan djeung djĕlĕma anoe bodo, dina prakna make pakean. Nadjan pakean moerah hargana, ari dipake koe noe pintĕr mah, katendjona aloes bae, da eta makena tea rapih djeung atoeran.

Geura ari noe bodo mah, masing samping harga f 25.— oge, ari dipakena teh disalindangkeun atawa dibeubeurkeun; dimana atoeh bisa katendjona hade, da poegoeh teu ngarti tea, ana make papakean oge teu poegoeh rapna, teu poegoeh mĕrĕnahna.

Ajeuna papakean pikeun pakeëun Oedjang, lamoen geus datang ka dieu, koedoe bisa pindah tjai pindah tampian, koedoe bisa njalin adat, dina lĕbah makena papakean teh, tapi ...... Bapa mah lain palĕbah makena bae, babakoena anoe pĕrloe teh meulina papakean;

*a.* Saroeng, lamoen biasana Oedjang meuli noe sahidjina f 6.—, ajeuna mah oelah meuli noe sakitoe, tapi koedoe meuli noe f 6.— teh meunang doea; nja eta kahidji soepaja bisa soelansalin, kadoeana hĕnteu olok doeit keur meuli, katiloena apan eta doeit oelah dimonjah-monjah dihahamboer hĕnteu poegoeh hĕnteu poegoeh, anggoer dipake modal dagang, soepaja bisa gantjang ngagĕdean.

*b.* Badjoe, oelah hajang lawon soetra danas atawa sengpek, tariko, noe mahal hargana, tapi koedoe wajahna tjoekoep koe lawon koelit kajoe atawa kakidril, soepaja awet toer moerah deui hargana. Geura bae itoeng, badjoe sengpek, sabadjoena f 12.—, ari koelit kajoe mah bisa meunang doea badjoeëun.

Mĕnding mana make badjoe sengpek sataoen ngan hidjihidjina, nĕpi ka geus bĕlĕwoek pinoeh koe daki djeung tinimbang make badjoe koelit kajoe sataoen doea atawa tiloe, bisa soelan-salin; meureun badjoena salawasna bararĕsih, da ana diseuseuh aja keur salinna.

*c.* Ikĕt, tjalana, badjoe rangkĕp, oge ti waktoe ajeuna mah, teu beunang meuli noe mahal-mahal, dapon bĕrĕsih, koeat, pantĕs, bisa salin oge geus tjoekoep. Oelah hajang poepoedjieun, meuli noe mahal-mahal tapi ngan sakitoe-kitoena taja deui keur salin, atawa nadjan aja oge pameulina, apan Oedjang teh noe matak datang ka dieu oge, nja meureun hajang aja beubeunanganana. Gampang ĕngke oge ari geus njesa mah, nja moal keur saha, lain keur deungeun-deungeun da meureun keur Oedjang sorangan.

Watĕk rojal, hajang kasĕboet poendjoel koe batoer, mambrih dipoedji-dipoedji koe noe lian, eta watĕkna pangadjak Radja Napsoe tea. Anoe kitoe sok disĕboet elmoe bangbara, ngahioeng ari di mana-mana, tapi ari asoep kana liangna mah disadana oge te-te-te-e-e-e-t, tjara djĕlĕma anoe ginding, tapi ari di imahna mah

lieuk euweuh ragap taja atawa ginding soteh beunang andjoekhoetang, eta taja goenana.

***

*Kadaharan.* Bapa teu pandjang njaritakeun maksoedna kadaharan, ngan bae pĕrloe saeutik ngelingan, soepaja Oedjang hasil maksoed, koedoe pisan bisa ngeureut-mitjeunna rĕdjĕki, aja keur ajeuna aja keur isoekan, pageto, oelah tjara manoek tikoekoer, ari keur moesim diboeat mah sĕnang-sĕnang disada loehoereun awi, boengah doemeh rea keur hakaneun, hĕnteu ingĕt baris ĕngke dina datang waktoena patjĕklik, ngan oekoer matjokan sadagori, kitoe oge rĕboetan paheula-heula djeung batoerna. Koedoe niroe lampahna manoek ekek, goera-giroe dibelaan poelang-anting, toeroen-oenggah teu ngarasakeun tjape, balas ngahabĕn ngoendjalan ranggeujan pare dibawaan kana djĕro paroengpoengna, noe minangka goedangna baris bĕkĕl ĕngke dimana oesoem paila.

Oerang salawasna koedoe hajang: kadjeun saeutik dapon mindĕng, ti batan loba ari dangdangrat mah moesingkeun.

Geura pikir watĕkna anoe rojal mah, oepama ajeuna boga doeit djoeng indit ka pasar, sagala noe katendjo dibeuli, didahar sama harita, nĕpi ka radjeun kamĕrĕkaan; ana geus seubeuh, doeit geus lĕdis, toeloej balik ka imahna; sadatang-datang doeg ngĕdĕng, ngararasakeun beuteungna eungap, teu lila reup hees. Ari hoedang awak lĕsoe, beuteung geus koekoeroeboekan lapar deui taja doeitna, da tadi geus beak tea dipake ngaladjoer napsoe ngoembar beuteung.

Paribasa maoet njere ka tjongona, ari keur ngora mah keur djagdjag waringkas keneh, keur koeat gĕde tanaga, keur bĕdas, sagala ngan nganteur napsoe, ngabĕroeng, naon noe hĕnteu kalakonan, pakean poendjoel ti batoer, nĕpi ka ngaleuwihan; hajang dahar naon sagala kasorang; hajang pĕlĕsiran moetĕran boemi laksana; koemaha ari geus kolot? rerempo taja tangan pangawasa, noe aja ngan katoewon.

Djĕlĕma rojal kadaharan mah taja matak njĕnangkeunana kana diri, noe aja mah ngan ririwit, bĕrĕwit loba panjakit, tina parabot anggahota oerang roeksak, dipake ngagilingan bae kadaharan, noe meh tara direureuhkeun pisan; tjoba bae tendjo pabrik-pabrik noe didjieunna tina beusi djeung wadja anoe sakitoe teuasna, geuning meh oenggal taoen koedoe bae dihadean mah, komo

deui mĕsin-mĕsin anoe aja dina anggahota oerang, anoe sakitoe lalĕmboetna, laleuleusna, aroedoehna toer saoemoer oge tara dihadean, ana dipake taja reureuhna mah atoeh tangtoe bae beuki lila mah beuki roeksak.

Djaba ti eta djĕlĕma anoe rojal kana kadaharan mah, teu aja tendjoëunana, wantoening barang ajana di djĕro beuteung, ajeuna ngadahar noe ngareunah, teu lila toeloej dianteurkeun ka waloengan, dipake maraban keunjeup; teu lila beuteung geus ngarasa lapar deui, kitoe bae satoeloejna taja reureuhna, lapar djeung seubeuh teh teu aja kĕndatna saban waktoe. Djadi sanadjan oerang rojal kana kadaharan anoe ngareunah oge, teu aja mangpa'atna noe hade kana diri oerang, ngan woengkoel njoesahkeun ka sorangan, malah sakapeung mah ka batoer oge. Saha anoe njangka jen bieu Bapa tas ngadahar laoek ĕmas?

Bapa oge teu bisa njangka, jen Oedjang bieu tas ngadahar tĕri, lantaran kadaharan mah teu katendjo tea.

Sanadjan anoe tas ngadahar peuteuj atah oge apan koe seureuh mah baoena leungit. Djĕlĕma rojal kana barang dahar, kana kadjahatan teh gantjang pisan narikna, koe tina beuteung mindĕng ngarasa lapar, gantjang pisan pohona kana kaera, kanjĕri soemawonna kana kahormatan mah. Noe matak ari pĕrkara barang dahar mah, teu beunang digĕdekeun teuing, tapi koedoe milih naon anoe matak pisĕgĕreun kana kawarasan badan, sarta masing poegoeh waktoena, oelah tjapek rahem sagala dihoeapkeun.

Geuning saoer anoe palintĕr mah: „Lain kadaharan bae anoe matak lintoeh atawa matak hoerip teh, tapi anoe pangöetamana mah taja lian ti kasĕnangan hate."

Ari saoer sĕpoeh baheula: „Koedoe tapa sadjĕroning mangan." Eta hartina koedoe bisa ngira-ngira, oelah doemeh aja, sagala dihakan sagala dihoeapkeun, tjara lamoen dadaharan oelah diantĕp saseubeuhna, nĕpi ka kamĕrĕkaan, tapi koedoe satĕngah seubeuh oge geus tjoekoep. Malah saha-saha djĕlĕma anoe datang ka dieu, koedoe koeat tapa sadjĕroning mangan teh kieu: lamoen oerang biasana balandja keur dahareun teh sapoëna beak 40 sen, eta wadjib pisan ti ajeuna koedoe dikoerangan, tjoekoep teu tjoekoep teh koedoe mahi koe 35 sen bae, ari anoe lima sen koedoe disimpĕn dina tjengtjelengan; ĕngke dimana geus nĕpi kana waktoe noe geus ditangtoekeun koedoe diboeka, nja kakara diboeka. Soekoer lamoen bisa rada leuwihan ngoeranganana. Tina sakali balandja dina saroepa-roepana oepama dikoerangan sapeser,

djadi tina 5 atawa gĕnĕp roepa oge geus 6 peser; lila-lila mah meureun peser hajang djadi sen, toeloej hajang kana benggol, naek deui kana kĕtip djeung satoeloejna. Geuning aja paribasa: *sapoē salambar bĕnang, lila-lila djadi samping;* noe ninoen.

Saha-saha djĕlĕma noe njaah kana peser, tangtoe dipikanjaah koe perak. Sabalikna, saha-saha noe teu njaah kana barang noe saeutik, eta tangtoe moal meunang anoe gĕde."

***

Pakoentjen: „Koemaha Oedjang sok radjeun oge laladjo?"

Djawabna: „Sakapeung-kapeungeun, oepama tina kapaksa bawaning koe deukeut, atawa koe poetra doenoengan, nja radjeun oge tapi ari niat tina hate sorangan mah hĕnteu."

Pakoentjen: „Djĕlĕma anoe sok laladjo teh dilarang pisan koe agama mah, kitoe tjeuk piwoeroek sĕpoeh-sĕpoeh, sabab:

1e. Papakean koedoe noe wareuteuh araloes bae, sabab lamoen teu kitoe batoer teh ĕmboengeun dibatoeran koe djĕlĕma roedin. Noe padeukeut oge moal daekeun kadeukeutan, da meureun baoeëun.

2e. Koedoe boga bĕkĕl keur laladjo, sabab loembrahna di panglaladjoan teh sok loba noe dagang, djeung apan eta sok ngarasa beuteung koekoeliatan; mĕnĕran ari keur boga doeit, koemaha ana njampak keur teu aja tea, djadjan hajang, doeit teu boga, nja toengtoengna poho ...........

3e. Di panglaladjoan kadoepak koe batoer atawa ngadoepak batoer, nĕpi ka radjeun ngadjadikeun silih arah, malah aja noe pasea, noengtoen kana moemoesoehan.

4e. Waktoe noe dipake laladjo teh gĕde pisan hargana, tjoba oepama oerang hĕnteu laladjo mah, pek digawe naon bae anoe sakira aja pihasileunana, samemeh hees; matja boekoe tea, nganjam tea, meureun djadi kaoentoengan ka oerang.

5e. Isoekna mata rĕmpĕt da toendoeh, kana gawe boengkĕr, kana awak laleuleus, lalĕsoe, eta teh ngaroegikeun gĕde pisan; soemawonna kana kawarasan badan, anoe koerang hees mah ngaroeksak pisan, awak lintoeh-lintoeh koemoemoe, panon tjarindoel, tjeletre tjileuhan bae, tanaga teu aja, lalĕsoe, laloengse kana gawe wararĕgah."

***

Pakoentjen: „Koemaha Oedjang geus boga pamadjikan'"
Djawabna pondok pisan: „Teu atjan."
Pakoentjen: „Soekoer ari tatjan boga pamadjikan mah, eta leuwih babari ti batan noe geus rimbitan.

Ajeuna samemeh boga pamadjikan Oedjang koedoe ingĕt, jen ĕngke sakeudeung deui oge, tantoe boga rasa hajang boga pamadjikan. Tah dina samemehna oerang koedoe titi soerti, taliti ka piĕngkeëun, da djĕlĕma mah tatjan aja noe geus njaba ka ĕngke tea, oelah keuna koe paribasa: *kadoehoeng tara ti heula* tea, datangna sok ti pandeuri, djadi ajeuna Oedjang teh koedoe ditioeng samemeh hoedjan. Oedjang oelah goegoep ĕnggoning nja laki-rabi, koedoe nimbang-nimbang rasa noe oetama, oelah kadjoeroeng koe napsoe, boga rasa sieun disĕboet boedjang kolot, teu lakoe ka awewe; tapi Oedjang masing waspada kana kĕtjap, handjakal noe bakal kasorang koe oerang.

Ajeuna Oedjang koedoe mangpang- meungpeung awak masih keneh lagas.

1e. Naon kahajang noe tatjan kasorang, bangsa anoe baris hasil, koedoe geuwat lakonan sing nĕpi ka kasorang heula; bisi hajang papakean noe beureum noe hideung, noe katimbang kaawakan mah laksanakeun heula.

2e. Bisi hajang neangan elmoe, toeroetkeun heula sing nĕpi ka toetoegna.

3e. Bisi hajang kasoekaan anoe hĕnteu njimpang tina larangan, geuwat djoegdjoegan.

Ana geus loeloes naon-naon anoe dipikarĕp koe ati, noe aja mangpa'atna, kakara oerang nimbang-nimbang pihiroepeun.

1e. Naha geus tjoekoep oerang teh ĕnggoning oesaha, pikeun dahar oerang sorangan? Oepama tatjan tjoekoep pikeun soranganeun, oerang koedoe soehoed nja ihtiar, sing bisa nĕpi ka njesa. Dimana geus aja leuwihna, koedoe bisa ngabagibagina; lieuk heula kolot oerang, pĕrloe dibere koe oerang ătawa hĕnteu? Sanadjan kolot oerang hĕnteu kakoerangan, wadjib oerang moelang tamba heula ka kolot oerang. Soemawonno lĕbah anoe boga kolot miskin mah, memeh oerang boga karĕp hajang boga pamadjikan teh, sing bisa mere heula ka kolot, sabab ari geus rimbitan mah boro-boro mere tea ka kolot teh pikeun sadirieun oge koerat-karet.

Ĕngke dimana geus bisa noeloengan kolot sorangan, kakara niat oerang teh bisa dilaksanakeun.

2e. Naha geus tjoekoep oesaha oerang teh pikeun make? Samemeh tjoekoep pikeun pake sorangan mah oelah waka loba tjodekah heula, lĕngkĕpkeun bae keur oerang heula, kajaning: saroeng 6, badjoe rangkĕp 6, totopong 6, tjalana 6, sapatoe, erlodji djeung rea-rea deui djaba ti eta, naon-naon sakoer kapĕrloean oerang hiroep.

Ieu mah minangka baris misil bae, atoeh bisa leuwih ti sakitoe, nja leuwih oetama.

Ĕngke dimana oerang geus bisa mikir beunang sorangan, keur daharna, keur pakena djeung keur kapĕrloean-kapĕrloean noe sedjen geus tjoekoep, malah geus bisa moelang tamba ka kolot atawa doeloer, kakara oerang sasadiaan baris ĕngke bisi diparĕngkeun aja djodo; naon bae kapĕrloean noe laki-rabi, saroea saeutik mah, paparabotan, papakean, soekoer pisan moen bisa pikeun kapĕrloean noe imah-imah. Tah di dieu kakara itoengan oerang teh digĕdekeun doea kalieun. Hartina tjoekoep oesaha oerang teh lamoen dibagi koe doeaan? Oepama sakira geus ngarasa tjoekoep, sarta dikira bisa njesa lamoen dibagi doea, pek toeloej dibagi deui koe tiloe, nja eta katiloe anak, bisi dikadarkeun oerang tereh boga anak, tjoekoep atawa tatjan? Komo dibagi tiloe, tjatjakan kakara dibagi doea oge, eta teh loba deui pidjalaneunana, djaba ti daharna, pakena djeung kahajangna teh, apan koedoe diimahan, ditjoekoep kapĕrloeanana noe laki-rabi djeung lian ti eta oge geus ..............

Kaloembrahanana di palĕmboeran, oepama nendjo anak awewe atawa lalaki noe geus mandjing oemoer teh noe djadi kolotna geus teu talangke deui, sieun disĕboet boga anak hĕnteu lakoe, ngan gabroeg-gabroeg bae geuwat direremokeun, dikawinkeun, oelah era teuing koe tatangga, teu mikir soeka-hĕnteuna djinis pada djinis, soemawonna ingĕt tea kana hal-hal noe bieu ditĕrangkeun di loehoer mah, diajana oge arang langka pisan; tina hal oesaha anak, tina hal bĕbĕnĕranana, tina bab laki-rabina djeung lian ti eta, anoe pĕrloe baris anak laki-rabi. Soemawonna di lĕbah anoe beunghar mah, tina ngarasa sagala aja tea, moal beak didahar koe anak-minantoe, masing nĕpi ka saoemoerna oge, ngan habĕk-habĕk bae anak-anakna teh direremokeun.

Tah, ieu atoeran di loehoer kitoe teh, katjida pisan masih pageuhna di bangsa oerang mah, tatjan bae aja pikiran koemaha piĕngkeëunana teh, da hajang boeroe-boeroe bae boga minantoe, hajang geura kariaan ngĕtroekkeun kasoekaan, komo moen baris

boga minantoe noe beunghar atawa noe djĕnĕng mah estoe tatamplokan pisan.

Saha itoe anoe imahna dilelangkeun koe afdeelingsbank? Pa Karia noe boelan toekang tas hadjat popoharaan tea, sagala ditanggap, ajeuna imahna kalelang, da teu bisa majar hoetangna oeroet kariaan tea. Malah toeh geuning anakna oge noe anjar dikawinkeun tea, keur ngaringkoek bae, kapengpeongan koe popotonganana, da ngan oekoer saminggoe oge teu hade, elik, nĕpi ka dipĕgatna pisan.

Koe sabab kitoe, bangĕt teu roedjoekna, ka djĕlĕma noe sok ngoeprak-ngaproek anakna direremokeun teh, da lain ratoes deui, poegoeh rewoe tjonto-tjonto anoe kitoe teh; anoe matak Oedjang masing iatna, papada milih-milih pipamadjikaneun teh koedoe:

1e. Awewe noe dipikabogoh roepana.
2e. Bogoh adat kalakoeanana teu matak pikatjoeaeun.
3e. Bogoh kana pangabisana atawa elmoena.
4e. Bogoh kana toeroenanana; lain milih toeroenan menak atawa beunghar bae, tapi nomĕr hidjina mah toeroenan anoe kolotna hade kalakoeanana.
5e. Bogoh teh koedoe djeung pisoeroepeunana, oepama Oedjang ka dinja teh, tapi soeroepna teh lain padoe soeroep atawa bogoh Oedjang bae, koedoe tilik sabalikna.

Geuning tjeuk bodor reog mah: „Sing asak-asak nja ngedjo, bisi toetoeng tambagana. Masing asak-asak nendjo, bisi kadoehoeng djagana."

Bapa mah tjoea pisan, ka djĕlĕma noe sok milih kieu: Keur geulis teh parawan deui katoeroeg-toeroeg beunghar pisan.

Noe geulis, parawan djeung beunghar teh, baroeang noe gĕde pisan ka oerang, anoe bakal noengtoen kana kabalangsakan, kahinaan sarta kana katjilakaan ka diri oerang.

Lain hidji-doea anoe tjilaka lantaran koe kageulisanana; tendjo awewe anoe djarahat teh, lain awewe goreng-goreng teuing roepa.

Lain poeloeh deui anoe tjarilaka lantaran koe kabeungharanana, tapi ratoesan.

Pendekna mah panjipoeh koe kapintĕran noe matak salamĕt djeung sampoerna mah."

* * *

„Koemaha ajeuna Oedjang sanggoep ngalakonan sakoemaha noe geus diwintjik tadi? Oepama sanggoep sarta Oedjang geus gilig, jen rek dilampahan kalawan soempah dina hate, ajeuna oerang koedoe njalamětkeun hadiah ka ahli'lkoeboer njongtjor sapoeloekan mah, noeroetkeun tali paranti."

Tidinja toeloej pamadjikan Pakoentjen sasadiaan pikeun hadiah, sapěrloena noe geus kabiasaan di dinja.

Barang geus tarapti, pělědoeg haseup měnjan geus njěrěboeng bae, Pakoentjen sidakěp sinoekoe toenggal, moedja sěmedi, mateni pantjadria bari ngadoa Salamět, něněda ka Noe Kawasa, moega-moega panědjana sarta naon-naon anoe dipimaksoed koe ieu boedak tiněkanan. Pendekna mah hajang: *sapotjong djadi sageugeus, hapa-hapa padoe ranggeujan.*

Barang ngadoana geus tamat toeloej daladaharan saaja-aja.

***

„Ajeuna oerang geus salamět" tjek Pakoentjen „sarta Oedjang ajeuna geus diakoe sah pisan, jen geus wirid ka dieu, koedoe ngalakonan saěnja-ěnjana, naon-naon noe geus dibeunjeur-beaskeun tadi, sing tětěp-toemětěp papada ihtiar ngalakonan sapanědja hate, soepaja makboel sapamaksoed, laksana sakahajang.

Ari wintjikanana elmoe dagang koedoe kieu: eta modal noe *f* 30.— tea koedoe dipětjah-pětjah:

1e. Koedoe boga sarat dagang, nja eta parabot paranti dagang.
2e. Milih-milih pitěmpateun dagang anoe sakira kadjodjo koe djělěma.
3e. Meuli daganganana noe kira pilakoeëun.
4e. Ngadjoealna koedoe bisa.
5e. Barang dahar djeung make koedoe ditimbang-timbang.
6e. Njengtjelenganana, nja ieu noe koedoe dipoendjoeng dipoesti-poesti beurang kalawan peuting teh teu meunang poho, djadi tanggoengan anoe gěde pisan.

Oepama geus sadia sarat-saratna, pek eta doeit noe sakitoe teh beulikeun kana bako *f* 20.—, noe *f* 5.— kana daoen, kawoeng, kajoe api djeung sabangsana deui; ari noe *f* 5.— deui keur ngadjaga bisi aja kapěrloean anoe katjida.

Sing ingět ngadjoealna, kadjeun oentoeng saeutik dapon majěng bae, ti batan oentoeng gěde ari dangdangrat mah.

Koedoe neangan langganan noe meuli djeung beulieunana.
Koedoe tĕtĕp kana djangdji, boh ka noe meuli, boh ka noe dibeulian, pendek ka saha bae oelah palsoe.

Ari djampena soepaja loba langganan, koedoe amis boedi, sareseh hade ka semah, dibarĕngan koe moerah tjongtjot moerah batjot, oelah ngitoeng roegi koe saeutik, sing daek sidĕkah ka noe tanpa daksa.

Koedoe ingĕt kana waktoe, nja eta waktoe dagang, waktoe reureuh, waktoe sare, waktoe neangan elmoe djeung sing aja waktoe daek ririoengan djeung djĕlĕma hade, koedoe tĕtĕp, poegoeh waktoena, oelah ngamonjah-monjah kana waktoe.

Ari waktoe teh doeit, geura bae ingĕt-ingĕt masing waspada, moen djĕlĕma sok ngahahamboer waktoe teh, tangtoe hiroepna balangsak.

Koedoe masing singĕr hampang birit, kana sagala niat noe hade oelah pisan rek diĕngke-ĕngke, bisi bari, ahirna sok wĕgah. Soemawonna lamoen geus dideukeutan koe sobat bosĕn, anoe noengtoen kana sagala ĕmboeng. Kitoe deui sing bisa ngitoeng modal, lain harga meulina barang bae, tapi eta modal beulian teh koedoe ditambahan koe ongkos-ongkos, ongkos nanggoeng, ongkos leumpang, ongkos dahar djeung lian ti eta, kitoe deui tambah deui koe pikaoentoengeunana.

Oepama dina sapoë rata-rata bisa meunang kaoentoengan f 1.—, eta koedoe dipotong keur dahar, keur make, keur kapĕrloean sedjen djeung keur tjengtjelengan.

Ari pĕtana, eta kaoentoengan anoe f 1.— teh, noe f 0.50 keur dahar djeung kapĕrloean sedjen, noe f 0.20 teundeun dina roeas tjengtjelengan, anoe gawena ĕngke keur meuli papakean anoe pĕrloe; ari anoe f 0.20 teundeun dina tjengtjelengan, anoe teu beunang pisan diboeka, samemehna meunang paidin ti dieu, sakoerang-koerangna sataoen sakali. Ari noe 5 sen sadiaan keur toetoeloeng ka noe katjilakaan atawa mere ka noe baramaen. Oepama teu aja, nja hade simpĕn bae djeung noe 5 sen deui, ampihan dina sakoe, bisi aja kapĕrloean anoe ngadadak datang saharita.

***

Pĕtana dahar sakoemaha noe geus diwintjik tadi tea, nja eta koedoe dikoerangan sakawasana, oelah tjara sasari, ngajakeun noe pĕrloe bae: sangoe, laoek, angeun atawa lalab, oelah loba



# PAMĔGĔT ANOE KIAT

## MATAK HEMĔNG OENGGAL DJĔLĔMA

Djĕlĕma anoe kiat, loba pakarĕpanana sarĕng bĕdas, poegoeh matak hemĕng matak heran oenggal djĕlĕma. Koe margi eta pĕrloe kĕrsa toeang Sanatogen. Nja Sanatogen, noe djadi rasiah kakiatanana riboe-riboe djĕlĕma teh.

Hidji kapala district di Koerintji, djĕnĕnganana Ĕngkoe *Brahim*, parantos njĕratan kieu:

„Abotna sarĕng kakiatanana awak koering woewoeh-woewoeh bae, ti barang sok nĕda Sanatogen. Ajeuna djisim koering ngaraos djagdjag waringkas."

Tjobi bae ngawitan toeang Sanatogen
Ieu landong aja di oenggal toko.

# SANATOGEN

*Djadjamoe kakiatan noe pangsae-saena.*

# NAHA eta gohgoj bĕt diantĕp bae?

Enggal bae ngaleueut sirop

# KRESIVAL






Katjida matihna kana pilĕg sarĕng kana saniskantĕn kasawat pĕrbawa pilĕg.

---

# CANDIOLIN

NJA ETA LANDONG NOENGANDOENGPOS, POR SARĔNG KAPOER



Samemeh dilandongan

Tjobi nganggo ieu landong, soepantĕn salira woewoeh ageung sarĕng tambih sehat, margi katoeangan dina kadoet enggal lejoerna.



Saparantos dilandongan

DJABI TI ETA IEU LANDONG NGIATKEUN KANA OERAT² SARAP



J. m. t. Mr. R. Koesoema Atmadja, lid Raad van Justitie Padang. Beliaulah Boemipoetera jang pertama memangkoe djabatan ini.



J.m.t. Mr. Mas Besar, advocaat dan procureur Boemipoetera di Tegal. Beliaulah procureur Boemipoetera jang pertama.


aspirin
Moeriang, rieut,
njĕri hoentoe, njĕri toelang, influenza
kĕdah nganggo Tablet
Aspirin
„Bayer"
Aspirin Tablet
BAYER
Ieu
boengkoesna
tangtos andjeun
sehat deui !!!
Roesjan
aspirin
aspirin
aspirin
BAYER
BAYER
BAYER
BAYER

teuing warnana itoeng-itoeng tapa. Oepama njangoe biasa 1½ kati sopoëna, ajeuna koedoe 1¼ kati bae, eta noe ¼ kati deui koedoe disimpĕn hade-hade; ĕngke dimana geus djadi 5 X ¼ kati atawa di djĕro 5 poë, kakara dısangoe, djadi doeit noe keur meuli beas dina poë eta teh bisa ditjampoerkeun kana tjengtjelengan. Geura dina njengtjelengan sapoëeun, dina 50 poë bae geus boga 10 poëeun tjengtjelenganana, mangkaning aja taoenna.

Balandja anoe sedjen oge pĕrloe dikoerangan saparapatna atawa sapĕrlimana tina biasana, sapĕrti: meuli laoek biasana sapoë sabenggol oepamana, ajeuna koedoe tjoekoepkeun koe doea sen, noe sapeser deui tjengtjelengankeun. Meuli papakean noe biasana 1 saroeng f 6.—, ajeuna koedoe wajahna meuli noe f 5.— bae, eta noe f 1.— tea sesana, teundeun kana tjengtjelengan; badjoe djas, sasari f 5.—, ajeuna koedoe noe f 4.—, totopong biasana noe f 3.—, ajeuna mah koedoe mahi koe harga f 2.50 djeung salian ti eta, eta kabeh koedoe dikoerangan, sesana ampilıkeun.

Ĕngke dimana geus djĕdjĕg sataoen, eta tjengtjelengan-tjengtjelengan tea kakara diboeka, dipake ngagĕdean modal tea djeung dipake meuli kapĕrloean noe sedjen, anoe baris aja mangpa'atna, kajaning: meuli hajam keur piaraeun, pikeun nambah-nambah paoesahaan. Meuli ĕmbe pibibiteun. Dimana geus loba hajam, loba ĕmbe, toeloej koe oerang borongkeun, bisa djadi ngagĕdean modal oerang.

Ieu pĕta kieu, poegoeh geus djadi lemek panjarekan, djadi oetjap paribasa: *ngalamoen*, tapi saĕnja-ĕnjana ari dipake tigin, dipake rikrik gĕmi mah, tangtoe kalakonan sapanĕdja, ngan djampena tjĕngĕng hate djeung sabar. Barang beuli anoe taja mangpa'atna, taja hasilna koedoe didjaoehkeun pisan, oelah boga rasa mokahaan, samemeh pek teh dilampahan, koedoe adji heula masing kasoerti.

Koedoe pisan njaah ka noe saeutik, oelah sok ngagagampang kana kapĕrloean, anoe kitoe noengtoen kana kamiskinan, kabalangsakan. Loembrah pisan hawa napsoe baroedak ngora, poegoeh kaoentoengan sapoë ngan f 0.50, koemaha ari hate mah ngan hajang rojal bae, papakean hajang noe marahal, noe marodel, barang dahar hajang sagala ngeunah, hĕnteu reudjeung kira-kira dapon ginding, poegoeh mah beunang andjoek hoetang. Barang harga f 5.— djadi f 10.—, kadjeun teuing da ngan majar saminggoe f0. 50, enteng.

Kamo djaman ajeuna tetendjoan teh roepa-roepa pisan. Toeh

geuning boedak sagĕde kitoe oge ari oedoedna mah geus sigaret bae, naha ari papakeanana mah roewang-rawing. Tjoba ti batan dipake meuli sigaret mah, anggoer dipake meuli saboen keur njeuseuh ambeh bĕrĕsih; dipake meuli kantjing soepaja badjoe oelah ngaliglag.

Malah itoe mah, toeh geuning ngaleut, baroedak rek laladjo gambar idoep ..........., baroedak teh da ngan oekoer 18 sen tjenah, itoeng-itoeng pĕlĕsir saboelan sakali. Koemaha ari papakeanana? Astagah! katjida boetinna teh. Tjoba lamoen ingĕt mah ka noe pihadeeun, pek tjengtjelengankeun, ĕngke dimana geus aja 5 kalieun laladjo, toeloej beulikeun kana pibadjoeëun atawa pitjalanaeun, teu woedoe meureun ginding. Djeung loba-loba deui, kalakoean baroedak anoe kitoe teh, anoe tara pisan digeuing koe kolotna, anggoer mah dimodalan, dibere bĕkĕl laladjo.

***

Tah ajeuna mah soegan mokaha, lamoen hĕnteu ngarti keneh bae mah gampang, ĕngke deui ari datang deui ka dieu, ajeuna heug didoengakeun sing soehoed kana oesha, pigeusaneun ngalaksanakeun hate, moega-moega dikaboel anoe dimaksoed, gantjang hasil anoe disĕdja.

Tapi aja saeutik pepeling, dina 7 minggoe mah, koedoe wajahna datang ka dieu oenggal mingoe, wajahna tjape saeutik da deukeut, soepaja boeroe-boeroe hasil ari mindĕng mah datang ka dieu, soegan bae keuna koe paribasa „tjikaratjak niggang batoe, laoen-laoen djadi lĕgok" kadjaba lamoen noe djaoeh mah, saĕlatna 40 atawa 100 poë mah nja koedoe datang. Ĕngke dimana geus sataoen, oerang tangtoe bisa ngarasakeun koemaha panĕdja oerang teh geus aja oge boektina anoe karasa?

Oepama bae di djĕro sataoen teh tatjan keneh bae padjeueung djeung kamoeljaan hate, oerang tempoan nĕpi ka 3 atawa 7 taoen mah, sabab aja saoer sĕpoeh: lamoen teu kataekan di djĕro 7 poë, koedoe 7 minggoe, lamoen teu kitoe 7 boelan djeung satĕroesna nĕpi ka 7 taoen; mokaha soegan ari oerang ngalakonan reudjeung saĕnja-ĕnjana mah hĕnteu manggih loeang.

Heug ajeuna mah geura moelang."

---

# NOE TANI.

Kabĕnĕran sadjoengna Bapa Kĕrtawigoena, djol datang Mahmoed, anak patani oerang lĕmboer Tjilimoes. Sadatang-datang boeroe-boeroe ditjalikkeun koe Pakoentjen teh sarta gasik ditanja, naon nja pimaksoedeun.

Mahmoed ngawalonan sakoemaha niatna tea, jen hajang aja beubeunanganana, ĕnggoning tisoeksroek tibanting dibelaan hese tjape hajang tjoekoel katanianana, nja hajang sapotjong djadi sageugeus, hapa-hapa padoe ranggeujan.

Tidinja Pakoentjen teh berebet njaritakeun sakoemaha noe geus ditjaritakeun tadi ka padagang, imeut taja noe kaliwat, ngan dina lĕbah sarat-saratna, ka patani mah rada oge beda, kawantoe katoekang tani hĕnteu tjara ka toekang dagang.

Ieu ditjokot parelena bae:

Pakoentjen: „Koemaha boga sawah?"

Djawab Mahmoed: „Gadoeh oge saemok, sawah lĕkĕran ti desa kitoe ge hĕnteu lĕga, ngan oekoer ¾ baoe."

Pakoentjen: „Koemaha tjoekoep beubeunangan eta sawah teh keur dahar djeung keur make, sarta kapĕrloean noe sedjen-sedjen?"

Djawabna: „Nja loemajan bae, heureut-heureut oge da ti mana deui atoeh nja neangan, oepama hĕnteu beubeunangan ti dinja mah."

Pakoentjen: „Lĕbah dieu soelitna teh, oepama hĕnteu kalawan gĕde-gĕde nja kasabaran mah, sabab ngandĕlkeun beubeunangan njawah sataoen sakali. Djadi eta beubeunangan njawah anoe sakitoe teh, ajeuna mah koedoe maksakeun maneh koedoe dikoerangan saparapatna mah." Ari ngoeranganananana nja tjara tadi noe geus ditĕrangkeun tea, koedoe bisa maksa ngĕrĕd dahar, ngoerangan pake sakadarna, soemawonna sagala kapĕrloean noe loear biasa mah, djaga sing taliti pisan, papada rek ngaloearkeun ridjki teh. Lamoen di djĕro opat kali njawah tea, oerang bisa nahan sakoemaha atoeran noe geus didadarkeun tadi, moestahil ka hareupna hĕnteu bisa njorang dikasĕnangan, sarta bisa oge tina simpĕnan noe opat kali njawah teh 4 × ¼ beubeunangan, bisa oge ngalĕgaan meuli atawa njewa deui sawah keur tambahna.

„Kadjaba ti eta moenggoeh patani mah hĕnteu sapopoĕna aja di sawah, tah waktoe oerang hĕnteu ngagarap sawah, djadi waktoe noe panghade-hadena pikeun njĕlang-njĕlang njiar kahiroepan sedjen, kajaning: nganjam roepa-roepa anjaman anoe lakoe kana

doeit. Sagawe-gawe anoe aja mangpa'atna, sarta noe aja hasilna, pipiaraan koedoe djadi banda patoekangan, sapĕrti miara hajam anoe djadi babakoe oerang lĕmboer, diarah ĕndogna keur djoealeun, diarah anakna keur biang, soemawonna moen bisa meuli ĕmbe mah, da gampang keur parabna. Dina moesim njawah miara bebek soepaja gantjang ĕndoganana.

Karadjinan moenggoeh di toekang tani mah pakarang noe oetama pisan, sagala gawe koedoe ditjabak sakoer noe pihasileun mah, pĕpĕlakan koedoe dirawat dihade-hade, sing leukeun toentjabtantjĕb pĕpĕlakan naon bae anoe sakira aja mangpa'atna. Moenggoehing palĕbah toekang tani lamoen boga panjakit ngĕdoel teh geus lapoer teu beunang diharĕp, komo deui lamoen ngan ngandĕlkeun beubeunangan ti sawah woengkoel mah, meureun ngongkrong.

Kana babantoe ka ditoe ka dieu ka tatangga koedoe daekan, soepaja dimana oerang aja bantjang-pakewoeh, aja noe noeloengan deui, djadi hĕnteu koedoe loba ngaloearkeun ongkos lian ti koe tanaga.

Kadjaba ti kitoe aloes pisan lamoen diwoewoehan koe balantik saoetak-saeutik, kajaning kapĕrloean sapopoë di lĕmboer, seupaheun, oedoedeun, deungeun sangoe djeung sabangsana anoe pĕrloe. Eta hĕnteu koedoe boga modal loba-loba, asal satjoekoepeun balandja. Hasilna sapeser-sadoeit loemajan keur njoembang-njoembang balandja sapopoëna, hĕnteu koedoe ngahadja ngadjoeal beubeunangan sawah pikeun balandja.

Oepama oesoem hasil kĕkĕbonan koedoe loeloemajanan daek ngaborongan di lĕmboer, djoealeun di dajeuh ngarah sasen-sadoeit, sĕlang-sĕlang tina ngagarap sawah. Dina moesim toeroen boeboeahan oge, nja koedoe daek boerang-borong djoealeun di dajeuh.

Koemaha kira-kirana bisa ngalakonan sapitoetoer bapa bieu? Oepama Oedjang bisa ngadjalankeun mah asa mokaha bae, laoen-laoen oge tanwande bisa hasil sakoemha anoe dimaksoed tea.

Kalolobaanana patani-patani anoe loembrah di lĕmboer, meh salangka pisan anoe daek titimplik itikoerih ihtiar make djalan sedjen, biasana ngan sok ngandĕlkeun beubeunangan ti sawahna bae; atoeh dina waktoe pare di sawah kakara beuneur hedjo teh, geus teu aja dahareun. Malah sawareh mah hasil beubeunangan ti sawah teh, ngan oekoer tjoekoep atawa malah koerang keur majar hoetang oge.

Djadi oepama oerang bisa mah ngalampahan sakoemaha pitoetoer bapa, dihĕnteuna oge bisa leuwih oeroet dahar oeroet make, nja hĕnteu ari asoep kana golongan ripoeh-ripoeh teuing mah. Tah sakitoe oge soegan pirakoe hĕnteu kaharti koe Oedjang, gampang ĕngke sedjen waktoe deui oerang dadarkeun deui."

Sanggeus beres, atoeran-atoeranana tjara ka padagang tea bae, toeloej moelang, ngan aja djangdjina oelah pisan wani-wani ngidjonkeun atawa ngindjeum doeit majarna ĕngke ari geus diboeat koe pare, sarta dina waktoe arek toeroen njawah djeung rek mangsana diboeat, koedoe mĕrloekeun datang deui ka dinja rek diwĕwĕlingan tjara noe bieu di loehoer.

---

## NOE KOELI.

Geus djadi oetjap paribasa: dimana noe koeli tjoekoep, sabab geus didahar ti heula, abis boelan abis oeang nadjan sakoemaha gĕdena oge, saeutik teu mahi loba teu njesa.

Eta bĕnĕr pisan kitoe, sabab sawareh ngarah pangkat, sawareh ngarah sènang tjenah; nja aja oge koe sabab rek dagang teu aja modalna, rek tani teu boga sawah.

Tapi naha kabeh kitoe?

Hĕnteu, aja oge anoe tjoekoep beubeunangan koelina teh, lamoen bisa ngeureut-mitjeunna komo pikeun ka djĕlĕma noe bisa ngabagi koe 30 mah. Oepamana: Ki Aska gadjihna ngan f 30 saboelan, tapi barang daharna, barang pakena, imah-imahna djeung karojalanana, njaroeaan noe gadjih f 100.— Atoeh gantjang pisan dilĕpasna koe doenoenganana teh, lantaran katoengtik pangbisana kitoe teh, lain moetlak tina hasil noe isĕli, beunang matjikeuh ti ditoe ti dieu; tah ari noe kitoe mah lain bisa ngabagi ngabagi ngaranna ........... Djeung rea-rea deui pieunteungeun anoe geus djadi loeang loembrahna noe geus kadjalanan, nĕpi ka njilakakeun ka dirina sarta ka noe lian oge.

Na noe koemaha ari noe bisa ngabagi?

Hal ieu hese pisan nĕrangkeunana, lantaran loba katĕrangan-katĕrangan anoe mawa-mawa matak teu tjiplĕs kana ngabagina. Tapi sakitoe deui nja oerang keureujeuh bae saeutik-eutikeun, malak mandar aja oge hasilna, anoe katimbang gampang ngahartikeunana moenasabah di oerang. Oepama oerang boga gadjih ata-

Rĕmĕn aja patanjaan koemaha pirasaeunana baroedak doemeh maranehna dipaksa koedoe tjaritjing di dinja. Sabagian gĕde ti antara baroedak tea, di djĕro tempo anoe teu sakoemaha lilana oge geus pada ngarasa bĕtah djeung gĕnah, katjiri dina omongan-omongan anoe ditoelis dina soerat kirimkeuneun ka kolot-kolotna atawa ka babarajaanana, tapi sawareh deui, sabagian leutik, loba noe teu bĕtaheun, doemeh sagala roepa koedoe noeroet kana atoeran tea. Koe sabab eta, sok rĕmĕn kadjadian loba baroedak anoe rek minggat ti dinja. Hal ieu hĕnteu matak heran, lantaran kabiasaanana moenggoehing manoesa sok mi kahajang noe dipikarĕsĕp leuwih ti misti nĕpi ka lila-lila mah sok djadi kabiasaanana.

Di Hindia atikan paksaan teh lilana geus 10 taoen leuwih. Tĕmpat ngatik noe mimiti nja eta noe di Samarang, ngâwitan diboekana dina taoen 1918. Waktoe harita Direktoer Djoestisi anoe ti heula, geus nĕrangkeun dina pidatona sakoemaha kapĕntinganana tĕmpat ngatik baroedak noe djarahat kagoengan Nagara kana hal pamariksaan tina hal kadjahatan anoe dipilampah koe baroedak dina taoen 1906. Noeroetkeun tjatĕtan pa-

NESTLÉ'S CREAM CARAMELS




Didamĕlna koe Soesoe Tjap
Nona, teu kintĕn raosna.

NESTLÉ MILK Co.

BATAWI — SOERABAJA — SAMARANG



Marhoem t. Mohd. Saléh gelar Datoek Rangkaja Besar, saudagar di Pariaman. Karena keras hati, radjin, oesaha dan hémat, beliau djadi orang kaja raja.



Persidangan lid Madjelis Gedelegeerde pada Déwan Ra'jat.




Saha2 noe ngintoenkeun 10 boengkoesna soklat „Mira," kenging peresen 1 Oranje Reep ti langgananana.

**NESTLÉ MILK Co.**

**BATAWI — SOERABAJA — SAMARANG.**

# SOESOE TJAP NONA

Ti kapoengkoer doegi ka
ajeuna tĕtĕp
NOE PANGSAENA




Ti kapoengkoer doegi ka
ajeuna tĕtĕp
NOE PANGSAENA

**NESTLÉ MILK Co., BATAWI, SOERABAJA, SAMARANG**

mariksaan tina hal eta, dina taoen eta bae aja 700 baroedak anoe geus dipariksa koe pangadilan; tapi koe lantaran tĕmpat ngatik kagoengan Nagara djaman harita teu atjan aja, ti noe sakitoe lobana teh ngan 20 boedak anoe bisa asoep ka tĕmpat ngatik noe partikoelir teh, lolobana mah nja kapaksa dikĕntjar deui bae.

Kaajaanana djaman harita mah katjida bedana djeung djaman ajeuna teh; dina tĕmpat ngatik kagoengan Nagara anoe lima tea, aja tĕmpat pikeun 1100 tĕmpateun, sarta ka hareup eta djoemlah teh tangtoe ditambah deui.

Hal ngatik baroedak anoe djarahat, noe ĕngkena lamoen diantĕp matak taja goenanana atawa djadi hama kana hiroep koemboeh, atawa anoe lakoe-lampahna bakal roeksak, eta hidji pagawean noe gĕde pisan mangpaatna djeung katjida soetjina deui. Tapi anoe panoedjoe atawa ngahargaan kana eta pagawean teh ngan djalma anoe boga karĕp kana kamoeljaan bae, sabab ari pikeun djalma hawĕk atawa anoe ngan sok ngingĕtkeun kana kasalamĕtan sorangan bae mah, tangtoe leuwih panoedjoe kana omongan-omongan Seneca noe ditoelis dina boekoe karanganana *De Ira* anoe kieu oenina: „Baroedak anoe tampa daksa koe kaoela mah dipaehan, anoe hengker atawa anoe mintjoelak ti mimiti didjoeroekeunana dipalidkeun. Pĕta kieu teh lain kalakoean djahat, tapi sabalikna, malah beunang disĕboet hade, sabab misahkeun noe taja goenana ti noe sarehat."

Moenggoehing pikeun djalma anoe teu hawĕk sarta ngandoeng karĕp anoe moelja pikeun kahadean ka sasama manoesa, noe djadi karĕpna teh leuwih ti misahkeun noe taja goenana ti noe sehat tea, nja eta hajang ngahadean adat noe djahat, njageurkeun noe gĕring (tampa daksa), anoe hengker sina koeat sarta noedoehkeun djalan noe bĕnĕr ka djalma anoe kasasar. Hal ngatik, miara djeung ngadjait baroedak tina kadjahatan teh, eta hidji pagawean anoe katjida moeljana pikeun kahadean hiroep koemboeh. Atikan anoe sapĕrti kieu, taja lian ti hidji tanda atawa woedjoedna boedi kamanoesaan.

Saha-saha anoe kaantjikan koe pikiran atawa rasa kamanoesaan, teu beunang hĕnteu tangtoe panoedjoe kana hal noe saroepa kieu, lantaran euweuh deui anoe leuwih moelja batan noe njieun kahadean ka pada kawoela.

## 18. PANGATOERAN NAGARA.

### *a.* HAL PANGSIOEN.

Noeroetkeun atoeran anjar

*(Stbl. 1926 No. 550).*

Basa pamarentah ngajakeun Commissie Gadjih Pagawe Nagara, eta Commissie koe nagara dipapantjenan koedoe ngahatoeranan timbangan hal atoeran gadjih pagawe Nagara djeung atoeran pangsioenna, dipoendoet koe Pamarentah, soepaja gadjih djeung pangsioen tea satimbang. Atoeran gadjih geus anggeus sarta geus ditĕtĕpkeun dina Staatsblad 1925 No. 43, malah geus didjalankeun ti mimiti tanggal 1 Februari 1925. Eta atoeran ilaharna disĕboet B. B. L. 1925. Dina B. B. L. pagawe Nagara teh dibagi djadi 3 golongan, atoeran gadjihna oge aja 3 golongan, nja eta: A, B, djeung C.

Ari anoe didjieun golongan A, nja eta pangkat djeung pagawean noe ditjĕkĕl koe bangsa Priboemi bae.

B. pangkat djeung pagawean anoe pidjĕlĕmaeunana di Hindia oge gampang neanganana, teu pilih bangsa, ngan nilik kana sakolana djeung atikan keur eta pangkat.

C. sagala pangkat djeung pagawean anoe di Hindia taja pidjĕlĕmaeunana atawa di ajana oge ngan oekoer bae aja, hĕnteu njoemponan kana kapĕrloean; djadi masih keneh koedoe dikiriman ti nagara Walanda. Hal ieu oge patali djeung hal sakolana, doemeh di Hindia tatjan aja atawa tatjan loba, datang ka teu bisa njoemponan kana kapĕrloean. Ieu oge dina golongan katiloe teu pilih bangsa.

Wawatonna atoeran pangsioen oge, nja tjara wawaton atoeran gadjih tea bae, dibagi djadi 3 golongan, nja eta A, B djeung C.

Kadjaba ti wawaton anoe tiloe noe kasĕboet di loehoer, wawaton mere pangsioen teh aja 4 roepa deui, nja eta:

I lĕpas kalawan hormat tina pagawean Nagara ('s Landsdienst);
II lilana dinĕs (djadi pagawe);
III oemoer pagawe; djeung
IV gĕdena gadjihna.

Noeroetkeun ieu atoeran, pangsioen teh aja 5 roepa, nja eta: pangsioen biasa, pangsioen leutik, pangsioen

gĕde, pangsioen poendjoel djeung pangsioen satimbang.

Sakabeh pagawe Nagara anoe eureun tina pagaweanana kalawan hormat, baroga hak meunang pangsioen, nja eta:

a. Pangsioen biasa, lamoen dina waktoe manehna eureun tina pagaweanana, dinĕsna geus djĕdjĕg 30 tahoen sarta oemoerna geus 50 tahoen, eta keur golongan A.

Ari golongan B koedoe geus dinĕs 25 tahoen, oemoerna geus 47 tahoen.

Atoeran di golongan C koedoe geus boga dinĕs 20 tahoen, oemoerna geus 45 tahoen.

Dĕmi dinĕs, mimiti diitoeng, ti barang eta pagawe geus oemoer 18 tahoen.

b. Pangsioen leutik, lamoen:

1e. dinĕsna koerang 5 tahoen batan anoe kasĕboet di *a*; oenggal golongan saroea bae; tapi oemoerna keur oenggal golongan koedoe geus nĕpi kana wawatĕsanana;

2e. lamoen koerangna dinĕs tea leuwih ti 5 tahoen, panggĕdena 10 tahoen, tapi eta pagawe oemoerna geus leuwih tina wawatĕsan anoe kasĕboet di *a* sarta leuwihna, pangsaeutikna oge koedoe saroea djeung koerangna dinĕs saĕnggeusna dikoerangan 5 tahoen (hartina saroea djeung koerangna tina 25 tahoen). Misilna hidji Mantri Poelisi oemoerna geus 53 tahoen, geus boga hak pikeun meunang pangsioen-leutik, lamoen geus boga dinĕs 22 tahoen, nja eta koerang 3 + 5 tahoen deui kana 30 tahoen, da oemoerna geus leuwih 3 tahoen ti 50 tahoen.

c. Pangsioen gĕde, lamoen oemoerna eta pagawe geus ninggang kana mistina anoe kasĕboet di *a*, ari dinĕsna geus leuwih tina misti.

d. Pangsioen poendjoel, lamoen eta pagawe tatoe, atawa roeksak awakna lantaran ngadjalankeun kawadjibanana atawa dina waktoe ngadjalankeun kawadjibanana aja noe mĕrgasa, aja karaman atawa lantaran ngadjalankeun pagawean noe gĕde balaina, sarta tatoena atawa karoeksakanana awakna tea matak djadi woewoedon nĕpi ka teu bisa digawe deui. Hal ieu diatoerna koe pangatoeran anoe baris dipidamĕl koe Kangdjĕng Toean Bĕsar Goepĕrnoer Djendral, atawa pikeun pagawe Hindia anoe aja di loeareun Hindia mah, koe Kangdjĕng Toean Bĕsar Mantri Djadjahan.

e. Pangsioen satimbang, lamoen dieureunkeun kalawan hormat tina pagawean Nagara:

*a.* dinĕsna geus meunang 10 tahoen, sarta dianggap teu bisa nĕroeskeun deui pagaweanana (afgekeurd).

*b.* dinĕsna geus meunang 5 tahoen, sarta dianggap koerang tjakĕp (ongeschikt) pikeun ngadjalankeun pagawean, lantaran geus tetela owah akal atawa woewoedon. Hal ieu diatoer koe Kangdjĕng Toean Bĕsar Goepĕrnoer Djendral, atawa lamoen eta pagawe teu aja di Hindia, diatoer koe Kandjĕng Toean Bĕsar Mantri Djadjahan.

*c.* eta pagawe dilĕpas kalawan hormat, lantaran diangkat kana Minister di Nagri Walanda.

Naon ari anoe disĕboet pagawe Nagara teh?

Ari anoe disĕboet pagawe Nagara teh, nja eta sagala pagawe anoe lain Militair, anoe diangkat kana pagawean Nagara koe salah-sahidji gĕgĕden anoe njĕpĕng kawasa hal eta, sarta meunang gadjih tahoenan atawa boelanan tina doeit anoe kasĕboet dina begrooting Nagara, djeung angkatanana lain „pikeun saheulaan."

Dĕmi hal angkatan „pikeun saheulaan", boh sangadja disĕboet dina bisloeit angkatanana ngan „pikeun saheulaan", boh lantaran pagawean anoe dipasrahkeun ka manehna ngan pikeun saheulaan. Misilna: Nagara arek ngadĕgkeun sakola loehoer. Eta pagawean teh tangtoe moal beunang didadak, kawantoe loba noe koedoe diajakeun, djadi koedoe sasadiaan heula. Pikeun ngadjalankeun eta paniatan, disĕboetkeun heula dina begrooting, jen Pamarentah pĕrloe nganggo doeit sakitoe pikeun eta kapĕrloean. Toeloej dibarĕmpoegkeun di Volksraad, jen hal eta oeroesan teh baris dipasrahkeun ka djalma noe ahli kana pĕrkara eta, misilna dipasrahkeun ka hidji goeroe agĕng di Nagara Walanda noe geus kasĕboet ahli kana ngadĕgkeun djeung ngoeroeskeun sakola loehoer. Oepama geus asak dibadamikeunana sarta Pamarentah geus sapoek djeung Raad van Indië djeung Volksraad, nja Pamarentah ngangkat hidji ahli sarta dipasrahan eta pagawean. Tetela pisan kapan eta pagawean teh, lain pagawean pikeun saoemoer-oemoer, sabab dimana eta pagawean anoe dipasrahkeun tea geus beres, eta pagawean teh beak. Djadi eta ahli teh dilĕpas tina papantjenna. Lantaran eta pagawean teh ngan keur saheulaan, tangtoe pisan angkatanana oge ngan „pikeun saheulaan" deui. Tah eta goeroe agĕng teh, hĕnteu kaasoep kana golongan pagawe Nagara.

Padri² agama Roem anoe mareunang gadjih ti Kas Nagara, eta kaasoep kana golongan pagawe Nagara.

Naon anoe disĕboet: waktoe dinĕs?

Anoe disĕboet „waktoe dinĕs", nja eta lilana eta pagawe Nagara djadi pagawe, diitoeng ti sanggeus eta pagawe oemoer 18 taoen.

Hal ieu pĕrloe diingĕtkeun, oelah kaliroe djeung lilana dinĕs anoe dipake ngitoeng oenggahna gadjih. Pikeun ngitoeng naek gadjih, koedoe ngitoeng lilana dinĕs anoe saĕnjana, atawa noeroetkeun atoeran B. B. L. ngingĕtkeun kana diploma atawa pagawean noe geus didjalankeun ti heula.

Ari ngitoeng dinĕs keur kana pangsioen mah, itoengan dinĕs anoe sabĕnĕrna teh, ti barang eta pagawe geus oemoer 18 taoen bae. Djadi lamoen aja pagawe mimiti digawe oemoer 16 tahoen, koedoe dipitjeun 2 tahoen, lantaran anoe samemeh djĕdjĕg 18 tahoen mah teu diitoeng tea.

Anoe diitoeng kana dinĕs:
waktoe eta pagawe meunang gadjih, wachtgeld atawa gadjih non-actief.

Ari wachtgeld teh beunang disĕboetkeun gadjih pagawe anoe dilĕpas tina pagaweanana lain lantaran kasalahanana, atawa dilĕpas doemeh koerang tjakĕp (ongeschikt) lain lantaran salahna sorangan, misilna lantaran: gĕring, koerang kapintĕranana djeung sapapadana.

Non-actief hartina hĕnteu dina dinĕs, di loeareun dinĕs, misilna: pagawe anoe kakara datang tina verlof, tatjan diangkat deui, lantaran euweuh lowongan atawa lian-lianna.

Eta waktoe wachtgeld atawa non-actief diitoengna kana dinĕs pikeun ngitoeng pangsioen hĕnteu saroea bae kabeh, goemantoeng kana roepa-roepa hal. Sapĕrti lamoen salilana wachtgeld atawa nonactief tjitjing di tanah panas, tjaraning di Hindia, eta diitoeng kabeh; tapi lamoen tjitjing di tanah tiis, misilna di Eropa, ngan diitoeng saparona.

Wachtgeld anoe **lain** lantaran dileungitkeun pagaweanana atawa **lain** lantaran bezuiniging (kagĕmian Nagara), anoe diitoeng teh panglilana ngan satahoen.

Waktoe anoe dipake verlof ka Nagri Walanda atawa verlof lila di Hindia gaganti verlof ka Nagri Walanda, eta ngan diitoeng saparona sarta panglilana 1½ tahoen.

Wawaton noe katiloe, nja eta gĕdena gadjih pagawe.

Wawaton ngitoeng gĕdena pangsioen dibagi djadi doea roepa, noeroetkeun gĕdena gadjih pagawe, nja eta:

I. wawaton pangsioen pagawe anoe gadjihna koerang ti *f* 1000 saboelan, koedoe ngitoeng tina $\frac{1}{24}$ na djoemblah gadjih anoe panggĕde-gĕdena anoe katampa koe eta pagawe di djĕro 24 boelan;

II. anoe gadjihna *f* 1000 ka loehoer, koedoe ngitoeng tina $\frac{1}{36}$-na djoemblah gadjih anoe panggĕde-gĕdena anoe katampa koe eta pagawe di djĕro 36 boelan. Djadi misilna hidji pagawe anoe geus meunang gadjih *f* 400 saboelan, geus kitoe lantaran aja kasalahaanana atawa koemaha bae sababna mah, ditoeroenkeun gadjihna djadi *f* 200 saboelan. Eta gadjih noe *f* 400 oge miloe djadi wawaton pikeun ngitoeng gĕdena pangsioenna.

Pondokna mah wawaton ngitoeng gĕdena pangsioen teh, kieu: pangsioen pagawe² anoe gadjihna koerang ti *f* 1000, ngitoeng tina gadjih anoe panoetoep di djĕro 2 tahoen; dĕmi anoe gadjihna leuwih ti *f* 1000 di djĕro 3 tahoen.

Sok aja anoe njarita kieu: „Koering geus bisa meunang pangsioen tina *f* 200." Tĕgĕsna eta gadjih *f* 200 teh panggĕdena sarta lilana nampa gadjih sakitoe geus 2 tahoen. Tah, eta gadjih *f* 200 teh, wawaton pikeun ngitoeng pangsioen.

Sagala pangasilan anoe lain gadjih, tjaraning: toelage, sewa imah djeung indemniteit lian-lianna, kitoe deui pangasilan sedjen anoe asal tina ngadjalankeun eta pagawean, kabeh oge teu asoep kana itoengan pangsioen.

Ari anoe disaroeakeun djeung gadjih, nja eta: personeele toelage, nja eta toelage anoe dibikeun ka eta pagawe lain lantaran pagawean, tapi lantaran aja sabab sedjen, misilna aja kantor dirobah atoeranana nĕpi ka aja pangkat anoe gadjihna ditoeroenkeun. Koe sabab eta, meureun koe atoeran mah, pagawe noe njĕkĕl eta pangkat koedoe miloe ditoeroenkeun gadjihna; tapi soepaja eta pagawe oelah roegi manehna pribadi dibere toelage.

Tah, toelage noe kitoe, diitoeng kana pangsioen. Tapi ari standplaatstoelage mah teu diitoeng kana pangsioen; overgangsbezoldiging eta miloe diitoeng kana pangsioen.

Gĕdena pangsioen.

P a n g s i o e n  b i a s a: gĕdena 36% tina wawaton pangsioen. Djadi pagawe golongan A anoe geus oemoer 50 tahoen, dinĕsna geus 30 tahoen, dilĕpas tina pagawean Nagara kalawan hormat,

gadjihna $f$ 200.— saboelan, geus 2 tahoen lilana meunangna gadjih sakitoe; pangsioenna:
36% tina $f$ 200 = $f$ 72 saboelan.

Oepama meunangna gadjih $f$ 200 tatjan 2 tahoen, misilna kakara 14 boelan; oerang koedoe njokot gadjihna samemeh $f$ 200 tea, oepamana $f$ 150, di djĕro 10 boelan (14 boelan + 10 boelan = 24 boelan = 2 tahoen).

Ngitoengna pangsioen, kieu: 14 × $f$ 200 + 10 × $f$ 150 = $f$ 4300 dibagi koe 24 = $f$ 179.16. Tah ieu noe didjieun wawaton pikeun ngitoeng pangsioen. Djadi pangsioenna 36% tina $f$ 179.16 = $f$ 64.49 diboeleudkeun djadi $f$ 65.—

P a n g s i o e n  l e u t i k: 36% ditjangkolong 2% oenggal² tahoen koerangna tina mistina. Djadi lamoen pagawe golongan A dinĕsna 28 tahoen, tĕgĕsna koerang 2 tahoen deui kana 30 tahoen, pangsioenna: 36% — 2 × 2% = tina wawaton pangsioen.

P a n g s i o e n  g ĕ d e: 36% tina wawaton pangsioen ditambah 2% oenggal² tahoen dinĕs leuwihna tina kamistian, tapi pangĕdena tambahan 10%. Djadi pagawe golongan A anoe dinĕsna 36 tahoen, tĕgĕsna leuwih 6 tahoen, pangsioenna: 36% + 5 × 2% = 46%.

P a n g s i o e n  p o e n d j o e l: salawasna 46% tina wawaton pangsioen.

P a n g s i o e n  s a t i m b a n g: nja eta sakitoe % dibandingkeun djeung 36%, tjara babandingan lilana dinĕsna djeung mistina dinĕs. Misilna (golongan A) hidji wadana dinĕsna 15 tahoen, djadi noeroetkeun B. B. L. 1925, A 25, kolom III, gadjihna $f$ 400 saboelan. Eta wadana kataradjang loempoeh nĕpi ka diapkir (afgekeurd) sarta dilĕpas kalawan hormat tina pagawean Nagara. Eta Wadana meunang pangsioen satimbang.

Ngitoengna pangsioen kieu:
pangsioen noe koedoe ditarima misilna x, dibandingkeun djeung 36 saroea djeung 15 dibandingkeun djeung 30, atawa x: 36 = 15 : 30 = 1 : 2. Djadi gĕdena x saroea djeung satĕngahna tina 36, nja eta 18. Gĕdena pangsioen 18% tina wawaton pangsioen.

H a l  n j o e h o e n k e u n  p a n g s i o e n.

Sakabeh pagawe anoe hajang meunang pangsioen, koedoe njanggakeun soerat panoehoen ka Directeur van Financien, djalanna ka Directeur Departement anoe ngabawah pagawean eta **pagawe.**

Eta panoehoen koedoe dilampiran koe:

*a.* dienststaat, modelna geus ditĕtĕpkeun koe kangdjĕng Toean Bĕsar Goepĕrnoer Djendral. Eta dienststaat koedoe geus dipariksa sarta ditanda koe Rekenkamer; sarta dina eta staat koedoe ditĕrangkeun sagala roepa anoe pĕrloe pikeun ngitoeng gĕdena pangsioen;

*b.* soerat katĕrangan anoe netelakeun, jen di eta pagawe anoe njoehoenkeun pangsioen, teu aja deui soerat² dinĕs atawa salinanana boh pĕtikanana atawa legger (conceptna).

Ieu katĕrangan meunang oge disĕboetkeun dina soerat panoehoen tea.

*c.* Katĕrangan ti anoe aja kakawasaan kana eta pĕrkara, eusina nĕrangkeun gĕdena gadjih pagawe noe njoehoenkeun pangsioen di djĕro 8 boelan dina noetoepkeun dinĕsna. Lamoen eta pagawe teh aja di djĕro verlof lantaran geus lila dina dinĕs, katĕrangan anoe bieu tea teu pĕrloe.

Oepama aja pĕrloena, meunang oge gĕgĕden moendoet katĕrangan hal didjoeroekeun atawa katĕrangan maot.

Eta atoeran anoe ditataan di loehoer, atoeran njoehoenkeun pangsioen anoe koedoe didjalankeun koe roepa-roepa golongan. Ari golongan A mah tjoekoep koe ngalampirkeun dienststaat bae atawa pĕtikan tina stamboekna, lamoen aja, djeung kabeh bisloeit angkatan atawa soerat-soerat lianna boh salinanana anoe djadi katĕrangan sah ka noe kasĕboet dina dienststaat tea.

Mimiti meunang pangsioen, nja eta dina boelan anoe nema boelan waktoe eta djalma eureun tina pagawean Nagara; ari pangsioen anoe panoetoep, dibajarna, dina boelan anoe nema boelan waktoe eta djalma maot. Djadi oepama eta djalma maot dina boelan April, dina boelan Mei anoe nema boelan April tea, ahli-warisna masih nampa keneh pangsioen boelan Mei.

Leungitna pangsioen, kadjaba lantaran maot, aja deui lantaran tiloe pĕrkara:

1e. lamoen eta djalma diangkat deui, kana pagawe Nagara. Dimana ĕngkena eureun sarta meunang pangsioen noeroetkeun itoengan anjar;

2e. lamoen eta djalma meunang hoekoeman ditoetoep tiloe boelan atawa leuwih beurat ti sakitoe, nja eta salilana eta djalma aja di djĕro hoekoeman atawa keur kaboer;

3e. lamoen aja djalma asoep djadi militer karadjaan sedjen teu kalawan paidin Sri Maharadja Nederland.

Salian ti lantaran anoe kasĕboet di loehoer, eta pangsioen teu meunang leungit; tĕgĕsna teu beunang didjoeal, teu beunang dirampas atawa digadekeun boh didjieun soebaja djeung sapapadana.

Misilna eta djalma masrahkeun ka noe lian pikeun nampa pangsioen, eta pamasrahkeun meunang ditarik deui sakarĕp manehna. Pendekna sagala djangdji atawa soebaja anoe pasalia djeung eta papagon, kabeh oge hĕnteu sah.

Loba keneh pisan atoeran pangsioen lian ti noe geus ditjaritakeun di loehoer, tapi katimbang hĕnteh sabaraha pĕrloena diasoepkeun kabeh kana Volksalmanak, lantaran arang langka kasorangna koe pagawe Priboemi. Oepama nĕpi ka karandapan, para prijaji iasa njoehoenkeun katĕrangan ka kantor gĕde atawa ka kantor Resident.

Anoe katimbang pĕrloe ditjaritakeun di dieu mah, kabeh oge geus didadarkeun. Ngan aja sapĕrkara deui anoe rek ditjaritakeun teh, minangka panoetoepna ieu pĕrkara, nja eta atoeran pangsioen pagawe Nagara anoe pindah golongan, misilna tina golongan A pindah ka golongan B boh golongan C.

Ari noe matak hal ieu ditjaritakeun di dieu, doemeh katimbang rada mindĕng kadjadian, misilna goeroe Priboemi pindah pagawean djadi klerk atawa commies di kantor, atawa mantri poelisi misilna djadi adjunct translateur di Bale Poestaka (ti A ka B) atawa Indisch arts djadi Gouvernements arts, doemeh geus meunang examen sakola loehoer (ti A ka C); boh aja commies anoe djadi referendaris (ti B ka C).

Ngitoengna kieu:

1e. oemoerna waktoe eureun koedoe ninggang kana oemoer anoe ditangtoekeun pikeun golongan gadjih waktoe eureun;

2e. lilana dinĕs, nja eta lilana dinĕs golongan gadjih waktoe eureun, ditambahan koe sabagian dinĕs dina golongan noe ti heula;

kieu:

Lamoen ti A pindah ka B ditambahan $^5/_6$ na tina djoemblah tahoen dinĕs dina golongan A.

Lamoen ti A ka C, ditambahan $^2/_3$ na tina djoemblah tahoen dinĕs dina golongan A.

Lamoen ti B ka C, ditambahan $^4/_5$ na djoemblah tahoen dinĕs dina golongan B.

Eta kabeh mamanisna. Ajeuna papaitna, nja eta sakabeh pagawe Nagara koedoe majar oeroenan oenggal boelan ka pensioenfonds. Djadi saĕnjana pensioenfonds teh noe sakabeh pagawe Nagara, sabab didjadikeun koe doeit oeroenan ti sakabeh pagawe Nagara. Poegoeh ari aja pitoeloeng tea mah ti Nagara oge. Tapi sakabeh pagawe kapan oeroenan. Ari gĕdena oeroenanana teu sabaraha, ngan 2% tina gadjih. Ajeuna diasoepkeun kana itoengan gadjih: emolumenten djeung daggeld djeung sapapadana anoe oenggal boelan.

Oepama di djĕro verlof atawa di djĕro wachtgeld, anoe waktoena ngan diitoeng saparona kana dinĕs, oeroenanana oge diparo, djadi ngan 1% saboelan.

## *b.* PADJĔG DJEUNG GAWE DINĔS.

Padjĕg .................

Kana padjĕg geus moal aja noe bireuk, kawantoe meh sakabeh djĕlĕma pada keuna koe padjĕg. Ngan tangtoe bae ari beda-beda kanjahona mah tina bab padjĕg teh; aja anoe njaho bĕnĕr, njaho katoet kana kapĕrloeanana, aja noe ngan oekoer njaho di majar bae sarta boga pangira: ari padjĕg teh taja lian ngan narik doeit keur kapĕrloean pamarentah woengkoel, ari rajat mah ngan kabagian beuratna bae. Teu pisan dipikir jen padjĕg teh ĕnja-ĕnjana mangpaatna keur rajat.

Poegoeh ari matak beurat tea mah padjĕg teh ka rajat, tapi oenggal nagara oge kapaksa pada ngajakeun padjĕg anoe koedoe dibalajar koe rajat, tapi lain keur kapĕrloean pamarentah anoe njarĕpĕng kakawasaan, tjara pangira sawatara djĕlĕma. pĕrloena diajakeun padjĕg teh keur nagara djeung babagianana.

Meureun aja anoe nanja kieu: „Naon sababna noe matak rajat make koedoe majar padjĕg keur nagara?"

Djawabna kieu: „Lantaran nagara loba katjida kapĕrloean pikeun ngoerees kasalamĕtan rajatna."

Lamoen koe oerang dioepamakeun sarta dibanding-banding, nagara teh kaajaanana lir oepama hidji imah, ngan bedana djeung imah teh, ieu mah gĕde, gĕde ........... gĕde katjida, ñja eta koekoe ngoeroes saeusi nagara, ari noe imah-imah mah ngan ngoeroes sapiri-oempi. Dina hal imah-imah anoe pĕrloe pi-

san aja teh toegoe-oempi, nja eta indoeng-bapa, tah eta teu meunang euweuh, sabab nja eta anoe poerah neangan sandang-pangan djeung noe ngatoer imah-imah. Lamoen teu aja indoeng-bapa atawa toegoe-oempi, imah-imahna moal beres. Ari di nagara anoe minangka djadi indoeng-bapa teh nja pamarentah tea; eta pamarentah nangtoengna koe: pagawe-pagawe nagara. Desa koedoe boga loerah, katjamatan koedoe aja tjamatna, district koedoe aja wadana djeung satĕroesna.

Ari pamarentah anoe pangloehoer-loehoerna di oerang, disĕboetna: *Goepĕrĕmen.*

Indoeng djeung bapa koedoe bisa ngala doeit keur imah-imah nja kitoe deui Goepĕrĕmen koedoe bisa ngala doeit keur ngoeroes nagara. Eta sababna noe matak Goepĕrĕmen kagoengan kareta api, ngadamĕl pagadean, ngadjoealan oejah di goedang-goedang oejah djeung salian ti eta. Tapi pangasilan Goepĕrĕmen tina kagoenganana anoe ditataan di loehoer bieu tea saeutik pisan, oepama ditimbang djeung kapĕrloeanana nganggo doeit pikeun ngoeroes nagara sapantĕsna; koe sabab eta andjeunna moendoet dibantoean ka rajat, nja anoe disĕboet *padjĕg* tea, eta teu beda tjara kolot anoe menta toeloeng ka anakna, soepaja ngabantoe-bantoe sakadarna, sapĕrti ngĕntjarkeun djeung ngaloengkeun moending djeung sagawe-gawe di imah anoe kadada koe boedak: miroen seuneu tea atawa ngala tjai, sakapeung miloe koeli djeung sapapadana. Anoe djadi anak tangtoe teu salawasna rĕsĕp dititah digawe koe kolotna, tapi teu meunang hĕnteu koedoe ngabantoe-bantoe. Sabab kapĕrloean djeung pagawean anoe sakitoe reana hĕnteu katjabak kabeh koe indoeng koe bapa, nja dipilih anoe galĕde djeung baranggana dihareupan koe manehna, ari anoe beunang dipigawe koe boedak mah dipasrahkeun ka anakna. Goepĕrĕmen djeung rajat oge kitoe. Mindĕng pisan rajat ngarasa beurat koedoe majar padjĕg, tapi teu bisa koemaha, da koedoe, kapaksa koedoe kitoe. Pikeun kapĕrloean rajat sorangan, noe matak rajat koedoe majar padjĕg teh, tjara baroedak koedoe ngabantoe-bantoe kolotna di imah, soepaja kolotna oelah ripoeh teuing dina oesaha neangan piwaragadeun ngoeroes kapĕrloean di imah. Djadi tetela pisan, jen padjĕg teh keur kapĕrloean rajat pribadi. Soepaja leuwih tĕrang jen Goepĕrĕmen pĕrloe nganggo doeit loba keur kapĕrloean rajat, ieu ditataan roepa-roepa kapĕrloean anoe koedoe dipajoenan koe Nagara: koedoe ngaloearkeun doeit keur

irrigatie; djambatan-djambatan; djalan; ngagadjih pagawe bĕstir, anoe kapapantjenan koedoe ngoeroes pamarentahan nagara; gadjih pagawe poelisi, anoe koedoe ngadjaga katĕngtrĕman rajat; ngadĕgkeun sakola-sakola djeung gadjih goeroe-goeroena, anoe mere tjaang kana hate rajat dj.s.t.

Rajat sok aroeroenan ka Nagara teh lain djaman ajeuna bae, baheula oge sok aroeroenan. Ngan atoeranana beda djeung ajeuna. Djaman baheula rajat oeroenanana ka Nagara teh, babakoena pisan roepa barang djeung gawe, tapi ajeuna mah, lolobana eta atoeran oeroenan barang teh diganti koe doeit. Pambrihna ngarah enteng ka rajat, toer koe Goepĕrĕmen babari dioeroesna. Atoeran oeroenan gawe, ajeuna oge aja keneh, tapi geus katjida pisan koerangan lamoen dibanding djeung baheula, alam toegoer toendan papadaten.

Ajeuna oerang nĕroeskeun babandingan imah djeung nagara. Lamoen anoe dioeroes di imah ngan saeutik, tangtoe bae moal loba pagawean, tapi oepama anoe dioeroesna loba, ngoeroesna tangtoe hese, pagawean anoe koedoe didjalankeun tambah loba, djadi anoe digawena oge koedoe rea, kakara oeroesan di imah meureun beres. Oepama teu kitoe tangtoe koesoet. Koe sabab eta anak awewe anoe tjikal kapaksa koedoe mantoean indoengna, malah bisa djadi oge kapaksa koedoe boga boedjang nanaon.

Pagawean hal imah-imah teh, oepama koe oerang dibandingkeun djeung pagawean ngoeroes nagara, pagawean samenel, leutik kabina-bina. Tapi tjatjakan sakitoe leutikna oge, kapan karasa koe oerang beuratna, komo meureun ngoeroes nagara mah pibeurateunana. Djadi koe oerang kaharti jen Goepĕrĕmen pĕrloe nganggo pangbantoe loba pikeun ngoeroes nagara djeung babagianana teh, sapĕrti: provincie, karĕsidenan-karĕsidenan, kaboepaten-kaboepaten, gemeente-gemeente djeung desa-desa. Eta kabeh tangtoe koedoe make waragad gĕde. Koe sabab eta, rajat koedoe mariloe naranggoeng kana waragadna.

Dina oeroesan imah-imah, pagawean anoe koe baroedak, kabeh oge pagawean arenteng bae, tapi lamoen imah-tangga hajang beres, eta baroedak koedoe njarahoëun kana kawadjibanana. Dina oeroesan imah-imah nagara mah komo atoeh, tangtoe pisan rajat koedoe leuwih njaho kana kawadjibanana manan baroedak tea. Ieu di handap arek ditataan kawadjiban rajat anoe babakoe, nja eta anoe djadi tanggoengan meh sakabeh eusi nagara.

# Pĕrĕsen !!




## SOKLAT KOHLER'S CACAO DOEA WĔLAS BLEK!

**(eusina sablek 1 pond)**

Saha-saha anoe ngintoenan gambar pikeun reclame (samboenglajang) Soklat Kohler's Cacao samemeh ping 1 Maart 1929, mana-mana anoe pangsaena baris dikintoenan Soklat Kohler's Cacao doeawĕlas blek. Eta gambar, digambar koe mangsi sae, koe patlot sae, sarĕng kĕdah dikintoenkeun diprangko ka

## NESTLÉ MILK COMP. BATAWI

**Pang-ĕlatna ping 1 Maart 1929.**

# SOESOE ENTJER




Noe pangsaena kanggo noe teu damang, noe kirang kiat salirana, sarĕng pakeun noe mamajoe.

TIASA NGAGALEUH DI OENGGAL TOKO

## NESTLÉ MILK Co.

BATAWI — SOERABAJA — SAMARANG



Perkoendjoengan Jang Dipertoean Besar Goebernoer Djenderal ke Solo. Djamoe agoeng itoe disamboet dengan segala oepatjara dan kebesaran olèh Sri Soenan.



Keindahan 'alam ditanah Hindia. Sinar matahari bertjahaja kedjar-mengedjar, menghilangkan awan dan kaboet, hinggap dipohon diatoeh didjalan. Indah menjedapkan mata.

Oepami andjeun bade toeang soklat, pilih merĕk noe sae, sapĕrtos noe digam-barkeun di dieu.









# CAILLERS CHOCOLATE




**Kamashoer di sakoeliah**
**— doenja —**

PABRIK SOKLAT
**ZWITSERLAND**

Tiasa ngagaleuh di mana-mana.

## I. TANGGOENGAN ANOE KEUR KA GOEPEREMEN.

Tadi geus ditjaritakeun jen anoe djadi tanggoengan rajat teh aja doea roepa, nja eta: padjĕg djeung oeroenan gawe. Padjĕg aja roepa-roepa, tapi anoe rek ditjaritakeun di dieu ngan anoe pangpĕrloena djadi kanjaho sarereana bae.

### A. Roepa-roepa padjĕg.

*a. Padjĕg pangasilan.* Nja eta padjĕg tina pangasilan rajat, gĕdena sabagian tina pangasilan bĕrĕsih dina satahoen. Dina panoetoep ieu karangan aja staat, eusina noedoehkeun gĕdena pangasilan bĕrĕsih tea.

Ari noe disarĕboet pangasilan, nja eta sagala anoe katampa koe oerang, salian ti anoe geus dikeunaan padjĕg sedjen. Tjontona pangasilan anoe meunang dikeunaan padjĕg-pangasilan, sapĕrti: pangasilan tina paoesahaan (bedrijf), tina matoekangan, karadjinan, dagang, kapangkatan, pangsioen, nganakkeun doeit, sewaan, narima doeit djeung sapapadana. Ari anoe disĕboet *pangasilan bĕrĕsih,* nja eta pangasilan tadi tea sanggeusna dipotong koe ongkos-ongkos anoe pĕrloe, misilna: pangasilan bĕrĕsih tina paoesahaan, nja eta pangasilan tina eta paoesahaan sanggeusna dipotong koe gadjih djĕlĕma anoe digarawe, sewa toko djeung salianna deui.

*b. Padjĕg-roemah-tangga.* Nja eta padjĕg anoe dikeunakeun kana roemah-tangga oerang. Ari gĕdena:

1. 5% tina sewaan imah djeung wawangoenan sedjen anoe katoet ka dinja, diitoeng tina sewaan satahoeneun.
2. 2% tina hargana parabot imah.
3. f 6.— oenggal hidji koeda, lamoen koeda noe koedoe dipadjĕgan teu leuwih ti doea; f 8.— padjĕg koeda noe katiloe; f 10.— padjĕg koeda noe kaopat; f 12.— padjĕg koeda noe kalima; f 15.— padjĕg koeda noe kagĕnĕp; f 20.— oenggal hidji koeda saleuwihna ti gĕnĕp.
4. f 3.— padjĕg hidji kareta mĕsin anoe saoerangeun; f 6.— padjĕg hidji kareta mĕsin anoe doeaaneun atawa leuwih; f 18.— padjĕg hidji motor (motorfiets).
5. padjĕg sado djeung kareta:

| | Anoe gilinding doea | Anoe gilinding leuwih ii doea |
|---|---|---|
| kareta kahidji | f 8.— | f 16.— |
| „ kadoea | „ 10.— | „ 24.— |
| saleuwihna, oenggal kareta | „ 12.— | „ 36.— |

Oepama boga sado djeung kareta, anoe didjieun noměr hidji koedoe sado, kareta didjieun noměr doea. Djadi padjěgna:

1. sado ................ f 8.— }
2. kareta ................ f 24.— } djoemblah f 32.—

6 f 48.— padjěg hidji mobil;

f 24.— padjěg hidji autolette (mobil noe make gilinding tiloe).

Soepaja anslah padjěg roemah-tangga tea adil, koe Goepěrěmen diatoer tjara nganslah padjěg-pangasilan, nja eta anoe dianslah sina ngeusian koe maneh soerat pěrtelaan kalawan saběněrna.

*c. Padjěg verponding Priboemi.* Ieu padjěg bangsa padjěg boemi keneh, tapi hěnteu sagala tanah dikeunaan ieu padjěg. Anoe dikeunaan ngan tanah milik atawa tanah eigendom agrarisch anoe aja di wěwěngkon hidji těmpat noe ditangtoekeun. Sawah-sawah loembrahna hěnteu dikeunaan padjěg verponding, tapi dipadjěg koe padjěg boemi.

Tanah anoe sok dipadjěg verponding aja doea roepa, nja eta:

1. pakarangan anoe aja wawangoenanana. Gědena padjěgna 3% tina sewaan satahoeneun, noeroetkeun kaajaan waktoe dianslah. Dianslahna lima tahoen sakali, doemeh katimbang dina sakitoe lilana sewaan eta tanah geus aja robahna.
2. Tanah-tanah lian ti anoe kasěboet bieu. Anoe kaasoep ka dinja: balong djeung kěbon dahon (nipah). Tanah anoe kieu gědena padjěgna 7½% tina taksiran hasilna běrěsih dina saban tahoen. Děmi pangasilan noe dipake patokan, nja eta, kaajaan pangasilanana waktoe dianslah, sarta ditaksirna teu meunang sahandapeun *f* 10.— dina sabaoena. Saban lima tahoen sakali dianslah deui.

*d. Padjĕg boemi.* Padjĕg boemi dikeunakeunana kana sawah djeung tanah darat. Tapi tanah-tanah anoe geus dikeunaan padjĕg verponding, teu meunang dikeunaan deui padjĕg boemi. Balong djeung kĕbon dahon (nipah) kaasoep ka dinja keneh.

Koe lantaran tanah anoe dikeunaan padjĕg boemi tea aja doea roepa, nja eta: sawah djeung tanah darat, koe sabab eta padjĕg boemi oge aja doea roepa, nja eta: padjĕg sawah djeung padjĕg tanah darat.

1. *Padjĕg sawah*, noeroetkeun patokan padjĕg, gĕdena koedoe ngitoeng pĕrsen, nja eta antara 8% djeung 20% tina hargana beubeunangan bĕrĕsih, tĕgĕsna beubeunangan sanggeusna dipotong koe ongkos-ongkos. Tapi oepama saban tahoen beubeunangan bĕrĕsih tina sawah oenggal-oenggal djoeroetani koedoe ditimbang, sakoemaha piheseeunana, geus lain lampahkeuneun bae pendekna mah; koe sabab eta nĕtĕpkeun hidji atoeran pikeun nganjahokeun gitik-ratana beubeunangan eta sawah dina saban tahoen. Tah eta dipake patokan pikeun ngitoeng gĕdena padjĕg.

   Noeroetkeun eta atoeran, sakabeh sawah dioekoer sarta dikĕlas-kĕlas. Oenggal noe boga sawah, gĕdena padjĕgna, noeroetkeun lĕgana djeung kĕlasna sawahna, djadi hartina noeroetkeun beubeunanganana. Tapi sanggeus liwat sawatara tahoen, bisa djadi beubeunangan sawahna tea robah. Soepaja padjĕgna oelah djaoeh teuing tina kamistianana majar noeroetkeun beubeunangan noe saĕnjana, koe sabab eta dina saban 10 tahoen padjĕg sawah tea ditangtoekeun deui. Malah meunang oge ditangtoekeun dina oenggal-oenggal lima tahoen, lamoen harga pare di sadjĕro sakitoe tahoen katjida robahna. Sabab kapan djoeroetani teh koedoe majar padjĕg sawahna noeroetkeun beubeunanganana noe sabĕnĕrna, djadi koedoe diitoeng noeroetkeun harga pare noe sabĕnĕrna.

   Dina arek nangtoekeun gĕdena padjĕg sawah, mindĕng pisan koedoe menta timbangan pamarentah desa djeung anoe baroga sawah. Koe sabab eta dina waktoe ngabadamikeun pipadjĕgeun tea, pĕrloe pisan pamarentah desa djeung anoe baroga sawah araja di dinja sarta njaritakeun timbanganana kalawan sabĕnĕrna; pambrihna soepaja nimbangna anslahan bisa kalawan adil; koedoe-koedoe aja kadjadian pĕrkara teu adil, atoeh oelah katjida teuing.

Oepama aja sawah anoe teu digarap, tapi lain salahna noe bogana, eta sawah padjĕgna dilĕpas sama sakali.

Lamoen aja sawah teu diparean, ngan dipalawidjaan bae, tapi pangna teu diparean teh lain salahna noe boga, eta sawah padjĕgna dilĕpas sabagian, nja eta leutik saparapatna, gĕde tiloe parapatna.

Lamoen aja sawah tjilaka sarta teu beunang dipalawidjaan, eta sawah padjĕgna dilĕpas kabeh, oepama beubeunangan kotorna (pare), tjek taksiran, hĕnteu leuwih ti ongkos ngagarapna. Tapi lamoen beubeunanganana tea leuwih ti ongkos ngagarap, asrta poendjoelna tea teu leuwih ti satĕngahna rata-ratana pangasilan biasa, eta sawah padjĕgna ngan dilĕpas sawareh, nja eta gĕde tiloe parapatna, leutik saparapatna.

Lamoen eta sawah noe tjilaka tea teu beunang dipalawidjaan, padjĕgna dilĕpas kabeh, nja eta oepama djoemlah beubeunangan kotor tina pare djeung palawidja, koe taksiran, teu leuwih ti ongkos anoe dikaloearkeun. Lamoen beubeunanganana tea leuwih ti ongkos noe dikaloearkeun, tapi leuwihna tea teu leuwih ti satĕngahna gitik-ratana beubeunanganana biasa, eta sawah padjĕgna dilĕpas sabagian, nja eta gĕde tiloe parapatna, leutik saparapatna.

Aja deui anoe bisa ngalĕpas padjĕg boemi teh, nja eta oepama eta sawah dibaroe deui atawa diomean kalawan ongkos gĕde, misilna diajaan pĕrkara anoe pĕrloe tea, atawa ditambah ieu tea, itoe tea, ngarah djadi aloes, nĕpi ka kapaksa koedoe ngaloearkeun ongkos gĕde; tah eta sawah dipĕrekeun tina padjĕg, tapi panglilana ngan tiloe tahoen.

Lian ti anoe geus ditataan di loehoer, aja deui anoe matak dilĕpas tina padjĕg boemi teh, nja eta oepama aja sabab anoe pohara gĕdena. Kadjaba ti eta, sawah anoe kakara diboeka, di djĕro tiloe tahoen ti barang djadi sawah, eta oge dipĕrekeun tina padjĕg.

2. *Padjĕg tanah darat.*

Anoe disĕboet tanah darat teh sakoer tanah anoe lain sawah; balong djeung kĕbon dahon, eta kaasoep keneh ka dinja; atoeran nangtoekeun padjĕg tanah darat, teu beda djeung atoeran nangtoekeunn padjĕg sawah tea, nja eta dioekoer djeung dikĕlas-kĕlas. Tapi padjĕgna lain diitoeng noeroet-

keun beubeunanganana, ieu mah noeroetkeun hargana eta tanah. Ari padjĕgna pangsaeutikna f 0.25 dina sabaoe. Djalma-djalma noe kabawa kana oeroesan padjĕg eta tanah, pĕrloe pisan miloe barĕmpoeg dina anslah noe sok diajakeun saban 10 tahoen sakali tea, sarta pĕrloe ngahatoerkeun kanjahona, soepaja anslahan tea adil; di ajana oge pĕrkara teu adil, oelah katjida teuing.

Tanah darat oge sok radjeun dilĕpas tina padjĕg, ngan tara mindĕng kadjadian tjara sawah. Ari anoe djadi lantaran sok dilĕpas padjĕgna, ieu di handah ditataar:

(1) Tanah anoe kakara diboeka, lamoen moekana katjida hesena atawa kapaksa koedoe ngaloearkeun ongkos gĕde. Eta tanah dipĕrekeun tiloe tahoen ti barang anggeus diboekana.

(2) Nja kitoe deui dipĕrekeun tina padjĕg tiloe tahoen lilana, lamoen eta tanah dibaroe deui atawa diomean kalawan ongkos gĕde, ngarah eta tanah djadi hade.

(3) Lamoen aja sabab anoe pohara gĕdena, tapi lain pĕrkara anoe kasĕboet di loehoer bieu, eta oge bisa djadi lantaran ngalĕpas padjĕgna sama sakali atawa sabagianana.

Ari narikna padjĕg boemi dipasrahkeun ka kapala desa, kalawan dipasihan boeroehan 8% tina padjĕg anoe ditarik koe manehna. Eta padjĕg dina samemeh tanggal 20 December dina oenggal tahoen koedoe geus loenas.

## B. Gawe dinĕs.

*Herdinĕs.* Dina boeboeka ieu pĕrkara geus ditjaritakeun, jen rajat teh, salian ti boga kawadjiban majar padjĕg, boga deui kawadjiban koedoe oeroenan gawe, noe koe oerang beunang disĕboet *gawe dinĕs*. Djaman baheula gawe dinĕs teh aja roeparoepa pisan, koe sĕpoeh mah sok dihidjikeun bae disĕboet *toegoertoendan papadaten.* Tapi kabeh-dieunakeun, loba gawe dinĕs anoe diganti koe doeit bae, disĕboetna *padjĕg konde* atawa *padjĕg kapala,* lantaran majar padjĕg koe gawe teh loba pisan matak beuratna. Ti tanggal 1 Januari 1927, padjĕg gagantina gawe dinĕs oge, anoe disĕboet padjĕg kapala tea, dileungitkeun. Ajeuna mah herdinĕs teh ngan kari saeutik deui pisan, nja eta:

1. mawa djĕlĕma djeung wadya bala noe keur loemakoe katoet barang-barangna; kitoe soteh lamoen teu bisa meunang koeli

anoe daekeun dibajar noeroetkeun tarip anoe geus dipastikeun;

2. njieun djeung ngabaroe deui solokan-solokan, lamoen gĕde omeaneunana, tapi diboeroehan sapantĕsna djeung lamoen kapaksa koedoe ditarik kana eta pagawean, doemeh pĕrloe katjida pikeun kapĕrloean sarerea sarta lantaran euweuh koeli atawa teu tjoekoep reana koeli anoe daraekeun dibajar sapantĕsna.

Anoe meunang ditarik kana eta doea roepa pagawean teh ngan lalaki anoe karoeat keneh bae.

Djĕlĕma herdinĕs anoe digarawe di solokan-solokan, dina sapoëna teu meunang digawekeun leuwih ti 12 djam, ngitoeng djeung leumpangna ka pagawean poelang-anting katoet ngareureuhna. Sarta teu meunang pisan ditarik kana gawe noe djaoehna ti imahna leuwih ti 8 pal (lalakon 2 ½ djam).

Baheula geus djadi adat, djalma-djalma herdinĕs salianna ti gawe teh koedoe mawa bahanna deui, tjaraning: awi, kai atawa batoe keur bĕndoengan, boh karikil djeung keusik keur djalan; atawa pagaweanana tea meunang digantian koe mere bahanna bae. Tapi ajeuna mah, oerang Priboemi geus lesot pisan tina kamistian koedoe mere bangsa kitoe teh, boh kalawan bajareun boh mere pĕrtjoemah. Dilarang, teu meunang pisan aja pamenta anoe saroepa kitoe, iwal pĕrkara njaboet milik (onteigenen) doemeh keur kapĕrloean oemoem.

Teu meunang pisan oerang Priboemi dipaksa kana pagawean pikeun kapĕrloean kapala-kapala Priboemi, nadjan dibajar oge, soemawonna moen teu kalawan bajaran mah. Ngan anoe teu dilarang teh gawe keur pamarentah desa.

3. Meunang oge ti rajat, menta pagawean herdinĕs-anoe-teubiasa, nja eta oepama aja katjilakaan mala pataka (oeroeg, bandjir, lini djeung sapapadana) atawa oepama pĕrloe pikeun noelak balai sarerea, tĕgĕsna balai anoe baris toemiba ka djĕlĕma rea. Lamoen aja katjilakaan kitoe, lain ngan djĕlĕma herdinĕs bae anoe meunang ditarik kana gawe teh, tapi sakabeh djalma koeat meunang dipenta kana gawe.

Misilna panjakit pest, koe bisloeit Goepĕrĕmen ditĕtĕpkeun eta panjakit dianggap balai sarerea, tah pikeun noelak eta panjakit meunang narik gawe herdinĕs. Tapi papada ditarik kana herdinĕs oge, eta djalma-djalma koedoe diboeroehan, sarta kakara kaidinan narik herdinĕs kitoe, lamoen reana koeli anoe

meunang boeroehan sapantĕsna, koerang rea, teu tjoekoep kana kapĕrloeanana, ari pagawean koedoe didjalankeun harita.

Dĕmi atoeranana djĕlĕma diasoepkeun herdinĕs, hĕnteu saroea di oenggal tĕmpat. Aja tĕmpat anoe ngatoer herdinĕs kieu: saha-saha anoe boga lahan atawa pakarangan boh boga kĕbon, eta diasoepkeun herdinĕs; di sawareh tĕmpat deui, sakoer lalaki koeat anoe djadi toegoe-oempi (hoofd van een gezin), eta diasoepkeun herdinĕs.

Aja pirang-pirang tahapan martabat anoe dipĕrekeun dina herdinĕs, sapĕrti: pagawe-pagawe nagara, kapala-kapala desa djeung pamarentah desa lianna; kadjaba ti eta goeroe-goeroe ngadji; pakoentjen koeboeran noe dianggap aja karamatan; pagawe masadjid anoe disahkeun koe resident. Nja kitoe deui noe rerempo djeung noe geus karolot, eta oge dipĕrekeun tina herdinĕs.

## II. SOEMBANGAN KA WĔWĔNGKON TJOEMARITA.

Ari anoe disĕboet *wĕwĕngkon tjoemarita* teh, nja eta babagian nagara noe galĕde djeung babagian noe laleutik, sapĕrti: provincie, karĕsidenan, kaboepaten, gemeente, sakoer anoe ngoeroes imah tangga sorangan tjara nagara. Lantaran wĕwĕngkon tjoemarita teh babagian nagara, koe sabab eta pikeun ngoeroes imah-tanggana, koe nagara dipaparin oge bagian tina pangasilan oemoem. Tapi eta soembangan ti nagara teh moal pitjoekoepeun keur ngoeroes imah-tangga wĕwĕngkon tjoemarita tea, eta sababna noe matak eta wĕwĕngkon kapaksa koedoe neangan djalan soepaja bisa meunang doeit. Aja roepa-roepa djalan anoe sok dilalampahan, tapi anoe pangloembrahna, nja eta ngajakeun atoeran padjĕg. Oenggal wĕwĕngkon tjoemarita pada ngajakeun padjĕg anoe koedoe dibajar koe pangeusi eta wĕwĕngkon. Padjĕg anoe loembrah diajakeun dina wĕwĕngkon tjoemarita, nja eta: *opcenten* tina padjĕg nagara, sapĕrti opcenten tina padjĕg roemah-tangga, lian ti eta padjĕg karamean, padjĕg djalan, padjĕg andjing djeung sapapadana.

## III. SOEMBANGAN KA DESA.

Desa-desa teh eta babagian nagara anoe ngoeroes imah sorangan, teu beda djeung wĕwĕngkon tjoemarita tea. Koe lantaran desa dina roepa-roepa pĕrkara sok matjakal sorangan, koe sabab eta loba-loba pĕrkara anoe koedoe dioeroes koe desa so-

rangan, tĕgĕsna koe pangeusi desa, sapĕrti: ronda peuting, djaga gardoe, njieun djalan desa, ngomeanana djeung ngoeroesna eta djalan tea; kitoe deui njoesoek solokan, njieun sasak, ngoeroes koeboeran djeung sapapadana sagala bae anoe djadi kapĕrloean sarerea di djĕro eta desa, sakoer anoe hĕnteu kaasoep bagian wĕwĕngkon tjoemarita tea, atawa lain pagawean sanghareupaneun Nagara.

A. *Oeroenan desa.* Pikeun njieun djeung ngoeroes sagala anoe pĕrloe, keur desa tea, tangtoe koedoe aja piwaragadeunana. Tah eta kabeh djadi tanggoengan pangeusi desa. Kitoe sababna noe matak desa kapaksa ngajakeun oeroenan atawa gawe desa teh. Eta oeroenan desa tea, saĕnjana padjĕg keneh bae, ngan pedah dina saban tahoen teu aja katĕtĕpanana. Pikeun ngadjaga soepaja oelah kadjadian ngajakeun oeroenan desa sakarĕp-karĕp, nja aja katangtoean anoe njĕboetkeun, jen oeroenan desa anoe teu diparentah koe Bĕstir, ngan meunang diajakeun, oepama geus karĕmpoegan koe lolobana oerang desa.

*B. Gawe desa.* Di loehoer geus disĕboetkeun, jen dina lĕbah, aja pagawean anoe djadi kapĕrloean sarerea, oerang desa boga kawadjiban koedoe oeroenan gawe. Tah nja eta anoe disĕboet gawe-desa teh. Eta gawe-desa lain deui djeung herdinĕs, anoe koedoe dilampahkeun keur kapĕrloean Nagara tea. Dĕmi gawe herdinĕs mah diatoer koe katangtoean-katangtoean noe pasti, ari gawe-desa hĕnteu aja kapastianana. Tapi lamoen koe oerang arek dipasing-pasing soepaja boga kapastian, beunang oge didjieun tiloe roepa, nja eta: kahidji, gawe anoe istoe keur kapĕrloean desa pisan, tĕgĕsna keur kapĕrloean sarerea di djĕro desa eta; kadoea, gawe-desa keur kapala desa djeung pamarentah desa noe sedjen, gawe-desa anoe kieu, disĕboetna *pantjen;* anoe saroepa deui ngarĕmpoeg digawe di sawah atawa tanah kaloenggoehan (rahab), di Djawa disĕboetna *koedoeran*, ari di Pasoendan mah sok disarĕboet *ngarĕmpoeg* bae. Tapi atoeran gawe desa tjara anoe ditataan di loehoer bieu tea, eta hĕnteu di sakoeliah Pasoendan sakitoe reana, kitoe ngaranna sarta rejek saatoeran. Anoe maraos ieu almĕnak tangtos iasa ngabandingkeun koe andjeun.

Koe sabab gawe desa teh lain atoeran anoe torodjogan diatoer koe Bĕstir, djadi aja djalan kana koerang adil mĕtakeunana. Koe hal eta pĕrloe pisan ditalingakeun koe Bĕstir, soepaja gawe desa oelah leuwih tina mistina.

Dilarang, teu meunang pisan ambtenaar Eropa atawa ambtenaar Priboemi gana-gana toeroet tjampoer nambahan reana atawa namban beuratna gawe-desa.

Tah sakitoe papait noe djadi tanggoean rajat teh.

Tadi di loehoer geus disĕboetkeun, jen baris ngasoepkeun daptar padjĕg, pambrihna soepaja noe maraos ieu almĕnak iasa ngetang koe andjeun sabaraha gĕdena padjĕgna.

Dĕmi atoerananana ngitoeng padjĕg pangasilan, noeroetkeun artikĕl 18 kieu:

Lamoen djoemblahna pangasilan bĕrĕsih dina satahoen koerang tina f 120.—, eta hĕnteu dikeunaan padjĕg.

Oepama pangasilan bĕrĕsihna djĕdjĕg f 120.— atawa leuwih, diitoengna kieu:

f 120.— nĕpi ka sahadapeun f 1800, f 1.20 diwoewoehan 20 sen oenggal f 10.— tjamplĕng, saloehoereun f 120.—

f 1800 nĕpi ka sahandapeun f 3600, f 34.80 diwoewoehan f 3.— oenggal f 100.— tjamplĕng, saloehoereun f 1800.—

f 3600 nĕpi ka sahandapeun f 5400, f 88.80 diwoewoehan f 4,— oenggal f 100.— tjamplĕng, saloehoereun f 3600.—

f 5400 nĕpi ka sahandapeun f 8400, f 160.80 diwoewoehan f 5.— oenggal f 100.— tjamplĕng, saloehoereun f 5400.—

f 8400 nĕpi ka sahandapeun f 12 000, f 310.80 diwoewoehan f 6.— oenggal f 100.— tjamplĕng, saloehoereun f 8400.—

f 12 000 nĕpi ka sahadapeun f 18 000, f 526.80 diwoewoehan f 7.— oenggal f 100.— tjamplĕng, saloehoereun f 12 000.—

f 18 000 nĕpi ka sahandapeun f 24 000, f 946.80 diwoewoehan f 8.— oenggal f 100.— tjamplĕng, saloehoereun f 18 000.—

f 24 000 nĕpi ka sahandapeun f 30 000, f 1426.80 diwoewoehan f 9.— oenggal f 100.— tjamplĕng, saloehoereun f 24 000.—

f 30 000 nĕpi ka sahandapeun f 36 000, f 1966.80 diwoewoehan f 10 oenggal f 100.— tjamplĕng, saloehoereun f 30 000.—

f 36 000 nĕpi ka sahandapeun f 42 000, f 2566.80 diwoewoehan f 11 oenggal f 100.— tjamplĕng, saloehoereun f 36 000.—

f 42 000 nĕpi ka sahandapeun f 48 000, f 3226.80 diwoewoehan f 12 oenggal f 100.— tjamplĕng, saloehoereun f 42 000.—

f 48 000 nĕpi ka sahandapeun f 54 000, f 3946.80 diwoewoehan f 13 oenggal f 100.— tjamplĕng, saloehoereun f 48 000.—

f 54 000 nĕpi ka sahadapeun f 60 000. f 4726.80 diwoewoehan f 14 oenggal f 100.— tjamplĕng, saloehoereun f 54 000.—

f 60 000 nĕpi ka sahandapeun f 70 000, f 5566.80 diwoewoehan f 15 oenggal f 100.— tjamplĕng, saloehoereun f 60 000.—

f 70 000 nĕpi ka sahandapeun f 80 000, f 7066.80 diwoewoehan f 16 oenggal f 100.— tjamplĕng, saloehoereun f 70 000.—

f 80 000 nĕpi ka sahandapeun f 90 000, f 8666.80 diwoewoehan f 17 oenggal f 100.— tjamplĕng, saloehoereun f 80 000.—

f 90 000 nĕpi ka sahandapeun f 100 000, f 10366.80 diwoewoehan f 18 oenggal f 100.— tjamplĕng saloehoereun f 90 000.—

f 100 000 nĕpi ka sahandapeun f 110 000, f 12166.80 diwoewoehan f 19 oenggal f 100.— tjamplĕng, saloehoereun f 100 000.—

f 110.000 nĕpi ka sahandapeun f 120 000, f 14066.80 diwoewoehan f 20 oenggal f 100.— tjamplĕng, saloehoereun f 110 000.—

f 120 000 nĕpi ka sahadapeun f 135 000, f 16066.80 diwoewoehan f 21 oenggal f 100.— tjamplĕng, saloehoereun f 120 000.—

f 135 000 nĕpi ka sahadapeun f 150 000, f 19216.80 diwoewoehan f 22 oenggal f 100.— tjamplĕng, saloehoereun f 135 000.—

f 150 000 nĕpi ka sahadapeun f 165 000, f 22516.80 diwoewoehan f 23 oenggal f 100.— tjamplĕng, saloehoereun f 150 000.—

f 165 00 nĕpi ka sahadapeun f 180.000, f 25966 80 diwoewoehan f 24 oenggal f 100.— tjamplĕng, saloehoereun f 165 000.—

f 180 000 djeung leuwih ti sakitoe ......... f 29566.80 diwoewoehan f 25 oenggal f 100.— tjamplĕng, saloehoereun f 180 000.—

Eta padjĕg dikoerangan 3% oenggal koelawĕdĕt atawa baraja-tikah anoe pantjĕr anoe sagalana djadi tanggoengan noe keuna padjĕg tea. Djoemblah eta panjangkolong pangsaeutikna f 0.10, ari panggĕdena 50% djeung nintjakna oenggal koelawĕdĕt atawa baraja-tikah teu meunang leuwih ti f 30.—.

***

Noeroetkeun katĕrangan anoe dipĕdar di loehoer, tetela pisan jen Nagara ngajakeunana padjĕg teh lantaran kapaksa, doemeh pangasilan anoe bidjil ti paoesahaan-paoesahaan Nagara hĕnteu tjoekoep pikeun ngawaragagadan sagala kapĕrloean anoe koedoe didjalankeun pikeun ngoeroes djeung ngadjaring rajatna. Djadi rajat malajar padjĕg teh, eta, keur kapĕrloean rajat pribadi, ari Pamarentah mah ngan darma ngatoer djeung mĕtakeun

Koe hal eta oerang sarerea pĕrloe pisan pada mĕrĕlceekeun nohonan kana majar padjĕg anoe djadi papait oerang dina hiroep koemboeh.

## c. BURGERLIJKE STAND PRIBOEMI.

Anoe disĕboet Rĕgistĕr Burgerlijke Stand teh nja eta rĕgistĕr anoe nĕrangkeun kaajaanana rajat, sapĕrti tina hal: ngadjoeroe, paeh, laki-rabi djst. Di dieu, di oerang, di Hindia, ajana rĕgistĕr Burgerlijke Stand teh mimiti ti taoen 1828 sarta noeroetkeun atoeran Burgerlijke Stand anoe dilampahkeun di Eropa. Ari di Eropa didjalankeunana Burgerlijke Stand teh ti waktoe Kesĕr Napoleon Boneparte dikendangkeun ka Poelo St. Helena; djadi mimitina dina taoen Masehi sarewoe dalapan ratoes leuwih saeutik. Ari tadina mah — nja kitoe deui di oerang satatjanna taoen 1828 — tjatĕtan kaajaan rajat teh babakoena ngan beunang mĕtikan tina katĕrangan pastoer-pastoer, domĕni atawa zendeling bae, anoe ngoeroeskeun agama Nasarani, djeung beunang mĕtikan tina katĕrangan-katĕranganana pakoentjen pakoeboeran-pakoeboeran bae, tapi kitoe oge woengkoel pikeun djalma noe agama Nasarani.

Ari di oerang, di Hindia, dina taoen 1828 teh — ilikan Staatsblad 1828 No. 50 — mimiti diajakeun reglement tina hal ngoeroes rĕgistĕr Burgerlijke Stand pikeun oerang Eropa djeung noe disaroeakeun djeung eta, sarta sakoemaha anoe kaoeni dina artikĕl 4 djeung 5 dina Burgelijk Wetboek kakara diajaan atoeran tina hal ngadjalankeun Burgerlijke Stand. Atoeran anoe kaoeni dina Staatsblad 1828 No. 50 sakoemaha anoe geus kasĕboet di loehoer, geus dirobah koe atoeran anoe kaoeni dina Staatsblad 1849 No. 25 anoe ajeuna geus dirobah-robah deui sababaraha kali.

Noeroetkeun Staatsblad anoe kasĕboet pangpandeurina, anoe kawĕngkoe koe oeroesan Burgerlijke Stand teh, woengkoel bangsa Eropa djeung anoe disaroeakeun djeung eta bangsa bae.

Ti taoen 1840 Kristĕn bangsa Priboemi anoe araja di Depok djeung di Toegoe nja kitoe deui anoe tjaritjing di Kapoeloan Maloekoe, mimiti kawĕngkoe koe sabagian atoeran Burgerlijke Stand, nja eta: dimana aja noe ngadjoeroe atawa paeh teh, koedoe ditoeliskeun dina rĕgistĕr anoe geus dibakoekeun. Mimiti ti taoen 1865 kakara didjalankeun ka sakabeh golongan *Priboemi Kristĕn* di sakoeliah Hindia, sapĕrti: Moentilan, Modjowarno djst. Kapala gewest djeung kapala afdeeling diwĕnangkeun mariksa djalma-djalma anoe diwadjibkeun koedoe ngoeroes djeung ngeusian rĕgistĕr-rĕgistĕr: kalahiran, laki-rabi, pĕpĕga-

tan djeung paehna Priboemi Kristĕn anoe geus koemboeh djadi salĕmboer atawa djadi sadesa.

Ari pikeun sawatara golongan Priboemi di Poelo Djawa djeung Madoera anoe hĕnteu kabawah koe Radja-radja Priboemi, dina taoen 1920 kakara diajaan pĕrtelaan tina hal ngoeroesna rĕgistĕr Burgerlijke Stand — ilikan Staatsblad 1920 No. 751 djeung robahan-robahanana anoe kaoeni dina Staatsblad 1926 No. 513 djeung 1927 No. 563 — Ari didjalankeunana ieu atoeran mimitina ti tanggal 1 Januari 1928.

Dĕmi oerang Priboemi anoe koedoe diasoepkeun kana rĕgistĕr Burgerlijke Stand teh, nja eta golongan:

*a.* anoe boga titĕl Raden djeung saloehoereunana;
*b.* prijaji-prijaji anoe gadjihna saboelan f 100.— djeung noe leuwih ti sakitoe, nja kitoe deui pikeun noe parangsioen;
*c.* opsir-opsir balad daratan, sanadjan geus pangsioen;
*d.* oerang Priboemi Kristĕn;
*e.* oerang Priboemi anoe kawĕngkoe atawa anoe menta diwĕngkoe koe hoekoem bangsa Eropa tina hal oeroesan Nagara;
*f.* toeroenan-toeroenanana djalma-djalma anoe kasĕboet di loehoer kabeh noe pantjĕr ti lalaki (artikĕl 1 alilea 1).

Pagawe anoe diwadjibkeun njĕkĕl rĕgistĕr Burgerlijke Stand, disĕboetna ambtenaar Burgerlijke Stand. Noeroetkeun artikĕl 2 dina atoeran anoe kasĕboet bieu, moenggoehing pikeun di tanah-tanah Goepĕrnĕmen mah anoe djadi ambtenaar Burgerlijke Stand teh — lamoen di eta tĕmpat aja regentschapssecretaris — regentschapsecretaris, atawa mantri kaboepaten. Dĕmi pikeun di tanah-tanah karadjaan Djawa, lantaran djoemlahna djalma anoe kabawah koe Goepĕrĕmen ngan saeutik, anoe ngadjalankeun pagawean ambtenaar Burgerlijke Stand teh biasana kapala gewest sok nimbalan adjoen hoofddjaksa atawa adjoen djaksa.

Kadjaba eta di sawatara tĕmpat anoe geus tetela aja golongan-golongan rajat anoe ngarasa pĕrloe boga ambtenaar Burgerlijke Stand anoe ngabakoe, kajaning Kristĕn-kristĕn di Depok, Toegoe djeung Modjowarno, kapala gewest nja ngangkat pagawe Nagara pikeun djadi ambtenaar Burgerlijke Stand anoe bakoe sarta ditangtoekeun wĕwĕngkonna. Ambtenaar Burgerlijke Stand sapĕrti noe kasĕboet bieu, diwadjibkeun koedoe ngadjalankeun pagaweanana ka sakabeh golongan oerang Priboemi anoe pada kawĕngkoe koe atoeran Burgerlijke Stand; djadi lain ngan woengkoel pikeun kapĕrloean Priboemi Kristĕn anoe boga ka-

pĕrloean tea bae. Ambtenaar-ambtenaar Burgerlijke Stand anoe sedjen hĕnteu meunang miloe-miloe kana kawadjibanana ambtenaar Burgerlijke Stand bakoe.

Dĕmi pagaweanana ambtenaar Burgerlijke Stand anoe loemrah (gewoon ambtenaar van den Burgerlijke Stand), dimana eta ambtenaar teh noedjoe halangan, oepamana lantaran gĕring, riweuh koe pagawean Nagara djst., pagaweanana tea koedoe dipigawe koe noe sedjen. Eta sababna, noe matak kapala gewest ngangkat pagawe Nagara noe sedjen kana ambtenaar Burgerlijke Stand loear biasa (buitengewoon ambtenaar van den Burgerlijken Stand), anoe diwadjibkeun koedoe ngadjalankeun pagawean ambtenaar Burgerlijke Stand bakoe salilana aja halangan.

Sabĕnĕrna Burgerlijke Stand pikeun oerang Priboemi sakoemaha anoe kasĕboet di loehoer teh, djaoeh keneh pisan ari kana sampoerna mah, lantaran anoe diajakeun ajeuna kakara tiloe roepa rĕgistĕr, nja eta: rĕgistĕr kalahiran, rĕgistĕr milih ngaran djeung rĕgistĕr paeh. Djadi rĕgistĕr laki-rabi djeung pĕpĕgatan mah ajeuna tatjan aja. Pamarentah masih keur nimbang-nimbang keneh koemaha ngatoerna rĕgistĕr noe doea roepa deui tea, lantaran ngemoetkeun kana kawĕnanganana njandoeng pikeun dina agama Islam.

Rĕgistĕr kalahiran djeung rĕgitĕr paeh njieunna koedoe rangkĕp doea.

Kaajanana rĕgistĕr Burgerlijke Stand pikeun oerang Priboemi anoe kasĕboet di loehoer, beda djeung rĕgistĕr Burgerlijke Stand pikeun oerang Eropa; ari rĕgistĕr Burgerlijke Stand Priboemi mah hidji sĕtat kosong, anoe geus ditĕtĕpkeun koe Directeur. Djoestisi. Djadi dimana oerang arek njieun akte teh ngan kari ngeusian kolom-kolomna bae noeroetkeun pananja-pananja noe aja dina kolom hareup. Ngeusianana koedoe koe basa Malajoe sarta ditoelis koe aksara Laten. Sakentjaeun eta sĕtat aja noe lowongan saeutik, hĕnteu ditoelisan, nja eta pikeun njadiaan bisi aja kasalahan, robahan² atawa tambahan toelisan dina rĕgistĕr, lantaran hal eta sakabehna koedoe ditanda koe noe lapor tea, saksi-saksina, nja kitoe deui ambtenaar Burgerlijke Stand.

Eta rĕgistĕr samemehna dipake, lambar kahidji djeung panoetoepna koedoe ditanda koe boepati, ari lambaran-lambaran sedjen mah tjoekoep koe diparap bae; pikeun di tanah-tanah kara-



Paměndak noe pang-änjarna! Pangaosna mirah, sarěng dina

# DECCA GRAMOFOON

mah pělat-pělat noe kirang těrang, sorana djadi mentjrang.

THE DECCA
THE PORTABLE GRAMOPHONE.



Oelah waka ngagaleuh měsin ngomong merěk sanes; tjobi heula

# DECCA GRAMOFOON

Dibantjangkeun di toko-toko kělas hidji. Ieu gramofoon kenging ditjandak angkat pělěsiran ka mana-mana. Pangaosna mirah, toer kiat sarěng sae roepina.




Polikliniek Moehammadijah dengan kamar obat P(enolong) K(esengsaraan) O(emoem) di Djokdja, didirikan dalam tahoen 1924. Tiap-tiap hari banjak orang jang datang berobat.



Restaurant „Djiran" jang teratoer tjara Eropah di Semarang. Toean Djiranlah seorang Boemipoetera jang pertama memboeka restaurant teratoer tjara Eropah, dan restaurant ini perboeatan toean Djiran jang kedoea kali. Moela-moela ia mendirikan restaurant ketjil di Solo, lama-lama restaurant ketjil itoe mendjadi besar. Kemoedian ia pindah ke Semarang dan diboekanja restaurant ini. Jang doedoek dikoersi, ialah toean Djiran.



Ieu erlodji parantos 25 tahoen lamina diaranggo di Hindia. Ari dipidamĕlna di pabrik *Zwitserland*, pabrik erlodji anoe pangägĕng-agĕngna di boeana Eropa.

Lĕrĕs pisan seueur erlodji anoe langkoeng mirah manan ieu, nanging di antero erlodji² anoe dikaloearkeun koe ieu pabrik, nja erlodji ieu anoe *pangmirahna*, margi ngan ngadamĕl erlodji anoe sarae woengkoel. Ieu erlodji nekĕlna nekĕl anoe pangsaena, mangtahoen-tahoen anggĕr bae roepina; sarĕng djalanna teu robah-robah.

# Masing awas ningali merĕkna:



# ENIGMA

*Apollinaris*

TJAP ▲ MERAH

Apollinaris water „tjap ▲ merah" parantos kakongaskeun pangsae-saena ka sakoeliah doenja.

---

Oepami palaj sehat salira kĕdah ngaleueut Bier itĕm Burke's Guinness 'Stout tjap „Koetjing" anoe pangsaena.

---

Oepami ngaraos halabhab, landongna kĕdah ngaleueut Bier „Koentji satoe" tangtos ngaraos sĕgĕr.

---



Nja kitoe deui dina pangpestaan Bicuits tjap „Boeroeng" teu kenging teu aja, sapĕrtos: Afternoon Tea, Marie, Queen's Own Mixed sarĕng Cabin, margi pangraosna sarĕng dipikarĕsĕp koe tatamoe.

---



Katoeangan anoe ngoeatkeun kana salira pikeun anoe parantos sawawa nja kitoe deui moerangkalih, nja eta „Maizena Duryea".



Sarĕng oepami kĕrsa ngaleueut teh anoe pangseungitna, kĕdah moendoet „Goalpara thee".

---



TJAP BOENGA

Koeëh-koeëh anoe didamĕlna koe Tipoeng Hoen Kwe tjap „Boenga" ti Njonja Tjoa Tjoen Goan, Tjitjoeroeg, anoe pangbĕrĕsihna sarĕng raos.

---

*Mentega*

DJANTOENG BIROE

Oepami ngĕrsakeun toeang sangoe goreng anoe raos, kĕdah nganggo mantega tjap „Djantoeng Biroe".

---




Komo deui oepami nganggo Corned Beef ti Libby woewoeh raosna.

---




Pikeun ngawoewoehan anggoan anoe wareuteuh pikeun wargi² sarĕng nambal anggoan anoe parantos lami, kĕdah nganggo mĕsin djait „Pfaff" ditanggĕl sae djalanna salamina.

---



Doepi tjet „Teolin" matak sae sarĕng bĕrĕsih kana boemi.

djaan ditandana atawa diparapna teh koedoe koe kapala afdeeling — ilikan artikĕl 54—. Ambtenaar-ambtenaar Burgerlijke Stand ngeusianana eta kolom-kolom teh koedoe parele, poegoeh entep-seureuhna teu beunang loeloentjatan.

Dina akte koedoe disĕboetkeun ngaran keur leutik djeung ngaran toeroenan noeroetkeun sakoemaha anoe geus ditangtoekeun koe atoeran Burgerlijke Stand; dimana eta djĕlĕma teu boga ngaran toeroenan, sawoedoena koedoe ngaran anoe geus nĕlah.

Anoe beunang dipake saksi koedoe lalaki anoe oemoerna geus salikoer taoen atawa leuwih.

Samemehna eta akte ditekĕn koedoe dibatja heula koe ambtenaar Burgerlijke Stand di hareupeun noe lapor tea djeung hareupeun saksi-saksina. Lamoen eta djalma hĕnteu ngartieun basa Malajoe, koedoe ditĕrangkeun koe basana; dimana ambtenaar Burgerlijke Stand hĕnteu bisaeun kana basana eta djalma, meunang make djoeroebasa; sanggeusna kitoe kakara eta akte teh beunang ditanda koe maranehna, nja kitoe deui koe ambtenaar Burgerlijke Stand. Lamoen anoe lapor tea atawa saksi-saksina aja anoe teu bisaeun miloe nanda, koedoe dtĕrangkeun naon sababna, oepamana: lantaran teu ngarti kana aksara tea, lantaran leungeunna teu beunang dipake noelis tea djst.

Saban toetoep taoen eta rĕgistĕr teh koedoe ditoetoep, djeung dina samemehna toetoep taoen koedoe geus sadia rĕgistĕr anjar. Sanggeusna saboelan ti sanggeusna ditoetoep, rĕgistĕr noe rangkĕp doea tea, rangkĕpananh koedoe dikirimkeun ka kantor griffier Landraad. Hoofddjaksa atawa djaksa diwadjibkeun koedoe nitenan eta rĕgistĕr-rĕgistĕr tea, sarta koedoe nj'eun proces-verbaalna tina hal anoe kanjahoan di djĕro 6 boelan dina awal taoen. Ari rangkĕpan noe hidji deui tea nja kitoe deui rĕgistĕr hal milih ngaran koedoe diampihan dina archiefna ambtenaar Burgerlijke Stand. Lamoen ambtenaar Burgerlijke Stand teh sakantor djeung griffier Landraad, sanggeusna eta rĕgistĕr-rĕgistĕr tea dipariksa koe hoofddjaksa atawa djaksa, kapala gewest koedoe ngadawoehan njimpĕn eta rĕgistĕr² di tĕmpat sedjen anoe geus ditangtoekeun. Rĕgistĕr Burgerlijke Stand teu meunang dibawa tina tĕmpat panjimpĕnanana, anging lamoen dipoendoet koe pangadilan atawa lamoen aja kapĕrloean sapĕrti anoe geus ditĕrangkeun tadi di loehoer. Lamoen anoe dipoendoet koe pangadilan teh rĕgistĕr noe masih dipake, tĕgĕsna noe

tatjan ditoetoep, ambtenaar Burgerlijke Stand harita kench koedoe njieun gantina eta rĕgistĕr sarta koedoe ditanda d'eung diparap heula koe boepati atawa koe kapala afdeeling. Rĕgistĕr Burgerlijke Stand anoe dipoendoet koe pangadilan samemehna dikirimkeun teh koedoe ditoetoep heula. Nomĕr rĕgistĕr gantina koedoe noeloejkeun akte panoetoep dina rĕgistĕr anoe dipoendoet koe pangadilan tea. Tĕgĕsna lamoen rĕgistĕr anoe dipoendoet koe pangadilan teh aktena noe diascepkeun geus nĕpi ka nomĕr 19, rĕgistĕr gagantina tea koedoe dimimitian ti nomĕr 20.

Nja kitoe deui dimana eta rĕgistĕr meh pinoeh samemehna toetoep taoen, noe djadi ambtenaar Burgerlijke Stand koedoe geus njadiakeun rĕgistĕr samboenganana, sarta nomĕrna koedoe nĕroeskeun nomĕr akte noe panganggeusan dina rĕgister anoe ti heula.

Soerat kawasa atawa soerat sedjen salian ti eta, sapĕrti: poetoesan Landraad, tina hal robahan-robahan atawa tambahan-tambahan akte Burgelijke Stand noe koedoe ditoelis dina rĕgistĕr noe djalan keneh, eta dilampirkeun kana aktena atawa kana akte rangkĕpanana anoe baris dikirimkeun ka kantor griffier Landraad.

Sambarang djalma meunang menta pĕtikan rĕgistĕr Burgerlijke Stand djeung salinan soerat kawasa atawa soerat² salian ti eta anoe dilampirkeun kana aktena tea, sanadjan lain djalma anoe kasĕboet dina eta akte atawa sanak-barajana oge. Pagawe anoe djadi djoeroesimpĕn diwadjibkeun koedoe nĕdoenan pamentana djalma-djalma anoe marenta pĕtikan eta rĕgistĕr teu kalawan koedoe noenggoe idin pangadilan deui; tapi djalma-djalma anoe marenta pĕtikan atawa salinan tea diwadjibkeun koedoe malajar ongkos segĕl f 0.50. Pikeun militer djeung balad laoetan sahandapeun pangkat ondĕr opsir, nja kitoe deui djalma djalma anoe teu baroga, dimana pĕrloe boga pĕtikan rĕgistĕr pikeun kapĕrloean Nagara, hĕnteu koedoe majar ongkos segĕl deui.

Anoe boga kawadjiban ngalaporkeun tina hal kalahiran, babakoena bapa orok; lamoen manehna noedjoe soewoeng atawa aja halangan, noe lapor teh meunang oge anoe sedjen, oepama: doktor, paradji atawa doekoen bĕranak djeung djĕlĕma lian anoe noengkoelan ngadjoeroena. Djeung dimana aja djalma anoe ngadjoeroe di imah batoer, anoe koedoe ngalaporkeun teh djalma anoe boga imah tea.

Lamoen aja boedak didjoeroekeun, di djěro sapoeloeh poë koedoe geus dilaporkeun; tempo anoe 10 poë teh meunang ditambahan deui, tapi hěnteu meunang leuwih ti 2 boelan, nja eta oepama těmpat didjoeroekeunana eta orok ka těmpat tjitjing na ambtenaar Burgerlijke Stand tea koedoe njabrang laoetan atawa djalan anoe koedoe diliwatan tea roeksak něpi ka teu bisa liwat ka dinja, atawa lantaran hěnteu aja toetoempakan. Dimana geus liwat ti 2 boelan, ambtenaar Burgerlijke Stand hěnteu meunang njieun akte kalahiranana eta boedak; rěgistěrna koedoe dilowongkeun sarta noenggoe koemaha poetoesan Landraad. Oepama aja kadjadian kitoe rěgistěrna tea koedoe diběněrkeun. Panoehoen pikeun měněrkeun rěgistěr tea koedoe ditoedjoelkeun ka Landraad anoe ngabawah těmpat ajana rěgistěr tea. Ěngke dimana Landraad geus ngadangoe pihatoerna djalma anoe boga kapěrloean, tangtoe bakal maparin poetoesan. sarta poetoesanana teu beunang dilawan deui.

Noeroetkeun anoe kaoeni dina artikěl 49 něpi ka sarta artikěl 52, ambtenaar Burgerlijke Stand koedoe těroes ngadjalankeun eta poetoesan Landraad. Tah kitoe sababna anoe matak lamoen aja djalma anoe ělat ngalaporkeunana boedak noe didjoeroekeun něpi ka liwat ti doea boelan ti poëan didjoeroekeunana eta orok, sok disina maděp Landraad teh. Ambtenaar Burgerlijke Stand koedoe ngalaporkeun hal ieu ka hoofddjaksa atawa djaksa.

Wawangěnan pikeun njieun akte kalahiran saroea bae djeung wawangěnan njieun akte tilar doenja.

Pikeun baroedak anak anoe hěnteu kakoeroeng koe tikah dina aktena hěnteu meunang make ngaran bapana, kadjaba lamoen diakoe koe bapana.

Pikeun pěrtelaan kalahiran lain ngan djamna didjoeroekeunana eta boedak tea bae, tapi wantjina oge koedoe ditěrangkeun, beurang-peutingna atawa isoek-sorena.

***

Ari gawena akte milih ngaran, nja eta pikeun boedak noe didjoeroekeun, oepama bapana hěnteu bogaeun ngaran toeroenan, atawa — lamoen eta boedak anak anoe teu kakoeroeng koe tikah koe bapana teu diangkěn — oepama indoengna hěnteu bogaeun ngaran toeroenan. Kawasna ěnggeus beunang ditangtoe-

keun, dina waktoe ieu atoeran kakara didjalankeun mah, bakal loba djalma anoe ngalaporkeun kalahiran boedak teh barěng djeung lapor milih ngaran sangkan ditoelis dina rěgistěr kalahiran, lantaran waktoe ieu oerang Priboemi tatjan barogaeun ngaran toeroenan. Dina akte milih ngaran tea, ngaran-ngaran djalma anoe lalapor katoet saksi-saksina koedoe ditjatětkeun, sakoemaha atoeran dina akte kalahiran bae.

Milih hěnteu meunang sakarěp-karěp bae, těgěsna hěnteu meunang milih ngaran anoe noeroetkeun tjeuk rasa oerang Priboemi eta teh gělaran (titěl) atawa pangkat. Dimaksana 'aja djalma anoe keukeuh milih ngaran anoe boga harti kitoe, samemeh aktena tea didjieun, ambtenaar Burgerlijke Stand koedoe ngalaporkeun heula hal ieu ka boepati. Koe boepati akte ganti ngaran djeung kalahiran tea ditahan heula něpi ka datangna poetoesan ti Goepěrnoer Djendral. Ari pětana boepati koedoe ngirimkeun sakabeh soerat-soerat anoe patali djeung eta oeroesan ka kapala gewest, sarta koe kapala gewest koedoe ditěroeskeun ka Goepěrnoer Djendral.

Anoe djadi boepati teu meunang milih ngaran toeroenan, lamoen tatjan meunang paidin Goepěrnoer Djendral.

Ngaran-ngaran toeroenan anoe geus ditoelis dina rěgistěr Burgerlijke Stand hěnteu meunang diganti, anging lamoen aja paidin Goepěrnoer Djendral; ngan ngaran boedak (leutik) anoe beunang diganti sakarěp oerang teh, kitoe oge dina rek ngagantina tea koedoe lapor heula ka ambtenaar Burgerlijke Stand. Eta ambtenaar diwadjibkeun koedoe njatětkeun gantina ngaran leutik tea dina sisina akte kalahiran. Baroedak anoe tatjan akil baleg, hěnteu meunang menta diganti ngaran, lamoen pamentana tea hěnteu kalawan pitoeloengna djalma anoe sah djadi walina.

***

Děmi anoe diwadjibkeun koedoe ngalaporkeun anoe paeh, nja eta djalma anoe matoeh di imah těmpat paehna anoe dilaporkeun tea; lamoen di dinja euweuh djalma, anoe koedoe ngalaporkeun teh kapala kampoeng, loerah atawa wijkmeester.

Lamoen anoe paeh teh imah-imahna di loeareun wěwěngkon ambtenaar Burgerlijke Stand anoe dilaporan tea, pagawe anoe kasěboet tadi koedoe ngirimkeun pětikan rěgistěr anoe dieusi akte paehna djalma anoe tadi tea ka ambtenaar Burgerlijke Stand anoe

ngabawah tĕmpat padoemoekanana eta djalma, sangkan di dinja oge diasoepkeun kana rĕgistĕr.

Pikeun orok noe paeh samemeh oemoer tiloe poë, hĕnteu pĕrloe aja aktena, kadjaba lamoen dina samemehna paeh geus dilaporkeun kalahiranana djeung geus didjieun aktena. Oepama tatjan aja akte kalahiranana, dina rĕgistĕr teh tjoekoep koe disĕboetkeun jen eta boedak geus paeh ti barang dilahirkeun. Oepama aja boedak anoe paeh djeung oemoerna geus leuwih ti 3 poë, sarta kalahiranana tea tatjan dilaporkeun, ambtenaar Burgerlijke Stand njieunna akte teh koedoe doea roepa, nja eta akte lahir djeung akte paeh.

***

Katĕrangan-katĕrangan anoe geus didadarkeun di loehoer teh beunang mĕtik, ditjokot sakoer anoe pĕrloe bae. Oepama hajang leuwih tĕrang mah koedoe maratja: *„Beberapa nasihat bagi ambtenaar jang diperintahkan memegang register Burgerlijke Stand oentoek beberapa golongan ra'jat Boemipoetera dipoelau Djawa dan Madoera, jang ta' dibawah perintah Zelfbestuur"*, beunang Departement van Justitie.

## *d.* HAK PANGARANG

Toeroet oeni artikĕl 10 Staatsblad 1912 No. 600, djoemblahna pagawean anoe ditangtajoengan koe *hak pangarang* (auteursrecht) teh aja 10 roepa; nja eta:

1. boekoe-boekoe, soerat sĕbaran (brochure), soerat kabar, poestaka mangsa djeung karangan-karangan sedjen lian ti eta;
2. biantara-biantara;
3. ĕnoet (lagoe) boh make goegoeritan boh hĕnteu;
4. gambar leungeun (teekening, schilderij), artja, adĕg-adĕgan (bouwwerk). gambar clichè (lithografieën, graveerwerk, plaatwerken) djst.;
5. kar;
6. potret djst.

pendekna sagala roepa hasil: kasoesastran (letterkunde), pangawĕroeh (wetenschap) atawa kabinangkitan (kunst), sarta make djalan koemaha bae ari ngarĕkahananana mah.

Djadi noeroetkeun oenina artikĕl 10 anoe dimaksoed koe auteursrecht teh lain ngan hak pangarang bae, tapi sagala roepa

sakoer anoe kasĕboet karangan tina roepa-roepa pagawean, eta kabeh ditangtajoengan koe auteursrecht.

Noeroetkeun oenina artikĕl 10 keneh, salinan, malah djeung roepa-roepa karangan anoe meunang ngoempoelkeun didjieun saboekoe, eta oge masih ditangtajoengan keneh koe auteursrecht. Tapi oendang-oendang, ordonansi, verordening anoe dioemoemkeun koe Pamarentah (openbare macht), poetoesan-poetoesan hakim, eta kabeh teu aja *hak pangarangna*, nja kitoe deui boekoe-boekoe djst. anoe dikaloearkeun atawa anoe ditimbalan dikaloearkeun koe Pamarentah; iwal lamoen ditangtoekeun koe oendang-oendang jen disĕngkĕr koe *hak pangarang* boh disĕboetkeun dina boekoena.

Oepama bae sapĕrti anoe geus kadjadian koe Bale Poestaka, kalawan katangtoean anoe kaoeni dina ordonansi, Staatsblad 1923 No. 539, sagala roepa kaloearan Bale Poestaka — boekoe-boekoe djst. — hak pangarangna kabeh disĕngkĕr koe artikĕl 11 anoe kaoeni dina oendang-oendang auteursrecht.

Naon ari noe disĕboet auteursrecht teh, djeung koemaha kaajaanana?

Auteursrecht anoe rek ditĕrangkeun di dieu, babakoena mah ngan anoe toemali djeung karangan bae.

Anoe dimaksoed koe auteursrecht, nja eta hak *njĕbarkeun* boekoe, gambar, djst., sakoemaha anoe geus ditataan tadi di loehoer. Anoe meunang ngaliarkeun teh ngan *anoe njieunna* bae. Auteursrecht beunang dipandang sapĕrti barang noe teu maneuh (roerende zaak), bisa pindah² djalma; lamoen anoe bogana tea maot, eta hak pindah ka ahli warisna; lian ti kitoe eta hak teh beunang didjoeal atawa diselehkeun ka noe sedjen. Ari njelehkeunana koedoe make pĕrdjangdjian pikeun antara noe njelehkeun djeung noe narima. Sanadjan ieu hak teh bisa pindah leungeun, tapi hĕnteu beunang didjabĕl (dibeslag).

Ari anoe diakoe djadi noe njieunna karangan, hartina anoe ngabogaan *hak pangarang*, nja eta anoe ngaranna disĕboet dina eta karangan, iwal lamoen kaboektian jen sabĕnĕrna hĕnteu kitoe.

Tempo-tempo sok kadjadian aja boekoe noe dikarangna teu koe saoerang. Dina kadjadian saroepa kieu, anoe bogaeun hak pangarang sagĕmblĕngna teh noe djadi panoengtoen eta pagawean, atawa anoe djadi loeloegoena; djadi pangarang-pangarangna mah hĕnteu barogaeun hak kana eta boekoe teh. Tapi moenggoehing kana karanganana sorangan mah, hakna hĕnteu dikoerangan saeutik-eutik atjan; koe sabab eta manehanana meunang njĕbar-

keun karanganana tea sakarĕpna. Lamoen eta karangan teh diliarkeunana koe djalma sedjen, eta kaasoep kana *ngarĕmpak hak pangarang* pikeun sagĕmblĕngna eta boekoe.

Oepama dina boekoena tea hĕnteu disĕboetkeun ngaran noe ngarangna, atawa ngan disĕboet ngaran samarna bae woengkoel, dimana aja kadjadian kitoe-kieu djeung noe sedjen, noe ngarangna tea beunang diwakilan koe noe ngaloearkeun eta boekoe; sarta oepama anoe ngaloearkeunana tea teu disĕboet deui, beunang diwakilan koe kantor tjitak anoe njitak eta boekoe tea.

Anoe disĕboet ngarĕmpak hak pangarang teh nja eta: anoe nambahan lobana salah sahidji boekoe beunang ngarang noe geus diliarkeun koe noe sedjen djeung ngaliarkeunana eta boekoe panambah tea; anoe njalin kana basa sedjen djeung noe njonto nadjan aja anoe dirobah saeutik-eutikeun oge oepamana; pendekna lamoen nĕpi ka eta karangan teh hĕnteu beunang disĕboetkeun pagawean asal.

Hak pangarang kakara tjoepar lamoen geus 50 taoen heuleutna ti waktoe noe ngarangna tea maot. Lamoen noe ngarangna tea leuwih ti saoerang, diitoengna koedoe ti waktoe paehna pangarang anoe paeh pangpandeurina. Dimana noe ngarangna teu disĕboetkeun atawa ngaran noe sabĕnĕrna teu kanjahoan, hak pangarang teh oemoerna ngan 50 tahoen diitoeng ti poë panoetoepna taoen eta karangan kaloear. Nja kitoe deui pikeun boekoe-boekoe anoe dikarang kalawan ngaran pakoempoelan, kongsi atawa kantor Goepĕrnĕmen, noe teu disĕboetkeun ngaran pangarangna noe sabĕnĕrna, djeung karangan-karangan anoe dikaloearkeunana sanggeusna noe ngarangna paeh. Ari noe disĕboet boekoe kantor Goepĕrnĕmen di dieu, nja eta karangan anoe hak pangarangna disĕngkĕr oeroetkeun artikĕl 11, sakoemaha anoe geus ditĕrangkeun tadi di loehoer.

Tadi geus ditjaritakeun jen njitak djeung ngaloearkeun salinan tina salah sahidji boekoe teh kaasoep kana ngalanggar hak pangarang keneh. Tapi lamoen boekoe noe disalin teh geus 10 taoen lilana dikaloearkeunana, diitoeng tina poë panoetoenpna taoen eta boekoe kaloear, kakara taja halanganana pikeun disalin kana basa sedjen.

Lamoen salah sahidji *soerat kabar* atawa *poestaka mangsa*, njalin karangan atawa pawarta tina soerat kabar atawa poestaka mangsa sedjen, eta hĕnteu kaasoep ngalanggar hak pangarang, asal disĕboetkeun bae ti mana eta pawarta atawa karangan teh

dipĕtikna; ngan tjarita-tjarita (romans atawa novellen) eusi soerat kabar atawa poestaka mangsa sedjen noe teu beunang dipĕtik teh, kitoe soteh lamoen teu diidinan koe noe ngarangna atawa koe noe bogaeun hak pangarang.

Nja kitoe deui teu meunang mĕtik karangan noe sedjen, lamoen dina eta karangan disĕboetkeun jen teu beunang dipĕtik.

Pikeun poestaka mangsa beunang disĕboetkeun dina oenggal nomĕr, jen eta larangan teh ngoeroeng eusina kabeh; ngan dina soerat kabar noe teu bisa dikitoekeun teh, lantaran djalma-djalma teu beunang dilarang mĕtik pawarta djeung toelisan-toelisan tina hal pasalingsingan paham dina oeroesan poelitik.

Karangan-karangan noe dina soerat kabar atawa dina poestaka mangsa sapĕrti noe kakara ditĕrangkeun bieu, noe dilarangna teh lain ngan mĕtikna bae, tapi njalin eta toelisan kana basa sedjen oge teu meunang; ngan lamoen anoe dipĕtik teh sawatara bagian anoe parondok, pikeun didjadikeun *mangle* atawa pikeun didjadikeun boekoe pangadjaran di sakola oepamana, eta teu kaasoep ngalanggar hak pangarang, asal disĕboetkeun ngaran noe ngarangna djeung tina boekoe naon dipĕtikna.

Biantara-biantara anoe diomongkeun di hareupeun djalma rea noe tatjan ditjitak, beunang diasoepkeun kana soerat kabar atawa poestaka mangsa, ngan ngaran djalma anoe biantarana koedoe disĕboetkeun.

Njalin boekoe hĕnteu dilarang, lamoen salinanana tea ngan hidji, tĕgĕsna pikeun sasoranganeun.

Djalma-djalma anoe baroga hak pangarang beunang ngabĕslah boekoe-boekoe noe dikaloearkeunana ngalanggar hakna tea, boh rek didjieun milikna, boh nitah soepaja diroeksakkeun. Anoe ngarĕmpak hak pangarang bisa dihoekoem dĕngda panggĕdena nĕpi ka *f* 5000.—, ari noe ngaloearkeun atawa ngadjoeal boekoe noe ngarĕmpak *hak pangarang* tea, baris didĕngda panggĕdena nĕpi ka *f* 2000.— Ieu kasalahan-kasalahan kakara dipariksa koe pangadilan, dimana noe bogaeun hak pangarang tea ngadawa.

## *e.* PĔRKARA TANAH (AGRARISCHE AANGELEGENHEDEN).

### I. Boeboeka.

Ari „agrarisch" teh asalna tina basa Latyn "ager", hartina: tanah, sawah atawa tĕgalan. Djadi „agrarische aangelegenheden" pihartieunana dina basa Soenda: *pĕrkara tanah.*

Anoe rek ditjaritakeun di dieu ngan tina pĕrkara tanah di wĕwĕngkon tanah Goepĕrĕmen bae; tapi soepaja leuwih tetela samemeh njaritakeun hal eta, oerang njoektjroek heula, saha saĕnjana anoe boga tanah di Hindia teh.

Baheula samemeh Poelo Djawa djeung Madoera ditjĕpĕng koe Koempĕni, tanah-tanah teh kagoengan (eigendom) noe djadi ratoe. Ari somah mah ngan oekoer ngakoe djeung meunang ngala hasilna bae. Tapi sanadjan kitoe hakna somah kana tanah beunang disĕboet pageuh oge sabab bisa toeroen-toemoeroen ka anak-intjoe, beunang goenta-ganti djalma sarta dianggap sah koe noe djadi radja.

Waktoe Poelo Djawa kaĕreh koe pamarentah Inggris, toean Raffles noe harita djadi Leknan-Goepĕrnoer, ngadawoehkeun, jen hakna oerang Priboemi anoe tjaritjing di tanah-tanah Goepĕrĕmen, hĕnteu rek dirobah; tanah-tanah, sawah-sawah djeung tĕgalan-tĕgalan oerang Priboemi, tĕtĕp djadi kagoegan Goepĕrĕmen sakoemaha anoe geus kalampahkeun baheula waktoe diĕreh koe radja-radja Priboemi, djadi kagoengan arandjeunna.

Sanggeusna Tanah Djawa diĕreh koe Parentah Walanda deui, atoeran toean Raffles teh hĕnteu dirobah, malah nja diasoepkeun kana Staatsblad. Sakoemaha anoe kaoeni dina Oendang-oendang Hal Parentahan Nagara 1830 No. 74 djeung 1836 No. 62, njĕboetkeun jen tanah-tanah, sawah-sawah djeung tĕgalan-tĕgalan oerang Priboemi tĕtĕp djadi kagoengan Nagara. Ari oenina eta atoeran anoe geus meh saratoes taoen lilana teh, kira-kira kieu:

> „Tanah-tanah kagoengan Nagara di Poelo Djawa, anoe digarap koe oerang Djawa disewakeun, saĕndĕngna ka maranehanana kalawan pirĕmpoegna loerah djeung toea-toea kampoeng, nja kitoe deui kawĕngkoe koe pĕrdjangdjian-pĕrdjangdjian noeroetkeun, anoe kasĕboet dina kontrakna atawa piagĕmna."

Koe sabab eta, tetela pisan jen eta atoeran teh hĕnteu beda djeung atoeran baheula waktoe Poelo Djawa katjangking koe karadjaan Inggris; djadi, tanah, sawah djeung tĕgalan teh tjek wet, *disewakeun* ka oerang Priboemina, padahal ari lilana pĕrdjangdjian *njewakeun* teh — tjek wet keneh, Burgerlijk Wetboek — koedoe aja watĕs-wangĕnna. Naha ari njewakeun tanah milik Priboemi ditĕtĕpkeun lilana?

Hĕnteu, njasat dipiboga koe noe njewa bae.

Hal ieu lila-lila mah roepana kamanah koe Pangagoeng oge. Koe lantaran kitoe dina taoen 1854 Pangagoeng nja ngadamĕl Oendang-oendang Hal Parentahan Nagara anoe anjar. Artikĕl 62 dina eta oendang-oedang harita mah ngan tiloe alinea anoe kaoeni teh, nja eta: njĕgah Goepĕrnoer Djendral ngadjoeal tanah lĕga-lĕga, tapi ari ngadjoeal tanah saoetak-saeutik mah teu dilarang; mere kakawasaan ka andjeunna pikeun njewakeun tanah noe teu digarap koe oerang Priboemi atawa noe djadi tanah pangangonan djeung tanah lian ti eta anoe kapiboga koe desa.

Djaman harita hakna oerang Priboemi kana tanah tatjan ditangtoekeun, woedjoedna; naha hakna teh hak-barang (zakelijk recht), nja eta hak noe dikeunakeun kana barangna atawa hak djĕlĕma (persoonlijk recht), nja eta hak noe dikeunakeun ka djalmana.

Noeroetkeun oenina Burgerlijk Wetboek artikĕl 520, tanah-tanah anoe geus teu dioeroes atawa geus taja noe miboga lantaran noe bogana tea geus maot sarta teu ninggalkeun ahli waris, eta djadi milikna Nagara. Tapi sanadjan geus aja katĕrangan kitoe oge oerang masih asa-asa keneh bae ari kana nĕtĕpkeun jen Pamarentah koedoe dianggap djadi noe kagoengan tanah noe geus dipiboga koe oerang Priboemi mah. Ari sababna, bĕnĕr noeroetkeun hoekoem Eropa (Burgerlijk Recht), saha-saha anoe ngabogaan hidji barang, manehna dikoemaha karĕpkeun, naha eta barang teh rek dibeureum atawa rek dihideung, mo aja noe mapalangan. Eta hoekoem teu beunang didjalankeun kana tanah-tanah anoe dipiboga koe oerang Priboemi, lantaran oerang Priboemi mah hak-hakna hĕnteu kawĕngkoe koe Burgerlijk Wetboek.

Katoeroeg-toeroeg deui harita mah dina Oendang-oendang Hal Parentahan Nagara teh tatjan aja atoeran erpah, nja eta atoeran pikeun njewakeun tanah lĕga anoe toeroen-toemoeroen; mangkaning waktoe harita sanggeusna kĕbon paksaan dileungitkeun, loba pisan noe harajangeun tani lĕga teh, babakoena anoe rek marĕlak kopi, tiwoe djeung bako. Koe sabab eta, hĕnteu koerang anoe njarewa tanah pikeun moeka onderneming di leuweung atawa moeroehkeun pĕpĕlakan ka oerang Priboemi dina tanahna. Djadi tangtoe bae kĕbon anoe aja tanah-tanah beunang njewa atawa anoe beunang moeroehkeun noe aja dina tanah oerang Priboemi teh hĕnteu meunang diasoepkeun hypotheek pikeun nambahan atawa ngajakeun deui modal. Djaba ti eta loba deui njoesahkeunana teh, lantaran kadangkala sok aja patjektjokan antara noe

boga pĕpĕlakan djeung noe boga tanah lamoen salah sahidji aja noe teu noeroet kana pĕrdjangdjian; nja waktoe harita loba noe boga kĕbon atawa somah anoe ngarasoela. Tjek noe baroga kĕbon, somah noe tara njarĕkĕl djangdji, tjek somah, noe baroga kĕbon noe hawĕk teh djeung sok hajang bĕnĕr sorangan. Lila-lila hal ieu nja kaoeninga koe Pangagoeng. Dina taoen 1866 Goepĕrnoer Djendral ngembarkeun dawoehanana Sri Maharadja, jen bangsa Priboemi pangeusi Poelo Djawa noe geus ngabogaan tanah, boh tanah-milik boh tanah desa, sakabeh ditangtajoengan hak-hakna kana tanah-tanahna tea sarta didjaga soepaja hak-hakna kana eta tanah oelah aja noe njisikoedi sanadjan koe saha bae oge, dalah Goepĕrnoer Djendral koe andjeun hĕnteu meunang nganggo tanah milik atawa tanah desa oerang Priboemi, kadjaba dina hal anoe geus diatoer koe Oendang-oendang Hal Parentahan Nagara.

Tadi di loehoer geus ditjaritakeun jen loba pisan hal-hal anoe djadi halangan kana kamadjoeanana tatanen anoe galĕde, djeung hak oerang Priboemi kana tanah teu poegoeh wawatĕsanana. Koe sabab eta, waktoe toean de Waal djadi Minister van Koloniën, andjeunna ngadamĕl rarantjang wet pikeun nangtajoengan hakna oerang Priboemi kana tanahna. Dina waktoe ngadamĕlna eta rarantjang wet, andjeunna kagoengan manah jen Pangagoeng nagri Walanda ngan oekoer pĕrloe maparin patokanana bae tina hal oeroesan tanah Hindia teh, ari oenak-anikna mah dipasrahkeun ka Pamarentah di Hindia, sabab kaoeningana tangtoe leuwih ti Pangagoeng di nagara Walanda.

Eta rarantjang wet koe Tweede Kamer kamanah, sarta sanggeusna djadi wet, artikĕl 62 noe kasĕboet dina Oendang-oendang Hal pamarentahan Nagara noe ditĕtĕpkeun dina taoen 1854 (Staatsblad Hindia 1855 No. 2), sanggeusna taoen 1870 kieu oenina:

> Goepĕrnoer Djendral teu meunang ngadjoeal tanah.
>
> Ieu larangan teu aja kakoeatanana pikeun tanah noe saoetak-saeutik, oepamana dipake ngalĕgaan kota atawa desa djeung pikeun ngadĕgkeun tatanen gĕde.
>
> Goepĕrnoer Djendral meunang njewakeun tanah noeroetkeun atoeran anoe ditĕtĕpkeun koe oendang-oendang oemoem. Tanah anoe meunang didjoeal atawa disewakeun teh lain tanah anoe digarap koe oerang Priboemi atawa tanah pangangonan

atawa tanah sedjen-sedjenna deui bogana kampoeng atawa desa.

Noeroetkeun atoeran anoe ditětěpkeun dina oendang-oendang oemoem, tanah anoe dibikeun pikeun erpah lila, kontrakna teu meunang leuwih ti 75 taoen.

Goepěrnoer Djendral salawasna koedoe ngadjaga soepaja waktoe ngadjoeal, njewakeun tanah djst., hakna oerang Priboemi kana tanah oelah něpi ka dimaha.

Tanah anoe digarap koe oerang Priboemi pikeun kapěrloeanana sorangan, boh tanah pangangonan atawa tanah sedjen lian ti eta, noe geus djadi milik desa, teu meunang dipake naon-naon deui koe Nagara, iwal lamoen katimbang pěrloe koe Goepěrnoer Djendral pikeun kapěrloean oemoem sakoemaha anoe kaoeni dina artikěl 77 atawa pikeun kapěrloean tatanen anoe diajakeun koe Pamarentah noeroetkeun oendang-oendang pikeun ngajakeun eta tatanen. Dina hal anoe saroepa kieu djělěma atawa desa anoe ngabogaan eta tanah koedoe meunang ganti sapantěsna.

Tanah milik oerang Priboemi, lamoen koe noe bogana dipenta, beunang didjadikeun tanah eigendom, tapi koedoe make wawangěnan sarta ditětěpkeun koe oendang-oendang oemoem, djeung deui koedoe disěboetkeun dina soerat eigendom atawa meetbriefna kawadjiban-kawadjiban noe boga eta tanah ka Nagara djeung ka desa, sarta ditěrangkeun deui kakawasaan noe boga pikeun ngadjoeal eta tanah ka bangsa sedjen (lain oerang Priboemi).

Njewakeun tanah atawa mikeun tanah ti bangsa Priboemi pikeun dipake koe bangsa sedjen, koedoe noeroetkeun atoeran noe geus ditětěpkeun dina oendang-oendang oemoem.

Tadi di loehoer geus disěboetkeun jen Goepěrnoer Djendral hěnteu meunang ngadjaběl tanah oerang Priboemi atawa desa, iwal ti pikeun kapěrloean oemoem, sakoemaha anoe kaoeni dina artikěl 77, anoe oenina kieu: Sakabeh djalma hěnteu meunang didjaběl bandana, iwal ti dina pikeun kapěrloean oemoem, kitoe oge koedoe noeroetkeun kana katangtoean-katangtoean anoe kasěboet dina oendang-oendang oemoem, djeung sanggeus diganti karoegianana.

Dina taoen 1927 eta Oendang-oendang Hal Parentahan Nagara teh ditjaboet djeung diganti koe Wet tina Hal Atoeran Nagara di Hindia Nederland, anoe dipondokkeun djadi „Indische Staats-




OEPAMI PALAJ
NGANGGO MINJAK
SEUNGIT

TJOBI NGAGALEUH

AJÉR MATA
DOEJONG
NOE TOELEN

Importeurs:
HANDELSVEREENIGING „OOST INDIË"
Soerabaja — Samarang — Tjirebon — Batawi



Roemah Pendidikan kanak-kanak di Tangerang, dilihat dari depan.



Sebagian ketjil dari pada kanak-kanak jang dididik dalam Roemah Pendidikan kanak-kanak di Tangerang, sedang beladjar mengerdjakan kajoe.

# IEU SIGARET PANGRAOSNA







**HANDELSVEREENIGING**

# „OOST-INDIË"

**Soerabaja — Samarang — Tjirebon — Batawi**

regeling" Soendana: „Atoeran Nagara di Hindia". Dina eta Wet anjar artikĕl 62 Oendang-oendang Hal Parentahan Nagara teh djadi artikĕl 51, tapi ari eusina mah meh teu robah saeutik-eutikatjan, nja kitoe deui artikĕl 77 djadi artikĕl 133, ieu mah eusina dirobah saeutik.

Djadi sanadjan ajeuna geus loba atoeran-atoeran anjar oge, oerang masih keneh bisa kaliroe sapĕrti baheula kana tanah Goepĕrĕmen djeung tanah milik Priboemi teh, tjara djaman samemehna taoen 1870.

Saĕnjana oerang hĕnteu koedoe waswas kana hak-hakna oerang Priboemi djeung kana kakawasaanana tina hal ngabogaan tanah teh, lantaran sanadjan ĕnja oge tanah milik atawa tanah desa teh kagoengan (eigendom) Nagara, Pamarentah hĕnteu meunang njewakeun atawa mikeun eta tanah-tanah tea pikeun erpah, sabab geus disĕngkĕr koe alinea 3, 5 djeung 6 artikĕl 51 dina Atoeran Nagara di Hindia (I. S.) atawa koe artikĕl 62 noe kaoeni dina Oendang-oendang Hal Parentahan Nagara; kadjaba lamoen eta tanah teh rek dipake pikeun kapĕrloean oemoem, kitoe oge anoe boga milik koedoe diganti heula karoegianana. Djadi hak-hakna oerang Priboemi kana tanah katjida koeatna, lantaran ditangtajoengan koe wet.

Dina artikĕl 51 keneh (I. S.) kaoeni, jen oerang Priboemi bisa menta soepaja tanahna didjadikeun tanah eigendom sarta teu koedoe kalawan menta heula hak-hakna diwĕngkoe koe Burgerlijk Wetboek pikeun oerang Eropa. Noeroetkeun atoeran anoe kaoeni dina pirman Radja tanggal 16 April 1872 No. 28 (Staatsblad Hindia No. 216), oerang Priboemi anoe meunang hak eigendom pikeun tanahna leuwih laloeasa hakna kana eta tanah teh, ari watĕs-wangĕnna sakoemaha anoe ditĕtĕpkeun koe oendang-oendang oemoem, kawadjiban-kawadjibanana ka Nagara djeung ka desa disĕboetkeun dina soerat eigendom atawa meetbriefna eta tanah. Sadjaba ti eta, tanah eigendom Priboemi (agrarisch eigendom) meunang digadekeun hypotheek, ngan teu meunang didjoeal ka bangsa sedjen salian ti ka bangsa Priboemi deui.

Koe sabab dina pirman Radja disĕboetkeun jen tanah eigendom Priboemi teu meunang didjoeal ka bangsa sedjen, sanggeusna kaloear eta pirman, loba noe ngamanah-manah naha tanah milik teu meunang didjoeal ka bangsa sedjen deui kitoeh?

Dina taoen 1875 Goepĕrnoer Djendral kalawan paidinna Radja geus ngaloearkeun ordonansi, noe oenina nangtoekeun, jen tanah

milik djeung sabangsa eta teu meunang didjoeal koe oerang Priboemi lian ti ka oerang Priboemi deui.

Lamoen dipikr saliwat eta atoeran teh koerang adil djigana mah, lantaran ngoerangan kakawasaanana oerang Priboemi kana pangabogana, nja eta kana tanahna. Tapi saěnjana lamoen teu aja atoeran kitoe djiga koemaha teuing meureun kaajaanana somah ajeuna, kalolobaanana mah tangtoe moal barogaeun tempat keur hawoe-hawoe atjan! Tjatjakan ajeuna geus diajaan atoeran kitoe oge, kapan roepa-roepa bae akal oerang asing teh sangkan bisa njěkěl tanahna oerang Priboemi, sarta koe kabodoanana djeung koe ěmboengna mikir pikahareupeun, geus loba pisan somah anoe ngan tinggal ngaranna bae boga sawah boga kěbon teh, da ari saěnjana mah geus teu bogaeun naon-naon, lantaran sawah-kěbonna geus digadekeun (diborohkeun) tea. Poegoeh ari Nagara mah katjida ngadjagana djeung nangtajoenganana ka oerang Priboemi teh noe matak diajakeun atoeran kitoe oge. Tapi koemaha ari noe dioeroesna masih kitoe.

Dina taoen 1875 (Staatsblad No. 199), eta atoeran geus didjalankeun deui pikeun tanah Sabrang anoe katjangking koe Goepěrěmen.

## II. Kakawasaan mere poetoesan.

Ari anoe kawasa maparinkeun tanah Radja ka noe njaroehoenkeun, nja eta Goepěrnoer Djendral; tapi eta kakawasaan teh aja oge anoe koe andjeunna dipasihkeun ka para amtěnar, saperti: direktoer B. B. goepěrnoer, pangagoeng S. S. djst.

Ari hak kana tanah teh sakabehna aja 7 roepa, kajaning:

1. hak eigendom;
2. hak opstal, hartina: hak ngaděgkeun imah djeung aděg-aděgan sedjen dina tanah batoer;
3. hak make;
4. hak ngagarap;
5. hak njewa;
6. hak erpah, nja eta anoe sok disěboet oge pak toeroen-toemoeroen; djeung
7. hak milik oerang Priboemi.

Koe lantaran hak milik Priboemi katimbang leuwih pěrloe dikanjahokeun koe oerang sarerea ti batan noe sedjen, ieu di handap diheulakeun katěranganana.

## III. Hak milik oerang Priboemi.

Anoe disĕboet hak oerang Priboemi miboga tanah teh, nja eta hakna oerang Priboemi ngamilik tanah jasa anoe bisa toeroen-toemoeroen tea, djeung hakna ngamilik tanah desa.

Naon hartina ari milik teh?

Noeroetkeun artikĕl 529 Burgerlijk Wetboek mah, milik teh nja eta njĕkĕlan, hidji barang atawa ngala hasil tina hidji barang boh koe sorangan boh koe batoer, saroea bae, nĕpi ka eta barang teh siga anoena pribadi. Djadi hak milik Priboemi teh beunang disĕboet hak-barang anoe mere kakawasaan ka oerang Priboemi noe njĕkĕlna, pikeun, ngala hasil tanah anoe dipimilik koe manehna djeung dipiboga sapĕrti bogana sorangan.

Dina pĕrkara sedjen, barang anoe ngan oekoer dipiboga teh iraha bae beunang dipenta deui koe noe bogana; tapi tanah milik mah hĕnteu meunang dipoendoet deui koe Goepĕrĕmen — noe kagoengan — iwal ti dimana pĕrloe pikeun oemoem, sapĕrti anoe kaoeni dina artikĕl 51 Atoeran, Parentahan di Hindia.

Ajeuna geus tetela, jen hak milik oerang Priboemi teh dina hal ngabogaan tanah mah leuwih koeat ti batan dina hal sedjen. Tapi oerang Priboemi anoe ngabogaan tanah milik teh pada keuna koe papantjen: koedoe noeroet kana adat kabiasaan di tĕmpatna waktoe ngala hasil tina tanah noe dipimilik tea djeung dina waktoe mibogana eta tanah sarta koedoe noeroet wawangĕnan anoe ditĕtĕpkeun koe wet sapĕrti anoe kasĕboet di handap ieu.

Tadi di loehoer geus ditĕrangkeun, jen hak miboga teh aja doea roepa, nja eta hak milik noe bisa toeroen-toemoeroen djeung hak miboga tanah desa.

Hak miboga tanah desa aja tiloe roepa, nja eta:

*a.* Doeoeman matok, tĕtĕp bagian-bagianana; tĕgĕsna bagian saoerang-oerangna geus ditĕtĕpkeun, teu robah deui.

*b.* Doeoeman bagilir; lamoen dina taoen ieu kabagian tanah angar, dina taoen hareup mah koedoe dbagianan tanah anoe lendo.

*c.* Doeoeman bagilir satĕngah matok anoe dibagi-bagikeun doea taoen sakali atawa leuwih.

Ari asalna hak milik noe toeroen-toemoeroen teh, kieu:

1. lantaran ngabĕdah tanah, sawah, tĕgalan djst.
2. lantaran eta hak milik dipaparinkeun koe Pangagoeng atawa geus disahkeun koe Pangagoeng.

Tadi di loehoer geus ditjaritakeun, jen oerang Priboemi teu meunang mindahkeun hakna kana tanah ka bangsa sedjen, hartina: teu meunang ngadjoeal atawa mikeun tanah ka lian bangsa, sakoemaha anoe kaoeni dina Staatsblad 1875 No. 179. Sagala pĕrdjangdjian anoe ngarĕmpak eta atoeran koe oendang-oendang Nagara teu disahkeun.

Dina soerat bewarana, direktoer Financiën moendoet ka kapala² gewest di Poelo Djawa djeung Madoera soepaja arandjeunna maparin katĕrangan tina hal eta ka vendumeester-vendumeester, djeung miwarang soepaja dimana aja lelang tanah oerang Priboemi, eta tanah teu beunang dilelangkeun ka bangsa sedjen salianna ti ka oerang Priboemi deui.

Dina Staatsblad 1926 No. 35 djeung 287 geus diajakeun atoeran, jen lamoen aja noe ngadjoeal tanah milik, diwadjibkeun koedoe lapor heula, lamoen teu noeroet eta atoeran bisa dihoekoem dĕngda panggĕdena f 100.—

## Hal ngabĕdah tanah.

Anoe djadi tatali hiroepna oerang Hindia babakoena ngan tatanen, nja kitoe deui di Poelo Djawa noe hariroep tina tani teh lobana moal koerang ti 70%.

Koe sabab eta, beuki lila woewoeh lĕga bae tanah anoe dibĕdah teh, lantaran djĕlĕmana oge beuki lila tambah rea. Malah kawasna lamoen diantĕp mah geus beak leuweung beak lamping didjarieun sawah, hoema djeung kĕbon; hadena bae koe Pangagoeng diraksa soepaja oelah kadjadian kitoe. Ari sababna lamoen kadjadian kitoe, leuweung-leuweung tangtoe beak, teu aja pikeun panjeuseupan sapi-moending, teu aja keur pangaling-aling tjai hoedjan di goenoeng nĕpi ka bisa kadjadian bandjir, taneuhna tangtoe djadi angar, moal lendo deui djst. Tah kitoe sababna noe matak rajat diwatĕs-wangĕnan pikeun moekaan tanah teh. Pangagoeng geus ngaloearkeun ordonansi hal ngabĕdah tanah, nja eta pikeun ngadjaga soepaja rajat oelah moekaan tanah sakarĕp-karĕp djeung pikeun ngawatĕsan hak rajat anoe kaoeni dina ordonansi tanah (Staatsblad 1870 No. 118 djeung 1874 No. 78), nja eta hak pikeun ngabĕdah tanah Goepĕrĕmen anoe teu kapake teu kalawan koedoe majar naon-naon deui. Eta ordonansi dikaloearkeunana dina Staatsblad 1896 No. 44, sarta geus dirobah koe Staatsblad 1904 No. 416 djeung koe Staatsblad 1927 No. 497;

ari oenina atoeran dina eta ordonansi teh pikeun di Poelo Djawa djeung Madoera mah kieu:

Lamoen aja oerang Priboemi noe rek ngabĕdah tanah noe kaasoep tanah Goepĕrĕmen, lain tanah pangangonan atawa tanah desa dj. s. t. koedoe meunang idin heula ti Bestuur.

Dĕmi anoe disĕboet oerang Priboemi, nja eta sakabeh djĕlĕma anoe kaasoep oerang Hindia pitoein.

Boepati, patih, kapala distrik djeung kapala ondĕrdistrik, dina wĕwĕngkon tjĕkĕlanana teu meunang ngabĕdah tanah Goepĕrĕmen, noeroetkeun oenina ordonansi hal ngabĕdah tanah.

Mentana idin pikeun ngabĕdah tanah meunang koe lalambe atawa koe soerat ka noe djadi loerah, atawa ka asisten wadana boh ka wadana noe ngabawah tĕmpat tanah noe dipenta tea.

Pamenta pikeun ngabĕdah tanah teh dipariksa koe komisi anoe diangkat koe kapala apdeling pikeun di saondĕrdistrik-saondĕrdistrik.

Ari anoe disĕboet tanah pangangonan, nja eta tanah noe woengkoel pikeun tĕmpat ngangonna hidji desa atawa leuwih.

Tanah desa salian ti eta, nja eta tanah anoe dibĕdah koe oerang Priboemi pikeun kapĕrloeanana sorangan djeung tanah oerang Priboemi noe sedjen-sedjen noe kawĕngkoe koe hak-djĕlĕma atawa hak-barang; djalan, wahangan djeung wadoek noe dioeroes koe desa; pakoeboeran, pakarangan masdjid, aloen-aloen djeung tĕmpat oemoem djeung sedjen-sedjenna deui noe aja di djĕro desa.

Lamoen aja tanah noe teu bisa ditĕtĕpkeun naha eta teh bogana desa, hal eta bakal ditĕtĕpkeun koe kapala gewest sanggeusna pangeusi eta desa djeung tĕmpatna eta tanah dipariksa. Tapi lamoen djalmana anoe boga rasa aja hak kana eta tanah teh, teu narima kana eta poetoesan, meunang njoehoenkeun pangadilan hakim.

Anoe mere soerat idin pikeun ngabĕdah tanah:

*a.* kapala distrik (wadana), lamoen tanah anoe dipenta tea ngawatĕs kana tanah anoe geus kapimilik koe somah djeung lĕgana teu leuwih ti sabaoe, sarta hĕnteu aja tatangkalanana anoe galĕde;

*b.* dina hal noe sedjen-sedjen, kapala afdeeling.

Dina soerat idinna (tjap singana) ditangtoekeun jen eta tanah koedoe diboeka di djĕro tempo anoe geus ditĕtĕpkeun, sarta samemehna moeka eta tanah watĕs-watĕsna koedoe dipatok heula, koe naon bae noe sakira piaweteun. Djeung lamoen eta tanah teh tanah lamping, digarapna koedoe disengkedkeun, soepaja taneuhna oelah soeroed kapalidkeun koe tjileungtjang.

Dimana katimbang pĕrloe, meunang diajakeun deui pĕrdjangdjian sedjen djaba ti eta. Lamoen dina waktoe dipariksa kanjahoan anoe menta eta tanah teh tatjan njoemponan kana pĕrdjangdjian-pĕrdjangdjian sakoemaha anoe kasĕboet dina tjap singana tea, oepama kadjadian kitoe, sanadjan tjap singana tea geus katampa oge, manehna tatjan bogaeun hak ngabogaan eta tanah.

Lamoen aja pĕrdjangdjian anoe kaoeni dina tjap singa hĕnteu ditjoemponan, kapala afdeeling meunang njaboet deui eta soerat idin.

Soerat idin pikeun moeka tanah hĕnteu meunang didjoeal atawa dibikeun ka noe sedjen. Lamoen anoe meunang idin teh maot, eta tanah meunang sina ditoeloejkeun diboeka koe ahli-warisna. Sasalsena diboeka kakara eta tanah teh meunang didjoeal atawa dibikeun ka noe lian.

Sóepaja katangtoean-katangtoean anoe kasĕboet di loehoer diarestokeun koe oerang Priboemi. Pamarentah ngadamĕl atoeran kieu: Saha-saha noe moeka tanah teu kalawan idin sapĕrti noe kasĕboet tadi di loehoer, nja kitoe deui noe make atawa nitah make tanah anoe diboeka teu kalawan idin atawa anoe soerat paidinna geus ditjaboet, baris dikeunaan hoekoeman toetoepan panglilana saboelan, atawa hoekoeman dĕngda panggĕdena *f* 50.— Lamoen eta atoeran dirĕmpak deui di djĕro sataoen sanggeusna dihoekoem lantaran ngalanggar atoeran eta keneh, noe ngalanggar tea meunang dihoekoem toetoepan panglilana nĕpi ka tiloe boelan atawa dihoekoem dĕngda panggĕdena nĕpi ka *f* 100.— Sarta tatangkalan atawa pĕpĕlakan anoe aja dina eta tanah, noe diboeka atawa dipake teu kalawan idin tea, atawa dina tanah noe soerat idinna geus ditjaboet, meunang dirampas boh saajana boh sabagianana.

## V. Hal njewakeun tanah.

(Oerang Priboemi njewakeun tanah ka bangsa sedjen).

1. *Oerang asing make tanah oerang Priboemi.*

Atoeran oerang Priboemi njewakeun tanahna ka bangsa sedjen,

eta kawĕngkoe koe Ordonansi hal njewakeun tanah (Staatsblad 1918 No. 88, 214 djeung 215; Staatsblad 1919 No. 124 djeung Staatsblad 1925 No. 433), eta atoeran noeroetkeun sakoemaha anoe geus ditĕtĕpkeun dina alinea 8 artikĕl 51 Atoeran Parentahan di Hindia (I. S.) djeung katangtoean ka 5 *Wet Pĕrkara Tanah* (Staatsblad 1870 No. 118).

Bangsa sedjen meunang ngala hasil tanah oerang Priboemi atawa hasil tanah desa anoe kasĕngkĕr koe hak eigendom noe kasĕboet dina Wet Pĕrkara *Tanah, atawa anoe kasĕngkĕr* koe hak-milik atawa hak-make, ngan koedoe noeroetkeun pĕrdjangdjian njewa tanah kalawan atoeran anoe kaoeni dina Ordonansi hal njewakeun tanah.

Goepĕrnoer Djendral meunang *ngiwalkeun* eta atoeran pikeun:

*a.* tanah noe kalawan pamentana noe njewakeun djeung noe njewa, koe kapala gewest diidinan tempona make eta tanah koe noe njewa tea ditambahan (panglilana tiloe boelan ti sanggeus kontrakna beak;

*b.* pakarangan saloeareun tanah anoe geus ditĕtĕpkeun koe kapala gewest pikeun kapĕrloean kĕbon bako;

*c.* tanah pikeun kapĕrloean adĕg-adĕgan Goepĕrĕmen atawa pikeun kapĕrloean adĕg-adĕgan wĕwĕngkon noe hiroep sorangan;

*d.* tanah noe rek dipariksa naha di dinja aja barang tambang, atawa tĕmpat ngadjalankeun hal ngali barang tambang di djĕro atawa di loear wĕwĕngkon tanah-tanah tĕmpat neangan barang tambang atawa tanah-tanah noe diidinan diboeka pikeun barang tambang;

*e.* tanah noe pĕrloe pikeun kĕbon bibit, tiwoe; djoemlah lĕgana eta tanah hĕnteu meunang leuwih ti 5 H. A. (7 baoe), sarta teu meunang leuwih lila ti 6 boelan. Djeung *samemehna eta* tanah dipake, koedoe oendjoekan heula koe soerat ka kapala afdeeling;

*f.* tanah pikeun tĕmpat saoeng atawa adĕg-adĕgan (opstal) laleutik pikeun *sawatara* waktoe, asal lĕ*gana teu leuwih* ti 2 toembak paşagi djeung dipakena teu leuwih ti 2 boelan.

*g.* tanah pikeun djalan (rel) lori, djalan tĕroesan djeung djalan tjai asal roebakna hĕnteu leuwih ti 2 M. djeung dipakena ngan keur saoesoemeun bae.

Pĕrdjangdjian njewa djeung njewakeun tanah kawĕngkoe koe atoeran-atoeran anoe kaoeni dina Boekoe Oendang-oendang Hoe-

koem Sipil pikeun bangsa Eropa di Hindia. Koe sabab eta, lamoen aja pantjabagah tina hal njewa djeung njewakeun tanah teh sok dipariksa koe pangadilan pikeun oerang Eropa (Residentiegerecht atawa Raad van Justitie). Ari tĕmpatna noe boga eta pĕrkara dianggap aja di kantor kapala afdeeling anoe ngabawah tĕmpat ajana eta tanah anoe dipĕrkarakeun tea.

## Soerat kontrak njewakeun tanah.

Pĕrdjangdjian njewakeun tanah teh tatjan sah lamoen tatjan aja soerat kontrakna noe modelna geus ditĕtĕpkeun koe Goepĕrnoer Djendral. Ari njieunna eta soerat kontrak koedoe di hareupeun amtenar B. B. anoe geus dipapantjenan eta pagawean kalawan piwaranganana kapala gewest djeung koedoe ditalingakeun sarta djadi tanggoengan kapala afdeeling. Eta soerat kontrak didjieunna koedoe di djĕro pilimawĕlas-boelaneun deui kana taoen kalender waktoena eta tanah mimiti rek dipigawe.

Lamoen tanah anoe disewakeun teh tanah doeoeman matok sarta disewakeunana teu leuwih ti sataoen atawa saoesoem, di tĕmpat-tĕmpat anoe ditĕtĕpkeun koe kapala gewest, atoeran pikeun njieun pĕrdjangdjian njewakeun eta tanah teh meunang oge beda ti anoe kasĕboet di loehoer.

Pikeun ngoeatkeun pĕrdjangdjiananana, noe njewa koedoe njanggakeun soerat pĕrtelaan ka kapala afdeeling atawa ka amtenar B.B. anoe dipapantjenan koedoe ngoeatkeun soerat kontrak njewakeun tanah koe kapala gewest. Eta soerat pĕrtelaan koedoe didjieun djeung disanggakeun koe amtenar anoe njieun soerat kontrak tea, sarta atoeranana koedoe noeroetkeun model anoe geus ditĕtĕpkeun koe Goepĕrnoer Djendral.

Amtenar B. B. anoe kapapantjenan njieun soerat kontrak njewakeun tanah teh, nja eta kontrolir, tapi pikeun di Pasoendan, sanggeus djadi Provincie anoe dipapantjenan teh assistent resident.

Dina djĕro doea boelan sanggeusna nampa rarantjang soerat² kontrak djeung sĕtat-sĕtatna ti noe rek njewa tanah tea, ambtenar anoe dipapantjenan njieun soerat kontrak, koedoe milih hidji tĕmpat pikeun narima djalma anoe rek njewakeun djeung noe rek njewa tanah tea.

Koe sabab dina waktoe ngadjalankeun eta pagawean amtĕnar anoe njieun soerat kontrak teh djadi amtenar oemoem, eta soerat kontrak teh djadi soerat absah (authentiek).

Lamoen anoe rek njewa teh djangdji arek ngongkosan sorangan atawa rek ngabajong-bajong ongkos njieun solokan pikeun tanah anoe rek disewa tea, Goepĕrnoer Djendral meunang maparin idin pikeun eta akte didjieun di samemehna pilimawĕlas boelaneun deui kana waktoe eta tanah bakal digarap. Hal anoe saroepa kieu didjalankeunana dina pĕrdjandjian njewa tanah anoe waktoena lila bae.

**Lilana njewakeun tanah.**

*a.* tanah kaloenggoehan (rahab), sataoen atawa saoesoem;
*b.* sawah, lian ti sawah kaloenggoehan, 3½ taoen;
*c.* daratan (tanáh darat), lain tanah kaloenggoehan, 12 taoen;
*d.* lamoen eta sawah atawa tanah darat anoe kasĕboet dina *a*, *b*, djeung *c*, tea pĕrloe pikeun njieun djalan lori, keur djalan atawa solokan, 25 taoen.

Sawah anoe kasĕboet dina *a* djeung *b*, meunang disewakeun leuwih lila, nja eta nĕpi ka 21 ½ taoen, ngan koedoe noeroetkeun atoeran pikeun pĕrdjangdjian njewakeun tanah noe lila. Ari atoeranana kieu:

*a.* Lamoen aja sawah anoe disewakeun lilana leuwih ti 6 taoen, oepama bae 14 taoen — di djĕro 6 taoen noe mimiti, eta sawah beunang digarap tĕroes, koe noe njewa; sanggeusna meunang gĕnĕp taoen, eta tanah dina oesoem ngidjih koedoe dipoelangkeun ka noe bogana pikeun dipĕpĕlakan pare, apĕsna doea tahoen sakali.

Soepaja leuwih tetela kieu katĕranganana: A njewakeun sawahna ka B pikeun 14 taoeneun; mimitina ti boelan April 1928 nĕpi ka 31 Maart 1942. Ti boelan April 1928 nĕpi ka boelan Sĕptember 1934, eta sawah meunang digarap tĕroes koe B, tapi ti boelan October 1934 nĕpi ka boelan April 1935 eta sawah koedoe dipoelangkeun ka A pikeun dipĕpĕlakanan. Sanggeus kitoe koe A koedoe dipoelangkeun deui ka B nĕpi ka boelan October 1937, tidinja dipoelangkeun deui ka A. Kitoe bae satĕroesna nĕpi ka kontrakna tea beak.

*b.* Sewaanana teu meunang koerang tina sewaan anoe pang saeutik-eutikna noe ditĕtĕpkeun koe Goepĕrnoer Djendral dina 5 taoen sakali. Anoe kasĕngkĕr koe ieu atoeran, ngan tanah anoe disewakeunana lila bae, lain tanah noe disewakeun pikeun sataoen atawa 3 ½ taoen, atawa tanah noe disewakeun pikeun djalan lori, pikeun djalan atawa solokan (25 taoeneun).

Dina Staatsblad 1918 No. 68 (Lampiran No. 9030), geus ditĕtĕpkeun sewaan tanah anoe pangsaeutik-eutikna sapĕrti anoe kaseboet di handap ieu.

Kapala Gewest nĕtepkeun sewaan tanah anoe pangsaeutik-saeutikna noeroetkeun harga sewaan dina sataoen-taoenna, kitoe oge lamoen katimbang pĕrloe, doemeh noe njewa djeung noe njewakeun hajang aja katĕtĕpan ti Pangagoeng.

Pikeun nĕtĕpkeun harga sewana dina sataoen, sewaan dina moesim ngidjih djeung dina moesim halodo koedoe dibedakeun; sarta tanahna dina sadistrikna² koedoe dibagi-bagi dikĕlas-kĕlas sapĕrti pikeun ngitoeng padjĕg boemi (landrente). Djadi sawah² anoe kaasoep kana hidji distrik sarta saroea kĕlasna sewaanana koedoe saroea.

Pikeun dina moesim ngidjih sewa sawah sabaoe dina wĕwĕngkon hidji distrik diitoeng noeroetkeun rata-ratana sanggeus dikoerangan sapĕrgĕnĕpna pikeun anoe dĕrĕp djeung dikoerangan deui koe:

1. sawĕlas datjin pare toehoer, nja eta lamoen beubeunangan kotor 26 pikoel atawa leuwih;
2. satĕngahna tina sesana lamoen beubeunangan kotor koerang tina 26 pikoel.

Rata-rata kotorna beubeunangan tina sawah-sawah noe aja dina wĕwĕngkon hidji distrik ditetĕpkeun koe kapala gewest noeroetkeun katĕrangan pikeun nĕtĕpkeun padjĕg boemi (landrente)

Ari rata² hargana tina eta beubeunangan kotor teh ditĕtĕpkeun koe kapala gewest keneh kalawan noeroetkeun harga pasar noe geus ditĕtĕpkeun pikeun ngitoeng gĕdena padjĕg boemi.

Pikeun nangtoekeun sewaan sawah dina moesim ngĕtjrĕk, oepamana bae eta sawah teh hĕnteu dipĕlakan pare, nja kitoe deui pikeun nangtoekeun sewaan dina moesim katiga, sabisa-bisa koedoe noeroetkeun itoengan beubeunangan tina maparo dina moesim biasa, hartina lain dina moesim hade nja kitoe deui lain dina moesim goreng. Sakoerang-koerangna sewaanana teh koedoe f 5.— djeung pangloehoerna f 25.—, tapi salawasna koedoe make titikĕlan tina f 5.— bae. Sawah dina wĕwĕngkon hidji distrik anoe dina moesim katiga tara dipĕlakan, sewaanana dina sabaoe pikeun moesim katiga ditĕtĕpkeun saringgit.

Lamoen kalolobaanana sawah dina wĕwĕngkon hidji distrik dina moesim halodo diparean kalawan aja katĕranganana tina hal eta anoe beunang dipĕrtjaja, sewaanana beunang ditĕtĕp-

keun sakoemaha sewa sawah anoe dipĕlakan pare dina moesim ngĕtjrĕk.

Djadi noeroetkeun atoeran anoe kasĕboet di loehoer, harga sewaan anoe pangsaeutik-saeutikna teh ditĕtĕpkeun pikeun sadistrik-sadistrikna pikeun samoesim-samoesimna.

Kalawan paidinna Direktoer B. B., kapala gewest meunang noeroenkeun atawa naekkeun sewaan sawah dina wĕwĕngkon hidji distrik, lamoen katimbang koe andjeunna jen sawah di eta distrik teh beubeunanganana leuwih saeutik atawa leuwih loba ti anoe geus dioendjoekkeun ka andjeunna. Ari nĕtĕpkeunana koedoe dibandingkeun djeung sewaan dina taoen noe ĕnggeus-ĕnggeus.

Noe matak Pamarentah ngadamĕl ieu atoeran taja lian ngan pikeun nangtajoengan noe baroga tanah bae, nja eta oerang Priboemi. Ari noe koedoe noeroet kana eta atoeran ngan anoe njewa bae, nja eta teu meunang koerang njewana ti noe geus ditĕtĕpkeun koe kapala gewest. Moenggoehing anoe baroga tanah meunang menta sewaan leuwih loehoer ti batan noe geus ditĕtĕpkeun.

*c.* Lamoen tanah anoe disewakeun teh waktoe dirobah sewaanana koe Goepĕrnoer Djendral, keur dipĕlakan koe noe njewa bagilir djeung noe sedjen, eta robahan teh didjalankeunana koedoe ĕnngke lamoen tempo noe lima taoen noe keur didjalanan tea geus liwat.

*d.* Iwal dina aja robahan sapĕrti noe kasĕboet di loehoer, sewaan noe kaoeni dina sub *c* teh koedoe dibajar pikeun sataoeneun-sataoeneun atawa samoesimeun-samoesimeun djeung dina sakali-kalina majar koedoe saroea lobana deui. Lamoen dibajar keur saoesoemeun-saoemeun, majarna teu meunang sanggeus tempo ngamimitian makena eta tanah, tapi lamoen pikeun sataoeneun-sataoeneun mah majarna teh dina oenggal taoen bae.

*e.* Eta sewaan teu meunang dibajar ti heula atawa di tadjongkeun kana bajaran (hoetang) noe ĕnggeus. Djadi pamajaran anoe soelaja tina eta atoeran hĕnteu dianggap sah sarta teu koedoe digantian deui.

Sawah kaloenggoehan teu meunang disewakeun pikeun lila-lila kadjaba lamoen eta sawah ajana dina wĕwĕngkon anoe kaidinan koe Goepĕrnoer Djendral pikeun eta.

Djaba ti eta Goepĕrnoer Djendral kawasa:

*a.* nětěpkeun wěwěngkon anoe tanahna teu meunang disewakeun leuwih ti 5 taoen, nja eta pikeun dipělakan bako boh rek bagilir djeung pěpělakan sedjen boh rek koe bako woengkoel;

*b.* maparin idin ka sawatara karěsidenan atawa sawatara těmpat anoe geus ditangtoekeun pikeun njewakeun sawah kaloenggoehan djeung sawah biasa pikeun dipělakan bako lilana teu leuwih ti 12 taoen, atawa teu leuwih ti lima taoen, lamoen eta karěsidenan atawa těmpat tea kaasoep kana wěwěngkon noe kasěboet dina *a*.

Pikeun nětěpkeun sabaraha lilana njewakeun tanah anoe koe asisten-rěsiden katimbang meunang disaroeakeun djeung tanah darat lantaran teu sabaraha katjaianana atawa lendona, anoe kitoe koedoe disaroeakeun djeung tanah darat bae, oelah disaroeakeun djeung sawah.

Lamoen hese ngira-ngirana, naha asoep kana golongan sawah atawa golongan tanah darat, anoe moetoes koedoe asisten-rěsiden.

## Atoeran desa njewakeun tanah.

Larangan njewakeun tanah.

Dina boeboeka geus ditjaritakeun jen Pamarentah teu meunang njewakeun tanah Goepěrěmen anoe geus kapimilik koe oerang Priboemi. Tapi sabalikna, Pamarentah oge teu ngidinan desa njewakeun tanahna anoe geus didoeoem-doeoem kalawan matok, těgěsna tanah anoe geus kapimilik koe somah pikeun salawasna. Ngan anoe meunang disewakeun koe desa teh nja eta:

*a.* tanah doeoeman bagilir satěngah matok, kitoe oge lamoen leuwih ti saparona ti anoe boga hak make tanah desa moepakat pikeun njewakeun eta tanah, sarta pikeun noe teu moepakat tea geus dipapantjenan tanah anoe saroea hargana atawa anoe meunang disaroeakeun djeung tanah anoe dipake koe maranehna;

*b.* tanah, lain tanah anoe noeroetkeun adat kabiasaan dipake koe somah, sanggeus dimoepakatkeun sarta tetela jen kalolobaanana ti noe boga hak meunang bagian tina tanah desa moepakat pikeun njewakeun eta tanah;

c. tanah kaloenggoehan, lamoen noe njĕkĕlna moepakat pikeun njewakeun eta tanah.

Tanah noe dipĕlakan kopi atawa tanah pangangonan teu meunang disewakeun boh koe desa boh koe noe boga hak kana eta tanah.

**Hal njewakeun tanah doeoeman atawa tanah kaloenggoehan.**

Tadi di loehoer noe ditjaritakeun teh hal njewakeun tanah desa koe desana sorangan. Ari noe rek ditjaritakeun ajeuna tina hal njewakeun tanah desa koe somah ka bangsa sedjen. Dina artikĕl 12 Ordonansi atoeran desa, disĕboetkeun jen somah anoe ngabogaan tanah desa djeung anoe boga tanah kaloenggoehan teu meunang njewakeun tanah ka bangsa Priboemi deui leuwih lila ti noe geus ditĕtĕpkeun pikeun miboga atawa njangking eta tanah. Tapi dina Ordonansi hal njewakeun tanah aja atoeran anoe ngidinan ka oerang Priboemi anoe boga tanah desa, atawa tanah kaloenggoehan pikeun njewakeun eta tanah ka lain oerang Priboemi sarta lilana leuwih tina waktoena miboga atawa njĕkĕl eta tanah. Hal ieu dina soerat kontrakna koedoe disĕboetkeun jen sapĕrtiloena atawa leuwih (koerang mah teu meunang) tina noe barogaeun hak make tanah desa geus moepakat pikeun njewakeun eta tanah sapĕrti anoe kasĕboet di loehoer. Tanah doeoeman bagilir satĕngah matok djeung tanah doeoeman bagilir teu meunang disĕwakeun pikeun leuwih ti 3½ taoeneun. Lamoen rek disewakeun leuwih lila ti sakitoe koedoe kalawan moepakatna desa.

Kitoe deui tanah kaloenggoehan meunang disewakeun koe noe njĕkĕlna pikeun 3½ taoeneun, kitoe oge lamoen karĕmpoegan koe loerah kalawan moepakatna somah. Dina hal noe sedjen-sedjenna deui, tanah teh ngan beunang disewakeun panglilana pikeun sataoeneun atawa saoesoemeun bae.

Lamoen aja tanah doeoeman atawa tanah kaloenggoehan disewakeun koe noe njangkingna, mangka njewakeunana teh teu kalawan make soerat kontrak deui, dimana noe njewakeunana teh beak tempo hakna kana njĕkĕl eta tanah, boh koe sabab geus nĕpi kana waktoena, boh lantaran maot atawa eureun tina pagaweanana, eta tanah beunang tĕroes dipake koe noe njewa nĕpi ka kaala hasilna, asal oelah liwat ti tempo njewana bae.

## Hal pĕrsĕkot.

Pikeun sawah noe disewakeun lilana koerang ti doea taoeneun sarta ditjadangkeun pikeun dipĕlakan, noe njewakeun teh teu meunang dibere pĕrsĕkot sewaan samemeh pilimawĕlas-boelaneun deui kana taoen kalendĕr waktoena eta tanah dipigawe atawa dipake.

Di loehoer geus ditjaritakeun jen sawah atawa tanah darat noe lain tanah kaloenggoehan, meunang disewakeun pikeun 3 ½ taoeneun atawa 12 taoeneun, lamoen baris dipĕlakan. Tanah darat meunang disewakeun nĕpi ka 25 taoen lilana lamoen rek dipake djalan lori atawa solokan. Djeungna deui geus ditĕrangkeun, jen Goepĕrnoer Djendral maparin idin ka sawatara gewest atawa bagian-bagian gewest, pikeun njewakeun sawah kaloenggoehan atawa sawah sedjen lian ti eta nĕpi ka 12 taoen lilana, asal noercetkeun atoeran njewakeun lila bae, lamoen eta tanah teh arek dipĕlakan bako; dina hal noe sedjen-sedjen njewakeun tanah teh panglilana ngan nĕpi ka 5 taoen, lamoen eta tanah ajana di wĕwĕngkon tanah noe teu beunang disewakeun pikeun dipĕlakan bako lilana leuwih ti 5 taoen.

Koe lantaran eta, dina njewakeun tanah anoe saroepa kitoe, pĕrsĕkot sewaan teh teu meunang leuwih ti sataoeneun atawa saoesoemeun, sarta teu meunang dibajar samemeh pilimawĕlas-boelaneun deui kana taoen kalendĕr waktoena eta tanah dipigawe atawa dipake.

## Hal ngoeatkeun pĕrdjangdjian.

Pĕrdjangdjian njewa tanah teh tatjan meunang didjalankeun lamoen tatjan dikoeatkeun koe asisten-rĕsiden atawa amtĕnar B. B. noe sedjen noe kapapantjenan eta pagawean koe kapala gewest, tapi ari sewaananana mah meunang dibajar ti heula. Ari ngoeatkeunana koedoe dipĕrtelakeun dina sabeulahna soerat kontrak.

Amtĕnar-amtĕnar anoe kasĕboet di loehoer, meunang nolak soerat panoehoen pikeun ngoeatkeun soerat kontrak, nja eta dina hal-hal anoe ditĕrangkeun di handap ieu:

1e. lamoen eta soerat kontrak didjieunna teu noeroetkeun atoeran anoe geus ditĕtĕpkeun atawa pĕrdjangdjiananana soelaja ti noe

AJEUNA DJOERAGAN NINGALI IEU

GAMBAR DITEMPELKEUN
|| DI MANA-MANA ||




NJA ETA TĔMPAT NGADJOEAL

**TEMBACO SHAG DOBBELMANN**

NOE PANGKASOHORNA



Sebagian ketjil dari pada kanak-kanak jang dididik dalam Roemah Pendidikan kanak-kanak di Tangerang, sedang beladjar mengerdjakan besi.



Sebagian ketjil dari pada kanak-kanak jang dididik dalam „Roemah Pendidikan kanak-kanak" di Tangerang, sedang beladjar mendjahit.

# TOKO LAMPOE FIRMA JOSEPH RUTE, SOERABAJA

Toko anoe ngaloearkeun roepi² lampoe gasolin, anggoëun di pakarangan boemi sarĕng pakarangan pabrik.

Prijscourant agĕng nganggo gambar sarĕng dieusi atoeran masangkeun sarĕng ngoeroesna lampoe-kompa (druklicht installatie), baris dikintoenkeun pĕrtjoemah ka soegri anoe moendoet



LANTERA GASOLINE-RUTE „STORMKING"

Lĕngkĕp katoet kompana . . . . . . f 13,—

geus diatoer koe Ordonansi hal njewakeun tanah atawa oendang-oendang noe sedjen lian, ti eta;

2e. lamoen kaoeninga koe amtĕnar anoe kapapantjenan ngoeatkeun eta soerat akte, jen, anoe njewakeun teh lain anoe boga hak kana eta tanah atawa eta tanah teh disewakeun teu kalawan idinna noe boga;

3e. lamoen kaoeninga koe eta amtĕnar (nja eta dina hal njewakeunana eta tanah teh teu kalawan make soerat kontrak deui) jen anoe njewakeun djeung noe njewa teu bisa sapagodos, lantaran anoe njewakeun teh hĕnteu wĕnang atawa hĕnteu bisa njieun, pĕrdjangdjian;

4e. lamoen geus aja soerat kontrak anoe geus meunang kakoeatan sarta dina eta soerat kontrak disĕboetkeun jen eta tanah teh geus disewakeun ka noe lian;

3e. lamoen, kaoeninga koe eta amtenar anoe matak eta tanah disewakeun teh lantaran kapaksa, kabobodo atawa kabalingĕr;

6e. lamoen kaoeninga koe eta amtĕnar jen noe njewakeun teh pangna bisa ngabogaan, eta tanah dipangmeulikeun koe noe njewa, lantaran noe njewa boga maksoed hajang make tanah Priboemi saĕndĕngna;

7e. dimana kadjadian dina oesoem hoedjan djoemlah sawah djeung tanah darat anoe disewakeun di sadesa atawa sakampoeng leuwih ti sapĕrtiloena;

8e. lamoen dina soerat kontrakna aja pĕrdjangdjian kieu:
   *a.* jen eta tanah sanggeus beak kontrakna koedoe disewakeun deui;
   *b.* jen noe njewakeun pikeun kapĕrloean noe njewa koedoe ngagarap djeung mĕlakan tanah anoe baris dipĕlakan, bako, atawa koedoe ngasoepan hasil tatanen ka noe njewa salilana kontrakna tatjan beak;
   *c.* kalawan tĕroes tĕrang atawa balibir, jen aja tanah anoe teu kasĕboet dina soerat kontrak disewakeun, atawa aja pĕrdjangdjian pikeun tĕroes make liwat ti tiloe boelan tina kontrakna tea.

9e. lamoen eta pĕrdjangdjian njewakeun tanah teh katimbang koerang hade pikeun Nagara.

Oepamana bae aja sahidji onderneming, seug noe bogana teh ganti, sarta eta onderneming geus njewa tanah sakoemaha noe kasĕboet di loehoer, djalma noe anjar teh — noe boga eta onderdeming — lamoen rek tĕroes njewa eta tanah, manehna koedoe

nĕrangkeun di pajoeneun asisten-rĕsiden atawa amtĕnar anoe kapapantjenan ngoeatkeun soerat-soerat kontrak njewakeun tanah jen panoedjoe kana sagala pĕrdjangdjian noe kasĕboet dina eta soerat kontrak; eta katĕrangan-katĕrangan tea koedoe ditoeliskeun dina prosĕs-pĕrbal.

Noe boga djeung oeroet noe boga eta onderneming masing-masing pada baroga tanggoengan pikeun majar sewaan eta tanah.

## Hal masrahkeun tanah.

Tanah anoe disewakeun teh dianggap geus dipasrahkeun ka noe njewa samangsa-mangsa geus nĕpi kana poëna ngamimitian djalanna waktoe anoe kasĕboet dina soerat kontrakna tea, atawa lamoen soerat kontrakna tatjan dikoeatkeun, ti mimiti eta soerat dikoeatkeun. Sarta dina poëan kontrakna beak eta tanah dianggap geus dipoelangkeun deui ka noe boga.

## Kawadjiban anoe njewa djeung noe njewakeun tanah.

Lamoen anoe disewa teh tanah kaloenggoehan sarta njewana lain ti desa, oepamana bae noe boga eta tanah kaloenggoehan teh maot atawa eureun tina gawena, anoe njewa koedoe mere ganti karoegian ka noe ngaganti noe maot atawa eureun tina pagaweanana tea; ari lobana koedoe noeroetkeun gĕdena pisewaeun eta tanah diitoeng ti mimiti djalma noe anjar tea bogaeun hak kana eta tanah nĕpi ka meunang dipake koe manehna.

Noe njewa koedoe ngoeroes kana tjiri-tjiri, tanda wawatĕsanana tanah anoe disewa noeroetkeun sakoemaha pamoendoet asisten-rĕsiden. Lamoen anoe njewa hĕnteu noeroet, eta pangagoeng meunang miwarang noe sedjen ngomean eta tjiri-tjiri watĕs tea kalawan ongkos anoe njewa. Djaba ti eta anoe njewa nanggoeng ongkos sagala kadjadian, boh anoe geus kataksir ti tadina atawa anoe datangna ngadadak, iwal lamoen dina soerat kontrakna aja pĕrdjangdjian sedjen.

Ari anoe wadjib majar padjĕg eta tanah djeung migawe pagawean desa anoe bakoe mah anoe boga tea bae, kadjaba lamoen antara noe njewakeun djeung noe njewa aja badamian sedjen.

Taja bedana djeung hal-hal sedjen lian ti oeroesan ieu, soepaja atoeran-atoeran anoe kaoeni dina Ordonansi hal njewakeun tanah diarestokeun, Pangagoeng geus nětěpkeun hoekoeman-hoekoeman pikeun anoe ngarěmpak eta atoeran saperti di handap ieu: Oerang asing anoe make tanah atawa nitah make tanah oerang Priboemi, heug soelaja tina atoeran-atoeran anoe geus ditětěpkeun baris dihoekoem děngda pangloehoerna něpi ka f 100.— sarta barang anoe aja dina eta tanah beunang dirampas boh sakabehna atawa sabagianana asal eta barang-barang tea bogana noe make atawa noe nitah make eta tanah.

## IV. Hal make tanah Goepěrěmen noe teu sah.

### A. *Atoeran anjar pikeun njěgah oerang asing make tanah Goepěrněmen kalawan djalan noe teu sah.*

Saěnjana Pangagoeng teh geus oeningaeun jen loba oerang asing noe marake tanah Goepěrněmen koe djalan anoe hěnteu sah. Ari djalanna tea roepa-roepa pisan, kajaning nitah meuli tanah ka indoengna doemeh indoengna tea oerang Priboemi atawa ka njai-njaina, malah tampolana mah anoe dititah meuli tanah teh hěnteu hir teu walahir atjan, hěnteu aja katarikna pedah djadi kapěrtjajaan bae. Dina kaejadian kieu, biasana anoe dititah meuli eta tanah teh sok disina nekěn obligatie, ari harga gadeanana noeroetkeun sakoemaha harga eta tanah bae. Lamoen eta tanah teh hargana f 2000.—, obligatiena oge f 2000.— deui. Ari maksoedna noe matak nekěn obligatie, nja eta soepaja eta tanah bisa těroes dilelangkeun teu kalawan pěrkara heula, dimana noe njěkěl eta tanah katembongna geus teu beunang dipěrtjaja deui.
Pěta noe saroepa kitoe teh taja lian ngan pikeun njetjepo hoekoem bae, sabab saěnjana oerang asing teh kawěngkoe koe hoekoem sipil pikeun oerang Eropa, boh sama sakali boh pikeun sawatara hal bae, djadi teu meunang ngabogaan tanah kalawan make hak milik atawa hak jasa.

Koe sabab eta Pamarentah ngadawoehkeun sakoemaha anoe kaoeni dina ordonansi 14 Februari 1912 (Staatsblad No. 177, Staatsblad 1917 No. 497 artikěl 6, djeung Staatsblad 1917 No. 197), jen oerang asing teu meunang make atawa nitah make tanah Goepěrněmen kalawan ngala hasilna, lamoen manehna hěnteu bisa

nĕrangkeun jen eta tanah teh katjangking koe eigendom, erpah djst. Eta ordonansi geus nĕtĕpkeun hoekoeman pikeun noe ngarĕmpak atoeran-atoeran anoe kasĕboet di loehoer, nja eta baris ditoetoep panglilana 3 boelan.

Pikeun oerang asing anoe geus make tanah Goepĕrnĕmen samemeh eta ordonansi-ordonansi tea didjalankeun, dibere tempo sataoen lilana pikeun moelangkeun eta tanah ka Goepĕrnĕmen atawa pikeun menta hak eigendom, erpah djst. Eta tempo anoe sataoen tea, lamoen dipenta meunang ditambahan deui koe asisten-rĕsiden.

B. *Idin pikeun oerang asing njieun adĕg-adĕgan (opstal) dina tanah pakarangan.*

Asisten-rĕsiden meunang maparin idin ka oerang asing anoe teu mampoeh pikeun make tanah pakarangan anoe geus ditjitjingan koe manehna, lilana nĕpi ka eta tanah dipoendoet deui koe Nagara. Eta paidin keunana ngan ka djalma anoe njitjingan eta tanah bae. Dina Staatsblad 1912 No. 176 ditĕrangkeun jen eta opstal teh lilana hĕnteu meunang leuwih ti 30 taoen, tapi lamoen dina sataoen-taoenna noe njitjingan teh bisa majaran 2% tina hargana eta tanah, eta tanah teh bakal djadi milikna (eigendom). Dimana tempo anoe tiloe poeloeh taoen tea geus beak, eta tanah koedoe dipoelangkeun deui ka Nagara. Imah djst., nja kitoe deui pĕpĕlakanana noe aja dina eta tanah koedoe dileungitkeun, kadjaba lamoen Goepĕrnĕmen kĕrsaeun nampa atawa pĕrloe nganggo eta imah atawa adĕg-adĕgan sedjen lian ti eta boh pĕrloe kana pĕpĕlakanana, kakara beunang diantĕp.

Eta atoeran meunang dikeunakeun kana tanah Goepĕrnĕmen noe lain tanah pakarangan sarta noe dipake koe oerang asing, lamoen dipakena eta tanah teh ti samemeh aja ordonansi 14 Februari 1912 (Staatsblad No. 172).

Kadjaba ti eta asisten-rĕsiden meunang maparin idin ka oerang asing noe teu mampoeh pikeun tĕroes make tanah Goepĕrĕmen anoe rek didjieun pakarangan, nĕpi ka kapoendoet deui koe Nagara. Noe make tanah noe saroepa kitoe teu koedoe majar naon-naon. Ari noe nĕtĕpkeun bĕnĕr-hĕnteuna eta djĕlĕma pang teu bogana djeung tanah noe koemaha noe disĕboet pakarangan, nja eta asisten-rĕsiden.

## C. *Hal njewakeun tanah anoe hĕnteu sah.*

Dina Staatsblad 1924 No. 240 disĕboetkeun jen sakabeh kapala gewest — iwal ti rĕsiden Soerakarta djeung Djogjakarta — atawa amtĕnar-amtĕnar B. B. sedjen anoe katoedoeh koe kapala gewest, kawasa pikeun njewakeun tanah Goepĕrnĕmen ka bangsa asing anoe harita geus make eta tanah kalawan hĕnteu sah, sarta koedoe make pĕrdjangdjian beunang nangtoekeun kapala gewest; ari lilana nĕpi ka eta tanah dipoendoet deui koe Nagara. Eta tanah kakara beunang disewakeun, lamoen:

1e. eta tanah tatjan kawĕngkoe koe hak noe lian — lain Goepĕrnĕmen;

2e. eta tanah noeroetkeun oendang-oendang atawa atoeran Pamarentah beunang dibikeun ka bangsa sedjen pikeun didjieun eigendom atawa opstal;

3e. eta tanah hĕnteu dipiboga koe Departement van Oorlog atawa Marine boh lain tanah S. S., teu kaasoep kana wĕwĕngkon anoe hiroep sorangan (gemeente djst.) djeung deui hĕnteu kaasoep tanah atawa wĕwĕngkon palaboean;

4e. noeroetkeun pamanggihna kapala gewest hĕnteu pantĕs djalma anoe make eta tanah disanggakeun ka pangadilan lantaran ngarĕmpak oenina ordonansi tanggal 14 Februari 1912 Staatsblad No. 177.

## D. *Atoeran anjar pikeun djalma noe marake tanah noe hĕnteu san.*

Geus tetela pisan jen loba oerang asing anoe make tanah darat kagoengan Nagara anoe hĕnteu sah: Koe sabab eta geus ditĕrangkeun dina soerat Pamarentah 3 September 1925 No. 5 (bijblad 11015), jen sakabeh kapala gewest — iwal ti rĕsiden Soerakarta djeung Djogjakarta — sarta amtĕnar-amtĕnar B. B. sedjen anoe katoedoeh koe kapala gewest, kawasa njewakeun tanah darat kagoengan Nagara ka oerang asing anoe make eta tanah teu kalawan sah. Ari njewakeunana tea koedoe kalawan pĕrdjangdjian anoe ditĕtĕpkeun koe kapala gewest sarta teu meunang leuwih ti 20 taoen, djeung

1e. eta tanah tatjan kawĕngkoe koe hak noe sedjen (lain Goepĕrĕmen);

2e. noeroetkeun atoeran Pamarentah, eta djalma teh teu bisa ngabogaan eta tanah koe djalan sedjen nĕpi ka sahna, tapi lamoen ngingĕtkeun ongkos anoe geus dikaloearkeun koe manehna, pantĕs eta djalma diidinan ngoendoeh hasil eta tanah pikeun sawatara waktoe;

3e. lain bogana Departement van Oorlog atawa Marine, S. S. boh hĕnteu asoep kana wĕwĕngkon noe hiroep sorangan djeung hĕnteu kaasoep kana wĕwĕngkon palaboean;

4e. noeroetkeun timbangan kapala gewest, djalma anoe make eta tanah teh hĕnteu pipantĕseun, disĕrahkeun ka pangadilan.

---

*Lamoen panjakit anoe ngaroeksak hiroep koemboeh hĕnteu ditjaritakeun tĕroes tĕrang, teu beda djeung panjakit djĕlĕma noe teu kaboeka bae, moal beunang disinglar atawa dioebaran.*

---

*Pĕrtjaja ka diri, mantĕp kana pakarĕpan, ihtiar sakoeat-koeat, eta tiloe sarat anoe djadi djalan kana laksana pamaksoedan.*

# 19. BOEKOE DOKTOR.

## a. KAWARASAN.

*Kawarasan teh lir oepami djangkarna kasĕnangan, kamoekten djeung kasoegĕmaan; pokona kasalamĕtan badan djeung kasalamĕtan ati; bibitna kadaek djeung kakoeatan kana digawe.*

Aja saoer sĕpoeh: „........... moega-moega masing pait daging pahang toelang, parĕk rĕdjĕki djaoeh balai”.

Djadi ti baheula keneh, kawarasan teh dianggap pĕrkara anoe pangpĕrloe-pĕrloena, leuwih manan rĕdjĕki, alah batan teu keuna koe balai. Padahal alam harita, karoehoen oerang tatjan sakitoe ngadjina kana hal kawarasan, hĕnteu tjara alam ajeuna. Parandene kitoe nganggapna kana kawarasan geuning leuwih manan kana rĕdjĕki, boektina disĕboetna oge diheulakeun: masing pait daging pahang toelang, tĕgĕsna oelah keuna koe kasakit.

Komo ari tjara bangsa Eropa mah mĕrloekeunana kana kawarasan teh, da poegoeh geus ti baheula keneh ngaradjina oge. Pirang-pirang paribasa djeung babasan anoe djadi lapad agĕman, anoe ditaloetoerkeun didjieun patokan dina hiroepna. Aja paribasana anoe maksoedna kieu: „Pikir noe adjĕg, ajana ngan di djĕlĕma noe sehat”. Aja oerang Eropa anoe sasaoeran kieu: „Mangga pilih koe andjeun, palaj sawĕrga, palaj doenja? mangga bae tjandak! Koering mah moeng hajang kawarasan bae hidji.”

Eta kabeh taja lian ngan noedoehkeun adjenna kasehatan, gĕde katjida, panggĕde-gĕdena, pangpĕrloe-pĕrloena pikeun manoesa.

Koe hal eta, oerang wadjib ngadji hal kawarasan, da tetela kapan sakitoe pĕrloena keur kasalamĕtan diri oerang.

Oentoeng pisan Volksalmanak ajeuna bisa mĕdar hal kawarasan noeroetkeun pamĕndakna toean Adviseur Roemah-Sakit, anoe djadi lid Commissie Volkslectuur.

Na koedoe koemaha oerang ngoeroes kawarasan teh?

Eta hĕnteu gampang. Tapi lamoen oerang daek, moal teu bisa. Mimitina oerang koedoe nganjahokeun naon noe hade djeung

naon noe goreng pikeun kawarasan. Hal ieu aja elmoena, nja eta anoe disëboet koe Walanda „Hygiëne" anoe pisoedaeunana „Elmoe Kawarasan" tea. Tjeuk eta elmoe koedoe dikanjahokeun naon noe pĕrloe pikeun djĕlĕma sangkan haroerip hiroepna, sarta koedoe dibarĕngan koe ngadangdanan kapĕrloean hiroepna deui. Ari nganjahokeunana nja koe ngajakeun roepa-roepa pamariksaan djeung koe ngaloearkeun atoeran-atoeran noe pĕrloe.

Noe djadi loeloegoe dina elmoe kawarasan teh aja tiloe pĕrkara, nja eta: hal tjai inoemeun, hal adĕgan imah djeung hal mĕrangan atawa ngadjaga panjakit anoe sok tepa. Handjakal di oerang loba keneh bangsa Priboemi anoe teu goemati kana atoeran kawarasan, aja noe lantaran koerang kanjaho, aja noe koe sabab ngabaekeun bae. Koe sabab kitoe, nja Pamarentah ngajakeun Kantor Kasehatan di Batawi djeung pirang-pirang kantor noe laleutik di sedjen-sedjen tĕmpat; amtĕnar-amtĕnarna katjida lobana. Ari papantjenna eta amtĕnar-amtĕnar teh koedoe nitenan soepaja atoeran Nagara tina hal kawarasan rajat ditaroeroet, oelah digagabahkeun atawa dipake mokaha lantaran koerang kahartieunana koe somah atawa lantaran djalma ĕmboeng hese. Sakapeung mah sok aja oge atoeran Nagara anoe teu bisa ditoeroet koe somah sabab gĕde teuing ongkosna. Lamoen aja kadjadian anoe saroepa kitoe, Pamarentah hĕnteu ngantĕp, rĕmĕn pisan maparin pitoeloeng koe djalan ngabajong-bajong piongkoseunana, boh koe maparin ngindjeum, noe beunang ditjitjil majarna. Tjontona di Djawa-Tĕngah djeung Djawa-Wetan, Pamarentah teu saeutik ngaloearkeunana doeit ngabajong-bajong somah ngabasmi panjakit pest djeung di Banjoemas ngabasmi panjakit tjatjing majang (mijnworm).

Beuki loba kanjaho oerang tina hal kawarasan, tambah njongsrong kana noeroet parentah Nagara noe patali djeung kapĕrloean kawarasan. Koe sabab eta, katjida pĕrloena oerang nganjahokeun noe djadi sarat kawarasan teh.

Loeloegoena noe matak djadi hoerip teh aja tiloe pĕrkara, nja eta: hawa bĕrĕsih, kadaharan anoe hade, djeung tjai bĕrĕsih.

Di antara anoe tiloe tea anoe pangmoerah-moerahna djeung panggampang-gampangna ngan hawa bĕrĕsih, tapi sanadjan kitoe katjida matak teu kahartina doemeh masih loba keneh bae anoe tjitjing dina imah anoe beunang disĕboetkeun tara kaasoepan hawa bĕrĕsih; biasana imah oerang Priboemi mah tara djandelaan-djandelaan atjan, kawoewoeh di djĕrona sok aja hawoe sa-

gala roepa, eukeur mah tadina oge hawana teh geus kotor katambah koe haseup malikbĕk teu bisa bidjil, atoeh beuki kotor bae.

Rĕmĕn pisan kadjadian loba bangsa oerang noe garĕring, tjaritjing di imah anoe meh teu kaasoepan koe hawa. Pĕta kitoe teh katjida koerang hadena, sabab komo pikeun anoe gĕring, dalah keur noe tjageur oge matak meunang panjakit moen meunang hawa anoe koerang hade teh. Djadi angot pikeun anoe gĕring mah, koemaha arek bisa tjageurna.

Geura oerang tjaritakeun hal kaajaan hawa. Dina hawa teh aja hidji bagian anoe disĕboet koe Walanda „zuurstof". Lamoen oerang ngambĕkan eta zuurstof dina djĕro bajah misah tina bagian-bagian hawa noe sedjen, tĕroes njaksrak di djĕro awak ngabĕrĕsihan gĕtih. Hawa anoe kaloear deui tina iroeng geus teu mawa zuurstof, tapi mawa „koolzuur" noe teu aja goenana pikeun djĕlĕma, malah bisa djadi ratjoen lamoen loba mah.

Koemaha kadjadianana ajeuna lamoen aja hidji djĕlĕma tjitjing di djĕro kamar anoe ditoetoep sarta teu kaasoepan hawa?

Hawa anoe aja di djĕro eta kamar moal lila oge beak zuurstofna, sarta djĕlĕma noe aja di djĕro eta kamar tangtoe paeh, ngan hal ieu arang langka kadjadian, lantaran hĕnteu loba wawangoenan anoe hĕnteu bisa kaasoepan hawa, karana sanadjan ditoetoep oge sok aja bae djalan hawa asoep mah, tina liang bilik tea, tina sĕla-sĕla panto djeung salianna ti eta; tah kitoe sababna noe matak eta djĕlĕma hĕnteu paeh teh; tapi nja kitoe deui, moal bisa sehat pisan. Tjindĕkna ka djĕro imah pĕrloe pisan hawa ti loear bisa asoep, soepaja oerang salawasna meunang hawa anoe hade pikeun ngadjaoehkeun panjakit.

Di kampoeng-kampoeng loba pisan djĕlĕma anoe katĕrap koe batoek gangsa. Eta panjakit memang gantjang pisan tepana, tapi lamoen imah bangsa oerang didjandelaan mah mokaha, eta panjakit teh bisa oge ngoerangan. Djeung imah anoe didjandelaan teh di djĕrona sok tjaang, teu paroĕk. Djĕlĕma pĕrloe meunang tjahja panonpoĕ. Geuning tatangkalan atawa sasatoan oge anoe hariroep di tĕmpat noe poĕk, sok aloem djeung sĕpa atawa pias, nja kitoe deui djĕlĕma.

Soepaja oelah gantjang katĕrap koe panjakit, awak oerang koedoe koeat. Koe sabab eta katjida hadena lamoen oerang daek kana sport pikeun ngadjalankeun gĕtih; geuning lamoen oerang keur tjape, ambĕkan oerang sok gantjang, eta hartina awak oe-

rang leuwih loba makena hawa. Ana tambah loba hawa anoe kapake koe oerang, beuki loba zuurstof anoe asoep pikeun ngabĕrĕsihan gĕtih deui. Djadi sport teh goenana pikeun nambahan hadena djalan gĕtih sarta djeung bĕrĕsihna deui. Handjakal loba djĕlĕma anoe teuing ngagĕdekeunana kana sport teh, nĕpi ka teu aja waktoe deui eukeur pagawean sedjen; padahal oerang teh kapan moal bisa hiroep koe sport woengkoel, loba deui pagawean anoe leuwih mangpa'at, kajaning: tatanen, dagang, digawe di kantor-kantor djeung patjabakan sedjen lian ti eta.

Tadi di loehoer geus ditjaritakeun, jen kadaharan teh koedoe patri, teu koedoe noe ngeunah atawa noe mahal hargana boh noe hade ngolahkeunana bae, tapi koedoe noe pĕrloe pikeun kakoeatan awak oerang. Kadaharan oerang kampoeng, iwal ti dina moesim paila mah loembrahna beunang disĕboetkeun hade, nadjan teu matak pikabitaeun oge.

Di kota anoe galĕde pikeun noe malarat mah soesah pisan meunang kadaharan anoe hade teh, lantaran lolobana bangsa noe teu kabeuli bae. Koe sabab eta loba djalma pangeusi kota anoe roeksak djeung halengker djeung parĕre, lantaran kadaharanana koerang hade djeung sakapeung mah tara tjoekoep-tjoekoep atjan. Koe sabab eta tangtoe bae djalma anoe karitoe mah gampang katĕrapna koe kasakit.

Ajeuna kantor kasehatan katjida noelatenanana kana dagangan di kota-kota. Kadaharan-kadaharan anoe geus teu beunang didahar lantaran boeroek, bari atawa lantaran naon bae, teu meunang didjoeal; ari ngadjagana babakoena di pasar-pasar. Djaba ti eta kantor kasehatan geus nitenan kadaharan naon noe matak djadi kakoeatan, sarta baris dibewarakeun ka djĕlĕma rea: naon anoe koedoe didahar, sabaraha lobana djeung kadaharan naon noe teu sabaraha matak djadi kakoeatanana sarta beunang diganti koe noe matak katjida koeatna. Ari sababna noe matak dititenan lantaran teu salawasna kadaharan anoe mahal hargana leuwih hade pikeun kakoeatan badan ti batan anoe moerah.

Tjik koemaha lamoen aja kadaharan anoe leuwih moerah toer leuwih hade pikeun kakoeatan tinimbang anoe mahal, mana anoe rek ditjokot?

Lĕbah dieu geus beunang ditangtoekeun jen oerang bakal njokot anoe moerah, lain? Tapi ketah, wantoening djĕlĕma, nja hĕnteu kitoe, lantaran sok loba djalma anoe ngarasa era atawa hina lamoen dahar kadaharan anoe moerah teh, sanadjan manehna

njahoëun jen leuwih hade batan anoe biasa dibeuli koe manchna oge.

Tjontona: lamoen di roemah sakit disadiakeun sangoe beureum, loba pisan anoe sok nolak, madjar maneh teh: teu toeman, di imah oge tara dahar sangoe beureum atawa woeloeh, noe kitoe mah kahakanan noe malarat, pokna teh.

Saĕnjana sangoe beureum atawa woeloeh teh leuwih gĕde mangpa'atna pikeun kawarasan ti batan sangoe bodas. Hal ieu geus ditaloengtik kalawan tĕlik, ngahadja ditjoba-tjoba, ari ngadjadjalna kana sasatoan. Sato noe diparaban beas beureum atawa beas woeloeh, tara katĕrap koe biri-biri. Dĕmi sababna nja eta lantaran beas beureum atawa beas woeloeh mah masih aja keneh koeloemoedan. Naha doemeh aja koeloemoedan bĕt leuwih hade batan beas noe taja koeloemoedan? Sabab tjitjingna atji anoe pĕrloe keur kakoeatan teh nja dina koeloemoed tea. Lamoen eta beas disosoh nĕpi ka bodas atawa digiling, koeloemoedna tea beak, nja kitoe deui atji anoe kasĕboet di loehoer oge miloe kapitjeun, djeung hoeoet. Koe sabab eta saĕnjana beas bodas teh koerang paedahna pikeun oerang mah, gĕde keneh bakatoel anoe koe oerang sok dipitjeunan tea.

Hal ieu tatjan loba anoe tĕrangeun. Di roemah-roemah sakit anoe tatamba masih keneh bae dibere sangoe bodas, lain sangoe beureum anoe leuwih gĕde mangpa'atna tea. Sok radjeun oge di roemah sakit anoe garĕring dibere sangoe beureum, tapi biasana sok saralah tampa; disangkana dibere sangoe beureum teh sabab leuwih moerah hargana bae, malah sok aja noe boga rasa diteungteuinganan, madjar maneh: abong-abong ka noe gĕring. Tapi dimana oerang geus tĕrang jen sangoe beureum teh leuwih gĕde paedahna batan noe bodas, meureun moal ngarasoela kitoe, bisa djadi sabalikna, lamoen teu meunang sangoe beureum teh meureun marenta.

Saĕnjana lain ngan dina hal kadaharan bae, tapi dina hal milih tjai oge oerang koedoe ati-ati pisan. Loba tjai anoe kotor — lolobana kotor, koe kokotor djĕlĕma — bisa ngadatangkeun kasakit anoe gĕde pisan bahajana ka manoesa: sapĕrti: kolera, tipĕs (menter), tadjam djst. Koe sabab eta, Pamarentah, raad provincie, gemeente, kaboepaten djeung babagian nagara noe sedjen, noe kapapantjenan ngoeroes imah-tangga djeung bahroetĕng koe andjeun, kabeh pada noelatenan soepaja rahajatna meunang tjai bĕrĕsih pikeun inoemeun. Tapi nadjan kitoe oge rĕmĕn keneh

bae oerang manggihan — komo di kota-kota noe galĕde — djĕlĕma sok karĕkĕmoe, ngisikan atawa koekoembah bari mandi di waloengan atawa solokan anoe tjaina katjida kotorna.

Babakoena panjakit dina beuteung anoe sok tepa teh, nĕrĕkabna lantaran diliarkeun koe tjai. Koe sabab eta dina moesim kolera, tipĕs (menter) djeung tadjam, pĕrloe tjai inoemeun atawa keur kĕkĕmoe teh koedoe ditaheur heula, malah ari hadena pisan mah lain ngan keur moesim panjakit bae, tapi salawasna tjai teh koedoe ditaheur heula, kadjaba lamoen oerang boga tjai ledĕng anoe bĕrĕsih. Tjai waloengan atawa tjai soemoer anoe kiroeh, koedoe disaring heula samemeh ditaheur teh, oelah ditaheur samemeh disaring sapĕrti noe galib di oerang, sabab tjai anoe disaring teh ĕnja ari djadi herang tea mah, tapi djaram-djaram anoe matak ngadjadikeun panjakit teu paraeh sarta miloe djeung tjai, njĕrĕp kana batoe saringan nadjan teu katembong oge. Sanggeus ditaheur kakara eta djaram-djaram teh paraeh, tapi lamoen tjaina tĕroes disaring deui koe saringan noe tadi, bisa djadi kaasoepan deui djaram-djaram bibit panjakit.

Ajeuna geus tetela pisan, naon sababna noe matak tjai koedoe bĕrĕsih, kadaharan koedoe patri djeung hawa koedoe bĕrĕsih teh. Tinggal njaritakeun kasakit anoe sok tepa djeung anoe loembrah di oerang. Eta teh djoemblahna teu saeutik, koe sabab eta, di dieu ngan rek disĕboetan anoe pĕrloe pisan bae, kajaning: malaria (moeriang), tipĕs (menter), tadjam, kolera, pes, panjakit tjatjing majang, patek, batoek gangsa djeung sedjen-sedjenna djaba ti eta. Koemaha djadina eta panjakit, djeung naon sababna, geus dipariksa djeung dititenan koe noe palintĕr, sarta geus meh kapanggih kabeh deuih, malah oebarna oge geus aja. Tapi oelah kena-kena geus aja oebarna toeloej oerang mokahaan, sabab oetamana pisan mah oerang koedoe bisa ngadjaga badan sangkan oelah katĕrap koe kasakit ti batan tatamba sanggeus gĕring. Babakoena anoe koedoe dikanjahokeun koe oerang teh koemaha tarekahna sangkan djaoeh tina kasakit. Ari nganjahokeunana oerang koedoe loba matjaan boekoe-boekoe tina hal kawarasan, sapĕrti boekoe-boekoe kaloearan Bale Poestaka:

*Kasakit Pest di Poelo Djawa djeung pikeun panoelakna,* S. No. 169, hargana ngan f0.05.

*Bab kasakit awewe,* S. No. 228b; hargana f 0.10.

Ngoeroes boedak noeroetkeun atoeran kawarasan badan, S. No. 231; hargana f 0.25.

*Bab njĕgah nginoem arak*, S. No. 345; hargana f 0.50.

*Elmoe kawarasan*, S. No. 447; hargana f 0. 40.

Anoe leuwih lĕngkĕp karangan Prof. P. C. Flu, tina hal *„Kasehatan dalam kampoeng"*, djilid I djeung djilid II.

Djilid I, S. No. 382, hargana f 0.75; djilid II, S. No. 382a; hargana f 1.—

Lamoen oerang geus matja eta boekoe, oerang bakal njaho, jen soepaja oelah katĕrap koe malaria, misilna, oerang koedoe sare dina djĕro koelamboe; soepaja oelah katĕrap koe kasakit pes, di imah oerang oelah aja beurit; soepaja oelah tadjam, kadaharan koedoe ditoetoep sangkan oelah dieunteupan laleur; soepaja oelah tipĕs (menter), tjai inoemeun djeung soesoe entjer koedoe ditaheur heula. Eta kabeh koedoe ditalingakeun, sabab lamoen teu ditoeroet bisa djadi oerang gĕring; djeung dimana oerang gĕring oelah sok ditoenggoekeun nĕpi ka parnana ,tapi koedoe boeroe-boeroe menta pitoeloeng doktor, sarta menta dirawat di roemah sakit.

Bareto mah ĕnja kaajaan di roemah sakit teh hĕnteu sakoemaha hadena, malah anoe asoep ka roemah sakit teh, beunang disĕboet ngan woengkoel djĕlĕma anoe tatoe atawa awewe anoe bangor djeung djĕlĕma anoe malarat bae; djĕlĕma anoe mampoeh atawa noe aja kasĕboetna mah teu daraekeun arasoep ka roemah sakit teh. Tina hal ngoeroesna anoe gĕring oge bareto mah loba pisan kakoeranganana, sabab harita, anoe ngoeroes ngan oekoer baboe djeung mandor bae, noe teu meunang paladjaran saeutikeutik atjan. Anoe nalingakeun alam harita mah hĕnteu aja, katambah-tambah doktor oge tjarang aja di roemah sakit deuih lantaran loba padamĕlanana di loear.

Koemaha kaajaan roemah sakit ajeuna, naha tjara bareto keneh bae? Hĕnteu! Geus beda kabina-bina, beuki lila tambah hade bae. Di kota-kota noe galĕde, roemah sakit anoe baheula teh, geus diganti koe roemah sakit araloes sarta loba katjida anoe talitirah di dinja. Di Weltevreden djeung di Soerabaja lobana djĕlĕma anoe dipoelasara di roemah sakit saban poë tara koerang ti dalapan nĕpi ka salapan ratoes djiwa; djadi rata-rata dina sapoë-poëna di eta doea kota aja 1600 á 1800 djĕlĕma anoe dioebaran di roemah sakit teh. Ari anoe ngoeroesna mantri-mantri verpleger, awewe-lalaki, anoe geus mareunang pangadjaran djeung ditalingakeun koe verpleegster-verpleegster bangsa Walanda noe meunang piagĕm. Djaba ti eta di dinja loba anoe diadjar pikeun

djadi verpleger atawa verpleegster; lilana diadjar tiloe taoen. Sanggeusna tamat loba noe tĕroes digawe di dinja, aja oge noe ditĕmpatkeun di roemah sakit leutik pikeun djadi loeloegoe di dinja. Koe sabab tanah Hindia teh gĕde, ajeuna loba keneh pisan roemah sakit noe tatjan pati hade atoeranana, tatjan sapĕrti noe ditjaritakeun bieu. Tapi sanadjan loba keneh oge roemah sakit anoe tatjan diomean, djeung tatjan diatoer dibeberes tjara roemah sakit model anjar tea, ari kasieun oerang Priboemi pikeun asoep ka roemah sakit mah, ajeuna geus gĕde pisan koerangna, malah geus loba noe boga kahajang kana dirawatan di roemah sakit dimana gĕring. Saĕnjana salah lamoen oerang teu daek dirawatan di roemah sakit teh, sabab pangoeroesna djeung pangrawatna ka noe gĕring kapan sakitoe hadena, dalah di imah sorangan oge, arang langka aja noe dimoemoele sakitoe hadena mah.

Anoe djadi doktor beuki lila tambah loba bae. Koe sabab eta, kaajaan roemah sakit oge tangtoe woewoeh kaoeroes djeung tambah katalingakeun, moal kaloeli-loeli tjara baheula deui, lantaran padamĕlan noe djadi doktor harita meh teu katjagap. Katambah ajeuna mah loba roemah sakit anoe njadiaan tĕmpat pikeun noe barisa majar ongkos ngamoemoelena, boh noe majar satjoekoepna, boh noe majar sabagianana bae. Eta atoeran gĕde pisan toeloengna pikeun kana ngahadean kaajaan roemah-roemah sakit.

## *b.* TOELAK BALA PANJAKIT KOLERA.

1. Tandana jen oerang katĕrap koe panjakit KOLERA teh dimana ngajĕr mitjeun djeung oetah-oegĕr.
2. Boeroe-boeroe oendjoekan ka djoeragan Doktor, atawa pikeun oerang Batawi mah beunang oge ka kantor Kasehatan, tĕlĕpon No. 1232 Weltevreden.
3. Mitjeun djeung oetahna djalma-djalma noe katĕrap koe panjakit kolera matak tepa, lantaran dina eta kokotor-kokotor teh pinoeh koe mangrewoe-rewoe koeman bibit eta panjakit.
4. Poma oelah rek mokaha make tjai waloengan atawa mandi di waloengan, bisi oerang katĕrap panjakit kolera, lantaran di waloengan teh loba pisan djalma anoe maritjeun.
5. *Mitjeun koedoe di kakoes sarta kakoesna koedoe dibĕrĕsihan sing nĕpi ka bĕrĕsihna pisan. Poma oelah rek mitjeun di waloengan.*

# MOTOR EN RIJWIELHANDEL DE „CONCURRENT”

**SĔNEN 153—157** **TELF. 1171.** **WELTEVREDEN**



HOOFDAGENT DI HINDIA WALANDA TINA KARETA MĔSIN

**Fongers, Ned. Kroon, Triumph, Vondel, Royal Standaard**

*Eta sadajana parantos kamashoerkeun ka sakoeliah doenja*

AJA AGENNA DI BANDOENG SARĔNG GAROET

**Sajagi roepi-roepi model, pangaosna mirah, bajaranana gampil.**

KARETA MĔSIN ANEH!

Sami bae sarĕng kareta mĕsin ageung, pantĕs pikeun moerangkalih joeswa 4 doegi ka 8 tahoen, pangaosna moeng . . . . f 45. kontan



SOEMANGGA NGAGARALEUH!

**Enggal moendoet prijscourant sarĕng pĕrdjangdjian koering; tangtos andjeun baris tampi pĕrtjoemah.**




Museum, jang diseboet orang Gedoeng Gadjah, Gedoeng Intan atau Gedoeng Djimat; disinilah tersimpan segala barang-barang koeno jang dikoempoelkan dari seloeroeh tanah Hindia. Gedoeng ini didirikan dalam tahoen 1778. Pada boelan Juli 1928 genaplah oesianja 150 tahoen.



Kantor „Bank Boemipoetera" di Soerabaja. Inilah kantor bank pertama, didirikan dengan modal dan atas pimpinan bangsa Boemipoetera.

# G. C. T. VAN DORP & Co.

**SAMARANG — SOERABAJA — BANDOENG**

WOORDENBOEK MALAJOE-WALANDA SARĔNG
WALANDA-MALAJOE

PRACTISCH MALEISCH-HOLLANDSCH EN HOLLANDSCH-
MALEISCH-HANDWOORDENBOEK

benevens een „kort begrip der Maleische woordvorming en spraakleer."
door L. Th. MAYER. Didjilidan koe lawon

Pangaosna . . . . . . . . . . . . . . f 5.—
Sarĕng ongkos post aangeteekend . . . . . . . . „ 5.60

---

## Boekoe Obat-obat

Nĕrangkeun kasiatna roepa-roepa tjoetjoekoelan, dangdaoenan sarĕng boeboeahan TANAH HINDIA sarta nganggo pitoedoeh hal ngoebarkeunana.

Karangan Njonja J. KLOPPENBURG-VERSTEEGH.

Pangaosna . . . . . . . . . . . . . . f 3.75
Sarĕng ongkos post aangeteekend . . . . . . . . „ 4.40

---

## Boekoe Gambar (Atlas)

Roepa-roepa tjoetjoekoelan sarĕng boeboeahan Tanah Hindia, anggoëun ngabandingan Boekoe Obat-obat tea; karangan Njonja J. KLOPPENBURG-VERSTEEGH.

Pangaosna . . . . . . . . . . . . . . f 6.50
Sarĕng ongkos post aangeteekend . . . . . . . . „ 6.90

---

Soegri anoe maroendoet baris dikintoenan gratis: **Daptar-boekoe basa Djawa, basa Malajoe, sarĕng basa Walanda**

# G. C. T. VAN DORP & Co.

SAMARANG — SOERABAJA — BANDOENG




Peulpenhoděr (gagang kalam noe beunang dieusian mangsi) reklame kaloearan VAN DORP Co. teu kintěn saena. Roepina hideung nganggo oekiran, toetoepna teu kintěn saena. Ieu peulpenhoděr reklame penana koe ěmas 14 karat model lantjip.

Pangaosna noe modelna sapěrtos ieu gambar moeng **f 2.50**

## VAN DORP'S ZELFVULLER

nja eta peulpen anoe nganggo pakakas panjěrot mangsi dina gagangna.

Pangaosna moeng **f 3.50**

Ongkos ngintoenkeun sahidjina **f 0.50**, namoeng oepami sakali měsěnna 6 tina saroepi-roepina atanapi ti doea roepianana, ongkos ngintoenkeunana ditanggěl koe toko sim koering.

6. Pikeun ngabasmi koeman-koeman dina kokotor atawa dina oetah djalma anoe disangka katĕrap panjakit kolera, bandjoer bae koe „sapocarbol".
7. Tjai ledĕng anoe satjorna pisan tina kran, beunang dianggap bĕrĕsih.
   Dina tjai saringan, kĕndi, nja kitoe deui dina es, bisa djadi aja koeman koleraan.
8. Laleur oge koedoe oelah arek diantĕp, sabab biasana bisaeun mindah-mindahkeun koeman bibit panjakit kolera.
   Kadaharan koedoe ditoetoepan.
   Djaga, sangkan oelah nĕpi ka aja laleur anoe eunteup kana kadaharan.
9. Dina oesoem kolera oelah wani-wani ngadahar boeboeahan anoe atah, nja kitoe deui kadaharan anoe teu diasakan heula, oepamana saladah djeung lalab-roembah lian ti eta.
10. Dina moesim pagĕboeg sabeunang-beunang oelah rek dahar atawa nginoem di loear, komo ari di toekang dagang mah.
11. Leuwih hade lamoen sagala roepa kadaharan diasakan di imah kalawan apik.
12. Memeh dahar koedoe sibanjo heula koe saboen.
    Nja kitoe deui lamoen rek ngoembah naon bae koedoe ngagĕdekeun make saboen.
13. *Nomĕr hidjina dimana oerang rek noelak panjakit* KOLERA *boh Typhus koedoe menta disoentik.*
14. *Sarta sanggeusna disoentik koedoe anggĕr apik djeung ati-ati.*

---

*Noe hamboer ti lĕlĕmboet, djabrah ti boeboedak, pakokolotna kokoro.*

*Botjor, nadjan saeutik matak tilĕlĕp kapal gĕde.*
*Franklin.*

# 20. TATANEN-DAGANG-KARADJINAN.

## A. BANK

Koe pangira, sarera oge moal bireuk kana kĕtjap bank teh, ngan anoe njaho djeung ngarti kana goenana bank tatjan poegoeh loba.

Moenggoehing noeroetkeun atoeran hiroep tjara ajeuna, oepama nagara koe oerang dimisilkeun sawah atawa taloen, bank beunang diibaratkeun hoedjanna. Tanah-tanah anoe teu beunang digarap lantaran taneuhna tĕgar, sanggeusna dihoedjanan koe bank tea eta taneuh djadi oedoeh djeung maroehmoej, gampang dipolahna, babari diala hasilna. Koe lantaran hoedjan tea, pĕpĕlakan anoe di sawah djeung di kĕbon anoe sakitoe lajoena, anoe tadina matak njoerĕntĕtkeun hate atawa ngaleungitkeun pangharĕpan oerang koe nendjo daoenna woengkoel, ajeuna mah salin roepa, djadi ngemploh hedjo, morontok ngadaoen ngora, matak rĕsĕp anoe nendjo, ngahoedangkeun deui pangharĕpan noe marĕlak. Tah kitoe sababna noe matak nagara bisa gĕmah rahardja djeung beuki rame, beuki rame teh.

Moega-moega misil anoe sakieu pondokna bisa katjatĕt koe noe maratja, sabab eta teh minangka djangkar goenana bank tea.

Bangsa oerang, oerang Priboemi, tatjan pati loba kanjahona tina hal bank teh, ari sababna taja lian ngan koe lantaran kahiroepan bangsa oerang tatjan sabaraha reana anoe patjorok djeung bank. Bangsa Tionghoa djeung Arab anoe ngaradon njiar kahiroepan di oerang, kanjahona tina hal bank leuwih loba batan oerang; djalan neangan kahiroepanana oge beda djeung bangsa oerang. Mana geus komo ari djeung bangsa Eropa mah, geus teu harib-harib atjan bangsa oerang teh, lantaran ari bangsa Eropa mah beunang disĕboetkeun geus sagoeloeng-sagalang djeung bank teh, malah kadangkala geus djadi koelit djadi daging. Oesik bari ngan bank. Pangkitoena teh lain pedah balaleunghar, tapi ngan koe sabab kabawa koe atoeran hiroepna sapopoë bae.

Bangsa oerang oge doeka isoek doeka pageto tangtoe bakal tambah roemakĕtna djeung bank teh, lantaran kapan ari pikiran, anggapan, kapĕrloean djeung angĕn-angĕn teh sok aja robahna, koe lantaran kitoe tangtoe kahiroepan bangsa oerang oge miloe robah.

Pikeun kamadjoean bangsa oge bank teh katjida pěrloena, komo sanggeusna ditoelatenan mah beuki lila beuki tetela bae. Ajeuna bangsa oerang geus aja kědjoting hatena sorangan kana ngaděgkeun bank teh, malah Studieclub Soerabaja ajeuna geus ngaděg bankna; nja kitoe deui P. S. I. — nadjan meh saparo oerang Islam teu ngaroedjoekan oge — ajeuna eukeur naloengtik ěnja-hěnteuna Islam hěnteu ngidinan njokot kaoentoengan tina doeit. Hartina lamoen kaidinan, P. S. I. oge arek ngaděgkeun bank.

Ari sababna anoe matak ajeuna ilahar di mana-mana aja bank teh, kieu asal-moeasalna:

Samemehna aja bank, di kota-kota noe rame noe rěměn didaratangan oerang asing anoe baroeniaga djeung masing-masing pada marawa doeit sanagara-sanagarana, di těmpat-těmpat noe kitoe pěrloe aja toekang noekeuran doeit tjara di Měkah salilana waktoe moenggah hadji — nadjan lolobana djalma-djalma noe daratang ka dinja lain rek daragang oge. Djaman baheula anoe mimiti pisan aja toekang noekeuran doeit teh di Venetie, těroes di Genua, Amsterdam, Hamburg, di London djeung di Paris, nja eta waktoe pěrkara dagang di dinja pohara pisan ramena djeung loba oerang asing anoe daratang ti mana-měndi.

Mimitina anoe disěboet bankier (noe boga bank) teh estoening teu aja bedana djeung toekang noekeuran doeit, malah beunang oge disěboetkeun *soedagar doeit*. Ajeuna di oerang oge, di Hindia, ilahar pisan loba toekang noekeuran doeit teh, biasana dina poë pasar; ari doeit anoe disadiakeunana biasana mah sen djeung benggol, nja eta ngadjaga bisi aja noe pěrloe make. Di Eropa oge toekang noekeuran doeit teh aja keneh, biasana noe kalampah teh nja eta di watěs-watěs nagara.

Koe lantaran djaman baheula loba teuing warnana doeit (malah tjeuk bedja mah lain ngan nagara bae anoe sok njarieun doeit teh, tapi toean-toean tanah oge pada kawidian njarieun doeit sorangan) djeung loba oeroesan toekar-toekeurna, sarta koe lantaran loba doeit palsoe, soedagar doeit teh djaman harita oge djadi djalma anoe pěrloe kabina-bina dina djoeal-beuli teh. Lamoen teu aja toekang doeit tea, tangtoe padagangan teh kalangkaboet. Sakoemaha pisoesaheunana lamoen di Měkah euweuh toekang doeit?

Pagawean toekang noekeuran doeit mimitina mah woengkoel ngan djadi toekang noekeuran doeit bae, tapi barang geus kapapantjenan koe pagawean noe kadoea, nja eta ngarangkěp djeung

djadi toekang mangnjimpĕnkeun doeit batoer pikeun dina sawatara waktoe, kapĕntinganana beuki tambah bae. Anoe baroga doeit diwadjibkeun koedoe maroeroehan; ari bankier koedoe nanggoeng salamĕtna doeit batoer anoe dititipkeun ka manehna tea, djeung eta doeit koe manehna *teu meunang* dipake. Anoe maratja oge meureun moal bireuk jen ajeuna oerang meunang menta toeloeng ka bank soepaja mangnjimpĕnkeun soerat-soerat noe aja hargaan dina lomari beusina kalawan bajaran anoe teu sabaraha. Lamoen soerat-soerat noe aja hargaan koe oerang diteundeun di dinja, oerang hĕnteu koedoe risi bisi aja noe maling atawa kabeuleum deui. Tah njimpĕn doeit djaman baheula teh saroea pisan djeung njimpĕn soerat-soerat noe aja hargaan djaman ajeuna.

Bank anoe kitoe pagaweanana, disĕboetna dina basa asing *bank deposito*. Sarerea oge meureun moal aja noe bireuk kana eta kĕtjap teh, lain?

Koe lantaran kahiroepan sapopoë beuki lila teh beuki tambah djeung beuki madjoe, kaajaanana bank deposito oge beuki robah, pagaweanana beuki lila tambah rea bae. Naon goenana ngampihan doeit batoer ari teu meunang dipake mah, saroea bae djeung taja hasilna, padahal eta doeit teh beunang digolangkeun, oepamana bae keur nambahan modal noe lian. Djadi ajeuna bank teh lain ngan tĕtĕp djadi djoeroesimpĕn doeit bae, tapi ditambah koe ngindjeumkeun doeit ka soedagar-soedagar noe katendjo hade dasar pagaweanana, sarta kakoerangan modal pikeun ngagĕdean paoesahaanana.

Bankier teh saĕnjana mah soedagar keneh, taja bedana djeung soedagar-soedagar noe sedjen. Soedagar biasa daganganana teh barang, ari bankier mah ngadagangkeun *modal* (kapitaal). Noe dibareulian koe soedagar-soedagar barang pikeun djoealeun deui; sangkan maranehanana meunang kaoentoengan, mareulina barang teh koedoe katjida moerahna, ari ngadjoealna sabisa-bisa koedoe katjida mahalna. Ari bankier djalanna koedoe ngahoetang doeit kalawan maksoed arek dihoetangkeun deui; soepaja manehna meunang bati: ngindjeumna eta doeit koedoe kalawan rentĕn anoe katjida leutikna, djeung diindjeumkeun make rentĕn anoe panggĕdena.

Anoe djadi pagawean bank teh babakoena aja doea roepa, nja eta: narima simpĕnan doeit (deposito) djeung ngindjeumkeun (disconto). Bank anoe pagaweanana kitoe biasana sok disĕboet *bank deposito djeung discento* (deposito en disconto bank)

Sadjabana ti noe doea roepa tea, aja deui pagawean bank noe sedjen, nja eta pagawean noe katiloe, noe katjida bedana djeung pagawean noe doea tea nadjan woedjoedna saroea keneh oge pada ngahoetang; dĕmi eta pagawean teh nja eta *ngaloearkeun oeang kĕrtas.* Anoe diwidian ngaloearkeun oeang kĕrtas hĕnteu sakabeh bank, tapi dipilih salah sahidji; bank noe kitoe disĕboetna *circulatie bank.*

Sadjabana ti noe geus ditĕrangkeun di loehoer, noe djadi pagawean bank teh loba keneh pisan, ngan katimbang koerang pĕrloena nadjan didadarkeun oge.

Hĕnteu sakabeh soedagar biasa daragang sagala roepa barang, tapi sok aja anoe daganganana ngan saroepa bae, oepamana: woengkoel ngadjoeal ĕntjit tea, aja noe ngan barang-barang tina beusi bae, aja noe maloeloe kadaharan, aja noe roko bae djst. Nja kitoe deui soedagar modal (bank), aja noe ngan *ngindjeumkeun* doeit bae, aja noe ngan *mere modal ka paoesahaan tatanen woengkoel,* aja noe ngan sok *nampa gadean-gadean imah djst.* bae (hypotheek).

***

Tah sakitoe pondokna tjarita tina hal bank teh; tapi sakoemaha anoe geus ditĕrangkeun di loehoer, lantaran kahiroepan oerang Priboemi kaprahna tatjan sakoemaha patjorokna djeung bank, djadi kanjahona tina hal bank oge moal sabaraha. Koe hal eta, ari koe oerang Priboemi mah, djalanna bank teh teu pati katembong.

## Bank deposito.

M o d a l n a.

Anoe dipikasoesah koe djalma-djalma anoe rek ngaradĕgkeun bank teh taja lian ngan pimodaleunana. Bank anoe teu bogaeun modal, teu beunang disĕboet bank.

Koemaha pĕtana pikeun ngajakeun eta modal teh?

Djalanna ngajakeun modal katjida lobana. Lamoen aja tiloean djalma anoe barogaeun doeit, heug rea, pada boga karĕp ngadĕgkeun hidji vennootschap, tangtoe eta bank teh bisa ngadĕg! Moen teu kitoe nja njieun maskape ngadjoealan andeel, djst. Djalan kieu meureun sarerea oge moal bireuk.

Moenggoehing tjeuk pamanggihna para ahli, lamoen aja bank anoe ngan ngadjalankeun modalna sorangan bae, kaoentoenganana tea moal sakoemaha gĕdena; nja kitoe deui djalma rea moal sabaraha mareunang oentoengna tina eta bank teh.

D o e i t s a r e r e a.

Lamoen bank make doeit *oerang rea*, eta leuwih hade, lantaran kaoentoenganana bakal tambah gĕde toer djalma rea bakal mareunang bagian deui. Koe sabab kitoe bankier koedoe ngindjeum (ngahoetang) doeit ka djalma rea.

Bedjana loba bank deposito anoe galĕde anoe sama sakali hĕnteu ngadjalankeun modalna sorangan, noe digolangkeun teh woengkoel doeitna djalma rea bae. Ari modalna pribadi mah nja sok dibeulikeun kana imah, dihoetangkeun ka nagara, gemeente djst. nja eta pikeun pangdjaga atawa boroh ka djalma rea anoe ngaharoetangkeun doeitna ka eta bank.

Tah ajeuna meureun kanjarahoan, jen bank noe saroepa kitoe *bisa mĕta djeung bisa hiroep koe doeit noe sedjen.*

Ari noe panghesena nja eta neangan djalan koemaha piakaleunana sangkan doeit djalma rea tea bisa koempoel. (Koemaha akalna sangkan djalma rea ngarindjeumkeun doeitna). Sabab anoe koe oerang disĕboet njimpĕn doeit di bank teh saĕnjana mah ngindjeumkeun doeit ka eta bank.

D o e i t n o e a w o e r-a w o e r a n.

Saĕnjana anoe diteangan koe noe barogaeun bank deposito teh nja eta doeit noe alawoer-awoeran keneh.

Dĕmi noe disĕboet doeit noe alawoer-awoeran, nja eta doeit anoe masih disarimpĕn dina pesak atawa dina lomari djalma rea teu pilih saha-sahana, hĕnteu mandang beunghar-miskinna; doeit anoe ditjadangkeun pikeun meuli naon bae, hartina doeit noe memang rek dibeakkeun; lain doeit noe geus dibeulikeun kana andeel atawa soerat-soerat sedjen noe aja hargaan.

Doeit noe awoer-awoeran kitoe teh di oenggal nagara oge aja, sarta lamoen eta doeit koe oerang dikoempoelkeun, sapoelo Djawa bae woengkoel, doeka sabaraha joeta roepiaeun pidjoemlaheunana teh. Meureun anoe maratja oge bisa ngira-ngira sorangan. Doeit anoe disimpĕn dina pesak atawa lomari, samemeh dipake, eta doeit hĕnteu ngadatangkeun hasil saeutik-eutik atjan

ka noe bogana teh, djadi lamoen ibarat barang anoe boga tanaga mah, saroea bae djeung tanagana tea dipitjeunan teu poegoeh.

Omongan bankier.

Koe lantaran bankier nendjo noe saroepa kitoe, toeloej manehna ngomong ka djalma rea, kira-kira kieu pipokeunana:

„Samemehna eta doeit koe andjeun dipake, leuwih hade diteundeun bae heula di bank koering. Andjeun hĕnteu koedoe risi bisi eta doeit leungit atawa salĕmpang aja noe maling. Dimana andjeun pĕrloe make eta doeit, geura tjokot deui bae, saharita kenèh oge tangtoe koe koering dipoelangkeun. Naha lamoen kitoe, hĕnteu djadi kaentengan pikeun andjeun?"

„Sadjabana ti eta" omong bankier „koering sanggoep mere kaoentoengan ka andjeun, oepamana bae 1% atawa 2% (*) tina djoemblahna doeit simpĕnan andjeun. Eta doeit moal aja paedahna lamoen disina toenggoe pesak atawa toenggoe lomari bae mah."

„Aja deui pitoeloeng sedjen anoe koe koering ditjadangkeun pikeun noeloengan andjeun" tjeuk bankier keneh „nja eta salilana di bank masih aja doeit andjeun, koering sanggoep djadi toekang doeit (kasier) andjeun; baris narima djeung mangnjimpĕnkeun pangasilan andjeun; baris nagih pihoetang andjeun; bakal majaran hoetang andjeun djst., asal aja soerat parentah ti andjeun."

Kitoe omongan noe boga bank ka djalma rea teh.

---

(*) Bank-bank di oerang, aja noe nganakan 2, 4% aja noe 4% nĕpi ka 6% dina sataoen teh. Tapi saĕnjana lamoen koe oerang dipikir pandjang, noe koedoe maroeroehan teh anoe njarimpĕn, nja eta pikeun pamalĕs boedi ka noe baroga bank, doemeh geus daraekeun mangngampihankeun doeit oerang toer nanggoeng kana kasalamĕtanana.

Dina taoen 1896, di Parasman doeit anoe awoer-awoeran noe diarasoepkeun ka bank teh aja 663.000.000 franc.

Asalna mah noe njarimpĕn teh koedoe malajar ka bank, boeroehan mangnjimpĕnkeun doeitna, tapi ajeuna djadi tibalik, noe njarimpĕn noe dibajar (meunang kaoentoengan) teh.

Rajat anoe ngalarti.

Di nagara-nagara noe rajatna ngarti kana mangpa'atna omong bankier tea, di nagara noe kitoe, bank teh bisa meunang doeit noe djoemblahna lain saeutik kalawan rentěn anoe katjida moerahna; malah beunang disěboetkeun doeit noe awoer-awoeran teh sakabehna bisa katarik arasoep ka djěro bank.

Soegan aja pěrloena ieu di handap aja berendelanana doeit noe awoer-awoeran noe diarasoepkeun ka bank deposito dina taoen 1913: di Parasman aja *f* 3.000.000.000 (tiloe milliard, tiloe rewoe joeta), di Djěrman *f* 7.500.000.000, di Inggris *f* 14.000.000.000 djeung di Amerika Sarikat aja *f* 25.000.000.000. Lamoen nilik angka-angka anoe ěnolna sakitoe lobana nja matak lieur oge. Tapi moega-moega bae anoe maratja pada ngalarti *sakoemaha pitanagaeunana* doeit anoe sakitoe lobana teh.

Cheque (tjek).

Di Inggris mah geus djadi kabiasaan, oenggal noe baleunghar tara barogaeun doeit kontan di imahna. Saajana doeitna tangtoe diteundeun di bank. Oepama aja noe menta bajaran bon ka manehna ti toko tea atawa ti noe sedjen lian ti eta, dibajarna teh koe soerat; nja kitoe deui lamoen manehna barang beuli, dibajarna koe soerat keneh bae; eta soerat-soerat tea ngaranna cheque (tjek). Lamoen anoe narima tea pěrloe make doeit, eta tjek koedoe těroes ditoekeurkeun ka bank. Babajar koe tjek teh lila-lila mah kalampah oge di loeareun nagara Inggris, malah ajeuna geus ilahar di sakoeliah doenja.

Doeit anoe disimpěn di bank, tapi eta bank teh salawasna sadia sangkan dimana anoe boga doeit tea aja kapěrloeanana make doeit bisa nohonan, bank noe saroepa kitoe disěboetna deposito.

Meureun sakieu oge tjoekoep katěranganana tina hal bank deposito teh, tinggal ngalěnjěpkeun bae.

***

Lamoen koe oerang ditilik doeit saoerang-oerangna, teu katendjo pitanageunana, lantaran koe saeutikna; tapi dimana eta doeit noe saeutik-saeutik dikoempoelkeun, něpi ka djadi mangjoeta-joeta, kakara kanjahoan sakoemaha gědena kakoeatanana. Tah lamoen hal ieu bae anoe dikanjahokeun koe bangsa oerang,

mokaha, maksoed ieu tjarita tangtoe bisa laksana, sabab nja di dinja pisan ajana kakoeatan teh.

Rahajat nagara sedjen geus ngalartieun kana ieu pĕrkara — djeung satĕmĕn-tĕmĕnna hal ieu teh salah sahidji tina kakoeatanana nagara deungeun — nĕpi ka barisaeun ngatoer djeung noempoek njoesoen paoesahaanana sarta bisa meunang daradjat anoe pangloehoerna.

Lamoen bangsa oerang, oerang Priboemi, geus ngalarti kana kakoeatanana anoe kaboelĕn koe atoeran bank sapĕrti anoe geus ditĕrangkeun tadi di loehoer, lamoen bĕnĕr geus ngarti ĕnja hal eta kari koemaha karĕp oerang bae, naha arek ngadĕgkeun kakoeatan anoe saroepa kitoe atawa moal?

## Bank disconto.

Di loehoer geus ditjaritakeun jen anoe dipikasoesah koe djalma-djalma anoe rek ngaradĕgkeun bank teh taja lian ngan tina hal modalna bae; lamoen noe boga bank ngagolangkeun modalna woengkoel, katimbang jen moal sabaraha pioentoengeunana; koe sabab eta di loehoer geus disĕboetkeun jen leuwih hade lamoen bank teh ngagolangkeun doeit sarerea, sangkan oerang rea pada meureunang kaoentoengan tina eta bank tea.

Tapi nja djalan ieu pisan anoe pangbangga-banggana dilampahkeun di oerang teh, lantaran sadjabana ti kahiroepan bangsa oerang tatjan pati patjorok djeung bank, noeroetkeun pamanggihna ti sabagian gĕde para oelama bangsa Islam, soempan-simpĕn atawa oendjam-indjeun doeit ka bank teh hĕnteu hade, sabab dilarang koe sjara djeung koe agama.

Djadi koe lantaran kitoe, ti mana atoeh pimodaleunana bank teh?

Tapi koe lantaran anoe djadi loeloegoena maksoed ieu tjarita, ngan sakadar pikeun nembongkeun ka noe maratja koemaha kaajanana bank anoe aja *di gigireun* kahiroepan oerang sapopoë salawasna *ditoempoek, diatoer*, djeung nganjahokeun koemaha *digawena* deui. Ajeuna oerang ibaratkeun djalma-djalma daraek njarimpĕn doeitna bae, nja eta doeit noe awoer-awoeran tea ka bank; tah koe djalan kitoe bank teh bakal bisa mĕta lantaran meunang pimodaleun anoe tjoekoep.

Mĕta di dieu maksoedna nja eta ngadjalankeun djeung ngaloearkeun doeit anoe disimpĕn di eta bank tea. Koe sabab eta, hal ieu teh katjida pĕrloena. Ari pĕrloena eta doeit teh nja eta

*baris digolangkeun,* lantaran oepama teu kitoe, lamoen eta doeit teh diantĕp dina pĕti beusina bae, disina njileungleum, tangtoe moal aja mangpa'atna; djeung koemaha pĕtana bank bisa mere kaoentoengan ka djalma-djalma anoe njarimpĕn doeitna tea? Lamoen doeit anoe aja di bank teh teu beunang digolangkeun, lain bank noe koedoe mere kaoentoengan ka noe njarimpĕn doeitna, tapi noe njarimpĕn tea koedoe mere paroeroegi ka bank, pikeun boeroehan ngadjaga doeitna noe aja di bank tea.

Koe lantaran bangkier meunang ngadjalankeun doeit anoe disimpĕn di bangna tea, koe sabab eta, djalma-djalma noe njarimpĕn doeitna di eta bank teh, nja mareunang kaoentoengan.

Pendekna mah bank teh ngaloearkeun doeitna.

Koemaha djalanna?

Djalanna babakoena aja doea roepa: *a* dihoetangkeun ka paoesahaan anoe galĕde kalawan rentĕn anoe gĕde deui; djalan ieu pohara leukleukna, lantaran katjida lilana eta bank bakal nampana pamajaran doeitna teh, nĕpi ka aja noe poeloehan taoen; *b* dihoetangkeun kalawan rentĕn anoe teu sakoemaha gĕdena tapi dina tempo anoe teu sakoemaha lilana.

Pikeun bank diposito mah ngindjeumkeun doeitna dina tempo anoe teu sakoemaha lilana teh, poegoeh pagaweanana. Lantaran, — oelah poho, jen eta bank teh ngadjalankeun doeit batoer, anoe sawaktoe-waktoe bisa dipenta koe noe bogana, djeung bank koedoe nanggoeng moelangkeunana eta doeit ka noe bogana dimana maranehanana pĕrloe make.

Samemehna ieu tjarita ditĕroeskeun, aja saroepa adat anoe geus djadi kabiasaan di soedagar-soedagar bangsa asing, anoe katimbang pĕrloe dikanjarahokeun koe noe maratja, sabab kawasna tatjan sakoemaha lobana djalma anoe njarahoëun kana hal ieu teh. Oepamana bae kieu:

Soedagar A djangdji — dina soerat kontrak — ka B, sawatara boelan deui, oepamana 3 boelan deui, baris ngasoepkeun barangna harga f 1000.— eun; (djadi tangtoe doeitna oge katarimana teh 3 boelan deui. Oepama dina *samemehna* nĕpi kana waktoena A geus pĕrloe make doeit, manehna meunang datang ka bank. Koe bank A teh dibajarna koerang saeutik tina mistina, oepamana f 985.—, sabab bank njokot kaoentoengan f 15.— ti noe f 1000 di djĕro 3 boelan teh. A di dinja koedoe masrahkeun hakna nampa doeit ti B ka bank. Masrahkeunana hak teh koedoe make soerat deui, ngaranna *wissel.* Eta wissel koe bank teh toeloej disim-

pĕn sarta dimana geus nĕpi ka waktoena, bank toeloej ngirimkeun ·eta wissel ka B, bari nampa doeit noe f 1000.—·tea. Koe djalan kieu doeit bank anoe dibajarkeun ka A teh kakara katampa deui.

Pĕta kieu disĕboetna *disconteeren*. Ajeuna meureun kanjahoan koe noe maratja jen pĕta kieu teh taja lian ti andjoek-hoetang keneh bae. A ngahoetang ka bank f 1000.— dipotong koe rentĕn f 15.— djadi ngan nampa f 985.—; sanggeusna 3 boelan kakara bank teh narima deui doeitna f 1000.— ti B.

Atoeran andjoek-hoetang anoe sapĕrti kieu dina oeroesan dagang oerang asing katjida gĕdena goenana djeung kalampah loemrah diparilampah. Djalan kieu teh katjida gampangna toer bahajana hĕnteu sakoemaha gĕdena, lantaran anoe nanda soerat-soerat pĕrdjangdjianana masing-masing pada nanggoeng sagĕmblĕngna. Di Parantjis bedjana, doeit anoe digolangkeun koe djalan disconteeren sataoen-taoenna tara koerang ti 13.000.000.000. franc sarta ti noe sakitoe teh bank roegina ngan 5.000.000 franc atawa tina 13.000 franc ngan 5 franc.

***

Bank teh ngindjeumkeunana doeitna lain ngan koe djalan kitoe bae, tapi loba deui djalan sedjen, sapĕrti:

I. ngindjeumkeun doeit ka djalma-djalma make tanggoengan (boroh) koe soerat-soerat anoe aja hargaan, sapĕrti effect djeung sabangsana.

II. ngindjeumkeun doeitna ka djalma-djalma teu kalawan make boroh deui, tapi woengkoel ka noe katjida dipĕrtjajana bae. Anoe ngaloearkeun doeit koe djalan ieu katjida arang langkana, beunang disĕboetkeun teu aja bae. Malah di sawareh nagara mah ngaloearkeun doeit koe djalan kieu teh dilarang koe cendangoendang.

Sanadjan halna koemaha bae oge, lantaran ajana bank sapĕrti noe geus ditĕrangkeun bieu di loehoer, koe oerang kanjahoan jen djalma-djalma bisa ngahoetang kalawan rentĕn anoe pangmoerah-moerahna.

Djalma-djalma anoe pĕrĕloe make doeit, di mana-mana oge tangtoe aja malah moal saeutik djoemlahna teh. Doeit simpĕnan arang langka aja. noe boga, ari kaboetoeh nawoekoe. Ka mana ajeuna loempatna? Lantaran geus kapeped teu njaho doeit ti mana bae oge tangtoe dipake, teu ngingĕtkeun sakoemaha rentĕnna.

Naha hal ieu masih pĕrloe dinjatakeun ka noe maratja? Naon

sababna noe matak di mana-mana, pangpangna di kota-kota noe galĕde, loba djalma anoe hariroep tina ngindjeum-ngindjeumkeun doeit? (Noe sok disarĕboet toekang rentĕn tea). Naon sababna noe matak nĕpi ka aja noe dingaranan lentah darat, toekang njeuseup gĕtih batoer djst.?

Di mana-mana hĕnteu koerang djalma anoe boetoeheun koe doeit. Lamoen eta djalma ragrag kana leungeunna lentah darat, biasana manehna teh sok djadi leuwih sangsara. Hal ieu meureun noe maratja oge geus mara'loem.

Djadi tetela pisan *pangganti* lentah darat teh pĕrĕloe aja, sarta woedjoedna, karĕpna djeung kaajaanana koedoe leuwih hade sarta koedoe make wawaton kamanoesaan.

Pikeun pangganti lentah darat tea, bank sapĕrti noe geus ditĕrangkeun tadi teh, gĕde pisan mangpa'atna.

Goenana bank teh lain ngan tina hal kitoe bae, tapi loba deui pisan; loba djĕlĕma anoe *bisa* djeung *daek* digawe, tapi poegag lantaran teu boga modal, dina hal noe saroepa kieu goenana bank teh lain saeutik. Djadi *djalan anoe diboeka* koe bank lain ngan ngahiroepan paoesahaan, patanian, padagangan, karadjinan djsb. bae, tapi djeung njĕbarkeunana kalawan djalan anoe pangmoerah-moerahna pisan deuih.

Studieclub ngadĕgkeun bank, pikeun „ngahadean ekonomi rajat". P. S. I. hajangeun ngadĕgkeun bank, lantaran „ekonomi rajat kalangkaboet".

Di nagara deungeun anoe geus maradjoe, ekonomi teh beunang diibaratkeun tanahna, sarta bank saibarat gĕmoek djeung hoedjan.

Di oerang oge geus aja pitoeloeng noe saroepa kitoe teh, sapĕrti: loemboeng desa, bank desa, bank afdeeling, eta kabeh karĕpna taja lian ngan rek ngahadean ekonomi rajat.

Oerang geus teu koedoe heran deui lamoen loba djalma anoe sak hatena kana goena loemboeng desa, bank desa nja kitoe deui bank afdeeling ka bangsa Priboemi teh.

Diajana anoe pasalingsingan paham tina hal ieu, tangtoe lain tina hal *ajana* eta bank, tapi tina *prakna digawena.*

Ngarobah pĕtana digawe teh memang ge lain pĕrkara gampang. Koe sabab eta katjida handjakalna doemeh bank anoe diadĕgkeun koe bangsa oerang noe sapĕrti bank Studieclub Soerabaja tatjan sabaraha lobana; sabab lamoen geus loba mah tangtoe pamanggih

**Boekenverzendhuis L. A. LEZER Bandoeng.**

**Ada sedia:**

# KITAB² PENGADJARAN BAHASA

jang terkarang oléh

## L. A. LEZER

**Ampat bahasa Hindia** (De vier Indische Talen), boeat beladjar bahasa **Belanda-Melajoe-Soenda-Djawa** dengan tidak memakai goeroe. Besarnja 350 moeka, 1 djilid tammat. **Isinja** banjak sekali, jaïtoe pertjakapan jang pendék dan moedah dari hal segala perkara jang dibitjarakan sehari-hari. Lagi poela ada tjontoh soerat-soerat, jaïtoe soerat pertikelir, soerat perniagaan, soerat permintaan dan rekés. Ketiga ada woordenlijst, jaïtoe keterangan satoe-satoe kata dalam keempat bahasa jang terseboet itoe.

Kitab ini harganja f 4. Ongkos boeat franco antéken f 0.60.

**Belanda-Melajoe.** Kitab pengadjaran bahasa Belanda oentoek segala orang Indonesia dan orang asing. Memákai grammatica ('ilmoe bahasa) jang perloe dan banjak sekali peri bahasa Belanda jang diterangkan dalam bahasa Melajoe.

Harganja f 1.50. Ongkos boeat franco antéken f 0.35.

**Walanda-Soenda.** Boekoe pangadjaran basa Walanda pikeun oerang Soenda, kangge diadjar sorangan, hĕnteu kalawan goeroe atawa sakola. Eusina gampang sarta loba pisan. Aja 4 djilid, nja eta No. 1 **Cursus,** No. 2 **Leerboek,** No. 3 **Voorbeeldenboek** (tjonto-tjonto), No. 4 **Woordenboek** (katerangan kĕtjap hidji-hidjina).

Pangaos 4 djilid f 3. Ongkos franco antekĕn f 0.50.

*Tidak dapat rembours!*

**Mesti kirim wang lebih dahoeloe!**

---

*Prijscourant dikirim gratis kepada barang siapa jang minta!*

# RALEIGH

## THE ALL-STEEL BICYCLE

Nja ieu kareta mesin No. 1 teh, sagala roepina didamelna koe wadja sareng parantos kamashoerkeun ka sakoeliah doenja.



## N. V. S. C. OLTREMARINA

Hoofdkantoor: BATAWI — PRINSENSTRAAT 2.
Bijkantoor: SOERABAJA — PARADESTRAAT 17b.



Gedoeng Postspaarbank jang baroe di Weltevreden. Dahoeloenja gedoeng ini toko Eigenhulp, adanja ditentangan roemah bola Harmonie, Weltevreden.



Gedoeng Gemeenteraad jang baroe di Soerabaja.

## SOTJA TEH ANGGAHOTA OE-RANG ANOE PANGPĚRLOENA.



Oepami andjeun nganggo katja-sotja awon, tangtos sotja andjeun rĕsak.

Sim koering sanggĕm mangngilarikeun katja-sotja anoe sae, kalajan pĕrdio.



## KEKĔR, PADOMAN, SOERJAKANTA, PAKAKAS SANGKAN TĔRANG KANA PANGROENGOE djst.

## J. H. GOLDBERG

| WELTEVREDEN | SOERABAJA | MALANG | DJOGDJA |
|---|---|---|---|
| Noordwijk 21 | Pasar Bĕsar 36 | Kajoe Tangan 6 | Toegoe 4 |

---

**BON 10 %.**

Saha-saha anoe masihkeun ieu bon dina waktos ngagaleuh katja-sotja, kenging potongan 10 %

**J. H. GOLDBERG,** WELTEVREDEN, SOERABAJA, MALANG DJOGDJA.

## PĔTIKAN TINA DAPTAR BOEKOE² BASA SOENDA

473. **TJARITA IWAN EUSLEUM.** Leo Toltoï, 25 k, 8⁰ S. B. .............................. „ 0.20

508. **TJARITA SI ALPI.** R. Ardiwinata, 54 k, 8⁰, S. B. ......... „ 0.35

520. **WAWATJAN SOELANDJANA - SOELANDJANI.** M. Soeharma — M. Dĕndasasmita, 87 k, 8⁰, S. B. ......... „ 0.35

526. **TJARIOS KI SANTRI GAGAL.** M. Natawiria, 31 k, 8⁰, S. B. .............................. „ 0.35

527. **WAWATJAN ABDOEL KOMAR.** M. Soeharma, 57 k, 8⁰, S. B. ...................... „ 0.30

536. **WAWATJAN HAJATINIPOES.** Sardjono, 42 k, 8⁰, S. B. .............................. „ 0.25

549. **WAWATJAN SINTA.** M. Kadmawirĕdja, 66 k, 8⁰, S. B. „ 0.40

552. **WAWATJAN SOERJANALA.** R. Danoemihardja, 31 k, 8⁰, S. B. .................. „ 0.25

KALOEARAN

B A L E P O E S T A K A

bangsa oerang tina hal bank bakal leuwih loba batan ajeuna. Dimana geus rea pamanggihna kakara oerang bisa nimbang (milih) kalawan sampoerna, koemaha pětana digawe anoe pangäloesna.

Saěnjana anoe dipikarěp koe ieu karangan lain tina hal ieu. Moenggoehing pikeun saajeunaeun mah geus ngarasa boengah marwata soeta lamoen hate djalma² djadi katarik kana hal bank, koe katěrangan anoe sakieu pondokna něpi ka jarakinna kana goenana; komo lamoen lantaran kadjoeroeng koe kajakinanana tea djalma-djalma pada njaroba tanagana pikeun digarawe dina oeroesan eta.

## Bank circulatie.

### Neangan modal pikeun ngagědean paoesahaan.

Anoe djadi kapala tina bank taja bedana djeung noe djadi kapalana tina oeroesan dagang atawa tina paoesahaan sedjen-sedjenna deui lian ti eta. Nja eta sabisa-bisa salawasna manehna ihtiar sangkan paoesahaananana tea madjoe. Panoengtoen anoe teu kitoe, lain panoengtoen anoe sadjati, sarta hěnteu pantěs djadi panoentoen eta paoesahaan lila-lila. Oepama ajeuna modal eta bank teh djadi doea kalieun modalna asal, kaoentoenganana oge bakal djadi doea kalieunana, atawa bisa djadi oge leuwih loba.

Tapi ajeuna anoe dipikasoesah teh, ti mana njokotna eta doeit atawa ti mana datangna, sangkan modalna tea salawasa bisa nambahan.

Moenggoehing pikeun bank mah katjida hadena lamoen bisa njieun doeit sorangan teh; djadi manehna hěnteu koedoe sabar noenggoean doeit anoe kaloear tina pesak djalma rea bae, sabab lamoen kitoe mah dimana manehna pěrloe make doeit teh, sabaraha bae oge tangtoe bisa ngajakeun, lain?

### Kěrtas bank.

Tina hal neangan doeit — ngagědean modal — bangsa bankier teh katjida palintěrna. Tina *ěnol* něpi ka bisa ngajakeun modal anoe katjida gědena. Asal teu aja něpi ka ajana, malah něpi ka katjida lobana deuih. Akal kieu teh katjida lilana djeung hesena kana kapanggih teh; tapi ari geus breh mah geuning lain djalan hese-hese teuing, něpi ka loba djalma anoe ngarasa heran, naon sababna hěnteu ti babaheula manggih-

keun akal kitoe teh. Hal ieu teh hidji djalan gampang djeung moerah, malah beunang disĕboetkeun jen taja pisan waragadna, nja eta koe djalan ngaloearkeun *soerat pĕrdjangdjian* jen bakal majar koe roepa doeit ka sakoer noe mawa eta soerat pĕrdjangdjian tea. Tah kitoe saĕnjana mah! Eta soerat pĕrdjangdjian, disĕboetna koe basa Walanda *bankbiljet,* basa Soendana kira-kira *kĕrtas bank;* anoe koe oerang biasa sok disarĕboet *oeang kĕrtas* tea.

Tah nĕpi ka sakitoe djaoehna akal bankier teh: hidji pamanggih anoe katjida basadjanna toer hade djalanna, bisa dipake saĕndĕngna boh dina oeroesan dagang atawa dina kapĕrloean hiroep sapopoë saroea bae. Bedjana anoe nimoekeun akal kieu teh toean Palmstuch anoe ngadĕgkeun bank Stockholm, dajeuh nagara Zweden dina taoen 1656. Djadi nĕpi ka ajeuna lilana teh geus meh 300 taoen.

Anoe leuwih matak heran deui teh, sapĕrti anoe kasĕboet di handap ieu:

Oepama aja hidji soedagar bogaeun *wissel* noe harga f 1000.— manehna toeloej datang ka bank rek noekeurkeun eta wissel tea kana d o e i t. Koe bank manehna hĕnteu dibere doeit, tapi ngan dibere soerat pĕrdjangdjian tea (kĕrtas bank atawa oeang kĕrtas) bae harga 1000 roepiaeun, eta teh ditarimana koe manehna kalawan kaboengahan; sakitoe kaanehanana teh!

Naon sababna noe matak eta soedagar hĕnteu nanja kieu: „Naon gawena ieu soerat pikeun kaoela? Koela mah pĕrloe soteh doeit, lain soerat. Lamoen koela pĕrloe koe soerat mah nja ĕnggeus eta wissel tea bae rek diampihan deui, moal soesah koering noekeurkeun soerat kana soerat deui; pangadjina sakitoe-kitoe keneh, naon gawena"'

## B e d a n a  k ĕ r t a s  b a n k  d j e u n g  w i s s e l.

Sabĕnĕrna soerat pĕrdjangdjian (kĕrtas bank atawa oeang kĕrtas) teh, taja bedana ti saroepaning soerat, tapi ari djeung wissel mah nja aja bae bedana teh, malah djaoeh pisan.

Ngarah gampang ngoedag galoerna ieu tjarita, di dieu *bankbiljet* teh rek disĕboet *kĕrtas bank* bae, moal disĕboet *wang kĕrtas,* sangkan welan kanjahoan, pikeun ngabedakeun doeit djeung doeit kĕrtas.

1e. *Kĕrtas bank bisa pipindahan kalawan gampang, sapĕrti doeit ti hidji djalma ka djalma sedjen;* ari wissel mah hĕnteu.
2e. *Iraha bae bisa ditoekeurkeun kana doeit;* ari wissel mah kakara bisa lamoen geus nĕpi kana waktoena.
3e. *Salawasna pajoe;* dĕmi wissel hĕnteu salawasna.
4e. *Lamoen ditoekeurkeun pajoe sahargana;* ari wissel aja naektoeroenna.
5e. *Dikaloearkeun djeung ditandana koe bank anoe geus kasohor bae,* anoe djalma-djalma geus njarahoëun kana ngaranna, nadjan djalma anoe hĕnteu boeniaga, sapĕrti di oerang *Javasche Bank;* ari wissel biasana tjoekoep koe ditanda koe djalma anoe dipikawawoeh koe sawatara djalma bae.
6e. *Hĕnteu make rentĕn;* ari soerat-soerat noe aja hargaan noe sedjen, sapĕrti wissel tea, sok make anak.

### Dipandang sapĕrti doeit.

Pendekna kĕrtas bank teh dipandangna koe djalma rea sapĕrti kana doeit bae, padahal kĕrtas bank teh hakekatna mah taja lian ti kalangkang doeit. (Batja dina boekoe „Dari hal wang Robinson Crusoë", Seri Nummer 646, kaloearan Bale Poestaka; hargana f 0.10), atawa beunang oge disĕboet doeit kapĕrtjaan. Koe lantaran kapĕrtjaan djĕlĕma ka bank anoe ngaloearkeun tea, nĕpi ka kĕrtas bank teh dipandang sapĕrti kana doeit hargana tea bae.

### Kaoentoenganana.

Naha kĕrtas bank teh matak ngoentoengkeun kitoe? Poegoeh bae, malah lain leutik-leutik kaoentoengan. Koe djalan kitoe modal teh djadi tikĕl-manikĕl, toer pikeun modal anoe ngawoedjoed kĕrtas kitoe, bank teu koedoe *majar rentĕnna* sapĕrti bank deposito. Tina hal ieu bae oge geus djadi hidji kaoentoengan anoe pohara gĕdena. Bank mah ngan koedoe ngaloearkeun ongkos njieunna eta kĕrtas bank tea bae woengkoel.

### Papaitna.

Di loehoer anoe ditjaritakeun teh ngan mamanisna bae, padahal papaitna oge nja aja tina hal ngaloearkeun kĕrtas bank teh. Kapan kĕrtas bank noe aja di djalma rea teh saroea bae djeung „soerat

pĕrdjangdjian hoetang" sarta samangsa-mangsa eta kĕrtas bank beunang dibawa ka bank, ditoekeurkeun kana doeit. Bank diwadjibkeun koedoe noekeuran saajana kĕrtas bank tea; lĕbah dieu meureun noe maratja oge bisa ngira-ngira sorangan, sabaraha malioeneun kĕrtas bank noe aja di djalma rea teh.

Djadi oepama kadjadian sakabeh djalma anoe baroga kĕrtas bank, daratang ka bank *ngadon naloekeurkeun kĕrtasna kana doeit,* djeung oepama dibarĕngan koe sagala djalma anoe barogaeun simpĕnan deposito *rek njarokot deui doeitna,* lamoen kadjadian aja hal anoe saroepa kieu, kandjoet koendangna oge tangtoe dobol, iwal lamoen bank anoe katjida santosana mah.

## Ngadjaga karoegian djalma rea.

Lamoen bank teu bisaeun majar hoetangna noe doea roepa tea, anoe bakal tjilaka (nanggoeng karoegian) mah nja djalma rea keneh bae. Sangkan oelah kadjadian noe saroepa kitoe, geus ditĕtĕpkeun koe oenina oendang-oendang Nagara, bank teh diwadjibkeun salawasna koedoe boga doeit sadiaan (perak atawa ĕmas), lobana koedoe tjoekoep pikeun noetoepan harga kĕrtasna anoe dikaloearkeun koe manehna tea.

## Bank circulatie.

Sapĕrti noe geus ditĕrangkeun di loehoer, noe diidinan ngaloearkeun kĕrtas bank teh disĕboetna bank cirsulatie; biasana bank anoe saroepa kieu, di hidji nagara teh ngan hidji.

## Javasche Bank.

Dĕmi di oerang, di Hindia noe djadi bank circulatie teh nja eta Javasche Bank.

Pagawean circulatie bank anoe djadi loeloegoe nja eta ngatoer djalanna doeit noe digolangkeun kana djalan hiroep oerang sapopoë. Oerang ajeuna geus biasa balandja koe doeit perak atawa oeang kĕrĕtas, taja bedana taja hesena, kabeh ge saroea bae, lantaran sakabeh djalma ilaharna daraekeun narima oeang kĕrĕtas teh; nja kitoe deui oerang lamoen narima noe saroepa kitoe ti batoer, sok ditampa bae. Tah koe lantaran geus biasa ti baheula moela malah tĕroes nĕpi ka ajeuna loeloes moeloes hade

djalanna, koe lantaran kitoe, meureun aja oge anoe boga pikiran kieu: „Eta mah atoeh geus mistina bae kitoe soteh. Teu koedoe diatoer deui koe oerang, sabab geus tangtoe pikitoeëunana sarta baris ngatoer sorangan.”

Pamikir anoe saroepa kitoe teh aja salahna, lantaran bisa kitoe soteh lamoen pĕrkara toekar-toekeur doeit sapopoë gampang sapĕrti ajeuna, tangtoe bae moal aja kaheseanana. Ajeuna meureun geus tetela ka noe maratja, jen djalanna oeang kĕrĕtas noe sapĕrti ajeuna, kitoena teh lain koe sabab mistina atawa memang koedoena, tapi lantaran *aja noe ngatoer*. Dĕmi anoe ngatoerna, nja eta Javasche Bank.

Dina hal ieu, Javasche Bank teh koedoe katjida ati-atina, lantaran oepama teu kitoe, bisa djadi aja kadjadian anoe saroepa kieu: Djalma-djalma leuwih mikarĕp kana roepa doeit batan kana oeang kĕrĕtas; tĕgĕsna harga doeit leuwih mahal batan harga oeang kĕrĕtas, nĕpi ka oepama oeang kĕrĕtas noe f 10.— koe oerang dipake balandja kana barang harga f 10.— teh koerang keneh, atawa lamoen oerang noekeurkeun oeang kĕrĕtas noe f 10.— panoekeuranana teh hĕnteu tjoekoep f 10.—. Lain aneh ari kitoe? Lamoen Javasche Bank matana koerang awas, bisa djadi kadjadian sabalikna, nja eta oeang kĕrĕtas hargana leuwih mahal batan doeit perak.

Oentoeng di oerang hal noe saroepa kieu teh arang langka kadjadian, sabab lamoen aja teh kadjadian kitoe — komo lamoen rĕmĕn mah — sakoemaha teuing pisoesaheunana pagawean oerang di pasar, di waroeng, di toko, di sĕtatsioen, di palaboean, di kantorpos djst.

Sabĕnĕrna hal ieu teh bisa kadjadian. Malah moenggoehing bangsa oerang anoe geus ka Mĕkah mah tangtoe geus ngaranapan pribadi, lantaran di Mĕkah mah meh oenggal poë harga doeit teh barobah; oepamana ajeuna pondsterling anoe mahal teh, ĕngke mah moerah deui; doeit ringgit Hindia, kadang-kadang hargana teh ngan 240 sen, kadang-kadang naek nĕpi ka 255 sen atawa leuwih. Nja kitoe deui di Bali anoe make doeit balado djeung perak, nja teu anggĕr hargana teh. Dimana djalma-djalma pĕrĕloe make doeit balado, hargana eta doeit toeloej bae naek sarta doeit perak toeroen; dimana doeit balado geus tjeujah, hargana teh toeloej toeroen deui, doeit perak naek. Salilana kitoe bae toeroen-naek nĕpi ka matak njoesahkeun djalma rea — Ilikan dina Sri

Poestaka No. 7 taoen 1923 katja 153 — malah komo pikeun boejoer-bajar hoetang mah leuwih hese deui bae.

Ajeuna meureun noe maratja geus ngalarti, jen di tĕmpat anoe doeitna mangroepa-roepa, sapĕrti: aja kĕrtas, perak, ĕmas, tamaga djst., harga doeit teh gampang naek-toeroenna lamoen teu aja noe nitenan djeung noe ngatoer. Dĕmi noe pibisaeun ngatoer taja lian ngan circulatie bank.

## Ĕmas atawa perak panoetoep.

Javasche Bank diwidian njieun oeang kĕrĕtas sorangan. Djadi bisa nambahan modalna kalawan gampang djeung moerah — bank noe sedjen mah hĕnteu meunang njieun oeang kĕrĕtas kitoe teh — Djadi dina hal ieu Javasche Bank leuwih oentoeng batan bank-bank noe sedjen; tapi sanadjan kitoe eta bank lobana atawa njieunanana oeang kĕrĕtas teh hĕnteu meunang sakarĕp-karĕp bae, aja atoeranana.

Sakoemaha anoe geus ditĕrangkeun dina bab *bank circulatie* di loehoer tea, oeang kĕrĕtas teh taja lian ti soerat pihoetang; tĕgĕsna Javasche Bank ngahoetang ka djalma-djalma anoe ngabarogaan oeang kĕrĕtas tea. Samangsa-mangsa aja noe rek noekeurkeun oeang kĕrtasna ka bank, Javasche Bank sanggoep noekeuran koe roepa doeit sahargana eta oeang kĕrĕtas tea. Sangkan eta bank bisa nĕtĕpan kasanggoepanana, koe Nagara diwadjibkeun Javasche Bank koedoe njimpĕn ĕmas atawa perak dina lomarina. Ari lobana geus ditangtoekeun, nja eta: mimitina (ti taoen 1875) koedoe 2/5-na tina djoemblah harga oeang kĕrĕtas anoe dikaloearkeun, barang ti taoen 1914 diobah djadi 1/5-na; dĕmi noe 4/5 deui koedoe katoetoep koe kakajaan bank noe sedjen. Biasana ĕmas atawa perak panoetoep tea sok leuwih loba batan anoe geus ditangtoekeun koe Nagara. Djadi koe djalan kitoe Javasche Bank saban waktoe bisa noekeuran wang kĕrĕtas anoe ditoekeurkeun koe djalma-djalma tea koe roepa doeit, djeung nja eta pisan noe djadi kapĕrtjajaan djalma rea teh.

***

## Bĕstir djeung panoelatenan Goepĕrnĕmen.

Katĕrangan anoe di loehoer geus djadi katĕrangan ka noe maratja, jen toemalina Javasche Bank katjida mangkekna kana kahiroepan oerang sapopoë teh, ngan hal ieu biasana tara karasaeun koe djalma loba djeung koe lantarna kitoe tara sok dipidoeli.

Lantaran toemalina tea sakitoe rapĕtna, koe sabab eta noe djadi prĕsiden djeung direktoerna — sakoerang-koerangna koedoe doeaan — diangkatna koedoe koe Goepĕrnoer Djendral sarta disahkeun koe Sri Maha Radja, lilana pikeun 5 taoeneun. Tapi sanadjan kitoe noe diangkat koe G. G. sapĕrti kitoe teh hĕnteu kaasoep kana golongan amtĕnar, sabab hĕnteu digadjih koe Pamarentah. Sadjabana ti eta aja deui anoe koedoe diangkat koe Goepĕrĕmen teh, Gouvernementssecretaris saoerang; ieu pangkat diangkatna djeung dilĕpasna koe G. G. Ari gawena nja eta pikeun nitenan pagaweanana Javasche Bank. Koe atoeran anoe saroepa kitoe Goepĕrnĕmen djadia bisa oeloe-bioeng kana oeroesan Javasche Bank, toer teu kalawan ngoerangan kamĕrdikaanana kana ngoeroeskeun pagaweanana noeroetkeun kajakinanana sorangan. Dĕmi loeloegoena noe matak eta bank dititenan kitoe koe Goepĕrnĕmen, sangkan oelah kadjadian kawas bank-bank anoe sedjen, noe djadi maksoedna teh taja lian ngan neangan kaoentoengan anoe panggĕde-gĕdena bae.

### Pagawean Javasche Bank djeung Goepĕrnĕmen.

Sadjabana ti pagaweanana anoe sapopoë, aja deui anoe koedoe dipigawe koe Javasche Bank teh, sakoer anoe toemali djeung Pamarentah, nja eta:

*a*. Lamoen pĕrloe bakal mere ngindjeum doeit ka Pamarentah, gĕdena nĕpi ka *f* 6.000.000. — hal ieu tangtoe kalawan pĕrdjangdjian.

*b*. Mangnjimpĕnkeun doeit Nagara kalawan pĕrtjoemah; djadi kasirna (majar djeung narima doeit) pikeun Goepĕrnĕmen djeung Postspaarbank.

*c*. Ngabantoe Goepĕrnĕmen dina njieun oeang kĕrĕtas noe hargana koerang ti *f* 5.—

*d.* Narima doeit simpĕnan, boh noe Goepĕrnĕmen boh noe partikoelir, teu kalawan mere kaoentoengan; koe oerang oge lĕbah dieu mah kaharti naon sababna noe matak J. B. hĕnteu rek mere kaoentoengan teh. Koe ngaloearkeun oeang kĕrĕtas bae oge J. B. teh geus bisa meunang doeit anoe teu kalawan koedoe mere kaoentoengan saeutik-eutik atjan, naon pĕrloena ajeuna pikeun manehna koedoe narima doeit simpĕnan anoe koedoe dibere kaoentoengan? Koe lantaran kitoe djadi arang langka pisan aja djalma anoe daek neundeun doeit di J. B. teh.

***

Nilik kana pandjangna katĕrangan-katĕrangan anoe didadar di loehoer, bisa djadi oge aja noe ngarasa seunggah matjana; hal ieu koe sim koering oge diakoe, sabab memang kitoe ari matja katĕrangan bab bank mah hĕnteu rĕsĕp kawas matja dongeng atawa tjarita anoe rame; tapi koe lantaran toemalina J. B. sakitoe roemakĕtna djeung kahiroepan oerang sarerea sapopoë, katendjo oge pigoenaeunana lamoen oerang rea pada njaraho tina hal ieu.

Ieu katĕrangan teh bĕnĕr pandjang teuing pikeun dina Volksalmanak mah, tapi lamoen ngarah djentrena pisan mah nĕpi kana oenak-anikna tina hal bank, ieu katĕrangan anoe sakieu pandjangna teh djaoeh keneh pisan kana sampoerna teh, da koedoe leuwih pandjang batan ieu. Tapi sanadjan kitoe, sim koering geus ngarasa reugreug nja hate lamoen koe katĕrangan noe sakieu pondokna, noe maratja njaraho kana kaajaanana roepa-roepa bank galĕde, komo lamoen nĕpi ka ngalartina kana tanagana bank anoe sakitoe goenana sakitoe mangpa'atna kana kamadjoean bangsa mah.

Geura toeh taringali di nagara batoer, atawa di kalangan oerang asing noe araja di nagara oerang, kapan geus mere boekti jen goenana bank teh sakitoe gĕdena, noe matak pĕrloe koe oerang ditaroeroetan. Naon sababna noe matak paoesahaan ekonomina oerang Djĕpang, Amerika atawa Eropa pangaroehna djadi sakitoe gĕdena, djeung tanagana sakitoe rosana, nĕpi ka beunang disĕboetkeun saalam doenja ditjanggeum koe maranehanana? Eta geus teu sak deui anoe didjieun „tihang-goeroe" — tihang anoe panggĕdena — teh tangtoe bank.

Lamoen eta nagara-nagara tea hĕnteu barogaeun bank, sim koering sorangan tatjan bisa nangtoekeun jen kamadjoean Djĕpang, Amerika djeung Eropa bakal sakitoe lĕtjĕngna sapĕrti ajeuna.

Di sakoeliah doenja paoesahaan bab bank teh didjieun loe-loegoena pisan. Sim koering ngarasa boengah lamoen anoe maratja geus ngalarti kana hal ieu.

Djalma-djalma anoe baroga karĕp kana ngadĕgkeun bank, seug geura ngamimitian ka dinjah! Koe barĕmpoeg woengkoel atawa badami djeung papadoean bae mah, bank teh moal bisa ngadĕg, lantaran ngadĕgna bank teh koedoe koe t a n a g a djeung o e s a h a.

## B. GĔMOEK HEDJO DJEUNG TATANEN PRIBOEMI.

Pikeun djoeroetani priboemi gĕmoek hedjo teh lain pĕrkara anjar. Bisa djadi eta gĕmoek diparakena geus mangwindoe-windoe; maranehna njarahoëun jen eta gĕmoek matak hade kana pĕpĕlakan sarta njoekoelkeun hasilna deuih.

Tjoetjoekoelan anoe rek didjieun gĕmoek hedjo teh, babagian noe haredjona koedoe diroeang, boh di tĕmpat djadina boh di tĕmpat sedjen. Biasana anoe sok didjieun gĕmoek hedjo teh bangsa katjang (leguminosen), tapi radjeun oge tjoetjoekoelan sedjen. Bangsa katjang bisa njeuseup dat *stikstof* tina hawa pikeun kapĕrloeanana sorangan. Sanggeus diroeang eta babagian tjoetjoekoelan anoe haredjo teh tangtoe djadi boeroek sarta dimana geus boeroek beunang dihakan koe pĕpĕlakan sedjen anoe dipĕlak di dinja; djaba ti eta babagian tjoetjoekoelan anoe geus boeroek teh matak hade kana taneuh deui.

Pangawĕroeh tina hal tatanen beuki lila teh tambah madjoe bae, datang ka kanjaho djĕlĕma tina sagala pĕrkara noe moerba hiroepna tjoetjoekoelan, tambah djĕro bae. Koe sabab eta, djĕlĕma-djĕlĕma bisa nitenan pĕrbawana gĕmoek hedjo tea sarta kanjahoan jen eta gĕmoek katjida mangpa'atna pikeun tatanen. Pĕpĕlakan anoe digĕmoek koe gĕmoek hedjo, hasilna tjoekoel toer waragadna teu sabaraha.

Di oerang anoe nitenan pĕrbawana gĕmoek hedjo teh nja eta landbouwvoorlichtingsdienst, anoe diwadjibkeun koedoe nitenan tatanen oerang Priboemi djeung mere nasehat ka djoeroe tani soepaja oesahana tambah madjoe.

Pikeun nitenan pĕrbawana gĕmoek hedjo tea, landbouwvoorlichtingsdienst, njieun pĕrtjobaan di sababaraha tĕmpat. Sawatara taoen katoekang, eta pĕrtjobaan-pĕrtjobaan hasilna dipariksa di Algemeene Proefstation voor den Landbouw di Bogor. Beubeunanganana mariksa eta proefstation dibadamikeun dina kongres Landbouwvoorlichtingsdienst. Ringkĕsna sapĕrti anoe ditĕrangkeun di handap ieu.

### I. Tjoektjroekan noe panggampangna.

Kalolobaanana dina pĕrtjobaan-pĕrtjobaan gĕmoek hedjo teh bibitna sok disĕbarkeun samemehna pĕpĕlakan anoe bakal digĕmoek. Biasana eta gĕmoek dipĕlakna sok diwoengkoelkeun, tapi sakali-kalieun osok oge disĕbarkeun antara palawidja. Dimana geus deukeut pisan kana waktoena mĕlak pĕpĕlakan loeloegoe, eta gĕmoek hedjo teh kakara diroeang. Dina laporan pĕrtjobaan-pĕrtjobaan pĕpĕlakan palawidja teu dipĕntingkeun; mindĕng pisan tara ditĕrangkeun bangsa naon palawidja anoe sok dipĕlak dina sĕla-sĕla gĕmoek hedjo teh, komo ari hasilna mah tara pisan disĕboet-sĕboet. Pĕpĕlakan anoe digĕmoek hedjo, dapon hade kaajaananana, hasilna teh biasana sok leuwih gĕde batan noe teu digĕmoek. Tapi sakapeung sok kadjadian oge aja pĕpĕlakan pĕrtjobaan anoe digĕmoek koe gĕmoek hedjo noe hasilna hĕnteu nambahan.

Eta pĕrtjobaan-pĕrtjobaan geus mere boekti, jen gĕmoek hedjo teh pikeun di tanah-tanah noe bear leuwih hade batan ti di tanah likĕt.

Koe sabab eta oerang pĕrloe nganjahokeun waktoe noe hade djeung noe goreng pikeun mĕtakeun eta gĕmoek sangkan oerang oelah mitjeunan waktoe djeung doeit teu poegoeh.

### II. Pamanggih tina hal goenta-ganti pĕpĕlakan.

Di sawareh tĕmpat atoeran goenta-ganti sapĕrti noe geus ditĕrangkeun di loehoer teh nja eta mĕlak palawidja dipiligĕntikeun djeung pĕpĕlakan loeloegoe, ngadatangkeun roepa-roepa kasoesahan. Kahidji, palawidja noe dipĕlak samemeh pĕpĕlakan loeloegoe teh teu beunang dileungitkeun atawa dipopohokeun kitoe bae. Kadoea, dimana djalma-djalma beuki soson-soson migawe tanahna, tĕmpat pikeun njĕlapkeun gĕmoek hedjo oge tambah soesah meureun. Koe lantaran kitoe djorodjoj aja pikiran kieu:

*a.* arek njĕbarkeun binih gĕmoek hedjo barĕng djeung bibit tjoetjoekoelan anoe rek dipĕlak tea, sapĕrti noe geus biasa dilampahkeun di kĕbon-kĕbon oerang Eropa, noe oemoer pĕpĕlakanana leuwih ti satahoen.

*b.* arek mĕlak gĕmoek hedjo di sĕla-sĕlana pĕpĕlakan anoe dipĕlak di kĕbon samemeh pĕpĕlakan loeloegoe djeung nitenan koemaha pĕrbawana eta gĕmoek kana pĕpĕlakan loeloegoe djeung tjoetjoekoelan anoe dipĕlak ti heula tea.

Dina pĕrtjobaan *a* leuwihna hasil lantaran make gĕmoek hedjo tea hĕnteu natrat nĕpi ka tetela pisan, loba kotakan-kotakan noe hasilna saroea djeung kotakan anoe teu digĕmoek, malah kotakan noe digĕmoek tea leuwih saeutik batan kotakan anoe teu digĕmoek.

Dina pĕrtjobaan *b* gĕmoek hedjo teh gawena disaroeakeun djeung gĕmoek toko atawa gĕmoek kandang anoe sok diroeang hĕnteu sakoemaha lilana saheulaeun tjoetjoekoelan anoe bakal digĕmoek tea. Ieu pĕrtjobaan maksoedna nitenan koemaha pĕrbawana eta gĕmoek hedjo tea kana roepa-roepa pĕpĕlakan noe digoenta-ganti tea.

Eta pĕrtjobaan-pĕrtjobaan beubeunanganana hĕnteu saroea.

Di bawahan Pakalongan diajakeun pĕrtjobaan di tanah „lateriet" tanahna bear toer beureum. Eta pĕrtjobaan hade pisan hasilna; mimitina dipĕlakan djagong, di sĕla-sĕlana dipĕlakan gĕmoek hedjo crotalaria. Sanggeus dipĕlakan djagong kakara dipĕlakan pare. Kana djagong eta gĕmoek hedjo teh kanjahoan jen teu aja matakna, sarta pare anoe dipĕlak sapandeurieun djagong tea hasilna leuwih ti biasa lantaran digĕmoek tea.

Dina tahoen eta keneh diajakeun deui pĕrtjobaan anoe saroepa kitoe di afdeeling Djombang, nja eta di sawah tanah keusik anoe katjiida bearna. Hasilna aja tambahna saeutik.

Tjindĕkna koe oerang koedoe tĕroes dititenan koemaha ihtiar anoe panghade-hadena pikeun mĕlak gĕmoek hedjo di tĕmpat noe pĕpĕlakanana digoenta-ganti, soepaja beuki tambah tjoekoel hasilna.

## III. Beubeunganana ngoelik.

### A. Ngabandingkeun gĕmoek hedjo djeung gĕmoek toko.

Aja hidji pĕrkara anoe koe oerang pĕrloe dititenan, nja eta nĕpi ka mana watĕsna gĕmoek toko beunangna diganti koe gĕmoek

hedjo dina roepa-roepa tanah. Pikeun nitenan eta masalah geus ngajakeun pĕrtjobaan sababaraha kali tapi nĕpi ka ajeuna masih keneh tatjan kaboeka.

Anoe geus kanjahoan kakara tina hal eta gĕmoek hedjo tea rĕmĕn beunang dipake ngaganti gĕmoek toko zwavelzure ammonia. Koe lantaran mĕlak gĕmoek hedjo tea, mindĕng pisan djĕlĕma-djĕlĕma teh hĕnteu bisaeun mĕlak palawidja. Hal ieu koedoe ditjoektjroek ditoengtik masing tĕlik, mana anoe leuwih pĕrloe pikeun di hidji-hidjina tĕmpat, naha palawidja atawa gĕmoek hedjo?

Eta pĕrtjobaan hasilna katjida anehna, sabab boektina koe djalan ngahidjikeun roepa-roepa atoeran teh, hasilna eta tanah bisa djadi tambah, ngan handjakal doemeh eta pĕrtjobaan hĕnteu bisa netelakeun mangpa'atna hidji-hidjina atoeran. Koe sabab eta, saĕnjana noe koedoe ditarekahan teh nja eta sabisa-bisa noenda sagala pasal anoe teu tangtoe atawa anoe teu tĕrang pisan goenana; pikeun saheulaanan eta pĕrtjobaan teh koedoe basadjan bae.

## B. Njaroeakeun gĕmoek hedjo djeung gĕmoek kandang.

Naha kira-kirana eta gĕmoek hedjo teh beunang dipake ngagantian gĕmoek kandang? Koe oerang koedoe dikanjahokeun heula, naha gĕmoek kandang teh gampang neanganana djeung koemaha hargana moerah atawa mahal?

Pĕrtjobaan anoe saroepa kieu di Tjirĕbon geus didjalankeun malah koe roepa-roepa pĕpĕlakan, sapĕrti koemĕli, sarta djeung boektina jen gĕmoek hedjo teh beunang dipake gaganti gĕmoek kandang, malah hasilna leuwih loba batan noe digĕmoek koe gĕmoek kandang tea.

## C. Makena djeung ngabandingkeunana roepa-roepa gĕmoek hedjo.

Noe didjieun gĕmoek hedjo teh lain saroepa bae, tapi aja mangroepa-roepa malah tabe'atna oge teu aja anoe saroea; oepamana tina pĕrkara djadina djeung ngagĕdeananana, ngaloearkeun daoenna djeung sikina, kakoeatanana nahan robahan hawa, panjakit djeung hama lian ti eta, hade-gorengna lamoen dipĕlak barĕng djeung tjoetjoekoelan sedjen djst., nja kitoe deui pikeun gĕmoek

hedjo anoe sabangsa kahajangna tina pĕrkara taneuh djeung hawa teh beda-beda. Koe sabab eta, pikeun di hidji-hidji tempat hadena mah koedoe ditangtoekeun gĕmoek hedjo noe mana noe panghadena. Ari pikeun nganjahokeunana tina hal ieu, nja koedoe koe pĕrtjobaan. Sangkan eta pĕrtjobaan gampang didjieunna, oerang koedoe ngajakeun kĕbon koempoelan roepa-roepa gĕmoek hedjo tea. Eta gĕmoek mĕlakna koedoe dipasĕlangkeun dina kotakan, sing nĕpi ka beunang dititenan tabe'atna noe dipikahajang koe oerang.

Gĕmoek hedjo noe panghade-hadena nja eta: crotalaria; ari noe pangdipikarĕsĕpna koe djĕlĕma nja eta C. anagyroides, C. Usaramoënsis teu pati dipikarĕsĕp; C. juncea laoen-laoen dipikarĕsĕp oge, lantaran gantjang daoenanana sarta loba deuih, djadi hade pisan pikeun tĕmpat noe pĕpĕlakanana sok goenta-ganti mah karana tangtoe waktoena pikeun mĕlak eta gĕmoek santĕk pisan. Ngan aja handjakalna saeutik doemeh eta gĕmoek (C. juncea) rĕmĕn pisan diroeksak koe bangsa soepa djeung sasatoan anoe laleutik.

Tephorosia (caudida djeung Vogelii) hĕnteu pati diparake. Saĕnjana ieu gĕmoek teh katjida hadena djeung pĕrloe dipikarĕsĕp leuwih ti batan ajeuna, asal ngaloearkeun siki satjoekoepna.

Baheula anoe rĕmĕn diparake gĕmoek hedjo teh nja eta Mimosa invisa (djoekoet rioet) sarta kanjahoan hade. Tapi koe lantaran eta gĕmoek sok ngarambat, tjoetjoekan djeung euweuh eureunna anakan, lila-lila mah tara diparake deui.

Djaba ti eta rea deui gĕmoek hedjo sedjen anoe ditjoba, tapi kaasoep bangsa katjang keneh bae. Eta gĕmoek biasana pikeun noetoepan tanah soepaja oelah roeksak; oepamana koe calopogonium mucunoides, centrosema pubescens djeung centrosema plumieri, Vigna oligosperma djst. Sakali-kalieun osok oge kadjadian eta gĕmoek teh dipĕlak heulaeun pĕpĕlakan loeloegoe anoe baris digĕmoek tea, tapi babakoena sok dipĕlak dina lolongkrang tangkal boeboeahan (boeah, kalapa djst). Hasilna eta pĕrtjobaan tatjan kanjahoan bĕnĕr.

Loba oerang Priboemi anoe marĕlak roaj (Phaseolus lunatus) katjang pĕda (Dolichos Lablab) djeung bangkoeang (Pachyrrhisus erosus), tapi di bawahan Koeningan loba djĕlĕma anoe ngagĕmoek kĕbon koemĕlina koe daoen dadap, boekti hasilna nja hĕnteu kaelehkeun koe hasil kĕbon anoe digĕmoek koe noe sedjen.

Eta gĕmoek daoen dadap geus dibandingkeun djeung gĕmoek hedjo noe sedjen.

(C. anagyroides, C Usaramoënsis, Mimosa invisa djst.), kanjahoan jen kĕbon, anoe digĕmoek koe daoen dadap ngaloearkeunana hasil leuwih tjoekoel.

Oerang pĕrloe make gĕmoek hedjo noe leuwih hade djeung ngadjadjal bangsa tjoetjoekoelan sedjen noe teu kaasoep bangsa katjang pikeun gĕmoek. Ari sababna noe matak kitoe, lamoen sagĕbleg tanah hantĕm bae dipĕlakan bangsa katjang, lila-lila eta tjoetjoekoelan tjarang djadina, kawas eta tanah teh bosĕneun dipĕlakan bangsa kitoe bae; koe sabab eta gĕmoek hedjo anoe dipake koe oerang teh hadena mah koedoe diganti-ganti, oepamana sakoer gĕmoek anoe akarna djarĕro koedoe diganti koe gĕmoek noe akarna dareet.

## D. Pĕrbawa waktoena djeung pĕtana njĕbarkeun siki gĕmoek hedjo.

Waktoena njĕbarkeun siki gĕmoek hedjo teh aja pĕrbawana kana djadina djeung hiroepna. Tjontona siki Crotalaria moal koeateun lamoen kagĕjĕr koe hoedjan; djadi lamoen disĕbarkeun dina moesim hoedjan teh sabagian gĕde tangtoe moal djadi. Keurna eta bibit ngora keneh patoekeurna hoedjan djeung panas teh hĕnteu meunang ngadadak, djadi pikeun di tĕmpat noe toeroen hoedjanna noe mimiti teu tangtoe, mĕlakna gĕmoek hedjo teh koedoe ditoenggoekeun nĕpi ka oesoem ngĕtjrĕk atawa lamoen bisa nja dina waktoe keur teu aja hoedjan, asal gĕtol njiramna bae. Koe sabab gémoek hedjo oge kaasoep kana golongan pĕpĕlakan keneh, wadjib ditimbang-timbang pĕrloe-hĕnteuna ngajakeun tjai irrigatie pikeun gĕmoek hedjo. Di Tjirĕbon geus ditjoba njaian Crotalaria juncea dina moesim katiga sarta hade hasilna.

Djaba ti eta, dina pĕpĕlakan noe ditjampoer waktoena njĕbarkeun bibit gĕmoek teh aja goenana (pĕrhawana) kana tjoetjoekoelan noe sĕla-sĕlana dipĕlakan gĕmoek tea. Babakoena di tĕmpat noe bear taneuhna djeung di tanah noe lapisan tanah gĕmoekna teu sakoemaha djĕrona, gĕmoek hedjo noe soeboer djadina bisa ngaroeksak pĕpĕlakan loeloegoe dina oesoem katiga.

E. Pĕrbawa waktoena ngaroeang gĕmoek hedjo.

Di bawahan Pakalongan diajakeun pĕrtjobaan pikeun nganjahokeun pĕrbawana Crotalaria anagyroides, noe dipĕlak ti heula dina lolongkrang djagong. Eta gĕmoek diroeang ti heula 10, 20 djeung 30 poë samemeh mĕlak pare noe baris digĕmoek tea. Pikeun eta tĕmpat sanggeusna eta gĕmoek hedjo diroeang koedoe boeroe-boeroe mĕlak tjoetjoekoelan noe baris digĕmoek tea.

F. Ngabandingkeun ngaroeang gĕmoek hedjo noe dipĕlak di tanah eta keneh djeung gĕmoek hedjo noe dibawa ti tĕmpat sedjen.

Di Basoeki rea sawah anoe rĕmĕn dipalawidjaan dibagilirkeun djeung pare; eta sawah teh tapĕl watĕs djeung tĕgalan anoe dibĕrakeun lantaran geus keri taneuhna. Tah eta tĕgalan, meureun beunang dipĕlakan gĕmoek hedjo pikeun ngagĕmoek pare noe di sawah tea.

Koe sabab eta, di bawahan Djogdja geus diajakeun pĕrtjobaan dina tanah pasir noe bear, dina tanah pasir noe loba taneuh porangna djeung dina taneuh porang anoe katjida likĕtna. Eta pĕrtjobaan teh kabeh dikotak-kotak, aja kotakan:

*a.* noe teu digĕmoek,

*b.* noe digĕmoek djeung Crotalaria anagyroides, noe dipĕlak dina kotakan eta keneh,

c. noe digĕmoek djeung Crotalaria anagyroides noe dipĕlak dina kotakan eta keneh, tapi babagianana noe di loehoer taneuh teu dipake,

*d.* noe digĕmoek koe daoen Crotalaria tina kotakan *c.*

Boektina beubeunangan ngagĕmoek koe Crotalaria noe djadi di tĕmpat eta keneh djeung ngagĕmoek koe Crotalaria ti tĕmpat sedjen, beubeunanganana saroea bae.

## IV. Hasilna.

Pĕrtjobaan-pĕrtjobaan noe diajakeun koe Landbouwvoorlichtingsdienst hasilna kieu:

1e. tatanen Priboemi beunang ditaekkeun hasilna koe gĕmoek hedjo;

2e. waktoe nimbang-nimbang hasil pĕrtjobaan pĕrloe dikanjahokeun:
   *a.* sakabeh atoeran ngaganti pĕpĕlakan;
   *b.* katĕrangan tina pĕrkara ekonomi tatanen (naon noe sagĕmbléngna bisa ngadatangkeun kaoentoengan noe panggĕde-gĕdena);
3e. kadangkala eta gĕmoek hedjo beunang dipake ngaganti gĕmoek toko (zwavelzure ammonia), tapi kadangkala leuwih hade oerang koedoe make gĕmoek toko bae atawa tjampoeranana eta gĕmoek djeung gĕmoek hedjo;
4e. kadang-kadang eta gĕmoek beunang dipake ngaganti gĕmoek kandang;
5e. tanah, hawa, atoeran ngaganti-ganti pĕpĕlakan, saroepa-roepana, beda kahajangna tina pĕrkara gĕmoek hedjo. Djadi ieu pĕrtjobaan koedoe diajakeun sababaraha kali;
6e. dina kaajaan noe tangtoe waktoe njĕbarkeun siki djeung ngaroeang gĕmoek gĕde pĕrbawana;
7e. Sawah noe digĕmoek hedjo noe asalna ti tĕmpat lian djeung sawah noe dibere gĕmoek hedjo noe asalna ti dinja keneh, hasilna saroea pada tjoekoel beubeunanganana;
8e. goenana gĕmoek hedjo pĕrloe dititenan sababaraha taoen lilana, soepaja oerang jakin bisa-hĕnteuna eta tanah dihadean koe gĕmoek hedjo tea;
9e. nja kitoe deui pĕrbawana gĕmoek hedjo kana woedjoed djeung sipatna hasil pĕpĕlakan noe digĕmoek tea pĕrloe dititenan. Hal ieu dina bako siksik geus kanjahoan jen eta gĕmoek kadang-kadang hade, kadang-kadang goreng; kawasna goemantoeng kana atoeran njieunna bako;
10e. dina pĕrtjobaan gĕmoek hedjo tea pĕrloe ditalingakeun sagala hal noe bisa djadi netelakeun, jen eta tanah teu beunang dipĕlakan koe eta gĕmoek;
11e. ihtiar noe diĕnjakeun tina pĕrkara gĕmoek hedjo koedoe dianggap katjida pĕrloena pikeun tatanen Priboemi.

Noeroetkeun katĕrangan-katĕrangan noe di loehoer, katjida tetelana jen landbouwvoorlichtingsdienst teh nitenan tatanen Priboemi kalawan reudjeung sabĕnĕr-bĕnĕrna. Noe ditaloengtik koe eta djabatan teh lain ngan gawena gĕmoek hedjo bae, tapi panaloengtik tina hal gĕmoek toko oge ditoeloejkeun, varteit djst., soepaja bisa nganasehatan ka djoeroe tani djalan mana noe panghadena pikeun kapĕrloean paoesahanana.

## PETIKAN TINA DAPTAR BOEKOE² BASA SOENDA

612. **WAWATJAN AGOES GEMBANG.** M. Atmadisastra, 47 k, 16⁰, S. B. ......... „ 0.15

614. **OPAT BOEDAK PAHATOE DI LEUWEUNG.** Kapitein Marryat, 265 k, 8⁰, S.B. Gambarna seueur sarĕng sarae ... „ 1.20

624. **AOM BOERĔJ.** F. H. Burnett, 205 k, 8⁰, S. B. Nganggo 7 gambar ...................... „ 1.—

627. **MANOEK HIBĔR KOE DJANGDJANGNA.** R. Ganda Adinĕgara, 53 k, 8⁰, S. A. „ 0.25

628. **WAWATJAN SOERJA MANA.** S. H. Kartapradja, 67 k, 8⁰, S. B. ................. „ 0.35

637. **KADOEHOENG TARA TI HEULA.** Naft Titus, 34 k, 8⁰ S. A. ....................... „ 0.20

643. **TJARITA SINBAD.** A. F. von Dewall, 48 k, 8⁰, S. A. ... „ 0.25

663. **WAWATJAN SOEDAGAR ALI.** M. Sastrawinata, 45 k, 16⁰, S. B. ..................... „ 0.15

KALOEARAN
BALE POESTAKA

## PĔTIKAN TINA DAPTAR BOEKOE² BASA SOENDA

8. **GĔNĔP BĔLAS TJARITA.** Mangoendikaria, 39 k, 8⁰, S. A. ........................... „ 0.16

163. **ROEPA² MISAL ANOE BARIS HASIL.** 31 k, 8⁰, S. A. ........................... „ 0.15

7. **PIWOELANG TATANEN.** R. Hasan Soemadipradja, tj. 2e, 70 k, 8⁰, S. B. ........... „ 0.20

115. **WAWATJAN ELMOENING TANI.** R. Djajadirĕdja, 16 k, 8⁰, S. B. ........... „ 0.10

149. **BAB BAKO.** R. Djajadirĕdja, 40 k, 8⁰, S. B. .............. „ 0.25

152. **HAL MĔLAK DJEUNG NGOKOLAKEUNANA ROEPA-ROEPA PĔPĔLAKAN I.** M. Sĕtjaadipoetra, 32 k, 8⁰, S. B. ................. „ 0.15

152a. Idĕm II, 23 k, 8⁰ S. B. ........................... „ 0.10

KALOEARAN
BALE POESTAKA

Moega-moega ieu karangan bisa noengtoen djalma rea rarĕsĕp naloengtik masalah gĕmoek hedjo nĕpi ka djoetjoengna; saha bae noe hajang njaho tina pĕrkara eta leuwih djaoeh, meunang menta katĕrangan ka kapala afdeeling Landbouw di Bogor atawa ka landbouwconsulent noe deukeut ka tĕmpat matoehna.

Tarekah atawa pamanggih ti loear baris dihargaan ĕnja-ĕnja karana eta teh saroea djeung hidji pangadjak ka ambtenaar landbouw soepaja ngadjalankeun pagaweanana leuwih tĕmĕn deuih pikeun ngahadean tatanen Priboemi.

---

*Kapintĕran bidjilna tina doea lawang, tina dasar bakat pintĕr djeung rea loeang ambahan.*

*Saha-saha noe wadoel atawa mojok hareupeun boedak leutik, eta doraka gĕde, matak ditoeroetan.*

*Oepama baroedak teu madjoe, rea koetjiwa di sakolana, biasana kolot-kolotna sok ngagogoreng sakola.*

*Basa eta djoeroe-basana ati, kaboektian dina babasan „hade pokpokan hade pikiran, hade koe omong goreng koe omong.”*

## 21. HAL PANGAWĔROEH AWEWE.

### ROEPA-ROEPA PITOEDOEH

#### Gaganti ĕlim.

Bobodas ĕndog beunang dipake ngĕlim soerat, dina lĕbah oerang kapaksa, lantaran euweuh ĕlim.

#### Mĕrsihan djoekoet dina balaj.

Lamoen djoekoet anoe djaradi dina sĕla-sĕla batoe balaj hese dipitjeunanana, sangkan paraeh, leuwih hade ditjebor koe tjioejah noe 25%.

#### Oebar batoek.

Njiksik lobak atawa ramĕnas sing aripis, bro dikana-pantjikeun, woer diawoeran goela kawoeng, toeloej tagogkeun sing nĕpi ka djadi kintja ngora (sapĕrti sirop). Ari ngoebarkeunana koedoe diinoem sawatara sendok sakalina; ieu oebar, gĕde pisan toeloengna, komo lamoen ti peuting.

#### Tarekah sangkan papakean dimana diseuseuh oelah laas.

Anoe roepana *beureum ngora* atawa *hedjo,* tjai anoe dipake njeuseuhna koedoe ditjampoeran koe *tjoeka.* Lamoen anoe roepana *woengoe* atawa *tĕlor asin,* tjai anoe dipake njeuseuhna koedoe ditjampoeran *soldah.*

Papakean bangsa *sajet toelen* (wol) anoe roepana *hideung,* diseuseuhna koedoe ditjampoeran *potas* (potasch), bangsa tĕwas, sangkan hideungna tea tambah mĕlĕs.

Lamoen tjai anoe rek dipake njeuseuh noe biasana sok ditjampoeran koe *salmiak* atawa koe *terpentijn* teh *ditaneuh-porangan,* eta matak *bodas* ngĕplak ka noe diseuseuh.

#### Tarekah sangkan kĕmbang lila sĕgĕrna.

Kĕmbang bisa sĕgĕr nĕpi ka doea minggoe lilana, asal tjaina diganti oenggal poë, djeung dimana diganti koedoe ditjampoeran prise chilisalpeter, atawa dipoeroeloekan oejah.

Sadjabana ti kitoe aja deui tarekahna, nja eta ditjaianana oelah koe tjiatah, tapi koedoe koe tjipanas, sapoë doea kali.

### Měrsihan katja djandela atawa panto.

Katja djandela atawa panto sangkan herang diběrsihanana koedoe koe spirtoes ditjampoeran tjai. Dikosok koe bangkarak soerat kabar oge aja toeloengna.

### Panghoedang sari.

Tjai bonteng atawa bonteng beunang ngeureutan beunang dipake ngosok beungeut, sangkan koelit lěměs djeung běrěsih; tjinděkna matak woewoeh geulis.

Oenggal isoek sanggeusna sibeungeut dikosok koe kěntang atah beunang ngeureutan. Ieu tarekah biasa dipětakeun koe aweweawewe oerang Ierland anoe kamashoerkeun araloes koelitna.

Nja kitoe deui kěmir noe ngeunah didahar tea, katjida aloesna pikeun kasehatan, djeung beunang dipake narekahan pikeun ngoenggoelkeun kageulisan deui. Saperti noe ewateun bisa leungit koe kěmir, eta kěmir meunang meulah dikosokkeun kana beungeut. Sanggeusna dikosok koe kěmir toeloej disibeungeutan koe tjihaneut koekoe — oelah make saboen — ula-lila eta ewateun tea tangtoe leungit; ari mětakeunana koe sakali oge sapoë tjoekoep.

Tjai boeah anggoer djeung arben oge gěde toeloengna kana ngalěměskeun koelit djeung matak leuwih aloes deui. Ari prakprakanana kieu: anggoer teh koedoe dibeulah doea, toeloej dikosokkeun kana beungeut; keun antěp sing něpi ka toehoerna pisan meunang satěngah djam mah, tidinja kakara disibeungeutan koe tjihaneut koekoe sarta oelah poho, teu beunang disaboen.

Ari arben koedoe diperes heula, sing něpi ka kaloear tjaina toeloej tjampoeran tjoeka saeutik, sarta těroes diboborehkeun kana beungeut.

Samangka oge beunang dipake ngosok beungeut saperti boeboeahan noe sedjen noe geus ditataan di loehoer, djeung sanggeusna dikosok koe eta, nja kitoe deui bae koedoe disibeungeutan koe tjihaneut koekoe.

Ieu sakabeh anoe ditataan di loehoer teh leuwih hade manan saboen sanadjan anoe sakoemaha seungitna oge.

### Měrsihan beuheung badjoe.

Beuheung badjoe anoe kotor koe daki bisa běrěsih lamoen diseuseuhna koe tjai beunang njampoeran koe soldah atawa dikoembah koe bensin boh koe tjai beunang njampoeran koe amonia.

### Sireum.

Sangkan lomari-kadaharan hĕnteu digoeroemoet koe sireum, tatapakanana lain ditjaian, tapi koedoe dikoetjoeran koe minjak tanah. Ari pikeun njingkirkeun sireum ti tĕmpat anoe loba sireuman tea, koedoe diteundeunan kĕrĕtas noe beunang ngampĕran (ngapoer-baroesan) atawa beunang nĕwasan.

### Mitjeun baoe leutak tina laoek tjai.

Sangkan baoe leutak tina laoek tjai bisa leungit, diasakanana koedoe dikoelit-rotian, sarta samemehna koedoe dikeueum koe tjioejah beunang ngahoeoetan meunang sawatara djam mah.

## ROEKOEN DAHAR.

### Pikeun noe dahar djeung kadaharan.

1. Ari dahar koedoe aplen sarta koedoe ditjapek nĕpi ka lĕmboetna pisan. Tjidoeh koedoe galo pisan djeung kadaharan, sangkan eta kadaharan tea bisa lĕboer.

Koe njapek samistina oge geus djadi pitoeloeng kana ngalĕboerkeun.

2. Dahar oelah gĕde teuing. Lamoen aja anoe njĕboetkeun jen dahar teh koedoe gĕde, eta salah: Anoe hade mah taja batan ti meudjeuhna. Oepama beuteung pinoeh teuing, eta matak ngaroeksak kana kadoet anoe sok ngalĕboerkeun kadaharan. Panghadena anoe koedoe didahar teh, ngan kadaharan anoe patri toer gantjang lĕboerna bae; sabab nja noe kitoe noe aja toeloengna kana badan.

3. Kadaharan anoe hade didahar teh, kadaharan noe basadjan djeung saajana bae, lain noe katjiida ngeunahna atawa noe mahal hargana; kadaharan noe karitoe mah matak lalĕsoe djeung soengkanan.

Biasana noe tambarakan teh lain djĕlĕma hade gawe.

4. Pasakan anoe teu make pisan daging nja koerang hadena, aloesna mah koedoe make, tapi saeutik bae. Loba dahar boeboeahan djeung lalab-lalaban, hade kana kasehatan badan.

5. Kadaharan samarana sabisa-bisa koedoe meudjeuhna bae, oelah dahar kadaharan anoe lada teuing, matak roeksak kadoet.

6. Ingĕtkeun, panghadena nginoem teh koedoe tjiatah, sabisa-bisa oelah arek nginoem tjai anoe panas pisan atawa anoe tiis pisan nĕpi ka kawas es, sabab anoe kitoe teh matak roeksak kana hoentoe djeung koerang hade kana djalanna kadoet.

Nginoem dina keur dahar, eta koerang hade, sabab matak ngoerangan dajana hahaseum kadoet anoe katjida pĕrloena pikeun ngalĕboerkeun kadaharan. Hadena kakara nginoem dimana geus salse dahar.

7. Sabisa-bisa dahar teh koedoe ganti-ganti pasakanana (deungeunna).

8. Lalab djeung boeboeahan, lamoen bisa mah oenggal-oenggal dahar oelah tinggaleun.

9. Pikeun kasehatan, dahar loeloegoe anoe panghadena koedoe tĕngah poë. Dĕmi dahar, aloesna mah sapoëna teh koedoe tiloe kali; isoek-isoek sarapan, tĕngah poë dahar loeloegoe djeung pasosore dahar sore.

10. Dahar teh waktoena koedoe anggĕr, koedoe beres, hate koedoe hegar dibaroeng koe soeka boengah, eta gĕde pisan toeloengna kana lĕboerna kadaharan-kadaharan tea.

Dimana kadoet geus biasa digawena dina waktoe anoe anggĕr, eta hĕnteu pĕrloe oerang didjadjamoe atawa dioebaran deui sangkan boga napsoe dahar..

Patjoean rek barang dahar atawa tjapek rahem dina antara waktoe dahar tea, sabab eta teh taja pisan mangpaatna, noe poegoeh mah matak ngaleungitkeun napsoe dahar.

---

*Beurat beunghar, soegih moekti, teu djadi kasĕnangan atawa kamoeljaan ka manoesa, lamoen teu dibarĕngan koe hade hate, sĕpi karisi taja karempan.*

## 22. ROEPA-ROEPA KANJAHO.

### PANOENTOEN SOEPIR.

Katembongna beuki lila teh beuki loba bae mobil di oerang; taksiran lamoen diitoeng dina sapoë-sapoëna, aja ratoesna nambahanana teh. Nĕpi ka di kampoeng oge teu kaget deui lamoen aja noe ngabogaan mobil teh, sok soemawonna ari di kota-kota anoe galĕde mah, geus si itoe-si ieu bae, teu koedoe babah teu koedoe toean, asal boga doeit nadjan teu loba bisa boga.

Taksiran lila-lila mah sado djeung kareta teh bakal leungit pisan lantaran kaseehkeun.

Ari koe kitoe tea mah atoeh da matak kaharti pisan, geura saha anoe teu rĕsĕp toempak mobil; gantjang, ngareunah djeung djaoeh kana pitjilakaeun deui, lamoen soepirna tabah djeung ati-ati mah. Tapi nja eta atoeh dasar di doenja mah tjarang pisan aja anoe sampoerna teh, da ari kalolobaanana mah sok aja bae kakoerangananana. Kapan rĕmĕn pisan oerang ngadenge bedja aja mobil diadoe, tigoeling atawa koemaha bae anoe matak tjarilaka ka noe toempakna.

Naha kadjadianana kitoe teh woengkoel koe tarikna tjilaka bae kitoe? Koe ingĕtan sim koering lain!

Hese kitoe ngadjalankeun mobil teh? Hal ieu oge hĕnteu, da geuning loba anoe ngan oekoer diadjar popoëan bae geus bisa njoepiran sorangan.

Naha koe naon atoeh? Taja lian ngan koe koerang tabahna, koerang kanjahona atawa koerang ati-atina anoe djadi soepir bae.

Djadi ana kitoe mah pagawean soepir teh disĕboet hese babari, disĕboet babari teu gampang, katoeroeg-toeroeg hĕnteu aja sakolana deui, kadjaba ti di kota anoe galĕde mah sapĕrti di Batawi. Boekoe-boekoe pangadjaran pikeun soepir oge nja hĕnteu aja, salianna ti boekoe anoe bakal dikaloearkeun koe Bale Poestaka mah. Mangkaning ari mobil beuki tambah rea bae.

Koe sabab eta, pamoega-moega ieu karangan anoe sakieu pondokna teh aja goenana ka djalma loba.

Saĕnjana anoe djadi soepir teh hĕnteu tjoekoep koe bisa njĕkĕl stuur, ngasoepkeun versnelling atawa bisa nintjak pĕdal gas bae woengkoel, tapi koedoe njaho oge saeutik-eutikeun tina hal motor djeung mechaniek mobil, soepaja bisa ngoeroesna. Sabab lamoen

pangrawat oerang hade, tangtoe eta mobil moal tereh roeksak. Djaba ti eta, anoe djadi soepir teh koedoe bisa ngomean karoeksakan anoe saoetik-saeutik deui, pikeun ngadjaga soepaja oelah bongkor lakoe lamoen aja karoeksakan di tĕngah djalan.

Dĕmi kasalahan anoe djadi babakoe aja doea roepa, nja eta salah njokot djalan djeung salah makena mobil. Tina hal salah njokot djalan moal ditĕrangkeun di dieu, sabab geus aja boekoena anoe parele pisan eusina djeung moerah hargana ngan oekoer ƒ 1.—, kaloearan Bale Poestaka. Djaba ti eta geus ditĕrangkeun deui dina reglement motor.

Ari anoe rek ditjaritakeun ngan tina hal kasalahan anoe kadoea tea bae.

Kalolobaanana anoe kakara diadjar njoepiran, ngadjaralankeun mobilna teh ngan sok rek digarantjangkeun bae. Tapi saĕnjana moenggoehing pikeun anoe kakara dialadjar mah ngadjalankeunana teh koedoe alon pisan. Da lain kabinangkitan djeung teu koedoe djadi kamĕgahan deuih lamoen oerang bisa ngadjalankeun mobil gantjang teh. Dina mimiti madjoena teh koedoe ngagĕlĕjĕr, oelah ngagĕntak tĕroes digantjangkeun bae; ngagantjanganana koedoe saeutik-saeutik nĕpi ka teu karasaeunana koe noe toempakna jen eta mobil noe ditoempakan teh geus madjoe; nja kitoe deui sabisa-bisa oelah nĕpi ka karasaeun koe noe toempak waktoe eta mobil diganti versnellingna, waktoe dirim, dipoendoerkeun atawa dipengkolkeun djst. Lamoen tatjan bisa kitoe, tatjan beunang disĕboetkeun tabah njoepiran.

Rĕmĕn pisan oerang manggihan mobil anoe tĕroes bae loempat tarik tjara koeda adoe anoe kakara dikĕpris di pangadoean, sanggeus kitoe kadenge sora krokkrek doea-tiloe kali, nja eta waktoe soepir ngaganti versnelling. Djeung rĕmĕn geuning oerang manggihan mobil noe bandna kasered koe tarikna eta mobil, sabab soepir ngĕrimna ngagĕntak teuing toer dina waktoe eta mobil keur gantjang sarta teu kaboeroe noetoep gas. Anoe toempak sok rĕmĕn oge tidagor sirah kana tihang tenda atawa padagor djeung batoerna lantaran waktoe mengkol djalanna eta mobil gantjang teuing.

Naon paedahna pĕta noe saroepa kitoe teh? Teu aja! noe poegoeh mah ngan matak ngaroeksak kana motor, meakkeun band djeung ngaleungitkeun kangeunahan noe taroempak djeung noe laleumpang di djalan.

# MOTOR DJEUNG BABAGIANANA.

Dina gambar No. 1 oerang bisa nendjo bangoenna chasis mobil. Ari motor (ilikan gambar No. 2), ajana di beulah hareup; di dinja aja sababaraha cylinder, zuiger, drijfstang djeung hidji krukas (gambar No. 3).

Di djĕro carburator (gambar No. 2), benzin teh nja djadi gas tjampoer djeung hawa. Ari kakoeatanana motor tea noeroetkeun loba-saeutikna gas anoe kaloear tina klep, nja eta anoe sok disarĕboet *gasklep*. Noetoepna eta klep koe hidji parabot anoe didjalankeun koe leungeun atawa soekoe katoehoe.

Di djĕro cylinder gas benzin teh mĕlĕdoeg lantaran kabeuleum koe seuneu listrik anoe dihoeroengkeun koe magneet atawa accu djeung *bobine*. Koe sabab gas teh dina carboratorna ngagĕbos kadoeroek, nĕpi ka bisa ngadĕdĕtkeun *zuiger* ka handap sarta bari djeung moetĕrkeun krukas (ilikan gambar No. 3).

Dina toengtoengna eta krukas aja kipas, sarta koe moetĕrna eta kipas katjida matak hampangna djeung matak tambah lĕlĕt kana moetĕrna krukas.

Cylinder tĕmpat gas kadoeroek tea, lila-lila mah tangtoe djadi panas djeung minjak paranti ngaleueuran zuiger tea (motorolie) kabeuleum nĕpi ka eta zuiger djeung cylinder teh toetoeng nĕpi ka roeksakna lamoen teu ditiisan mah. Koe sabab eta, pĕrloe koedoe ditiisan, biasana nja sok koe tjai bae. Ari atoeranana kieu: solobong cylinder teh sok doea lapis; sĕla-sĕla eta solobong koedoe diasoepan tjai anoe ngotjor, soepaja oelah nĕpi ka panasna. Ari ngotjorna eta tjai mimitina tina radiator (ilikan gambar No. 1) ka djĕro cylinder, tina cylinder balik deui kana radiator. Dina loehoer cylinder aja klep anoe beunang ditoetoep djeung diboeka koe *nokkenas;* eta klep teh nja eta inlaatklep djalan pikeun asoepna gas ka djĕro cylinder; nja kitoe deui *uitlaatklep* toeloej moeka mere djalan dimana gas anoe geus kabeuleum tea arek kaloear. Ari noetoepna deui eta klep teh koe per.

Krukas anoe dipoetĕrkeun koe motor, bisaeun moeihkeun kikiping toekang lamoen disamboeng koe koppeling (gambar 4 djeung 5) djeung koe roda-roda noe aja hoentoean. Tapi dimana motorbenzin tea eureun, lamoen rek didjalankeun deui teh koedoe *dipoetĕr* atawa *disĕtartĕr* heula, lantaran eta hĕnteu bisaeun djalan sorangan sapĕrti bĕrgas anoe didjalankeun koe mĕsin sĕtoem,

Gambar No. 1


radiator
motor
Chassisbalk
versnellingenbak
stuur
cardanas
knalpot
differentieelhuis
benzinetank


versnellingshefboom
uitlaatpijp
ventilator
handrem
rempedaal
LIBERTY
voetrem
versnellingenbak
magneet
carburator
dynamo

Gambar No. 2

Nja kitoe deui sanggeusna moetĕr, hĕnteu bisa oedjoeg-oedjoeg tĕroes madjoe bae, tapi koedoe diantaraan nĕpi kana wawatĕsanana, nja eta diitoeng lobana poetĕranana (toeren) dina samĕnit.




Gambar No. 3

Koe sabab eta sanadjan geus kadenge oge jen eta motor teh geus djalan, teu bisa tĕroes disamboeng bae djeung kikiping toekang, koedoe diantarakeun heula tea. Ari njamboengkeunana nja eta koe koppeling tea anoe diatoer koe pĕdal kentja. Lamoen eta pĕdal *ditintjak*, motor djeung as kikiping toekang *lesot tina gandenganana*, sarta bakal ngagandeng deui dimana eta pĕdal tea dilesotkeun.

*Koppeling* teh aja doea roepa, nja eta *conuskoppeling* (gambar 4) djeung platenkoppeling (gambar 5).

Lamoen djalanna motor teh kĕndor, tangtoe kakoeatanana oge moal sabaraha; djadi koe sabab eta lamoen mobil oerang hajang tambah kakoeatanana, motorna tea koedoe digantjangan djalanna, soemawonna ari dina tandjakan mah.

Ajeuna oerang oepamakeun kieu bae, lamoen dina mimiti indit motor geus moetĕr 20 poetĕran „gear" (gir) kakara sakali, djadi

babandinganana teh hidji kana doea poeloeh. Starter hajang leuwih gantjang, gasna koedoe ditambah, nĕpi ka eta motor teh moetĕrna teu bisaeun ngagantjangan deui lantaran geus katjida lĕlĕtna, oepamana bae dina saménit teh 2000 poetĕran; tapi sanadjan kitoe, lantaran babandinganana tea katjida handapna, 1 : 20 di ngagantjanganana oge meureuṅ moal sabaraha, oepama oekoer 5 K.M. dina sadjam teh. Soepaja babandinganana tea ngagĕdean, nja koedoe diganti versnellingna. Lamoen ajeuna eta mobil teh geus 30 K. M. gantjangna dina sadjam, tapi oerang ngarasa koerang gantjang keneh bae, ganti deui bae versnellingna nĕpi ka teu bisa leuwih gantjang deui ti kitoe, oepamana nĕpi ka 70 K. M. dina sadjam.

Ari tĕmpatna ngaganti-ganti versnelling teh nja eta dina *versnellingenbak*. Di djĕro eta versnellingbak aja sababaraha roda




Gambar No. 4




Gambar No. 5

anoe hoentoean, gawena nja eta sangkan bisa meunang versnelling anoe dipikahajang tea; eta roda-roda teh disamboengkeun koe hidji pakakas anoe disĕboetna *handel* (gagang).

Versnelling kahidji, biasana girna teh leuwih leutik batan noe sedjen; versnelling kadoea leuwih gĕde batan noe kahidji; ari versnelling katiloe djeung kaopat, girna teh anoe panggĕde-gĕdena. Dĕmi anoe disĕboet versnelling anoe panggĕde-gĕdena, nja eta anoe as motor djeung as kikiping soemamboeng ngadjadi hidji. Lamoen versnelling anoe saroepa kieu dipake, roda-roda noe haroentoean noe aja di djĕro versnellingenbak tea tangtoe hĕnteu kapake. Versnelling anoe saroepa kieu, pikeun di Hindia mah tjarang anoe marake, sabab kalolobaanana djalanna nandjak-moedoen bae.




Gambar No. 6

Di tĕngah-tĕngah as kikiping toekang aja roda-roda anoe hoentoean (gambar 7), nja eta anoe dipoetĕrkeun koe roda-roda hoentoean deui dina as cardan (gambar 1). Koe sabab eta, dina waktoe mengkol gilinding toekang gantjangna tara saroea; lamoen mengkol ka kentja, gilinding noe katoehoe noe leuwih gantjang teh, kitoe deui lamoen ka katoehoe sabalikna. Koe sabab eta, as kikiping toekang teh koedoe dipotong di tĕngah-tĕngahna sarta disamboengkeun deui koe roda-roda anoe hoetoean (gambar 7), disĕboetna *diffenticel.*

Dina mobil pakakas listrikna biasana sok aja doea roepa, nja eta *batterij* djeung *dinamo*. Eta dinamo didjalankeunana koe motor, ari gawena pikeun ngeusian batterij koe listrik, nja eta pikeun njeungeut lampoe, ngadjalankeun starter, nabeuh klaxon djeung sadjaba ti eta.




Gambar No. 7

Stuur njamboengna kana kikiping hareup, tapi rim kalolobaanana njamboengna sok kana kikiping toekang. Ajeuna geus aja oge noe njamboengkeun rim kana kikiping toekang djeung kikiping hareup, malah aja anoe njamboengkeunana ngan kana kikiping hareup woengkoel.

Kahadeanana njamboengkeun rim kana kikiping hareup teh nja eta sangkan kikiping toekang teu bisaeun *sĕlip* (slip) masing di djalan anoe sakoemaha leueurna oge.

Katĕrangan-katĕrangan anoe geus dipĕdar di loehoer, nadjan hĕnteu pandjang, koe ingĕtan ĕnggeus tjoekoep pikeun noedoehkeun kasalahan-kasalahan anoe make mobil mah, nja eta: kasalahan anoe njoepiran dina hal makena motor, ngadjalankeun mobilna, ngĕrimna djeung rea-rea deui djaba ti eta. Djadi lain tina hal ngarawatna.

Panghadena samemehna oerang diadjar njoepiran teh koedoe diadjar heula atawa nganjahokeun heula hidji-hidjina pakakas mobil sarta naon pigoenaeunana. Ari anoe mimiti koedoe diingĕtkeun nja eta hal njamboengkeunana versnelling. Hal ieu koedoe diapalkeun ĕnja-ĕnja, dina waktoe motor djeung mobil nganggoer, sing nĕpi ka bisa goenta-ganti versnelling teu koedoe diilikan deui, sabab moenggoeh noe djadi soepir mah teu meunang loeak-lieuk nendjo ka loehoer-ka handap, tapi koedoe lĕmpĕng nendjo ka hareup.

---

*Pandjang ingĕtan, gĕde kaera djeung sabar lamoen ngagolong djadi hidji, koe oerang koedoe dianggap djimat paripih anoe noengtoen kana djalan kasalamĕtan.*

---

*Mokaha matak moklaan.*

## 23. FEUILLETON.

### BABAD TJIRĔBON *)

D a n g d a n g g o e l a.

Bismilahi alrahmani 'rrahim, saniskara pagawean koel kalawan asma Jang Manon, noe moerah asih moengpoeng, no goemĕlar hiroep djeung hoerip, sanggeus asma'oelhoesna, wiw noetoer tjatoer, nata lalakon olia, mĕdar babad Tjirĕbon SINOE HOEN DJATI, Wali najaka Djawa.

Noeroet galoer saoengĕling toelis, iboe SOENAN GOENOEN DJATI POERBA, DALĔM SATANG asmana teh, poetra MA HA PĔRĔBOE, Ratoe agoeng SANG SILIWANGI, Radja d Padjadjaran, SATANG poetra boengsoe, ti garwa ti Singapoera anoe tjikal TJAKRABOEANA raspati, noe panĕngah SĔ NGARA.

DALĔM SATANG ditjandak ka hadji, koe rakana SAN TJAKRABOEANA, waktoe masih landjang keneh, sanggeus h djina toetoep, doeanana teu wara moelih, tapi loenta djararah ngalap bĕrkah agoeng, angkat ka Betalmoeqadas, tĕmpat soe tji pakoeboeran para nabi, makam para najaka.

Waktoe eta Ratoe Banisrail, anjar keneh katilar koe garwa anoe dipoendi diĕnod, meudjeuhna liwoeng bingoeng, taja deu noe dipigalih, moeng neangan gantina, anoe sapamoeloe, no meh saroepa sawanda, djeung geureuhna noe poepoes hojong sasari, sabata sarimbagan.

Ladjĕng njaoer Kadi DJAMALOEDDIN, dipariksa soegan geus manggihan, atawa neuleu awewe, sarimbag djeung Nj Ratoe, rek didjieun parameswari, KI KADI pok oendjoekan „Noen soemoehoen dawoeh, abdi goesti mĕndak warta, aja istri kakongaskeun langkoeng geulis, asal ti Padjadjaran.

---

*) Disoendakeun koe Bale Poestaka.

Koe lantjeukna dibantoen ka hadji, ladjĕng djarah ka Betalmoeqadas, moeng tatjan ningal pribados, nanging wartos nah mashoer", dawoeh Radja: „Tjik tjoba KADI, koe maneh bek tjaloekan, sina ka kadatoen, sĕboetkeun kami rek sidkah, dana-dina noe saban tahoen maranti, malar oelah katara.

Noe didjaga wiwirangna istri, lamoen kami nanjaan koe beja, bedja teh radjeun sok bedje, koema' moen teu panoedjoe, sakoemaha wirangna poetri, goreng noe ngawiwirang", KADI: „Toetas dawoeh", toeloej ka Masdjidi'laqsa, rek nĕpoengan Sang Poetra reudjeung Sang Poetri, menak tĕdak Pasoendan.

Barang tĕpoeng DJAMAL pok ngalahir: „Eh Ki Hadji Nji Hadji bagea, andjeun estoe bagdja gĕde, ka dieu bisa tjoendoek, bisa djarah ka para nabi, nagara Betalmoeqdas, poepoendjoengan ratoe, moega Ki Hadji oeninga, nja di dieu baheula Nabi IBRAHIM, nampi ilham ti Allah.

Eukeur waktoe andjeunna moemoedji, ka Pangeran anoe sipat rahman, ngĕningkeun tingaling batos, nĕnĕda poetra-poetoe, moega djadi radja djeung nabi, kinaboel panĕdana, dawoeh Maha Agoeng: „ „Eh IBRAHIM Haliloellah, sapanĕda maneh dikaboel koe kami, anak maneh KI ISHAK.

Didjadikeun bibit para nabi, djeung noeroenkeun para radja-radja, djangdji kami tara geseh, patjoean salah maphoem" ", kitoe dawoeh Goesti Jang Widi, salianna ti eta koela ngĕmban dawoeh, ti Sang MOLANA MASHOEDA, njaoer andjeun kana hadjat Kangdjĕng Goesti, sidĕkah dana-dina.

Noe diondang ngawalonan rintih: „Sĕmbah noehoen ka Sri Maolana, sim koering sĕdja ngaderek," karaton djĕdjĕl pinoeh, koela wargi Amir saroemping, bajak para oelama, djeung ahli tasawoef, ahli fakih ahli qir'at, sadajana di karaton sami hadir, djadi ondangan Radja.

Beres hadjat Radja Banisrail, ladjĕng tjalik njakĕtan ki semah, bari ka Poetri ngareret, manah Radja ngarandjoeg, DALĔM SATANG bĕnĕr saroepi, djeung garwa anoe wapat, toe-

loej bae njaoer: „Eh KI SOENDA menta soeka, doeloer awa koe kami arek dikawin, ganti garwa noe wapat."

Walon TJAKRABOEANA: „Noen Goesti, oendjoek noehoe noe tanpa wilangan, kana kĕrĕsa Sang Katong, moeng awo teu kaoendjoek, rehing Goesti lintang tingali, poen adi geus sa wawa, prantos mandjing oemoer, djadi koe margi hal eta, taj sanes njĕmbahkeun doedoeka Goesti, soemĕrah ka djinisna.

Abdi goesti amoeng sĕdja ngiring, sakarĕpna poen adi NJ SATANG, koe margi parantos baleg, lamoen djinisna poeroen dipigarwa koe kĕrsa Goesti, soekoer Alhamdoelillah," Radja toe loej njaoer: „Soekoer maneh geus ngidinan, ieu kami rek nanja noe djadi djinis, koemaha pikir SATANG?

Oelah gĕde oelah leutik ati, doemeh kami niat rek migarwa koemaha ingĕtan maneh?" DALĔM SATANG pioendjoek: „Sewoe nochoen ka linggih Goesti, abdi goesti noe hina, oerang Soenda doesoen, Goesti ngĕrsakeun migarwa, teu kahartos moen abdi goesti teu ngiring, kana kĕrsa Nalendra.

Namoeng aja sahidji pĕrkawis, anoe djadi beungbeurat pambĕngan, reh abdi roemaos bodo, teu tĕrang ata-oetoe, adat-adat di Banisrail." Sang Radja pok ngandika: „Pĕrkara noe kitoe teu koedoe djadi halangan, barina ge montong loba noe dipikir darapon awak soeka.

Masing tĕroes tjek lisan djeung ati, papatjoean arek pasalia pok daek hate moenapek, eta haraming lakoe, pikeun oemat Islam teu idin, lamoen aja halangan, atawa teu poeroen, teu batan waktja balaka, oelah isin bisi kadoehoeng di ahir, kĕdalkeun sakĕplasna."

Kinanti.

NJAI DALĔM SATANG matoer: „Noen soemoehoen dawoeh Goesti, abdi goesti sangĕt bingah, nampi piwĕdjang pepeling, ditjangreud 'na toentoeng rema, dipoendi dipoesti-poesti.

Moeng awon teu kapioendjoek, gadoeh panoehoen sahidji, nagaing njĕmbahkeun doedoeka, sanes abdi bade moengkir, atawa njieun tandjakan, moeng rek ngalap bĕrkah Goesti."

Radja Banisrail njaoer: „Pok naon pamenta Njai, insja Allah ditjoemponan", DALĔM SATANG pok ngalahir: „Moegi Djĕng Goesti masihan, ka abdi anak lalaki.

Anoe djadi wali agoeng, sakti manggoelang-manggoeling, sagaratoean Tanah Djawa, njĕbarkeun Agama Nabi, karana di Noesa Djawa, tatjan Islam masih kapir."

Sang Radja mindĕl toemoengkoel, ngĕningkeun tingaling batin, madĕp mantĕp ka Pangeran, mĕlĕng kasidikan istri, ngeng sowara tan katingal, sidik kadangoe koe Goesti.

„Eh HOEDA oelah kaliroe, pamentana Njai Poetri, eta teh kalangkang kadar, anoe goemantoeng geus rek tjlik, pek bae geura sanggoepan, kalawan idin Jang Widi."

Sang MASHOEDA tjĕngkat njaoer: „Pĕrkara pamenta Njai, insja Allah ditĕdoenan, kalawan idin Jang Widi." gĕr goegoer di awat-awat, gĕtĕr patĕr erawati.

NJI DALĔM SATANG toemoengkoel, hebat kaget boengah isin, ngĕpĕr leuleus salirana, emoet geus patali djangdji.toeloej digèntos djĕnĕngan, nĕlah SJARIFAH MOEDA'IM.

TJAKRABOEANA katjatoer, gĕntos djĕnĕngan di Mĕsir, Hadji ABDOELLAH DZOE'LIMAN, tidinja toeloej maroelih, ka Mĕkah nitih kareta, kotjapkeun ka Mĕkah soemping.

Sakabeh Imam diloengsoer, Imam SJAFI'I HANAFI MALIKI djeung sabatoerna, HAMBALI nja kitoe deui, koempoel di Hadji DZOE'LIMAN, oelama sa-Mĕkah soemping.

Sangeus ondangan karoempoel, DZOE'LIMAN toeloej ngalahir, njaritakeun paniatan, nikahkeun rai MOEDA'IM, ka Sang MOLANA MASHOEDA, andjeunna noe djadi wali.

Njoehoenkeun bĕrĕkah agoeng, noe ngidjab Imam SJAFI'I kasaksen para oelama, saheh noe djangdji-djinangdji, Soeltan lila di Mĕkahna, ibadah tho'at djeung rai.

Doeanana sami soehoed, mantĕng madĕp ka Jang Widi, nĕpi ka Rabi'oe'läwal, panganten di Mĕkah moekim, toeloej angkat ka Madinah, djararah ka Kangdjĕng Nabi.

Di Madinah Kangdjĕng Ratoe, lila moelan-malen linggih, nĕpi ka beak Poeasa, kotjap SJARIFAH MOEDA'IM, boelan Radjab ĕnggeus njiram, ĕnggeus meunang doea sasih.

Sanggeus boelan Siam toetoep, poëan rijaja leutik, maroelih deui ka Mĕkah, rek noengkoelan 'oemrah hadji, di Mĕkah Sang Poetri babar, boelan Sapar Hidjrah Nabi.

Toedjoeh ratoes slapan poeloeh, djeung lima poendjoelna deui, poetrana pamĕgĕt moelja, djĕnĕngan HIDAJAT SJARIF, kenging wahjoe kanabian, njĕbarkeun Agama Soetji.

Opat poeloeh poë toetoeg, ti sanggeusna baji lahir, kakara ti Mĕkah djĕngkar, moelih djeung Poetri ka Mĕsir, teu katjatoer di djalanna, ka Mĕsir ĕnggeus saroemping.

Hadji DZOE'LIMAN katjatoer, sanggeus di Mésirna lami, toeloej pamit arek moelang, ka bale geusan ngadjadi, njoehoenkeun djiad Sang Radja, rek njĕbar Agama Soetji.

Radja MASHOEDA ngadawoeh: „Soekoer! estoe boengah ati, ĕnja oerang Padjadjaran, koedoe diwoelang diwĕling, diwoeroek elmoe noe moelja, njĕbar elmoe eta wadjib.

Ngawoerkeun elmoe noe loehoer, pĕrkara Raboe'l'izati, eta amal bangsa Islam, noe matak soekoer teh teuing, Hadji rek moelang ka Soenda, ngawoelang Agama Soetji.

Soekoer moen kabeh aranoet, tapi nadjan ngan saeutik, atawa teu aja pisan, noe daek anoet ka Nabi, oerang hĕnteu nintjak salah, moen geus ngadjalankeun wadjib."

Ganti anoe rek ditjatoer, SANG PĔRĔBOE MOENDING WA-
NGI, keukeuh teu kĕrĕsa Islam, koekoeh pĕngkoeh tĕtĕp tigin,
ngagĕm Agama Sang Boeda, Goetama Sakiyamoeni.

DZOE'LIMAN toeloej ditoendoeng, nja ti Padjadjaran indit,
angkat tjĕpĕt madjoe ngetan, andjog ka sisi basisir, tĕmpat
oerang Pĕmaringan, ngala rĕbon keur tarasi.

Deukeut pakoewon KI KOEWOE, koewoe Tjirĕbon bihari,
masih bawah Padjadjaran, oepĕtina koe tarasi, lila-lila KI
DZOE'LIMAN, di dinja kagoengan istri.

Njorok ka poetra KI KOEWOE, djĕnĕnganana NJI RIRIS,
kotjap meunang doea poetra, maroeloes manis raspati, PANGE-
RAN TJIRĔBON tjikal, boengsoe NJIMAS PAKOENGWATI.

Raka-rai teu salĕmboer, misah tĕmpat misah boemi, raka di
Tjirĕbon Girang, nja nĕlah kana wawangi, PANGERAN TJI-
RĔBON GIRANG, ari NJIMAS PAKOENGWATI.

Linggihna di dalĕm agoeng, aja di desa Paminggir, deukeut
Padjalagĕrahan, ari KOEWOE TJARBON aki, di Lĕmah
Woengkoek matoehna, ngolah rĕbon keur tarasi.

Moë rĕbonna geus matoeh, nĕpi ka ngelenteng garing, anggĕr
di Sarimangana, sawetaneun Datoek Gharib, ari SANG HADJI
DZOE'LIMAN, gawe tapa meuseuh diri.

Ngadamĕl goeha di goenoeng, Sang Noer Manik Tjipta Giri,
Sirĕngga tĕmpat tatapa, ari rentjang ngelmoe ga'ib, MOLANA
HOEDA djeung DJA'FAR, 'ti Arab tjandak Sang Hadji.

S i n o m.

Sigĕg noe aja di Djawa, kotjap Radja Banisrail, geus moelih
ka rachmatoe'llah, ngantoen poetra doea siki, masih maroerang-
kalih, tatjan mandjing djĕnĕng ratoe, pamĕgĕt doeanana, noe
tjikal HIDAJAT SJARIF, anoe boengsoe djĕnĕngan SJARIF
NOEROE'LLAH.

Ari noe ngasta nagara, sipat paman moerangkalih, djĕnĕngan SANG RADJA OENQAH, rai Radja noe sawĕrgi, kotjapkeun lami-lami, SANG HIDAJAT mandjing oemoer, nintjak kana sawawa, balad rawoeh Ratoe Wakil, ĕnggeus rĕmpoeg ngadjoengdjoeng HIDAJATOE'LLAH.

Didjoengdjoeng ngagĕntos rama, djadi Ratoe Banisrail, tatapi HIDAJATOE'LLAH, moegĕn teu kĕrĕsa nampi, alim djadi narpati, wĕleh ngaririh ngawoedjoek, iboe djeung Radja OENQAH, meakkeun woeroek djeung wĕling, tagĕn moegĕn anggoer boes ka gĕdong samar.

Beh manggih kandaga ĕmas, braj diboeka katingali, kitab sĕratan parada, ngalenggang lir katoembiri, maja-maja doemĕling, oesoel qalam noe tjinatoer, mĕdar Mochammadiah, elmoe hakekat noe leuwih, mĕdar paham Nabi diboeka galihna.

Pangeran HIDAJATOE'LLAH, katarik kasĕngsrĕm ati, koe roetjatan oesoel qalam, tidinja bidjil panggalih, niat neangan Nabi, toeloej oendjoekan ka iboe, pamit djeung nĕda djiad, hajang ngadeuheus ka Nabi, lahir iboe: „Aeh-aeh naha oedjang.

Naha oedjang tatjan tĕrang, jen geus poepoes Kangdjĕng Nabi, di mana rek kapanggihna, asa pamohalan teuing, reudjeung deui anaking, pan maneh arek didjoengdjoeng, koe paman maneh OENQAH, ngaganti rama sawĕrgi, djadi radja di Banisrail nagara."

Ngawalon Pangeran Poetra: „Hal pĕrkawis Kangdjĕng Nabi, teu poepoes 'na tjipta poetra, sarĕng mĕnggahing Jang Widi, sakĕrĕsana djadi, moal ewoeh moal bingoeng, hese didamĕl gampang, noe gampang didamĕl roempil, abdi iboe pada kapoerba koe Allah."

Iboena deui ngadjawab: „Hal eta sok poegoeh teuing, tapi ari tjek iboe mah, moenggoeh di djaman kiwari, geus moal bisa djadi, kapanggih djeung noe geus poepoes, teu njaho baheula mah, dina djaman para nabi, dina alam Nabi Dawoed Nabi Isa.

Aja oge tjaritana, anoe paeh hiroep deui, atawa djalma noe hilang, saoer sĕpoeh ahli tarich, dina alam bihari, beunang di-adjak tjatjatoer, ditanja sok nembalan, tatapi alam kiwari, tjek iboe mah karĕp oedjang alangkara."

Barang keur pada goenĕman, djol Sang Radja OENQAH soemping, arek maparin oeninga, ka poetra HIDAJAT SJARIF, Radja OENQAH ngalahir: „Paman pĕrloe rek pioendjoek, hal poetra ngadĕg radja, ajeuna ĕnggeus sajagi, poma tampi oelah angkat teu kantĕnan."

Ngawalon SJARIF HIDAJAT: „Hatoer noehoen laksa-kĕti, kana sih piwĕlas rama, asih ti wĕninging galih, mĕnggah poetra pribadi, raos kagoentoeran madoe, disawer mĕnjan bodas, sĕmbah noehoen lahir-batin, nanging moegi teu djadi doedoeka rama.

Saha noe tiasa mondah, moentangan ati birahi, kasĕngsrĕm koe Rasoeloellah, tanaga djalma teu nanding, hal karadjaan gampil, dibanding djeung njoesoel Rasoel, langkoeng gampil parĕngna, sĕsah noe neangan Nabi, mo tinĕkan moen teu oetjoel alam doenja.

Mĕnggah pamaksadan poetra, eta keur djĕdjĕring hoerip, ari hal karadjaan mah, hĕnteu djadi nomĕr hidji, Allah langkoeng tingali, jen abdi mantĕng djeung soehoed, djeung abdi hĕnteu mangmang, estoe pĕrtjaja djeung jakin, lamoen Allah ngĕrsakeun tangtos tinĕkan.

Oepami sanes kĕrsana, karĕp abdi moal djadi, sanadjan abdi ichtiar, banting toelang siang-wĕngi, moen parĕng tatjan nĕpi, nadjan disoehoen didjoengdjoeng, dioenggahkeun disangga, sorosod-sorosod deui, pendekna mah abdi narah djadi radja.

Sarĕng sadjabi ti eta, kapan aja pakeun ganti, poen NOEROE'LLAH geus sawawa, sami pada gadoeh waris, abdi seren ka adi, ngagĕntos rama Pĕrĕboe." bingoeng Sang Radja OENQAH, ningali HIDAJAT SJARIF, keukeuh moegĕn teu kĕrĕsa djadi radja.

Midjil.

Katjarita dina tĕngah peuting, anoe gĕndoe-raos, Radja OENQAH geus ngaraos wĕleh, keukeuh bae HIDAJAT SJARIF, teu kĕrĕsa nampi, narah djadi ratoe.

Sang Pangeran toeloej moendoet idin, hajang ladjĕng mios, arek nganteur sapangadjak hate, rek ngadeuheus ka Kangdjĕng Nabi, ladjĕng njoengkĕm rintih, ka sampean iboe.

Oeloek salam barina ningali, ka Sang OENQAH dongko, Sang MOEDA'IM lĕng teu emoet bae, gĕr narangis di djĕro poeri, ear tĕngah peuting, tagajoer tagiwoer.

Katjarita SJARIFAH MOEDA'IM, sadjĕroning poho, breh ningali Radja estoe ebreh, hĕnteu samar Sang Banisrail, maparin wĕwĕling, dawoehan Sang Ratoe.

„Eh, MOEDA'IM poma masing eling, bĕt katotolojoh, eta boedak boga karĕp hade, naha maneh poho ka djangdji, noe djadi tatali, basa memeh tĕpoeng.

Sing waspada awas ka bihari, soengapan lalakon, noe ajeuna karasa koe maneh, kapan eta beunang hajang Njai, nadjan njĕri-peurih, Njai koedoe soekoer.

Koedoe pasrah ka kĕrsa Jang Widi, papatjoean poho, koedoe djoeroeng koe pangdoenga bae, moega-moega karĕpna hasil, saniatna djadi, samaksoedna kaboel.

Opat doenga dikaboel Jang Widi, hidji doenga kolot, ngadoengakeun ka anakna kabeh, noe kadoea pangdoenga nabi, tiloe noe keur ngĕrik, opat doenga ratoe."

Hoemiliwir angin ririh-ririh, mongkleng noengtoet ploeng-plong, gĕbraj tjaang eling SANG DEWI teh, emoet saoer raka sawĕrgi, nĕda ka Jang Widi, poetra masing loeloes.

Radja OENQAH hĕnĕg bĕgbĕg galih, ngahoelĕng molohok, doemeh poetra maksa angkat bae, kakotjapkeun HIDAJAT SJARIF, angkat alon rintih, manah golong koempoel.

Madĕp mantĕp ka Kang Maha Soetji, angkat tonggoj djongdjon, ńjorang tĕgal keusik leuweung gĕde, djeung tĕtĕlar pasĕlang-sĕling, rehe sĕpi djĕmpling, taja noe kadangoe.

Bada salat asar pek sĕmedi, handapeun kakajon, kitoe bae meunang tiloe poë, tas sĕmedi toeloej djoeng indit, sanggeus tiloe peuting, Raden manggih batoe.

Batoe gĕde nawing ngadjoengkiring, manahoreng ĕnggon, anoe boga ĕnggon naga gĕde, tina liang manehna bidjil, nanja ka SANG SJARIF: „Eh, bagea agoes!

Noe ti mana bĕt wanian teuing, ka dieu ngalanto, toer sorangan estoe gĕde hate, wani datang ka ĕnggon kami, naha rek ka mĕndi, naon noe dimaksoed?"

Fok ngawalon SANG HIDAJAT SJARIF: „Eh, Sang Naga Kahot, kami djalma pangna ka dieu teh, sabab aja noe diilari, rek neangan Nabi", Sang Naga ngawangsoel.

„Aeh-aeh sok araneh teuing, baroek Rasoeloelloh, ĕnggeus poepoes kapan baheula ge; tapi ketah moenggoeh Jang Widi, bĕt hĕnteu moestahil, hĕnteu koedoe ewoeh.

Moen kĕrsana noe hese ge gampil, mahloek mah ngan helok, lamoen aja fadhal Kang Moerbeng Reh, bisa panggih djeung Kangdjĕng Nabi, hatoerkeun ti kami, salawat ka Rasoel."

Ngawalonan SANG HIDAJAT SJARIF: „Hade, insja' Alloh,' SANG HIDAJAT angkat deui bae, arek toeloej neangan Nabi, kasmaran panggalih, jakin baris tĕpoeng.

Asmarandana.

Toedjoeh poë toedjoeh peuting, angkatna SJARIF HIDAJAT, beh ningali aja naga, noempi sisi sadjol ka sisi laoet andjog, goenoeng, hoeloe ranggaek tandoekara, ngadjoengkiring kawas goenoeng, hoeloe ranggaek tandoekan.

Djaoeh keneh katingali, ngĕmpoer lir seuneu walirang, barang djol djalma bĕbĕnger, tjalawak lir rek ngahakan, pok nanja tjara djalma: „Na saha maneh teh agoes, kĕndĕl istoening loedeungan?

Sĕmoe teu sieun koe kami, padahal naga sadoenja, ka kami soemoedjoed kabeh, djeung ti barang kami goebrag, ka dieu ti naraka, kakara ajeuna tĕpoeng, djeung noe sakitoe wanina.

Saha ngaran noe ti mĕndi, rek ka mana noe disĕdja, djeung naon maksoed maneh teh?" noe ditanja pok ngadjawab: „Kami HIDAJATOE'LLAH, di Banisrail nja lĕmboer, rek neangan Rasoeloellah."

Sang Naga ngaraos watir, ngadangoe anoe tjarita, lol letahna oelal-elol, siga kasoer tjagak doea, seuneuan moentab-moentab: „Eh oedjang maneh sing maphoem, kami teh ngaran JAMLIQA.

Moen bisa panggih djeung Nabi, aja noegraha Pangeran, kami talatah mihape, poma hatoerkeun salawat, ka kakasih Jang Soekma, poendjoeling manoesa loehoeng, panawa siksa naraka."

Manah SJARIF beuki gilig, barang ngadangoe Sang Naga, toeloej loenta deui bae, toeroet kikisik angkatna, sisi leuweung gĕrotan, geus liwat Sjam madjoe ngidoel, liwat ĕnggon doeroewiksa.

Doea minggoe koerang-leuwih, HIDAJAT ngalalakonna, beh ningali anoe aheng, aja sahidji pandita, keur angkat napak kantjang, njalira di tĕngah laoet, angkat tjara di daratan.

Sang Pandita pok ngalahir: „Ieu nonoman ti mana, naha saha ngaran maneh, rek ka mana noe disĕdja?" SANG SJARIF ngawalonan: „Soemoehoen tĕbih nja lĕmboer, ti Banisrail nagara.

Wasta poen HIDAJAT SJARIF, rek ngilari Rasoeloellah," Sang Pandita njaoer alon: „NABI MOEHAMMAD geus wapat, baheula ĕnggeus lila, maksoed maneh istoe loehoer, deukeut kana pamohalan.

Lir noe ngeundeuk-ngeundeuk langit, ngarah antĕl kana djagat, koe hal eta mĕnding keneh, miloe djeung kami rek djarah, ka makan SOELAEMAN, itoe dina poelo itoe, geus djarah nĕrceskeun lampah."

Saoerna HIDAJAT SJARIF: „Koe koering tatjan kapaham, maksad Kiai teh naon, kapan tadi tas ti dinja, ngadjak deui ka dinja, saha asma noe kasĕboet?" Sang Pandita ngawalonan.

„Kami noe ngaran AFANI, rek djarah ka SOELAEMAN, tapi teu toeloes tadi teh, koe lantaran loba naga, noe maratih peurahna, kami hĕnteu bisa asoep, rek neangan mantra heula.

Pikeun nawa peurah matih, atawa lamoen aja mah. sirĕp ngarah naga hees, ambeh oerang bisa liwat, oelah dipĕgat naga, moen aja noe bisa kitoe, kami sanggoep mawa djarah."

Hĕnteu kanjahoan deui, keur kitoe JAMLIQA datang, solonong toeloej pok ngomong: „Hal eta pĕrkara gampang, kami anoe noeloengan, kadieukeun menta soesoe, sakalian masing loba.

Arek diinoem koe kami, sing nĕpi ka mabok pajah. ĕngke tangtoe bidjil kanteh, tina tjeuli doeanana, eta kanteh keur djimat, keur nawa peurah noe mandjoer, apĕs leungit mamatihna."

Boengah Pandita AFANI, ngadangoe omong JAMLIQA, toeloej njokot soesoe bae, tiloe sangkoe moal koerang. dibikeun ka JAMLIQA, rĕgot koe naga diinoem, toeloej mabok ngagoleah.

Bĕnĕr omong naga tadi, barang geus mabok ngadjĕpat. tina tjeuli bidjil kanteh, KI AFANI bangĕt boengah, gantjang kanteh ditjandak, geus kitoe toeloej ka laoet, diiring koe SANG HIDAJAT.

Kotjapkeun bae geus nĕpi, ka makam NABI SOELEMAN. banoesan mantjoer katembong, aja dina katil endah, panangan noe sabeulah, ngeser noempang kana tĕkoe, sabeulah deui 'na dada.

Koe Pandita katingali, montjorong sorot mamloekat, seemirat ngidoel djeung ngaler, njaangan raraj banoesan, sotja NABI SOELEMAN, siga ngagilĕr lir hiroep, kawas ningali ka semah.

Djiga anoe ngati-ngati, njingkir semah maneh njingkah, lamoen boga niat goreng, rongkong AFANI ngahontal, arek njokot mamloekat, djeung tjambĕti noe diboeroe, barang rongkong djĕger gĕlap.

Baranjajna tina ali, djĕger keuna ka Pandita, salira Pandita kahot, lĕboer adjoer sirna moesna, kotjapkeun SANG HIDAJAT, kaaloengkeun bĕng ka loehoer, kalajang njangsang 'na mega.

## Poetjoeng.

Langkoeng bingoeng SANG HIDAJAT mĕsoem ngoejoeng, tambah koe nalangsa, lantaran dolog dodolo, djol pĕrtjaja doemeh AFANI pandita.

„Lamoen maphoem pamaksoedanana kitoe, tanggĕl kana beunang, aing kabongroj kaolo, koe Pandita AFANI noe goreng niat."

Toengkoel ngĕroek SJARIF tobat ka Jang Agoeng, kĕrĕsa Pangeran, djog ka poentjak goenoeng andjog, beh ningali aja pandita tatapa.

Noe tatapa tjalik njanding kĕndi woeloeng, herangna goemilang, SJARIF HIDAJAT njolondo, oeloek salam njampeurkeun ka Sang Pandita.

„Noen Sang Wikoe djisim koering amit matoer, kĕndi naon eta?" Sang Pandita pok ngawalon: „Hĕnteu tĕrang koering oge nĕmbe dongkap.

Waktoe tjoendoek njampak eta kĕndi woeloeng, geus aja di dinja." SANG HIDAJAT njaoer alon: „Tjobi mangga pariksa kĕndi ti mana?"

Saoer Wikoe: „Hĕr moestahil djeung teu oemoem, eta pamohalan, aja kĕndi bisa ngomong." SANG HIDAJAT toeloei koe andjeun mariksa.

„Kĕndi woeloeng koemaha nja asal-oesoel, kami hajang tĕrang, noe matak di dieu maneh, tjing tjarita koemaha lalakon awak."

Ĕnggeus kitoe kĕrĕsa Noe Maha Agoeng, bĕt kĕndi ngadjawab: „Moegi andjeun sing waspaos, koering dongkap ka dieu ti sawĕrĕga.

Rewoe-rewoe tahoen ngantos andjeun rawoeh, dongkap ka ajeuna, tina alam NABI ĔNOH, geura mangga sim koering leueut loemajan."

Kĕndi woeloeng ditjandak ladjĕng didjoengdjoeng, SANG SJARIF HIDAJAT, lĕgoek ngaleueut ditotor, hĕnteu seep kĕndi sok dina oeroetna.

„Eh Sang Bagoes" tjek omongna kĕndi woeloeng, „andjeun aja bagdja, di ahir mangkoe kadaton, seuweu-poetoe toemĕdak djoemĕnĕng radja.

Ngan tinangtoe 'mo tĕroes toeroen-toemoeroen, pinasti kasĕlang, reh ngaleueut hĕnteu seep, sing waspada koering teh panajogjaan."

Geus karoengoe omong kĕndi koe Sang Bagoes, teu lila dimanah, kĕndi ditjandak diarot, diseepkeun teu aja sesa sakĕtjlak

Kĕndi woeloeng ka HIDAJAT deui matoer: „Moegi sing waspada, eta teh djadi totonden, jen di ahir andjeun baris djadi radja.

Moeng teu noeloej ngan dongkap ka poetra-poetoe, tidinja kadar Jang Manon, saladjĕngna ngan kasĕlang, geus kitoe ngasta kaboepatian.

Eta kitoe margi tjai anoe kantoen, noe koe andjeun tea, bieu diarot dipindo, moeng saeutik nandakeun leutik milikna."

Sanggeus kitoe kĕndi teh bĕlĕsat ngapoeng, lĕs hĕnteu katingal, Sang Pandita bangĕt kaget, oelŏek salam SANG HIDAJAT ka Pandita.

Bari toeloej angkat niat moeroe lakoe, barang ĕnggeus meunang, ti boemi salikoer poë, beh ningali aja anoe ngawang-ngawang.

D a n g d a n g g o e l a.

Sidik pisan istri langkoeng geulis, pangiringna sami pada endah, tjahaja mantjoer montjorong, SJARIF HIDAJAT njaoer: „Poentĕn bae he para poetri, koering nĕda pitĕrang, ti mana nja rawoeh, bade arangkat ka mana, na ka mana djalan noe ka Kangdjĕng Nabi, koering rek ngadeuheusan."

Tapi eta istri teu mĕrdoeli, ka noe nanja teu pisan njoreang, dĕgig djongdjon angkat bae, ngan aja noe kadangoe: „Koema dinja teu njaho teuing", barina djongdjon leumpang, estoening adigoeng; SANG SJARIF HIDAJAT tanggah, ningalikeun istri noe dĕgig koemaki, noe ngambah djoemantara.

Beh ningali tjahaja doemĕling, manahoreng sahidji nonoman, kasep tjahaja montjorong, SANG SJARIF toeloej njaoer: „Eh nonoman anoe lineuwih, andjeun ti mana asal, koering nĕda toeloeng, hajang ditoedoehkeun djalan, na ka mana djalanna ka Kangdjĕng Nabi?" nonoman teu ngadjawab.

SANG HIDAJAT sangĕt ngĕrik galih, reh mariksa teu diparosea, heran hemĕng hĕnteu ngartos, ngeng! ngeng! deui ngadangoe, aja sora di loehoer ngĕlik: „Oelah hemĕng nonoman, malah koedoe soekoer, sabab istri noe katingal, sing waspaos eta Doenja noe ngadjinis, noe ngagoda manoesa.

Lamoen istri ka andjeun midoeli, geus pinasti andjeun teh kagoda, ngagoegoeloeng doenja bae, moal tĕpoeng djeung Rasoel, oentoeng meunang noegraha Goesti, istri teu mirosea, tonggoj

rae madjoe, ari pěrkawis nonoman, anoe kasep eta Iblis noe ngadjinis, oentoeng hěnteu ngadjawab.

Saoepami nonoman noe tadi, ka adjěngan mere toedoeh djaan, andjeun geus tinangtos poos, djadi kapir tinangtoe, moal nganděl ka Hijang Widi, sabab watěking setan, ngan miwoetoek loepoet." SANG HIDAJAT soeka manah, moedji soekoer ka Goesti Raboe'l'alamin, doemeh nampi piwědjang.

Ladjoe lampah SANG HIDAJAT SJARIF, toeloej sasab ka nagri kadjinan, těmpat noe aneh araheng, keusik djalan koe djambroet, seungit keusik amběr kastori, tjaina tjiermawar, goenoeng-goenoeng hoeroeng, goenoeng ěmas goenoeng perak, imahmah ěmas mirah djeung widoeri, kakajon tinggalěbjar.

Dangdaoenan harerang doeměling, ngagarěntjlang ngalangkang ngalenggang, sawareh ngěmpoer soemorot, sawareh djeg boeloedroe, sakabehna araneh leuwih, estoe kakara měndak anoe aloes kitoe, kotjapkeun radja di dinja, Sang BANOEDJIN hetan ningali noe soemping, ngarasa kaoengkoelan.

Geus roemasa jen kasoran boedi, koe ki semah eleh nja pěrbawa, sangět hormat nampina teh, soesoegoehna araloes, mangkoe bodas noe amis seungit, eusina ngagarendang, reudjeung doekoeh woeloeng, ganas biroe ngěmpoer moebjar, tjaoe beureum, eutjeuj sěmoe amis tiis, reudjeung sagala roepa.

Katoeangan kasěděp para djin, disoegoehkeun ka HIDAJATOE'LLAH, anoe araneh araheng, SJARIF bangoen teu poeroen, siga anoe moal rek nampi, ngeng ngadangoe sowara: „Eh Sang Anom Bagoes, soesoegoeh kědah ditoeang, poma-poma oelah rek nampik rědjěki, pěta kitoe těh lěpat.

Moegi andjeun sing awas patitis, lamoen noedjoe keur poeasa soenat, měndak rizki ti Jang Manon, miloe toeang ngarioeng, hal gandjaranana ti Goesti, gěde noe miloe toeang, manan siam těroes, komo andjeun hěnteu siam, pěrloe pisan noeang soesoegoeh Radja djin." SANG SJARIF toeloej toeang.

Sanggeus toeang SANG HIDAJAT pamit, rek nĕroeskeun lalampahanana. Radja djin njaoer toemaros: „Koering aja pihatoer, rek ka mana anoe digalih?" Sang Anom pok ngandika „Doepi noe dimaksoed, rek neangan Rasoeloellah," Sang Radja djin njaoer: „Moen kitoe panggalih, atoeh kĕdah mariksa.

Toeh ka itoe tingali di langit, aja djalma keur nĕgarkeun koeda, 'Djĕng NABI HIDHIR eta teh, ngan eta anoe maphoem,' SANG HIDAJAT SJARIF ningali, ngan sakĕdap lĕs moesna ngeng sora kadangoe, wangsit doea malaikat, malaikat KIRAMAN reudjeung KATIBIN, kieu oengĕling woelang.

„Toeh lalangse noe koemĕndoeng asri, patĕmpatan gĕnapanasan, sing ati-ati noe anom, bisi kaliroe lakoe", madjoe deui HIDAJAT SJARIF, andjog ka tĕmpat gĕlap, pĕt poĕk kalangkoeng pĕtĕng dĕdĕt boeta rata, njaj-njaj tjahja siga liang djaroem leutik lĕs leungit deui moesna.

Braj kaboeka rasiah noe gaib, ngeng kadangoe sora tan katingal: „Aeh-aeh anoe anom, kapan geus waktoe soeboeh, naha kawas hĕnteu tingali, kana waktoe nĕtĕpan, salat boeroe-boeroe" toeloej abdas SANG HIDAJAT, njandak tjai tina mega keur soesoetji, ladjĕng bae nĕtĕpan.

Bada salat tjop lĕbĕting galih, toeloej naros ka anoe ngelingan: „Abdi amit bade naros, saha anoe pitoedoeh, noe ngelingan ka diri abdi, jen abdi kĕdah salat, ĕnggeus waktoe soeboeh, naha gamparan teh saha?" bĕt dĕr angin, angin poejoeh moeseur moentir, ngalioeh lilimboengan.

SANG HIDAJAT bĕng kabawa moentir, moeseur moebĕng teu poegoeh madjoena, lieur bingoeng leuleus loengse, njaj tjahaja saramboet, ngĕntĕng bodas soemirat wĕning, njaangan saboeana, Raden ngaroempoejoek, lĕs teu emoet kapioehan, hĕnteu eling paksina-daksina lali, barang emoet pek tobat.

Soedjoed toehoe ka Noe Maha Soetji, pasrah lilah koemambang ka kĕrsa, prok djeung NABI ILJAS amprok, maparin djimat loehoeng, koe Sang Anom djimat ditampi, raksoekan matak heran, doemeh tanpa kapoet, rap dianggo sĕdĕng pisan, toeloej angkat nĕroeskeun lampahna tadi, andjog ka hidji tĕmpat.

*(Aja samboenganana.)*

# BOEKOE² BASA SOENDA

## KALOEARAN BALE POESTAKA WELTEVREDEN

Serie No. 796 Serie No. 796

## KIDOENG SOENDA

Boekoe poesaka oerang Soenda, eusina mĕdar lalakon kaloehoenganana satria Soenda dina alam Madjapait. Soergi anoe panasaran, palaj oeninga eusina Kidoeng Soenda kĕdah enggal ngintoenkeun postwissel ka kantor

## BALE POESTAKA

atanapi mĕsĕn ka SUB-DEPÔT-HOUDER bilih kaboedjĕng seep. Anoe hĕnteu enggal mĕrloekeun mĕsĕn, bakal TEU KABAGIAN

- PANGAOSNA -

Djilid I f 0.32 Djilid II f 0.36

GEURA

Serie No. 787 Serie No. 787

WAWATJAN

# NIMOE LOEANG TINA BOERANG

karangan O. DJOENA

Soegri anoe ngaraos kirang loeang, pĕrloe maos ieu boekoe pikeun eunteung kalakoean. Oentoeng kabina-bina nonoman anoe parantos oeninga eusina ieu boekoe samemeh kagoengan garwa, margi lĕbĕt kana paripaos „ditioeng samemeh hoedjan".

**Pangaosna 1 boekoe f 0.28**

---

Serie No. 790—790a

WAWATJAN

# PAREUMEUN OBOR

(2 DJILID) — KARANGAN

M. K. HARDJAKOESOEMA

Djoeragan Hardjakoesoema teh hidji pangarang noe katjida iasana ngaratjik tjarita. Katingal padamĕlanana anoe pohara saena teh dina tjarios **„Pareumeun Obor"**. Tjarios anoe ngahoedangkeun kapanasaran manah.

RAME, PIKARĔSĔPEUN

**Soemangga boektikeun koe andjeun!**

**Sadjilidna pangaosna f 0.40**

NGINTOENKEUN POSTWISSEL,

Serie No. 785 Serie No. 785

# TJARITA NJI SOEHAESIH

karangan

## S. H. KARTAPRADJA

Dina waktoe pagawe-pagawe kantor rea anoe dilalĕpasan, lantaran djoemblahna pagawe leuwih ti tjoekoep, aja hidji nonoman anoe pohara gĕtolna kabaoed, dilĕpas tina pagaweanana. Tapi koe sabab eta nonoman teh kĕntjĕng karĕpna, gĕde kadaekna, pĕrtjaja kana tanagana, hĕnteu leungiteun akal; malah beuki tambah tjaringtjing, mantĕp kana niat ngadjait dirina tina bahja. Nji Soehaesih, awewe geulis toer ngora keneh, bodjona eta nonoman tea, teu koeateun nandangan lara masakat, nĕpi ka todja'iah djeung pikiran salakina, heroj kabongroj koe hawa doenja, anoe ahirna noengtoen kana kabaroentakan laki-rabina. Geura mangga araos lalampahanana Nji Soehaesih, pikeun eunteung sakabeh awewe anoe koerang loeang; sawangsoelna pĕrloe oeninga lalampahan Oedjang SOEWINDA anoe lĕmpĕng bĕnĕr toedjoeanana dina keur teu boga gawe.

Pangaosna sahidjina

f 0.20 f 0.20

PIKEUN

**SAKĔDAP DEUI BARIS KALOEAR:**

**Serie No. 689a** **Serie No. 689a**

# TJARITA ABOENAWAS II

Kenging njoendakeun

**M. ACH. SJAN. TANOEWIRĔDJA**

Soegri anoe parantos ngagaleuh djilid kahidji, oelah lali kĕdah ngagaleuh djilid anoe kadoea, soepados oeninga tamatna dongeng anoe sakitoe kamashoerkeunana.

**Pangaosna . . . . . . . . . . . f 0.32**

**Serie No. 799** **Serie No. 799**

# TJARITA NJI HALIMAH

**karangan SAMSOEDI**

Eusina njarioskeun lalampahan hidji boedak awewe pahatoe, hiroep di lĕmboer kadoea ninina katjida balangsakna. Eta boedak awewe sanggeus ditinggalkeun maot koe indoengna hĕnteu tjitjingeun, oesaha sabisa-bisa, boe boeroeh njeuseuh djeung ngasoeh di hidji njonja. Sar ggeus papisah djeung ninina boeboedjang di hidji toean di onderneming, katjida gĕtolna; aja batoerna anoe sadoenoengan djeung manehna anoe ngewaeun doemeh dipikaasih. Roepa roepa bahaja anoe kasorang koe eta boedak lantaran dipitĕnah batoer. Tapi koe lantaran manehna teh boedak bageur, lĕmpĕng, bĕnĕr djeung hade hate, sakitoe rĕmĕm dipitĕnahkeun oge hĕnteu nĕri ka bahjana, malah di ahir meunang noegraha ti Mahasoetji.

Soemangga araos tĕrasna ieu lalakon, pikeun panambah loeang ka noe diadi doenoengan saréng anoe koemawoela.

**Pangaosna hidji boekoe . . . . . f 0.48**

**NGAGALEUH**

SERIE No. 739

# PAIT-PEUHEURNA NJANDOENG

KARANGAN

NJI RADEN PĚRMASIH, D. SASMITADIMADJA

saĕng BALE POESTAKA

Awis pisan neangan djalma anoe tiasaeun naban napsoena sarĕng anoe tiasaeun miwoelangan maneh. Ari akalna mah koe noe palintĕr parantos kapĕt dak, nja eta kĕdah sĕring maos boekoe anoe ageung mangpaatna. Boekoe „PAIT-PEUHEURNA NJANDOENG" oge kalĕbĕt kana boekoe anoe ageung mangpaatna.

Saba-saba noe parantos maos doegi ka tamatna sarĕng dihartoskeun ĕnja-ĕnja eusina, koe emoetan langkoeng ti lima poeloeh pĕrĕsen rĕrĕgĕd bate oerang anoe moesna, diganti koe kawĕningan.

Soemangga tjobi-tjobi ngagaleuh boekoena, pangaosna mirah pisan, moeng . . . . . . . . . . . . . . f 0.36

SERIE No. 752

# NGALALANA MĔKĔL SAKĔTIP

DISOENDAKEUN KOE KOERDI

Nona Inggris nja geulis nja pintĕr, kawoewoeh leber wawanen, dongkap ka wantoen ngadjadjah doenja mĕkĕl sakĕtip.

Aja menak nonoman teu kintĕn asih tiĕsnana ka eta nona, namoeng keukeuh manebna teu daekeun. Koe margi ieu tjarios teu kintĕn rĕsmina, koe Bale Poestaka hĕnteu diĕngkekeun deui, ditjitak didamĕl boekoe Taman Poestaka keur aosan oerang Soenda.

Djilid kabidji pangaosna . . . . . . . . . . . f 0.60
„ kadoea . . . . . . . . . . . . . . . . . „ 0.68

BOEKOE²

No. 656 No. 656

## WAWANGSALAN DJEUNG SISINDIRAN

beunang ngoempoelkeun

BALE POESTAKA djeung MAS ADINATA

Geus kagoernita pisan oerang Soenda rarĕsĕp kana kakawihan. Geuning ari oerang keur aja di pilĕmboeran mindĕng pisan ngadenge tĕmbang, boh make wawatjan, boh ditamboel bae apal-apalan tina wawatjan anoe araloes, anoe njĕrĕp njĕrĕptjĕp basana kana hate maranehanana.
Anoe dibaroeat mani raeng salisindiran silih tempas. Komo baroedak ngarora anoe paroelang laladjo ti peuting mah, djaba ti sok barĕloek patarik-tarik piligĕnti teh sok hahariringan tĕmbang ngawawaas maneh; sakapeung sok wawangsalan atawa sisindiran noeroetan bodor ogel, radjeun oge aja anoe eusina piwoeroek anoe sarae. . . . . . .
Tah, ajeuna Bale Poestaka ngahadja ngadamĕl boekoe anoe eusina roepi-roepi tĕmbang sarĕng sababaraha ratoes sisindiran!
Kandĕlna 66 katja, pangaosna . . . . . . . . f 0,30

## WAWATJAN DJOEAG TATI

karangan

BAPA MAMI.

Njarioskeun hidji istri toeroenan menak kadjodokeun ka noe beunghar oerang pasar; salamina ngagoeligah bae manahna, palaj ngagoengkeun kamenakanana, nanging hĕnteu kasartaan koe kaajaanana, doegi ka mangtaoentaoen ngandoeng manah iren-panastren, panganggona oepat-sinoeat. Pohara matak hawatosna dina keur meunang wiwirang.

Pangaosna . . f 0,25

No. 635 KALOEARAN No. 635

Serie No. 728 — Serie No. 728

# AOSAN MOERANGKALIH

ANGGITAN

**BALE POESTAKA**

Moerangklaih anoe djoeoeh tjitangis moal sak deui tangtos nangis oepami maos ieu boekoe, sarĕng moal karaos deui tangtos **sarina ieu tjarios** njĕrĕp, kana **sanoebarina.** Ana geus njĕrĕp matak **soetji kana hatena.** Titĕlna

## „NJI SARI KINGKIN"

Pangaosna moeng . . . . . . . . . . . . . f 0.32

---

**Serie No. 720—720a**

**WAWATJAN**

# GANDARĔSMI I-II

KARANGAN

**R.N. SASRAWINANGOEN**

Kadjawi wawatjan „Poernama Alam" aja deui wawatjan wĕdalan **Bale Poestaka** anoe dipikameumeut pisan koe orang Soenda, nja eta **Wawatjan Gandarĕsmi.** Tjek oerang Koeningan tea mah „sada ngaran ieu mah wawatjan teh, da tjariosna „rĕsmi" basana raos, aja „gandaan".

Saha-saha anoe teu atjan kagoengan ieu wawatjan, pĕrloe pisan enggal-enggal ngagaleuh, bilih seepeun manten; margi sĕrat pĕsĕnan oenggal dintĕn mĕroel bae.

Patjoean diĕngke-ĕngke! pĕrloe di boemi aja ieu wawatjan keur pangbĕbĕrah manah.

**PANGAOSNA**

DJILID I f 0.50 — DJILID II f 0.60

BALE POESTAKA

No. 640 No. 640

# BAB MĔLAK GANAS

karangan **J. J. OCHSE.**

Ahli tani di oerang lain kakara ajeuna-ajeuna marĕlak ganas, beunang disĕpoet biasa; tapi ari kana rasiahna anoe djĕro djĕro mah sangkan gĕde oentoengna ka noe mĕlak, kawasna tatjan tarĕrangeun. Geura pĕsĕn boekoena ka Bale Poestaka, ĕngke tangtoe kapĕndak rasiahna anoe teu kintĕn mangpaatna ka ahli tani. Katĕranganana etjes sarĕng dipapaesan koe pirang-pirang gambar soepados langkoeng tetela kahartosna ka noe maraos. Pangaosna . . **f 0.30**

---

No. 621 No. 621

# BAB MĔLAK DJEUNG NGOEROESNA RANDOE

karangan **S. WIRASASMITA.**

Eusina roepi-roepi tarekah, pitoedoeh ka ahli tani soepados tarĕrangeun kana pĕtana mĕlak sarĕng ngoeroesna randoe.

Katĕranganana etjes pisan, gampil dihartoskeunana, malah nganggo gambar. Pangaosna . . . . . . . . **f 0.25**

---

No. 568 No. 568

# BAB MĔLAK DJĔROEK

karangan **J. J. OCHSE.**

Bale Poestaka ajeuna parantos ngaloearkeun hidji boekoe bab mĕlak djĕroek, eusina lĕngkĕp pisan, ditjaritakeun ti mimiti tjĕb mĕlak nĕpi ka boeahanana, hama-hamana, kapentoenganana Sae pisan keur toedoeh djalan ka noe bade marĕlak djĕroek, komo ka noe bade ngahadja ngĕbon mah.

Dipapaesan koe **65** gambar anoe **sarae!!!**

Pangaosna . . . . . . . . . . . . . . **f 0.50**

**PANGAOSNA MIRAH;**

# DJIMAT
(panoelak bahla)

Serie D. V. G. No. 10b
Pangaosna moeng f 0.20

Oenggal djĕlĕma pada sarieuneun koe kolera. Pantĕs da sakitoe djabatna. Nanging koe doktor-doktor parantos dibandingkeun seueurna noe maraot dina saban-saban taoen lantaran katĕrap koe panjakit **kolera** sarĕng koe **malaria**. Sihoreng **diaoeh mĕla-mĕloe,** seueur keneh noe maraot koe **malaria**

**Bale Poestaka** mĕrloekeun hiji tak boekoe panoelakna dikeun aoseun oerang Pasoendan. Katĕranganana ĕtjes, sarĕng dipapaesan koe 11 gambar anoe sarae, netelakeun roepi-roepi pĕrkawis **malaria,** noe dipalar ngarah gampil kahartosna koe noe maraos.

Ieu boekoe teh estoening pĕrloe aja di oenggal boemi, sarta pĕrloe diaos saban dintĕn.

**BOEKOE KASEHATAN (malaria)**

---

**Serie No. 717** **Serie No 717**

## Tjitakan kadoea

Pangaosna . . . f 0.24
Geus ngagaleuh boekoe:

## POETRI LEUWEUNG LARANGAN?

Parantos? Noehoen!
Tjobi di mana aja boekoe anoe sakitoe saena ari pangaosna sakitoe mirahna, salian ti di BALE POESTAKA?

**Gambarna - Formaatna - Kĕrtasna - Mangga tingalian!!!**

**EUSINA SARAE.**

No. 637 No. 637

# KADOEHOENG TARA TI HEULA

disoendakeun koe NAFT TITUS

Njarioskeun hidji nonoman anoe teu noeroet kana piwoeroek sĕpoehna, doegi ka wantoen maehan batoerna. Ahirna minggat, pirang-pirang lamina ninggalkeun lĕmah-tjaina. Di ahir manehna ngarasa handjakal, kadoehoeng saoemoer-oemoer. Sae pikeun aoseun moerangkalih, soepados ngeunteung kana kalakoeanana eta nonoman; soepaja iasa taki-taki memeh balai, ngandoeng samemeh oesoem. Nganggo dipapaesan koe gambar anoe sarae.

PANGAOSNA MIRAH PISAN MOENG f 0.20

No. 627 **MANOEK HIBĔR KOE DJANGDJANGNA** No. 627

disoendakeun koe

R. GANDA ADINĔGARA

Lalampahan hidji boedak noe miskin; lantaran noeroet sarta satoehoe kana piwoeroek kolotna, nĕpi ka hasil sagala maksoedna. Mangga enggal ngagaraleuh pikeun aoseun toeang poetra, malah mandar eusina ieu boekoe djadi papadang ati, kapĕtik misilna anoe baris hasil.

Pangaosna moeng f 0.25

GĔDE MANGPA'ATNA

No. 632 No. 632

# KAOELINAN BOEDAK TJILAMAJA

kenging ngĕmpĕlkeun
A. PRAWIRA SOEGANDA.

Boedak anoe sok oeloekoetĕk di imah bae meusmeus poendoeng, meusmeus tjeurik, lantaran loba pamentana anoe teu ditoeroetkeun koe kolotna, eta sok tara sehat badanna, hĕnteu tjenghar sapĕrti baroedak anoe rĕsĕp tjampoer djeung batoer-batoerna, aroelin loeloempatan, soesoerakan, atawa aroelin naon bae, tjaraning galah, maen bal dj. s. t. Koe margi eta, sĕlang-sĕlang tina diadjar, poetra teh kĕdah diboeboengah koe kaoelinan, sina tjampoer djeung baroedak sedjen, soepaja goembira hatena, da ajeuna mah parantos sajagi boekoena baris ngaboeboengah baroedak teh; eusina 58 kaoelinan anoe sok diparake koe baroedak Tjilamaja.

**Geura, moal gagal tangtos poetra rĕsĕpeunana.**

Pangaosna . . . . . . . . . . . . . . . . . f 0.30

No. 631 No. 631

# KALAKOEAN DJOEROETANI DJEUNG MONJET

karangan M. WIRADINATA

Kantĕnan pisan moal aja noe bireuk kana roepina sarĕng lakoe-lampahna monjet anoe parantos djadi tjotjooan di lĕmboer; nanging anoe ditjarioskeun dina ieu boekoe mah sanes monjet anoe itjeus, anoe ilahar sok ditjangtjang di istal, ieu mah monjet leuweung.

Pirakoe anoe maraos hĕnteu raos goemoedjĕng, koe kapĕlitanana monjet leuweung di pasisian, papintĕr pintĕr ngadoe akal sarĕng ahli tani!

Pangaosna . . . . . . . . . . . . . . . . . f 0.40

KA SĔPOEH

Scr e No. 732 Scrie No. 732

# DONGENG TOEKANG MIKAT

KARANGAN

**M. H. A. PATAH**

Oerang sok ka'ita koe Anglingdarma, hajang boga Adji Dipa, ambrih ngarti kana basa sato. Tah oepami parantos maos ieu boekoe, teu bentĕn sarĕng kagoengan Adji Dipa tea, oeninga di pakaiĕpanana sasatoan teh.

Mangga bae araos boekoena. Pirakoe oepami teu kapintjoet teh. Komo da nganggo gambar sarĕng sarae.

Pangaosna . . . . . . . . . . . . . . . f 0.25

---

BOEKOE NAON NOE PANGSAENA?

Sadaja boekoe-boekoe anoe parantos diaos, tjobi bandingkeun sarĕng ieu:

# POETRI TOENDJOENG BALEBAT

**SERIE No. 729**

Awitna basa Sangsakĕrta, karangan boedjangga Hindoe; koe **Bale Poestaka** dihadja disalin kana basa Soenda, soepados oerang Soenda sami ngaraosan boeah ti goenoeng Himalaja. Pangaosna **f 0.60**

**Wĕdalan BALE POESTAKA**

SERIE No. 593 **HIROEPNA SASATOAN LALEUTIK** SERIE No. 593

KARANGAN

R. SOEWANDAKOESOEMA.

Eusina njarioskeun hiroepna sasatoan laleutik 41 roepa kajaning: tjatjing, koetoekoeja, simeut, lantjah, londok, haphap dj. s. t.

Naon margina noe mawi oerang saeutik pisan nja katĕrang? Doemeh teu sakola loehoer?

Hal teu sakola loehoer kantĕnan d adi sabab oge, oerang teu pintĕr sapĕrtos deungeun, namoeng, babakoena pisan lantaran oerang teu toe aten kana roepa-roepa noe koemĕlip, noe kapĕndak oenggal dintĕn koe oerang, padahal sagala oge kenging ditapakoeian.

**R. Soewandakoesoema** oerang Soenda pitoein, anoe mimiti ngoelik koe andjeun hal hiroepna sasatoan laleutik, dioelik ditaloengtik diteangan dimanahan rasiahna dongkap ka djadi boekoe anoe sakitoe kandĕlna.

Pantĕs pisan ieu boekoe diampihan koe sadaja oerang Soend anoe ariasa maos.

Gambarna leueur sarĕng sarae. Pangaosna . . f 1.50

SERIE No. 597 **KABEUNGHARAN ALAM** SERIE No. 597

KARANGAN

R. ARDIWINATA.

Soegri anoe palaj oeninga kana kaajaanana hawa, hoedjan, lini sarĕng roepa-roepa kaajaan alam lian ti eta, enggal ngagaraleuh boekoe Kabeungharan alam, ka Bale Poestaka.

Ka'ĕranganana etjes sarĕng dipapaesan koe pirang-pirang gambar anoe sarae. Pangaosna . . . . f 0.40

**OELAH LALI!**

No. 681 No. 681

# NJI SARANGKANA

karangan

## RADEN GANDAADINĔGARA

Hidji tjarios dina djaman ngadĕg keneh karadjaan Mataram. Njarioskeun hidji boedak awewe anoe ngabelaan bapa, indit ti Djampang leuleuweungan noe disĕdja ngadjoedjoeg dajeuh Mataram, niatna rek doemeuheus ka Kandjĕng Soeltan, njoehoenkeun soepaja ramana dihampoera dosana; mangkaning waktoe harita teh tatjan aja djalan sapĕrti ajeuna, masih rea keneh pibahjaeun ka noe laliwat tjaraning rampog atawa sato garalak; tapi sakitoe banggana oge, teu boeroeng manehna datang ka noe disĕdja kalawan salamĕtna, tina tjĕngĕng mantĕng moentangna ka Pangeran. Enggal ngagaraleuh ieu boekoe, sangkan oeninga kana kaanehanana lalakon anoe boemela ka bapa, toer ngandoeng pirang² toeladan anoe harade.

Pangaosna . . . . . . . . . . . . . . . . . f 0.70

---

Serie No. 679

## TJARITA BOEDAK JATIM

karangan

## R. HANAPIAH

Oerang Soenda anoe njobi-njobi maos ieu boekoe, moal lĕpat deui tangtos kairoet; moal iasa liren maosna samemeh tamat, margi anoe dilalakonkeunana oerang Soenda di Pasoendan, di pilĕmboeran anoe tĕbih pisan ti dajeuh. Nadjan loba oge boekoe-boekoe Soenda anoe njarioskeun baroedak Soenda, nanging anoe sapĕrtos ieu mah, arang langka pisan. Tjariosanana sae, njarioskeunana bisa.

Pangaosna . . . . . . . . . . . . . . . . . f 0.60

**NGAGALEUH**

Serie D.V.G. No. 12 b

# BOEKOE KASEHATAN

**(HAL NGOEROES OROK)**

KALOEARAN

**BALE POESTAKA**

Ti kapoengkoer para iboe ngaralamoen hojong karagoengan boekoe leutik anoe eusina njarioskeun **bab ngoeroes orok,** aoseun para poetra istri anoe parantos arageung, soepados tariasaeun ngawakilan arandjeunna ngoeroes babaji, dina waktos arandjeunna keur teu aja di boemi.

Ajeuna eta boekoe alit teh parantos, nganggo dipapaesan koe 25 potret, soepados dina prakna ngalampahkeun, oelah aja gesehna sarĕng pitoetoerna. Kaaloesanana sarĕng kamangpaatanana ieu boekoe hĕnteu pandjang ditataan, nanging arek waktja **satarabasna,** jen pangaosna teh **mirah teuing** oepami dibandingkeun sarĕng kaaloesanana; moeng . . . . . . . . . . . . . . . . . . f 0.12

---

Serie No. 228 b

# BAB KASAKIT AWEWE

KARANGAN

**Dr. SNOECK HENKEMANS**

Njarioskeun asal-oesoelna pamĕgĕt kenging kasawat kotor, sarĕng kadjahatanana eta panjawat doegi ka toeroen-toemoeroen ka anak-intjoe.

Enggal ngagaraleuh ieu boekoo, soepados aroeninga ngadjagina eta panjawat. Ieu panjawat teu kintĕn nga-rĕsakna ka manoesa; sanadjan moeng saoerang anoe ngadamĕl lantaran, anak-poetoena anoe teu toeah teu dosa, ngiring tjilaka.

Pangaosna . . . . . . . . . . . . . . . . . . f 0.10

**BOEKOE ANJAR!!**

# N. V. BANDOENGSCHE APOTHEE

**Groote Postweg 9** **J. A. ROBORGH** **Bandoe**




## DOKTOR K. HOLM
## STAAL-ELIXER

Ieu landong disĕbatna **Dr. K. Hol** **Staal- Elixer,** matih pisan keur ngal dongan pias atanapi gĕuh kirang sae; ki deui sae ditoeang koe nonoman². Istri² sĕpoeh-anom, sae pisan toeang ieu lando Nja kitoe deui anoe ngaraos mopo padamĕlan, pĕrloe dilandongan koe Staal-Elixer.

Dĕmi mĕtakeunana: boedak 3 kali dintĕn ½ sendok makan oenggal mĕn dahar. Kolot 3 kali sadintĕn 1 sendok kan oenggal mĕntas dahar. 1 botol ngaosna . . . . . . . . . . f 1

Parantos nampi sĕrat poedjian pirang anoe parantos nganggo ieu landong. dajana damang sarĕng djadi kiat. Ki deui para Doktor Walanda sami maroe

---

## OBAT KOEKOEL.
## (Landong ewateun= Sproetenzalf)

Saban wĕngi kĕdah digosok koe ieu salĕp, salĕpna saeutik bae. 1 gotji kaanggo sasasiheun, pangaosna. . . . . f 2.50

---

## SACHET.

pangaosna sahidji . . f 1.—

Ieu sachet oepami diteundeun dina lamari panganggo, sadaja panganggo noe aja di dinja mĕlĕbĕr seungit.




---